# IУАЩХЬЭ МАХУЭ


**Адыгэ тхакIуэхэм я журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**2007 гъэ** **2** **Март - апрель**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзымрэ КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэмрэ къыдагъэкI**



**Редактор нэхъыщхьэр**
**IутIыж Борисщ**

***Редколлегием хэтхэр:***
**Елгъэр Кашиф (жэуапыхь секретарь), Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий, КхъуэIуфэ Хьэчим, Нало Ахьмэдхъан, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей**



**Налшык**
**2007**

# Ошхамахо (Эльбрус)

Литературно-художественный журнал
На кабардинском языке

*Учредители:* Министерство культуры и информационных коммуникаций КБР, Союз писателей КБР



**Главный редактор**
**Борис Утижев**

*Редакционная коллегия:*
Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Ахмедхан Налоев, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев, Кашиф Эльгаров (*ответственный секретарь*)

*Технический редактор* – Мадина Гурижева
*Корректор* – Марина Жекамухова
*Компьютерный набор* – Зарета Князева



Сдано в набор 06.02.07. Подписано к печати 05.04.07. Формат 70×108[1]/[16]. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 12,95. Уч-изд. л. 11,08. Тираж 1600 экз. Заказ № 21. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036

*Адрес редакции:*
КБР. Нальчик, пр. Ленина, 5
Полиграфкомбинат им. Революции 1905 года Министерства культуры и информационных коммуникаций КБР. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника
**Заурбека Бгажнокова**


**КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:**


**КъардэнгъущI Зырамыку.** Алыхьым сыкъихъумащ . . . 3
**Темой Мухьэдин.** Аружан. Рассказ 37
**Хьэх Сэфарбий.** Рассказхэр . . . 41
**Апажэ Ахьмэд.** Ерыщагъыр зытебгъакIуэмэ. Повесть . . . 57
**Къумыкъу Мэмдухь.** Эссе . . . 77
**Тау Нинэ.** Малилрэ блэ шырымрэ. Таурыхъ . . . 89

ПШЫНАЛЪЭ

**Къуныжь ХьэIишэт.** Усэхэр . . . 91
**Хьэту Петр.** Усэхэр . . . 95
**Гъуэгу махуэ** . . . 103
**Бэрбэч Аслъэнджэрий.** Усэхэр . . . 104

ЖЬАНТIЭ

**Елгъэр Кашиф.** Зи щхьэри зи лэжьыгъэри лъапIэ . . . 110
**Къагъырмэс Борис.** ЦIыху нэст, тхакIуэ гъуэзэджэт . . . 113
**IутIыж Борис.** ТхакIуэшхуэ . . . 115
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Гум псори къонэ 118
**Мыз Ахьмэд.** ТхакIуэт. Зэчий зыбгъэдэлът. Псэ хьэлэлт . . . 122
**Журт Биберд.** Адэ лъапсэжь. Рассказ 126

**Балъкъэр тхакIуэшхуэ Теппеев Алим къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу** 130

КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**БжэныкIэ Мухьэб.** ХъуэпсапIэ . . . 131

АНЭДЭЛЪХУБЗЭ – ЛЪЭПКЪЫМ И ГУПСЭ

**БищIо Борис.** Ди бзэр тхъумэжыну дыхуеймэ . . . 136

**Уэрыш Нурхьэлий.** Хъыбарылъэ . . . 142

ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ

**Журт Биберд.** Мазэр иубыдакъым 144
**КъуэщIысокъуэ Владимир.** ГушыIэ сурэт . . . 146

**Псалъэзэблэдз** . . . 147



КЪАРДЭНГЪУЩI
Зырамыку

# Алыхьым сыкъихъумащ*

***Си зауэ гъуэгуанэхэм я зы Iыхьэ***

Езанэ Дальнэ Восточнэ парашют бригадэр, 201-нэ парашют бригадэр, 214-нэ парашют бригадэр, абыхэм сэ сызыхэт 204-нэ парашют бригадэр зэхагъэхьэри, Езанэ парашют корпус ящIауэ Чернигов тхъумэрт.

Сталиным и приказхэр, зыр адрейм и ужь иту, накIуэрт: «Чернигов къалэр бийм евмыт!» − жиIэу. Зы пщэдджыжь гуэрым нэмыцэм я жыжьэрыуэ топым къидза шэр метрищ нэхъ спэмыжыжьэу си пащхьэм къыщехуэхри, щIым хыхьащ, ауэ къэуакъым. Аргуэру Алыхьым сыкъихъумащ, къэуэжамэ, си хьэдэ къупщхьи ягъуэтыжынутэкъым. ЗызмыщIэжу зыкъомрэ сыщылъа нэужь, топышэр къыщымыуэм, хуиту сыбэуэжащ.

Си сэмэгурабгъуэмкIэ зы сэлэт къыщыхутарэ «ЕлдашкIэ» къызэджэу сызэгуигъэпырт.

Автоматышэр Чернигов къалэм дэхуэу, къалэм гъунэгъуу драгулIауэ дыщыст. Къалэм и кум ит зы тыкуэным фIэкIа псэууэ къыдэнатэкъым, бомбэкIэ къалэр зэхакъутати, цIыхуи дэсыжтэкъым.

Зы махуэ гуэрым связнойр накIуэри къызжиIащ:

− Политрукыр къоджэ!

− Дэнэ политрукыр здэщыIэр?

− Блиндажым исщ.

ГранатитI къасщтэри, гъэшауэ сыжащ. Блиндажым зы лIыку щIэст.

− Кардангушев, уэ укоммунист?

− Сыкандидатщ, − жысIащ.

− Зы сэлэт зыщIыгъуи, мо уэхымкIэ ехи, абы дэт резервуаритIыр зыхъумэхэм мы си приказыр яIэрыгъэхьэ. Абы ярыт спиртыр къигъэжын хуейщ. Ауэ зыри фемыфэ, къижын имыухауэ укъыIумыкI!

− Хъунщ, ныбжьэгъу политрук, − жысIэщ, приказыр къеIысхри сыкъыщIэкIыжащ: НакIуэ си гъусэу! − жесIащ хэгъэрей схуэхъуа сэлэтым.

− Арат иджы къысхуэнэжар − сэ уэ уи унафэм седэIуэну! − жиIэри гъуэмэтIымащ.

− Командир, сэ политрукым и приказ сиIэщ, Антиповым нэкIуэн идэркъым си гъусэу, − жесIащ сержант нэхъыжь Егоровым.

− Антипов, кIуэ жызоIэ! − жиIэри, щIэкIиящ.

Сэлэтыр гъуэмэтIымэурэ окопэм къипщри, си гъусэу дгъэшауэ жэкIэ лъэгум ныдэлъадэри, захуэу дыувыжащ.

− Сыт уэ сыщIэбгъэбампIэр? − жысIэри, Антиповым фIыуэ сыкIуэцIыпкIэурэ, автоматыпэр езгъэкъуащ: − УзоукI!

* КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр япэ номерым итщ.

– СумыукI, абы фIэкIа уи гугъу сщIыжынкъым! – жиIэурэ и фIэщыпэу гъуэгырт.

– Тэджи, накIуэ сяпэм уиту!

Къыщысхужри сяпэм иту дехри, резервуархэм дабгъэдыхьащ. Абыхэм хъумакIуи ябгъэдэтыжтэкъым, езыхэми зыри ярытыжтэкъым.

ДыкъэкIуэжа нэужь, сэлэтыр позицэм сутIыпщыжри, сэ политрукым деж сыщIыхьащ.

– СлIо, вгъэзэщIа?

– Абыхэм зыри ярытыжккъым, хъумакIуи Iутыжккъым,– жесIащ.

– ФIыщ, кIуэж позицэм, – жиIащ.

Чернигов къалэр тхьэмахуитIым щIигъукIэ тхъумащ, бийм едмыту. Нэмыцэхэм листовкэ кърадзыхырт: «ФымыпIащIэ, фэ парашютистхэр фыдукIынукъым – фи щхьэр пытлъэнущ»,– жаIэурэ.

Арати, махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу, аргуэру шэджагъуэ нэужьым политрукыр къызэджащ.

– Чернигов бийм къахуэдмыгъанэу хъуркъым. Псори дэкIа нэужь, укъонэри, окопэ псори къэпкIухьурэ уоплъэ. Зыкъизыгъэна щыIэмэ, уемыпсалъэу укI, армырамэ, абы езым уэ уиукIынущ. КъыбгурыIуа? Дэ уэ дыкъожьэу уэхым деж дыщытынущ,– жиIащ.

– Хъунщ, – жысIэри, сыкъыщIэкIыжащ.

Зым и ужьым адрейр иту, я окопэхэм къипщурэ позицэм къыIупщхэу щIадзащ.

Псори IукIагъэнщ иджы щыжысIэм окопэм сыкъипщри, си щхьэр къэсIэт мыхъуу къэспщыхьащ, окопэ псоми сиплъэурэ. Зыри къимынэу къикIат. Сыкъэпщурэ, унэ итауэ, ауэ топыши, бомби техуауэ, и лъабжьэм фIэкI имытыжу, и хъуреягъкIэ къегъэкIэкIауэ щыта балией зэхэфыщIауэ тхьэмыщкIафэу щытхэм ящыщ зым сепщылIэри, сыкъыщызэфIэувэм, нэмыцэр минометкIэ къауэри, лъагъымхэм я къэуэжым къыщIихуа жьым си пащхьэм къихута окопэм сридзащ, зыри зэхэзмыхыжу дэгу сищIауэ. ЗыкъэсIэбэрэбыхьри, зыри си лажьэтэкъым. «Алыхьым сыкъихъумащ»,– жысIащ аргуэру сигукIэ. ЕтIуанэу къыщымыуэм, окопэм сыкъижри, лъэгум сыкъыдэлъэдащ. Полуторкэжь цIыкIум сэлэтхэр изу ису, политрукыр имытIысхьауэ къызэжьэу щытт.

– Псори тэмэм? – къызэупщIащ.

– НтIэ, ныбжьэгъу политрук! – жесIащ.

– ИтIысхьэ! – жиIащ. Сыщыдэпщейм, зы щIалэ къамылыфэшхуэ си Iэпэр къиубыдри сахэтIысхьащ, а щIалэм сыбгъэурысу. Дежьащ, псоми ди гур фIыт, пIалъэкIэ нэхъ мыхъуми, зауэм дыкъыIукIат. Си Iэпэр зыубыду сыдэзышея щIалэр къызэупщIащ:

– Усыт лъэпкъ? – жиIэри.

– Сыкъэбэрдейщ,– жысIащ.

– Пэжуи?! – жиIащ игъэщIагъуэу.– Сэри сымэздэгу адыгэщ, – жиIащ. (ЩIалэм и цIэри и унэцIэри къызжиIащ, ауэ сщыгъупщэжащ. 1949 гъэм япэу щIэныгъэ экспедицэ дыщежьам, Мэздэгу адыгэхэм я деж дыщыIэу, а щIалэм и анэшхуэ Варварэ Максимовнэ сепсэлъэгъащ, и къуэрылъху сызыхуэзауэ щытам и хъыбари хуэсщIыжат. ЩIалэм къигъэзэжакъым).

– НэгъуэщI зы адыгэ щIали къытхэтщ, ар адрей машинэм ису IукIащ, – жиIащ.

Фронтым дыкъыIуашахэр Нежинэ къалэм ибгъу дыдэм деж дашэри псы Iуфэ мэзым дыщагъэтIысащ, махуэ 12-кIэ зыдагъэгъэпсэхуну.

ЕтIуанэ махуэм, Мэздэгу щIалэм зи гугъу ищIа адыгэ щIалэр къысхуишащ. Ар Къызбрун ЕтIуанэм щыщт, и цIэр Аслъэнбийт, Шопарэхэ яйт. НэIуасэ дызэхуэхъуа нэужь, дыкIуэри псым зэгъусэу зыщыдгъэпскIащ.

Псым дыхэсу, зыгъэпскIын дымыухауэ, связнойр нэжащ: «Политру-

кыр къыводжэ!» – жиIэри. ПсынщIэу зытхуэпэжри, жэкIэ дыкъэкIуэжащ, ротэр ували щытти, дахэувэжащ. Ди пащхьэм зы красноармеец, и нэр щыпхауэ, итт. Политрукри ди пащхьэм къитт. Псори стройм къыхэува нэужь, политрукым жиIащ:

– Ныбжьэгъу красноармеецхэ! – И унэцIэр жиIэри (сщыгъупщэжащ красноармеецым и унэцIэр).– Мыр колхозхэтым и хадэм ихьэри къифыщIащ, дэ дыщIэзауэ совет цIыхухэр бий къытхуищIыну. Сэ приказ стхащ мыр псоми флъагъуу фи пащхьэ щыукIын хуейуэ, – жиIащ.

– Ныбжьэгъухэ, сэ нащэ цIыкIуищ къудейщ къыщIэсчар! – жиIэ пэтрэ, Нежинэ къалэм совещанэ щыIауэ ди командир майор Карабуд машинэ цIыкIукIэ къыIулъэдэжащ. Къытхэплъэри, дэ псори стройм дыщыту, зы красноармеец, и нэр щыпхауэ ди пащхьэм иту, щилъагъум:

– Къэхъуар сыт? – жиIащ.

– Ныбжьэгъу майор, (щIалэщIэм и цIэр жиIэри) мыр хадэм ихьэри нащэрэ помидоррэ кърихащ. Сэ абы и судыр укIкIэ сщIащ, – жиIащ.

– Ар сыт щхьэкIэ? Мы щIалэр си зауэлI нэхъыфIхэм зэращыщыр пщIэрэ? Уэ блиндажым ущыщIэсым, ар къызбгъурылъу зэуащ, и псэ емыблэжу. Уэ ар букIыну ухэтщ. УкIын хуейр уэращ! КъэфтIатэ и нэри и Iэри!

Зыгуэр стройм къыхэжри, щIалэр къитIэтэжащ.

– Хэувэж, си щIалэ, стройм. Сэ иджыпсту Нежинэ совещанэ сыщыIащ. Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и приказ къыдатащ. Фи пащхьэ сыкъыщеджэнуи си пщэ къралъхьащ, – жиIэри, приказым къытхуеджащ. «Командир е политрук ирехъу, зауэр щекIуэкI дакъикъэм, сэлэтхэм яхэту мызауэр, сэлэтым иукIыну хуитщ. Приказыр икIэщIыпIэкIэ гъэзэщIэн хуейщ!» КъывгурыIуа псоми? – КъыдэупщIыжащ.

– КъыдгурыIуащ! – жытIащ.

– Сэ сыфхэмыту зы зауэ IэнатIэ закъуэ фыIута?

– Хьэуэ, ныбжьэгъу командир! – зыжьэу жытIащ.

– Иджы фызэбгрыкIи зывгъэпсэху. Фэ ар къэвлэжьащ. Зэпымыууэ зауэ гуащIэ едгъэкIуэкIащ. Апхуэдэущ дяпэкIи Сталиныр къызэрытщыгугъыр.

Нежинэ къалэм и бгъум деж махуэ 12-кIэ зыщыдгъэпсэхуащ. Адыгищми дызэгъусэу махуэ къэс а псы цIыкIум зыщыдгъэпскIащ. Къытхуагъэува зыгъэпсэхугъуэ зэманыр иуха нэужь, дашэри Нежинэ къыхуэкIуэ бийм дыпагъэуващ. Мэздэгу щIалэри, Шопарэ Аслъэнбии абы фIэкIа слъагъужакъым. Ахэр нэгъуэщI ротэт зыхэтыр.

Зэи сщыгъупщэжыркъым ар. Нежинэ къалэр тхъумэу, зы пщэдджыжь гуэрым сыIурихащ. Жей IэфIым сыздыхэтым, мотор макъым сыкъигъэщтащ. Сыплъэмэ, фашист танк цIыкIу къысхуокIуэ. ЛъэныкъуитIымкIэ соплъэкIри, дыдейхэр окопэм зыри исыжкъым. Си пащхьэм илъ «лимонкэ» гранатэр хуэздзри, автоматыр сIыгъыу, окопэм сыкъижри сыкъыщIэпхъуащ. Сыкъызыпхыжыр нащапкъэщи, мывэ къуршым хуэдэу, хэт щхъуантIэу, хэти гъэужь хъужауэ хьэсэм хэзу хэлъщ, узэримыгъакIуэу, сатепкIэху, лъэныкъуитIымкIэ еутх нащэпсыр. Зы нащэ щхъуантIэшхуи къэсщтауэ сыкъожэ. Танкри къауэурэ сыкъеху. Зэм си тхьэкIумэ ижьымкIэ, зэм сэмэгумкIэ, «фыр» жиIэу кIэрахъуэу танкышэр блэкIыу, щэней къэуащ. Апхуэдэурэ, Нежинэ къалэм дыщынэсым, абдежым ди топ кIэщI гуэр, и пэр быхъуу, щытт. Абы бгъэдэт щIалищым къажыхьу щIадзащ. Танкым ар щилъагъум, игъэкIэрахъуэщ, къызэрыкIуа гъуэгум теувэжри, лъэгум дыхьэжащ.

Сэ щIалэхэм сабгъэдэлъадэри:

– ФыщIемыуар сыт а танкым! – жысIащ.

– Шэ диIэкъым! – жиIащ абыхэм яхэт сержантым.

– Мо къомыр шэкъэ!? – жысIащ.

АшычиплI шэуэ зэтетт.

– Ар нэгъуэщI калибрщ,– жиIащ абы аргуэру.

Сэ ажалым сыкъелати, си псэм псынщIэу зигъэпсэхужри, абыхэм я гъунэгъуу окопэ къэстIри ситIысхьащ. Си нащэшхуэр гупсэхуу сшхащ. Жэщ хъууэ хуежьащ, кърашэкI пщэфIапIэ цIыкIур къакIуэркъым, шхын щхьэкIэ солIэ.

– Шхын щхьэ къыфхуамышэрэ? – сеупщIащ щIалэхэм.

– Абы ущымыгугъыу, кIыфI мыхъу щIыкIэ, къалэм дыхьи зыгуэрым я деж щышхэ! – жиIащ сержантым.

– Сэ шхакIуэ сокIуэ-тIэ, – жысIэри, къалэм сыдыхьащ. УнитI къэзгъанэри, ещанэр – унэ зэгуэтышхуэ, нэхъ хуэщIа хуэдэу къысщыхъури, сыщIыхьащ. ЦIыхубз щIалэ дахитI – зэнысэгъуитI щIэст.

– Сывгъашхэтэм, – жысIащ.

– Дыарэзыуэ, – жаIэри, зэхэзежэ хъуащ. Унэкум стIол итти, хъурейуэ къэскIухьри, бжэмкIэ си гупэр гъэзауэ жьантIэм сыдэтIысхьащ, автоматыр си куэщIым илъу.

ЦIыхубзитIым епIэщIэкIыу украин борщ плъыжьыр фалъэшхуэм иту си пащхьэм кърагъэуващ. Лы гъэваи, щIакхъуэ хужьи, хьэпцIий щIакхъуэ фIыцIи, нащэ фIэIуи тепщэчхэм ярызу къытралъхьащ.

– Горилкэ уефэн? – жаIащ.

– ФIыщIэ фхузощI, сыхуейкъым, – жысIэри, сышхэу щIэздзащ.

ТIэу-щэ нэхъ семыIубауэ, бжэм къытеуIуэри украин красноармеец щIалэ кIыхьитI, я блэгущIэм сынэмысыну къыщIыхьащ, «дышхэну дыхуейщ» – жаIэри. Абыхэми апхуэдэ дыдэу къыхутрагъэувэри, «горилкэ фефэну?» – еупщIащ.

– Къафщтэ, фиIэмэ! – жаIащ.

КIэртIофым къыщIахуауэ, гуащIэрэ узэпхрыплъу къабзэу, литрищ зэрыхуэ банкIым изу фадэр къыхутрагъэуващ, стэчан пIащэжьитI и гъусэу.

ЩIалитIым абыхэм изу ирагъэхъуащ, ирадзыхри нащэм едзэкъащ.

ЦIыхубзитIыр зэгъэкъуауэ къытщхьэщытт.

ЩIалэхэм ещанэр ирафа нэужь:

– Дэ дилIхэр зауэр къызэрежьэу дэкIащи, я хъыбар лъэпкъ щыIэкъым. Ди псэукIэр фолъагъу, дызыхэпсэукIын диIэщ. Фыкъанэ, нэмыцэхэри цIыхущ, фыкъытхыхьэжмэ, зыри къывахщIэнкъым,– жиIащ зым.

– Ар хъунущ,– жиIащ зы щIалэм.

Адрейми:

– Сэри сыарэзыщ! – жиIащ.

Сэ си жьэр схуэубыдрэ! Сэ сыкоммунистт:

– Ар хъунукъым! – жысIащ.

– Уэ ужидщ! – жиIащ зым.

– Хьэуэ, сэ сыкавказецщ, сычеркесщ, – жысIащ.

– Жидым нэхърэ унэхъ Iейщ. Фи «ПащIэжьым» щхьэкIэ дэ дыщIэзэуэн щыIэкъым. Украинэр къизэуащ Гитлер, – жиIащ зым.

Адрейр къэпсалъэри:

– Уэ мыбы псэууэ ущIэкIынкъым! – жиIащ.

Ар жызыIэхэм я фочхэр бжэ къуагъым къуэлъщ, сэ си автоматыр (шэ 71-рэ илъу) си куэщIым илъщ. Ахэр зэрымыгушыIэр къызгурыIуащ.

– СщIэркъым мыбы хэт псэууэ щIэкIынуми, зызыгъэхъейр сукIынущ! – жысIэщ, автоматыпэр стIолым къытеслъхьэри, Iэ лъэныкъуэр кIакхъум щIэлъу, Iэ лъэныкъуэмкIэ сышхэу щIэздзащ. Псори умэзэхащ. Си борщ Iыхьэр исфри:

– ПлIанэпэм фыдэувэ, зыгуэрым зигъэхъеймэ, псори фызукIынущ, – жысIащ.

– КъыбдэгушыIэ мыхъуну ара уэ зыри? – жиIащ псэууэ мы унэм ущIэкIынукъым жызыIам.

– КъызгурыIуащ сэ уи гушыIэкIэр! – жысIэщ, кIакхъум сыкъеIэри, тхьэкIумэ Iупсыр Iуичу зэ илъэлъыгъуэ изгъэлъэлъри, кхъузанэм хуэдэу унэбжэр гъуанэу зэпхригъэлыкIащ. ФызитIыр ину кIиящ.

ПсынщIэу къыщылъэтри, плIанэпэм щIалитIыр дэуващ.

– Фызхэри фыдэувэ, фи щIыбагъ къэгъэзауэ, зыгуэрым зигъэхъеймэ, псори фызукIынущ! – жысIэри, етIуанэу изгъэлъэлъащ шэр.

Фызхэри плIанэпэм дэуващ, щIалэхэм я гъусэу.

Сэ си лы Iыхьэр, нащэ фIэIу зытIущ, щIакхъуэ Iыхьэ си жыпым ислъхьэри, щIыбагъкIэ сыкъикIуэтурэ сыкъыщIэкIыжащ.

Я фочхэр къэзмыщтэу сыкъызэрыщIэкIыжар, зэуэ си щхьэм дэуейри, пщIантIэмкIэ сыкIуэмэ, щхьэгъубжэмкIэ къыдэукIыу саукIынути, хадэм силъэщ, сыкIуэцIрыкIри, бжыхьым селъэри, уэрамым сыкъыдыхьэжащ. УэрамымкIэ сыкърикIуэжри, си окопэм сыкъитIысхьэжащ. Топгъауэхэр къэгуоуащ:

– УкъэкIуэжа?

– СыкъэкIуэжащ!

– Тутын пIыгъ?

– СIыгъщ.

Зы къакIуэщ, щыми я тутын зырыз ихьри кIуэжащ. Пщэдджыжьым нэху здэщым связнойр нэжащ:

– ПсынщIэу окопэм фыкъикIи, мо уэрамым фыныдыхьэ, абы щызэхуосхэр! – жиIащ. Сэ окопэм сыкъикIри, дыгъуэпшыхь сыкъызэрыкIуэжа уэрамырти, срикIуэурэ сыкъызыщIэкIыжа унэ дыдэм и гупэм деж ди зауэлIхэр щызэхэувэрт. 201-нэ Дальновосточнэ Воздушнэ бригадэм я командиру щыта подполковникыр, иджы Воздушнэ десантхэм я езанэ корпусым и командирти, ар командирхэм епсалъэу щыту, сэ строй сыхэувэжащ. «Уэ сыту фIыуэ укъэкIуэжа! УкIуэда ди гугъащ»,– жаIэрт си гъусэхэм. «Сыкъэвгъанэри фыкъыщIэпхъуэжащ»,– жысIэ пэтрэ, соплъэри, дыгъуэпшыхь сызыукIыну хэта украин щIалитIыр къаху, бгырыпх ящIэмылъыжу, я Iэр я щIыбагъымкIэ щызэрыдзауэ.

– Ныбжьэгъу командир, дезертир къэдубыдащ! – жери, къэзыхухэм ящыщ зыр подполковникым и пащхьэм иуващ.

– Дэнэ къыщывубыдар?

– Мы унэм и щIыунэм IункIыбзэ етауэ щIэсу!

– Командующэ Нэхъыщхьэм и приказыр фымыщIэу ара-тIэ? Къыщывубыда щIыпIэ дыдэм деж щывукI! – жиIащ подполковникым.

Къэзыхуахэм щIалитIыр пщIантIэм дахуэжащ. Дэ къалэр нэмыцэхэм къахуэдгъанэрти, командэ къыдатри дыдэкIыу дежьащ. Лъэбакъуэ тIощI хуэдиз къэтчауэ къыщIэкIынтэкъым пщIантIэм фочитIыр щыуам. «Еплъ гъащIэр зэрызэхэлъым, дыгъуэпшыхь сэ абыхэм саукIыну я гугъащ, нобэ езыхэр яукIащ»,– жысIащ сигукIэ.

ИужькIэ, зэман куэд дэкIыжауэ, сызэрегупсысыжамкIэ, абы щыгъуэ къежьэу арат «Самостийна Украина» жыхуаIэ бендеровцхэм я лъапсэр.

ДыкъыздэкIуэм, дяпэмкIэ къикIыу шууэ зыгуэр къэсри командирым тхылъ къритри Iужыжащ. Абы къеджа нэужь, командирым жиIащ:

– Ныбжьэгъу командирхэ, красноармеецхэ! Окруженэм дитщ: нобэрэ ныжэбэрэ километр 40 дымыжмэ, дикIыфынукъым. Зыри гужьейуэ здэнукъым. Сэ сызэрыхъуу фэри фыхъунщ!

Арыххэу лъэхъулъэщу дежьащ.

Псэр IэфIщ, ажалым и дыджагъым токIуэ. Ди псэр пыхуу, ди лъа-

къуэхэм дамыхьыж пэтми, итIани дожэ. Доджалэ, аргуэру дыкъыщолъэтыжри дожэ. Нэхущым зы мэз кIапэ гуэрым деж дыкъыщыувыIэри, псори дыукIуриящ. Ди ужь иту нэкIуэн хуея кърашэкI пщэфIапIэр кIуэдащ. Псори дожей, ди хъуреягъкIэ нэмыцэ кхъухьлъатэхэр тщхьэщытщи, зэпымыуэ бомбэ кърадзых, дэ мэз тIэкIум дыхэсщи, гу къытлъатэркъым е дакъыфIэIуэхукъым, дэ нэхърэ нэхъ дзэ нэхъыбэ елъагъури, ахэр ireупIэщIыхь.

Ди командирыр картэм йоплъ, компосым йоплъыж. Апхуэдэм деж командирыр адэ папщIэщ. ДыкъригъэлыНу псори дызыщыгугъыр аращ.

ЩIакхъуэ Iыхьэ тIыгъ зырызыр тшхащ. ДыукIурияуэ дожей, командирми ди гугъу къищIыркъым. Жейм зэи къыпхуигъэгъуркъым. Апхуэдэурэ пщыхьэщхьэ хъуащ.

– Ныжэби зы бросок тщIыжмэ, дикIыфынкIи хъунщ! – жиIащ командирым. – ЗыфшыIэ, дэ дыкоммунистщ, псори тшэчыфу, псоми дытекIуэу дыщытын хуейщ!

Аргуэру дришажьэри, нэху щыху дыкIуащ. Дыздэжэм, жэщым мыбдежыр тIысыпIэ зыщIа нэмыцэхэм лъэныкъуитIымкIи автоматхэр къыттрагъэлъалъэ, ди Iэуэлъауэр зэхахри.

Нэхущым зы къуажэ гуэрым и бгъум дыкъыщыхутащ. Къуажэр Iэуэлъауэншэщ, хьэ къудей щыбанэркъым.

– Нэмыцэхэр дэстэмэ, хьэхэр бэнэнт, – жытIэри, дыдыхьащ. Пэжу, дэстэкъым нэмыцэ. Утыкушхуэм деж Тарас Шевченкэ и фэеплъ сын щытт. АдэкIэ-мыдэкIэ цIыхухэр къыщIэкIыурэ къыдбгъэдыхьащ.

– Советскэм и дзэ дунейм тетыж ди гугъатэкъым! Тхьэмахуэм нэсащ мыбы дэса дзэхэр зэрыдэкIрэ,– жаIащ. Абы командирыр къигъэнэщхъеящ.

– ПсынщIэу си зауэлIхэр зэбгрыфши вгъашхэ, гъуэгум щашхыну гъуэмылэ къефт! – жиIащ Карабуд.

Дыкъагъэшхащ, гъуэмыли къыдатащ. Зы азербайджан щIалэ фIыцIэ къытхэтти, абы утыкум ит псыкъуийм кърлишри псоми тлъагъуу псы ирифащ. Зэрырифыххэу, зыкъытригъэхуащ, щIым зигъэукIурияуэ зеIуантIэзешантIэ, мэкIий, и ныбэр иубыдыжауэ. Дэ дыкъыдэкIыжын хуейщ икIэщIыпIэкIэ. Командирым къыгурыIуащ абы пцIы зэриупсыр.

– Тэдж, бзаджэнаджэ! Нежьэ ди гъусэу, – жиIэ щхьэкIэ, къэтэджыртэкъым. Къуажэдэс зыкъом къызэхуэсауэ жаIэрт:

– Дэ игъащIэ лъандэрэ дофэри, зыри къытщыщIыркъым, уэри уи ныбэр игъэузын хуеякъым!

– Тэдж, армырамэ узоукI! – жиIэри, кIэрахъуэр кърихащ командирым. ЩIалэр хэIубауэ гъуэгыу щылъщ. Командирыр щеуэм, къыдэлъей хуэдэу хъури, занщIэу щэху хъуащ. – ЩIэфлъхьэ! – яжриIащ цIыхухэм. – Дожьэ! – жиIэри, лъэхъулъэщу къуажэм дыкъыдэжащ. КIэщIу ди ужьым иту нэмыцэ танкхэр ныдэлъэдащ къуажэм.

Ди хъуреягъыр зауэщ, нэмыцэ кхъухьлъатэхэр къытщхьэщыхьащи, драупIэщIыхь, ди ротэм (ротэ щыжысIэкIи, зы взвод нэхъыбэ дыхъужыркъым) щыщ куэд яукIащ, куэди уIэгъэ хъуащ. Сэ си лъакъуэ сэмэгур къэузащ, итIанэ псыф къэхъуащ. Кхъухьлъатэхэр тщхьэщыкIыжа нэужь, цIыху зытхух фIэкIа дыкъэмынауэ, командирым дызэхуишэсыжри:

– Си къуэшхэ, фи псэм фемыблэжу фызэуащ, лIыгъэ фиIэщ, ину фIыщIэ фхузощI! АдэкIэ зырызу фызэбгрыкIи, зэрыфлъэкIкIэ фикI окруженэм. Зэпымыуэ дыгъэ къыщIэкIыпIэмкIэ фыкIуэ, аращ фыщызымыгъэуэнур. Сэ си гъусэу Егоровыр нокIуэ! Алыхьым фыкъихъумэну солъэIу! – жиIэри, IэплIэ къытхуищIыжащ, псоми. – ФыхыфIэздзэу сежьэжу къыфщымыхъу. Зырыз-тIурытIурэ нэхъ фикIыфынущ окруженэм, – жиIащ.

Сэ си къатыр сэмэгур лъысхауэ соплъ – осколкэ цIыкIум кирзэ шы-

рыкъу лъэгур пхиудри си лъэдакъэм техуауэ лъы къижырт. ЛъакъуэешэкIыр лъы защIэ хъуауэ псыфт. УIэгъэр интэкъым, ауэ зэпымыууэ лъы къижырти, къатыр кIуэцIыр псыфт. Си каскэм и нэзри осколкэм диудат. «Алыхьым сыкъихъумащ»,– жысIащ аргуэру сигукIэ. Си лъакъуэм сепэщэщыху, псори зэбгрыжри ежьэжащ. БэлътокукIэ си лъэдакъэр фIэспхыкIри дыгъэ къыщIэкIыпIэмкIэ сунэтIащ. Алыхьым жыхуиIар хъунщ. КъыщыскIухькIэ си лъэдакъэ уIэгъэр шырыкъум щехъуэри, лъы кърегъэж, ауэ зыри зыхэзмыщIэу сокIуэ, псыф ещI вакъэр. Нэмыцэ кхъухьлъатэр сщхьэщымыкIыу сщхьэщытщ. Зэм сыздэкIуэмкIэ бомбэ щредзых, зэми си бгъуитIымкIэ фийуэ щохуэх. Адэ сыплъэмэ, цIыхуитI-щы зэгъусэу солъагъу, ауэ салъэщIэмыхьэу мэкIуэдыжхэр. СыздэкIуэм, псышхуэ хуэм дыдэу ежэхыу сыхуэзащ. «Мыбы сикIамэ, адрей лъэныкъуэмкIэ нэмыцэхэр щыIэу къыщIэкIынтэкъым»,– жысIэу, сыхыхьэну езмыкуу, зы лейтенант къызбгъэдыхьащ. СыгуфIащ «гъусэ къэзгъуэтащ» жысIэри.

– Кууэ пIэрэ мыр? – сыщIэупщIащ.

– Мыбы уикIыфынщ, ауэ нэмыцэхэр адэкIэ щымыIэ уи гугъэ? Дэ окруженэ щащIэ дихуащ. Ди дзэхэм я деж дызэрыкIуэфын щыIэкъым, ди щыгъыныр нэгъуэщI щыгъынкIэ дымыхъуэжауэ. НакIуэ си гъусэу, ухуеймэ, Любни къалэр жыжьэжкъым. Абы дыдыхьэнщ, ди щыгъынхэр тхъуэжынщи, лъэмыжым дикIыфмэ деплъынщ, ди насып къихьмэ, окруженэм дикIынщ,– жиIащ. Зыдмыгъэгувэу дежьащ. Псы Iуфэм дыIутурэ зыкъомрэ дыкIуащ. Жэщ къыттехъуэри, мэз кIапэм дыщIэгъуэлъхьащ. СомэжалIэ, ауэ жейм сиIыгъщ. Жэщищ хъуауэ сыжеякъым. Си шырыкъур лъысхауэ лъакъуэешэкIыр согъэгъущ.

Нэхущым дыкъэтэджщ, лейтенантыр картэм еплъри, дежьащ. Къулъшыкъушхуэм псым и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ къалэм дыщыбгъэдыхьэри, япэ дызыхуэзэ унэм дыщIэпкIащ. Зы цIыхубз закъуэ фIэкIа щIэстэкъым. Сэлам етха нэужь, жриIащ:

– Iей дыдэу домэжалIэ, махуих хъуауэ зыри тIухуакъым:

ЦIыхубзыр нэфIэгуфIэу къытIущIащ:

– Иджыпсту фызгъэшхэнщ! – жиIэри, зэхэзежэ хъуащ. Борщ тепщэчышхуитI къытхутригъэуващ, хьэпцIий щIакхъуэ къытрилъхьащ. – КIэртIоф фхуэзгъэвэнщ! – жиIэри, и фэр зэрытелъу псым хикIутэри, хьэкум тригъэуващ.

Блыным кIэрылъ сурэтхэм лейтенантыр еплъурэ, зы командир гуэрым и нэр тенащ.

– Мыбы Киев дэта военнэ училищэр къыздиухащ, и цIэри, и унэцIэри мыращ, мыр уи сыт? – жиIэри еупщIащ лейтенантыр.

– СилIщ, дызэрыша къудейуэ зауэр къэхъеящ, быни дгъуэтыну дыхунэсакъым. Зауэм зэрыщIидзэу дзэм хыхьащ. Абы лъандэрэ и хъыбар сщIэркъым, – жиIащ цIыхубзым.

– Ар хуабжьу цIыху зэтетт, укъигъэпэжынут, зы курсым дыхэсу дызэдеджащ, къэдухри, сэ зы часть, езыр нэгъуэщI часть ягъэкIуащ. Иджы дызыхуейрат, ди щыгъынхэр зэдбгъэхъуэкIамэ, лъэмыжымкIэ дикIыжынти, дыдейхэм дахыхьэжыфынут.

– Сэ, зэрыплъагъущи, си щхьэгъусэр военнэу щытащ. Мыдрей щыгъынхэм хуэдэ сиIэкъым, ауэ гъунэгъухэм я деж сыжэнщи, згъуэтыр къыфхуэсхынщ, фэ мы кIэртIофыр фшхы! – жиIэри, щIэжащ. КIэртIофыр тшхауэ дыщысу, бэлътоужьитIрэ гъуэншэджитIрэ къихьри къыщIыхьэжащ. Абы и ужьым кIэщIу иту я гъунэгъу лIым зы нэмыцэ офицеррэ сэлэтитIрэ къишащ. Бжэр къыIуаудри, къыщIыхьащ: «Фи Iэр фIэт!» – жари. Ди Iэщэм депхъуэну дыхунэсакъым. Си автоматыр я гъунэгъу лIым къипхъуэтащ. Командирым и кIэрахъуэр нэмыцэм кърихри и жып ирилъхьащ.

– Уэ укъэкIуэсэжауэ пкIэунэм узэрисри узэрыхьэбыршыбырри сщIэрт сэ, ауэ зыри жысIэртэкъым, – жиIэрт бысым цIыхубзым, нэмыцэхэр къэзыша лIым щхьэкIэ.

– Уи жьэм мы автоматымкIэ сыжьэдэуэнщ, командир фыз, зэтумыпIэмэ! – жиIэрт адрейм, си автоматыр игъэдалъэурэ.

– ФынымщIэкI! – жари, дыкъыщIахуащ. Къэрал гъуэгу асфальту гъэжам дыносри долъагъу кIэи пэи имыIэу гъэрхэр къаху, абыхэм дыхахуэри къалэ кIуэцIым дыдахуащ. Ар махуэкIэ зыхуэзэр сентябрым и 24-рат. ИужькIэ къызэрысщIамкIэ, Полтавэ къалэр сентябрым и 18-м, Киев сентябрым и 20-м яубыдри, я кур зэхуащIащ, мелуанищ (зэрыжаIэмкIэ) гъэр ящIат.

– Мис иджы даIэщIыхьащ, си ныбжьэгъу, – жиIащ си гъусэ лейтенантым.

**ГъэрыпIэм**

Любни къалэ кIуэцIым дыкъыдахуауэ зыщIыпIэ даху. ЦIыхур апхуэдизкIэ куэд мэхъури, и пэми и кIэми унэплъысыркъым. Граждан щыгъынкIэ хуэпауэ цIыху куэди къытхэтщ. УпщIэ пыIэ фIыцIэ ин щхьэрыгъыу, гуэншырыкъ лъыгъыу зы лIышхуэ къахэжауэ мэкIий:

– Ей, адыгэ фхэт? – жиIэурэ. Стройм къыхокIиикI зыкъом:

– Хэтщ!

– Фыдэнэ къуажэ? – жеIэри, «упщIэ пыIэр» мэкIий.

– Ды-Ислъэмейщ! – къыжраIэ. Абы хэту нэмыцэ конвойр къэсри, автомат дакъэмкIэ и пщэдыкъым дэуэри хихуэжащ колоннэм. «Абы фIэкIа сыкIуэфыркъым» жызыIэу къэувыIэр яукI. Метрищэ къэс зы хьэдэ гъуэгум къытранэ. Сэ сещIэкъуауэурэ сокIуэ.

Кременчуг къалэм дахури, игъащIэ лъандэрэ чырбышрэ кхъуэщыну ягъэжа ятIэр къызрахауэ щыта мащэшхуэ гуэрым драхуащ. Ар мащэ бгынэжат, и хъуреягъыр быдапIэу къэщIыхьауэ резервуар инхэр итт, зищIысыр къысхуэмыщIэу. Си гъуса командирым дэрэ дызэфIэкIуэдащ. Адыгэ куэд ист. «Ди къуажэ яхэсынкIэ хъунщ», жысIэу къэскIухьурэ, зы резервуарым и гъунэгъуу щысу, мафIэ ящIауэ шей ягъавэу, ди къуажэгъухэм сахуозэ. Ахэр си егъэджакIуэу щыта Вэрыкъуэ Хьэжсуф, абы и шынэхъыщIэ Даут, Дзыгъур Мухьэдин, школым къыщызздеджахэу Созей Мыхьэмэтхъан, Безыр Нажмудин, абы и къуэшхэу Темыркъанрэ Цацымрэ, си адэ къуэшым ипхъу Балъкъызхэ исам и пщыкъуэ Балъкъыз Къасболэт, Къардэн Сэхьид и къуэ Хьэсэн, Барий Iэубэчыр, Зэрэгъыжым щыщу Пщыбий Хьэжчэрим (ар псом нэхърэ нэхъыжьт, революцэм плъыжьхэм я лъэныкъуэу хэтауэ жаIэрт), Вэрыкъуэ Хьэжчэрим. ЗэрыжаIэмкIэ, Псыгуэнсурэ Зэрэгъыжрэ щыщу 60 хъурт. Ахэр псори граждан щыгъынкIэ хуэпат, сэ парашютист фащэ сщыгът, сыузыншэу, ауэ тIэкIу сыщIакъуэу, (си лъэдакъэм къытехуам щхьэкIэ) сахэхуащ.

– Тобэ, мыр дэнэ укъикIа? – жиIащ си егъэджакIуэу щыта Хьэжсуф.

– Сэ зауэм и пэм къыщыщIэдзауэ сыхэтащи, гъэщIэгъуэнкъым, фэ дауэ мыбы фыкъызэрыщыхутар? – жысIащ.

– Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу окопэ къатIыну куэд дыдэ Полтавэ къалэм и гъунэгъуу дыкъашати, нэмыцэм къаувыхьри мы Iуэм къахуащ. ЩоджэнцIыкIу Алийрэ Къэжэр Индрисри ди гъусащ, ауэ ахэр зэрыхъуар тщIэркъым,– къызжиIащ Хьэжсуф.

НэгъуэщI гуэри къэпсалъэри:

– Лагъым Хьэбас [1] исщ мыбы,– къызжиIащ. Сэ занщIэу

[1] ЦIэ-унэцIэр зэтхъуэкIмэ, нэхъ захуэу къэтлъытащ.

сыкъэуIэбжьащ. Лагъым Хьэбас Москва къыщызздеджат. Сэ Сталиным и стипендие сом 500-р къызату, Хьэбас Станиславскэм и стипендие сом 300-р къихьу къыздэдухат. Зауэр щIидзэным мазих иIэу сэ дзэ къулыкъум сраджэри, парашютисту Борисполь къалэм сыкъыщыхутат. МыдэкIэ театрым и директор Семеновыр дзэ къулыкъум щраджэм, Хьэбас директор ящIат. Сэ къэзгъэнат си щхьэгъусэ актрисэ Къурэлей Зулихъанрэ мазих фIэкIа мыхъуа си къуэ Николайрэ. Дзэ къулыкъум сыздэщыIэм, си щхьэгъусэ Зулихъан нысхуетх: «Хьэбас театрым и директор ящIати, сриджэри, ныжэбэ уи деж сынэкIуэнущ, къызжиIати, бзаджэ жесIащ. «Си кабинетыр щхьэцыкIэкIэ къозгъэпхъэнкIынщ!» – къызжиIащ». Сэ Хьэбасым къыхуэстхауэ щытащ: «Мы дзэ къулыкъум сыздэщыIэм, сынэIэбэнщи, уи пщэгурыгъыр зэрысщIыкIынщ, хьэбыршыбыр!» – жысIэри. Ар слъэкIынут сэ: си къуэш Мурид Дохъушыкъуей элеваторым и директору а зэманым лажьэрт. Зы псалъэ къыхуэстхамэ, кIуэнурэ и кабинетым къамышыкIэ щIиубэрэжьыхьынут, директор къулыкъуми къытрыригъэхунут. «Хьэбас» исщ мыбы», – къыщызжаIэм, а къомыр сигу къэкIыжащ. Фоч ирату зауэм ягъэкIуэну дзыхь хуамыщIу, щIытIым хагъэхуати, адрейхэм хуэдэу, гъэр хъуауэ а лагерым ису къыщIокI. Сэ сызэрыкоммунистыр абы ищIэрт, зы псалъэ сэр щхьэкIэ жиIамэ, саукIынут.

Арат занщIэу сыкъэзыгъэдзыхар. Ауэ къысфIэмыIуэхуауэ фэ зытезгъэуащ. АрщхьэкIэ, семылъэIуарэ мынэгъуэщIу, ди къуажэгъу гуэр кIуэри, Хьэбасыр къысхуишащ. АбыкIэ ар зыхуеяр къызгурыIуакъым, Хьэбас и благъэми сщIэртэкъым.

Хьэбас, игъащIэм дяку зыри имылъам хуэдэу, къысIущIэри, си Iэр къиубыдащ:

– Мыр ди зэхуэзапIэ гъэщIэгъуэнщ, хэт и гугъэнт? – жиIэри.

– Сэ сызауэурэ саубыдащ, уэри дауэ мыбыхэм уазэрыхэхуар? – жысIащ.

– ЗэрыплъагъущI, щIытI къэфтIыну фыдогъакIуэ, – жаIэри дыкъашати, зыми дыхунэсакъым, дыкъаувыхьри, мыбы дыкърахуащ,– жиIащ.

– Куэд щIа мыбы фызэрисрэ?

– Нобэ махуэ еплIанэ мэхъу,– жиIащ.

– Хэт ди цIыхугъэу нэгъуэщI исыр?

– Къущхьэ усакIуэ Отаров Керим. И куэр уIэгъэу. НакIуэ уэзгъэлъагъунщ, – жиIэри сишащ. «СыткIэ сыхуей, игъащIэм сцIыхуу щытакъым», – сигукIэ жысIэурэ сыкIуащ. Мащэм щIыр къыщрахым Iуащхьэ цIыкIу хуэдэу къэнати, Керим баш иIыгъыу абы тест. Ди Iэр зэрыубыдащ.

– Мыр КъардэнгъущI Зырамыкущ, «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» зытхар мыращ, – жиIащ Хьэбас.

– Дызэхуэмыза щхьэкIэ, уи гугъу куэдрэ зэхэсхащ, – жиIащ Керим.

Зауэ нэужьым Отаровым и куэ лъэныкъуэр пымытыжу къэкIуэжауэ щытащ. ИужькIэ зыкъомрэ псэужащ. Хьэбаси къыщIэпхъуэжри, нэмыцэхэр ди республикэм ису къэкIуэжащ. Хьэбас Вольнэ Аул къуажапщэ мэзым щIэсащ, зауэр иухыху. Абы иужькIэ дэнэ укIуэнт? ЯгъэтIысри, илъэс дапщэми сщIэркъым, щысащ. Псоми сыкъелауэ сэри сыкъэкIуэжа нэужь, Хьэбас дэрэ Налшык дыщызэхуэзащ. «Алыхьым и хьэтыркIэ, си гугъу къыумыщI!» – жиIэри къызэлъэIуащ. – «Сыт щIэсщIынур? Илъэси 5-кIэ щIакхъуэ фIыцIэ Iыхьэ зэдэтшхыу дыздэпсэуащ, Хьэбас», – жысIэри, и Iэр субыдри сыIукIыжащ. Аращ Хьэбасым и хъыбарыр…

МодэкIэ тезгъэзэжынщи, Отаровым сыкъыбгъэдэкIыжри, ди къуажэхэр здэщысым сыкъэкIуэжащ.

Нэмыцэ офицерыр тэрмэш и гъусэу мащэ бжьэпэм къытеувауэ кIийрт.

– Журтхэр фыкъыхэкI! ДахэкIэ фыкъыхэкIмэ, фи дежкIэ нэхъыфIщ.

ЗызыгъэпщкIуауэ ису къэдубыдыр дукIынущ. ЖыдоIэ, журтхэр фэрфэру фыкъыхэмыкIмэ, дэ фыкъыхэтшынущ!

Сэ советым и лъэхъэнэм щыгъуэ урыс, журт, адыгэ, къущхьэ жаIэурэ зэхэгъэж ящIу зэхэсхатэкъыми, «Сыт журтхэр къыщIыхашыр?» – сегупсысырт. «СыткIэ ар зэрыжуртыр къызэращIэнур?» – жысIэрт. Зауэ фащи граждан фащи ящыгъхэу къэтэджауэ журт зыкъом тхэкIащ.

Ди гъунэгъуу щыст урыс, интеллигент хуэдэт:

– Ееуей, журт тхьэмыщкIэ. ЗэтраукIэнущ ахэр, – жиIащ.

– Ар зэрыжуртыр сыткIэ къызэращIэнур? – сеупщIащ абы.

– Абыхэм я мыстыр пыупщIащ! – жиIащ.

Суд зытращIыхьауэ тутнакъэщым исым ещIэ, тралъхьа илъэс е мазэ бжыгъэр иухмэ къызэраутIыпщыжынур. Абы щыгъуэми тутнакъэщым исыр ягъашхэ, езы изыдзам щыщ цIыхущи. Ауэ дэ бий нэхъ гущIэгъуншэ дыдэм дыIэщIыхьауэ и гъущI хъарым дисщ. Шхыни къыдимыту, хуэмхуэмурэ шхын щхьэкIэ дигъэлIэну аращ. Гъэр нэхъыбэ лIэхукIэ, фашистхэм я дежкIэ нэхъыфIщ. Ахэр фашистщ, дэ дыкоммунистщ. Гитлер и дзэр къыщигъакIуэм яжриIащ:

– ЛIыжь, фызыжь, сабий щыIэкъым, къыфхуэзэр фыукI, гуэныхьыр сэ къызощтэ, – жиIэри. И сэлэтхэми и офицерхэми ар яфIэфIыпсу ягъэзащIэ. Мы иджыпсту дызэрысым шхын щхьэкIэ лIауэ хьэдэр пщIы бжыгъэкIэ ирахыурэ машинэкIэ Iуаш махуэ къэс.

Махуэ ещанэ хъуащ ерыскъы зэрысIумыхуэрэ. Дызэрыс мащэр быдапIэу къэщIыхьат, абы и щIыIум гъущI банэ тешэжат. Лагерым и хъуреягъкIэ зи дэлъху, зилI, зи къуэ къэзылъыхъуэж цIыху куэд щызэхэтти, псори украиныбзэкIэ кIийрт: Мыпхуэдэр ис? Мыпхуэдэр флъэгъуа? жаIэурэ.

Сэ си жыпым записная книжкэ илъти, къисхри стхащ: «Сэ фэр щхьэкIэ дыгъуасэ сызэуащ. Нобэ гъэр сыхъуауэ шхын щхьэкIэ солIэ. Мыбы къилъхьи, шхын тIэкIу къысхуэдз!» Стхар си пилоткIэм ислъхьэщ, си бэлътокумкIэ зэкIуэцIыспхэжри, сыкъэтэджащ.

– Сыт пщIэнур? – жиIэри, Хьэжсуф къызэупщIащ.

– СылъэIуэнущ. Алыхьым дыкъимыужэгъужамэ, зыгуэрым гущIэгъу къытхуищIынщ, – жысIэри блын лъагэм секIуалIэри, щхьэпрыздзащ. Куэд дэмыкIыу зы цIыхубз гуэр къыдэпщейри и щхьэр къыщхьэпришиикIащ.

– Хэт мыр зейр? – жиIэри, си пилоткэр сигъэлъагъужащ.

– Сысейщ! – жысIэри сыкIиящ. ЦIыхубзыр епкIэжащ. Куэдрэ сыпэмыплъэу аргуэру къыдэпщейри:

– Къэубыд! – жиIэри си пилоткэр къидзыжащ. Псори епхъуат абы, арщхьэкIэ зытездзэри, зыми Iэрызмыгъэхьэу, сэ къэсщтэжащ. Зыгуэр, ар стрихыну къызэIэпщакIуэрти, сыкIуэцIыпкIэри, занщIэу щэIуу етIысэхащ.

– Упсэу, бзылъхугъэ! – жысIэу сыкIийри, си пIэм сыкъэкIуэжащ. Си бэлътокумкIэ къызэкIуэцIипхэжати, стIатэри: гъэвауэ кIэртIофышхуищ, помидорышхуэу щы, зы щIакхъуэ Iыхьэ илът. Арат пилоткэм ихуэнури. Ахэр Хьэжсуф, Даут, сэ – дэ щым тшхащ.

– Е, Алыхьым уигъатхъи, ди нэр къэбгъэплъэжащ, – жиIащ Хьэжсуф.

ЕплIанэ махуэр кIуащ арыххэу. Етхуанэм, нэмыцэ офицер, сэлэтитI и гъусэу нихьэри, «Фыув тхурытхуу, этап фыкIуэнущ!» – жиIащ.

– Сэри сыкIуэнущ мохэр здашэм, – яжесIащ си гъусэхэм.

– Уэ уздэкIуэм дэри дынэкIуэнущ, – жари зыкъомыр нэуващ си гъусэу. Сызэрыкомуннистыр Хьэбас имыIуэтэн щхьэкIэ сымыкIуэу хъунутэкъым. ЕтIуанэу, мыбы сызэриса махуитхум зыри дагъэшхатэкъым. Дыздашэнур сымыщIэ пэтми, нэхъыфIым сыщыгугъырт. Си псэм сытемышыныхьу а махуитхум и кIуэцIкIэ зы дакъикъэ закъуэ кIуатэкъым.

СыкъикIуэсыкIыну Iэмал щыIэтэкъым, хьэхэр яIыгъыу, ди хъуреягъыр яхъумэрт.

Тхурытхуу дагъэувщ, дыкърахури, гъущI гъуэгу вокзалым дыкъахуащ, мафIэгум драгуэри, дежьащ. МафIэгур хуэму фIэкIа кIуэркъым, къоувыIэри псори блегъэкI. Шхынрэ псырэ щхьэкIэ долIэ, къэмэх тхэтщ. Зыгуэр ди вагоным щыщу лIэри, мафIэгур здэжэм ирадзащ. Тарас и цIэу зы украин щIалэ цIыкIу ныбажэ хъуауэ гъуэгыу исти, бжэм деж Iус сэлэтитIым тхалъэфри ирадзащ, кIэлъыуэри яукIащ.

Зы станц гуэрым дыкъыщыувыIауэ, къызэрыгуэкI щыгъынкIэ хуэпауэ лIыжь гуэр, исти, кIийуэ щIидзащ:

– Дыкъыздэсар дэнэ? – жиIэу.

Станцым и цIэр къыбжаIэрт къэувыIэпIэм тет псалъэхэм. Ауэ ди щхьэмкIэ уафэр тлъагъу фIэкIа, дызэрыс пхъэбгъу вагоныжьым дыкъиплъыфыртэкъым. Зыри тлъагъуртэкъым. ЛIыжьыр, дыкъыщыувыIа станцыр и унагъуэр зыдэс щIыпIэр арауэ къыщыхъуауэ, кIийуэ арат. КъэувыIэпIэм зэрыгъэкIийуэ тет цIыху куэдым къыжраIащ станцым и цIэр. ИтIанэ лIыжьыр къикIиикIыу хуежьащ: сэ сымыращ, си бынхэм ящыщ тетмэ, шхын къызевгъэт е зыгуэр фыжи яжефIэ мыбы сызэрисыр! – жиIэу. ЛIыжьым и цIэр жиIэри, зы цIыхубз гуэр къэкIиижащ, «Умыгузавэ, сожэ фи деж яжесIэну», – жиIэри. Куэд дэмыкIыу и фызымрэ и пхъумрэ шхын къэп ныкъуэ къыхуахьри къэсащ. Къыдрадзейри вагон дызэрысым кърадзащ. Гъуэмылэр лIыжьым фIашхыну зыкъом ежати, плIанэпэм деж дэт командиритIым ядакъым: – ЛIыжьым и гъуэмылэм хэт еIусэми дукIынущ! – жари, Iэдакъэсэ къызыкъуахащ. Ар си гуапэ хъуащ. А тIур си гъунэгъубзэу плIанэпэ дыдэм деж дэст.

КомандиритIыр къулыкъушхуэ зиIа лIыхэт. Я дамыгъэхэр яхэмылъыж пэтми, я псэлъэкIэмкIэ къапщIэрт. Зэпымыууэ фронтым, окруженэм дызэрихуам тепсэлъыхьырт.

– Бзаджэнаджэу къыщIэкIащ Кирпонос, апхуэдизыр дыкъыщаувыхьым, ар зэплъар сыт? Фыкъаувыхь, фыкъикI,– щIыжимыIар сыт? – жиIэрт зым.

– Езым зимыукIыжами, Сталиным иукIынут ар,– жиIащ зым.

– Си полкым щыщу зы ротэ хъун фIэкIа къэмынэху сызэуащ. Сэ созауэри сыIутщ, си бгъуитIымкIэ къыщыхъур сэ сымыщIэмэ, си командирым ищIэн хуейкъэ?

– Ахэр псори бий лэжьэкIэщ,– жиIащ мыдрейм.

Дыздэжэм, украин уэрэд «Распрягайте, хлопци, кони» жыхуаIэр, гъунэгъубзэу, дызыдэж къуажэ гуэрым къыщыIуащ щIалэгъуалэм жаIэу.

– Куэду къафIэIуэхуи абыхэм зауэм и хьэзабыр! – жиIащ тщыщ зым.

КомандиритIыр вагоным и плIанэпэ дыдэм деж щытти, дыздынэсар ялъагъурт.

– Советскэ границэр зэпыдупщIащ,– жиIащ зым, сэкIэ ящIа гъуанэм дэплъри.

– Сэри сыдэгъэплъыт, – жиIэри, мыдрейри дэплъащ, – Прощай, великий Советский Союз, не смогли мы тебя защитить, оказались плохими сыновьями! – жиIащ.

– Неправда, друг мой. Мы сделали все, что могли, воевали до последнего патрона, – жиIащ мыдрейми.

– Мы не смогли, но другие сумеют защитить. Я в этом уверен. Россия была всегда и останется великой – жиIэщ адрейми, заущэхужащ. А тIум жаIэм седаIуэрт, сегупсысырт ди Iуэху хьэлъэм.

– Дауи, Совет Союзыр щыIэнщ, ауэ дэращ щымыIэнур. Сэ сыкъеджауэ щытащ румын майор гуэрым и запискэ. Империалист зауэм щыгъуэ

гъэр хъуати, зауэр иуха нэужь, хуит ящIыжри кIуэжат. «Сэ сымайорщ», – жиIати, «Уэ зи деж ущыIа бийм деж щымайор. Ди деж афIэкIа ущымайорыжынукъым», къыжраIат, – жиIащ.

– АтIэ, уэ узыщыгугъыр сыт? Дэри ардыдэращ къыджаIэнур, мы фашистхэм я лагерым псэууэ дыкъелмэ, ауэ ар гугъапIэншэщ, – жиIащ мыдрейм.

МахуитIрэ жэщитIкIэ дыкIуауэ, зы къалэ цIыкIу гуэрым дыкъыщыувыIэри дыкърагъэкIащ. Тхурытхуу дагъэувауэ дыздахум, зыгуэр къытхэкIиикIри щIэупщIащ: «ДыздэщыIэр дэнэ?»

– Владимир-Волынсщ, Западнэ Украинэм, – къыжраIащ.

«Нэмыцэм дамышамэ, Алыхьым жыхуиIар хъунщ»,– жысIащ сигукIэ.

Командиру тхэтхэр псори тхашри нэгъуэщI щIыпIэ яшащ.

– Ар дэнэ? – жери, Iэубэчыр къызэупщIащ.

– Жыжьэкъым, умыгузавэ! – жысIащ.

Къалэбгъум дахури зы унэ щыуэ зэтету зы лъэныкъуэмкIэ щыту, гъущI банэ щащIэкIэ къэхухьауэ я кум гъущI кIапсэ банэр дагъэкIэрэхъуэжауэ, и плIанэпиплIым вышкIэ щытрэ, нэмыцэ хъумакIуэр пулеметым бгъэдэсу тесу, абы драхуэри бжэр хуащIыжащ. Унэм дыщIыхьэри, зы пэшышхуэ и лъэгур мывэкIэ къищIыкIауэ ди къуажэхэр дыщIэтIысхьащ. ЩIыIэт и лъэгур, ауэ я бэлътохэр яубгъури, абы тетIысхьащ. Си шынелыр субгъури, абы сэ сытетIысхьащ. Ар октябрым и 3-рт. ЩIыIэт, ауэ нэгъуэщI Iэмал щыIэтэкъым. ДызыщIэс унэм укъыщIэкIамэ, мыдрей унэшхуэр пхъэбгъу лъэгут, ауэ абы гъэрхэр зэщыгуауэ щIэст. Бжэм и бгъуитIым чеитI ягъэувауэ, жэщым Iуэхур абы щызэфIагъэкIыу арат, ахъумэ щIыбым щIагъэкIыртэкъым. Бамэр къыщIихырти, убэуэфыртэкъым. А махуэм шхын зыри къыдатакъым. ЕтIуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм дызыщIэлъ унэм пыIухауэ щыт унэ цIыкIум деж дахури, хьэпцIийм къыщIагъэвыкIауэ «кофэ» жари, крушкIэ зырыз къыдатащ, унэм дыщIахуэжри, бжэм IункIыбзэ кърատыжащ.

Дисщ абы, пщыхьэщхьэ къэс а «кофэ» крушкIэ зырызыр къыдат. Си къуажэгъухэр хэти зэтегъуащ, хэти я нэр къыщIэмыплъыжу зэщIэбэгащ. Дзыгъур Мухьэдин лIышхуэр, и пащIитIым фIэкI къыхэмынауэ, и нитIыр къижу зэтегъуащ. Вэрыкъуэ зэкъуэшитIыр – Хьэжсуфрэ Даутрэ, Балькъыз Къасбулэт сымэ зэщIэбэгащ, я нэр къыщIэмыплъыжу. Адрейхэр нэхъ гъур хъуа фIэкIа, зыри ядэслъагъуртэкъым. Вэрыкъуэ Хьэжчэрим жэщым къызэIыхьауэ, мыбэуэжыфу нэху къекIри, пщэдджыжьым зэкъуэшитIым и Iэблэ зырызыр яIыгъыу, сэ и бэлътоужьымрэ и котелокымрэ сIыгъыу къыщIэтшри, пщэфIапIэм и гъунэгъуу «ЛазаретIкIэ» еджэу зы унэ гуэр щытти, абы тшэщ, пхъэбгъу лъэгум и бэлътор идубгъуэщ, абы тедгъэгъуалъхьэри дыкъэкIуэжащ. ДыкъыщIыхьэжри, дынэщхъей дыдэу дытIысыжащ.

– А здэфшам дохутыр щыIэт? – къыдэупщIащ Къасболэт.

– Мыбдежым вгъэгъуэлъ, – жиIэри, урыс дохутыр си гугъэщ, урысыбзэщ къызэрыдэпсэлъар, пхъэбгъу лъэгум дгъэгъуэлъащ, – жысIащ. ЗэкъуэшитIым зыри жаIакъым. Созей Мыхьэмэтхъан къарууншэ зэрыхъур слъагъурт, ауэ зыри жысIэртэкъым. Абы и Iэ ижьыр къэгъэшауэ къэнауэ Iэшэт. Ди къуажэ хьэмэмым загъэпскIыу здыщIэтым, зэдэджэгуурэ Мыхьэмэтхъан щхьэгъубжэм жьэхэхуэри, абджыр икъутэщ, хуэр зэпиупщIри, Iэшэ хъуат. «КъыпщыщIар сыт?» – жысIэу сыщеупщIам, арат езым къызжиIар.

Октябрым и 11 махуэр дэкIри, пщыхьэщхьэм, «кофэ» дефэу дыщIахуэжа нэужь, ди лъэпкъэгъу лIым, Пщыбий Хьэжычэрим жиIащ:

– Ей, фымыгузавэ, АлыхькIэ соIуэ, мыпхуэдэу дамыIыгъын. Е лэжьапIэ

дашэнщ, е даутIыпщыжынщ, фымыгужьей, нэмыцэри цIыхущ. Советскэм кIэ игъуэтащ.

Сэ си бзэр схуэубыдрэт? Советскэм сригъэджат, сигъэсат, «дунейм зы къэрали къыттемыкIуэну» си щхьэм къриукIат, сызэрыцIыкIу лъандэрэ зэхэсхыр арат.

– Уэлэхьи, Германыр игъащIэкIэ езауэми, Советскэм темыкIуэн. Зауэр кIыхь хъунущ икIи Советскэм Германыр зэхикъутэнущ. Ауэ апщIондэху дэ мы Iуэм дилIыхьынущ. Нэмыцэм нэхърэ нэхъ гущIэгъуншэ дунейм лъэпкъ теткъым. Ар фашистщ, – жысIащ. – И лъэпкъыр дуней псом щытепщэу щигъэтыну хуейщ.

– Уэ, КъардэнгъущI цIыкIур, узэрыкоммунистыр дощIэ, зыри жыдмыIэ щхьэкIэ, – жиIащ ди лъэпкъэгъу лIым.

– СлIо, щIалэ, Зырамыку и коммунистагъэм къуищIар? Алыхьыр згъэпцIащ, уи зэранкIэ мы щIалэм зыщ хэхуу щытмэ, узмытхьэлэм, уи нэхъыжьагъми семыплъу,– жиIащ Балъкъыз Къасболэт. ЛIым зиущэхуащ, адрейхэми зыми зыри жиIакъым. Жэщым куэдрэ сыжеякъым «си бзэр сыт щIысхуэмыубыдар? Сэ сыщыпсэуамрэ сызыхэхуамрэ зэрызэхуэмыдэр сыт къыщIызгурымыIуэр?» – жысIэу, сигукIэ сызэгуэпу сыхэлъащ. МэжалIэм, цIэм, фIейм сагъэжейртэкъым.

Пщэдджыжьым нэмыцэм бжэр Iуихщ, къытхэплъэри, сэ Iэпэ къысхуишийри, – «Ком гир!» – жиIащ. Сэ сыкъэтэджащ. ЩIым щылъ си шынелымрэ шыхьауэ си пIэщхьагъым щIэлъ плащ–палаткэмрэ къыщысщтэм, – «Найн!» – жиIащ. Ахэри згъэтIылъыжауэ сыкъыщыщIэкIым:

– Уэлэхьи, яукIыну щIашым, – жиIащ зыгуэрым. Адрей пэшхэми къыщIашурэ зыхыбл дыхъуащ. ПщэфIапIэм къыпыт унэжь цIыкIум дишэри тачкэ зырызыххэ къыдитащ. – «Унэхэм фыщIыхьэурэ лIахэр къыщIэфхыурэ ифлъхьэ!» – жиIащ нэмыцэм. ИщIагъ къатым щIэлъхэр япэ щIыкIэ къыщIэтхыурэ, я лъакъуэр зэхуэгъэзауэ, я щхьэр зэбгрыдзауэ тачкэ къэс тIурытI итлъхьэри, дежьащ. Дызэрыс лагерым и гъунэ дыдэм деж тшэри, метр 80 и кIыхьагъыну, метри 4 хуэдиз и кууагъыу, метритI и бгъуагъыу мащэ къэтIа иIэти, абы иддзащ.

«Дауи, мыбы илъщ Вэрыкъуэ Хьэжчэрим» – жысIащ сигукIэ. Къэдгъэзэжым тшэм, аргуэру тшэурэ и щIагъым щIэлъи и щхьэм телъи, къанэ щымыIэу, зы хьэдэр цIыхуитIым къыщIэтхыурэ, дэтшырт. ДыщыкIуэкIи дыкъыщыкIуэжкIи сэ зысплъыхьырт мыбы сикIа зэрыхъуным сегупсысу. Лагерыр чырбыш щIыкIэу, зы лъэныкъуэмкIэ хуэкIыхьт, и плIанэпиплIым вышкэ щытти, пулеметым бгъэдэсу хъумакIуэр тест. Я кум удыхьамэ, Iэмал имыIэу уаукIынут. ИхъуреягъкIэ гъущI кIапсэ банэкIэ щэнейрэ къехуэкIат, пщыхьэщхьэм хьэ яIыгъыу къеувэкIырти, нэху щыху яхъумэрт. Пщэдджыжьым вышкэм къытетIысхьэхэрти жэщ хъуху тест, щызэблэкIыр пщыхьэщхьэ пшапэ зэхэуэгъуэмрэ пщэдджыжьымрэт. Дэ дызыщIэс унэм метри 5 нэхъ пэмыжыжьэу зы вышкэр щытт, адрейхэр тпэжыжьэт. Пщыхьэщхьэ пшапэ зэхэуэгъуэм зребгъэхьэлIэу вышкэ щIагъымкIэ ущIэмыкIмэ, узэрикIыфын щыIэтэкъым. Вышкэ щIагъым ущIэкIа нэужь, лъэбакъуиплI нэхъ умыкIуэу гу гъуэгу блэкIырт. Ар зэпыбупщIмэ, быдапIэ цIыкIу, метрэрэ никъуэрэ и лъагагъыну къыщытт. Абы адэкIэ жыг хадэшхуэти, хуит ухъуат уздэкIуэнумкIэ. А псори фIыуэ зэзгъэлъэгъуауэ, иужьрей хьэдэхэр дэтшу мащэм иддза нэужь, «КъыщIэмыщу ятIэ тIэкIу тефтхъуэж!» – жиIащ нэмыцэм. ЯтIэр теттхъуауэ дыкъыщыIукIыжым, си гъусэ урыс сэлэтыр си ужьым хъуанэу итт.

– Сыт къэхъуар? – соупщI абы.

– Иужьым къыдэтша хьэдитIым я зыр псэууэ щIэттIащ.

– НтIэ, псэууэ щхьэ къэпша?

– Тачкэм къислъхьа нэужь, и нэр къызэтрихри къызэплъащ. «Мыр псэущ!» – жесIат нэмыцэми, – «Некъу! Ар абы нэмысу лIэнущ!» – жиIэри, автомат лъэдакъэмкIэ къыскIуэцIыуащ. Псэут, ауэ псэлъэжыфыртэкъым.

Ар жиIэурэ дыкъыздэкIуэжым, зы украин гуэр бочкIэкIэ псы ныдишауэ щыслъагъум, сыбгъэдэлъэдащ:

– Тутын уиIэ?

– СиIэщ, – жиIэри, тутын бза, чысэм илъу, тхылъымпIи щIыгъуу къызитащ. Ар сшыхьурэ, сепсалъэрт:

– Сыт хуэдэ ахъшэ зекIуэр?

– Советскэм и ахъшэ зекIуэжыркъым. Нэмыцэ маркэрэ украин ахъшэ къыдагъэкIамрэщ, – жиIэ пэтрэ, къыткIэрыхуауэ къэкIуэж нэмыцэр къэсщ, автомат лъэдакъэмкIэ къызэуэри, тутынри сIэпигъэхуащ, си щIыбри къысхуигъэузащ. Тачкэхэр къыщытщтам дгъэувыжри, кIэзармэм дыщIыхьэжащ.

Псоми я жьэр Iурыхуауэ къызэплъащ, «упсэу?» – жыхуаIэу.

– Дэнэ уздэщыIар? Уздашар дэнэт? – къызэупщIащ Къасболэт.

– Хьэдэ дэсшащ, си закъуэкъым, куэд дыхъуу хьэдэ куэд дэтшащ. Ауэ аракъым Iуэхур. Сэ мурад сщIащ, мыбы апхуэдэу шхын щхьэкIэ зизмыгъэлIыхьу сикIыну. СызэрикIыну щIыпIэми фIыуэ сеплъащ. Си гъусэу нэкIуэнур хуитщ, – жысIащ.

– Уэлэхьи, сэ сынэкIуэнум, Зырамыку, ауэ сыхыфIумыдзэну тхьэ къысхуэIуэ. Сэ си гъащIэ псом мэлым сыпэрытащ. «Вот» зэрыжаIэ нэхъыбэ сщIэркъым, сыкIуэдынущ, – жиIащ Барий Iэубэчыр.

– Тхьэ пхузоIуэ, Iэубэчыр, си псэр пыту ухыфIэзмыдзэн!

– Сэ иджыри си мэлыхъуэ къарур схэлъщ, «тхьэлэ» жыхуэпIэр стхьэлэфынущ,– жиIащ.

Вэрыкъуэ Хьэжсуф къэпсалъэри:

– ФикIыфмэ, зэкъуэшитIри дыникIынщ, – жиIащ.

– Сэри сыникIын мыгъуэт, ауэ си къуэшитIыр дауэ зэрыхыфIэздзэнур? – жиIащ Безыр Нажмудин, си гъусэу къуажэ школым къыщыздеджам.

СыкъеплъэкIри, къыздеджа Созей Мыхьэмэтхъан сыщыIуплъэм, и Iэ Iэшэр сигъэлъагъури, и нэпситIыр къежэхащ.

– Уэлэхьи, сипшамэ, сэри сыникIынтэм, – жиIащ Унэгъэс Шэмсэдин. Сэ ар фIыуэ слъагъурт и къуэш нэхъыщIэ Мурадин сыдеджат, дызэныбжьэгъуати.

Унэм сыкъыщIэкIри, пщIантIэм гъэрхэм я бэзэр дэтти, си плащ-палаткэр сом 300-кIэ зыгуэрым есщащ. Си шынелыр бэлътоужь зэхэфыщIакIэ схъуэжри сыкъыщIыхьэжащ. Си гъусэу къикIыну жызыIахэр граждан щыгъынкIэ хуэпат.

– Си пилоткэр схъуэжамэ арат,– щыжысIэм, Iэубэчыр щIэкIри фIеибзэу зы фурашкIэ къысхуихьащ.

Псоми пщыхьэщхьэр зэхудипIалъэу арат. Пщыхьэщхьэ «кофэ» крушкэ зырызыр къыдатыну дахуащ. Лагерыр тIууэ зэпрыгъэлыкIауэ щытти, адрей лъэныкъуэмкIэ исхэри къахурти, пщэфIапIэм и зы лъэныкъуэмкIэ абыхэм щратырт, дэ мыдрей лъэныкъуэмкIэ къыщцыдатырт. Унэгъэс Шэмсэдин сяпэ иту къыIихри, дяку дэт нэмыцэр адэкIэ щеплъэкIым, адрей лъэныкъуэм щрат чэзум жэри, яхэуващ, сэ си «кофэ» Iыхьэр къеIысхри, сыкъыIукIыжащ. Шэмсэдин етIуанэрей «кофэр» къыIихри, хъумакIуэм мыдэкIэ къимыгъэкIуэжу, адрей лагерым ихуну ирихужьащ.

– Зырамыку, мыбы сыздахур дэнэ?! – жиIэу къэкIийуэрэ, адрей лагерым ирахуащ. Дэри пщэфIапIэм дыкъыIуахужри ди лагерым дыкъахужащ.

Пщыхьэщхьэ хъуащ. Абы фIэкIмэ, кIэзармэм дыщIахуэжынурэ, IункIыбзэ къратыжынут. Ар октябрым и 12-рт, 1941 гъэм.

– Си къуажэгъухэ! Сэ сыздэкIуэр псэзэпылъхьэпIэщ. Е сикIын, е мо гъущI банэм зыфIезгъэукIыхьын, нобэ шхын щхьэкIэ лIауэ дэсшахэм хуэмыдэу. Алыхьым сыкъихъумэу псэууэ сикIрэ сыкIуэжмэ, мыбы фыкъызэризнар фи дейхэм яжесIэжынщ. Ауэ а гъущI банэм сэ сыфIаукIыхьрэ фэ псэууэ фыкIуэж хъумэ, си кIуэдыкIар яжефIэж! – жысIэри, Балъкъыз Къасболэт деж къыщыщIэздзэри, я Iэр субыдыжурэ Хьэжчэрим деж сыщынэсым, «Коммунистым гъущI банэм зыфIригъэукIыхьыну макIуэ, Хьэжычэрим», – жысIэри, и Iэр субыдыжащ. Безыр Нажмудин деж сыщынэсым, зыкъызидзри IэплIэ къысхуищIыжащ. Ауэ нобэми согъэщIэгъуэж, егъэджакIуэу лэжьа, щIэныгъэ, зэхэщIыкI зиIэ Балъкъыз Къасболэт сыт къыщIинар? Ар абы илIыхьыну Алыхьым иухати арагъэнщ.

– НакIуэ, Iэубэчыр, Алыхьым гъуэгу къыдитынщ! – жысIэри, сыкъыщIэкIри дызыщIэса кIэзармэм и плIанэпэ дыдэм деж сыуващ, Iэубэчыр си щIыбагъ дэтт. ХъумакIуэр зытес вышкэмрэ сэрэ ди зэхуакур метрих нэхъыбэ хъунтэкъым.

– СыкъеплъэкIынукъым, Iэубэчыр, сэ сщIэр пщIэну аращ! – жесIащ щэхуу, сыкъемыплъэкIыу. АлыхькIэ соIуэ, мы жысIэм зыпцI хэмылъ. Нэмыцэр адэкIэ зэреплъэкIыу, сыщIэпхъуэри гъущI банэм сыдэжейри, селъэри и кум дэулъэрыхъыхьауэ дэлъ гъущI кIапсэ банэхэр зэщызгуэри, адрейм зездзащ. Апхуэдэурэ гъущI банищми селъэри, быдапIэ цIыкIум и блыным сежэлIащ, сыдэпщейщ, селъэри, жыг хадэшхуэм сихьащ. Нэмыцэхэм зэрыгъэкIийуэ, сринэхэр ягъэфийуэ, гъэрхэр унэм щIахуэжу щIадзащ. ХьэрэкIытIэ драдзеяти щIым зыхэздзащ. ХьэрэкIытIэр ункIыфIыжа нэужь, сыкъэтэджыну сыкъыщеIэм, си кIэр зыгуэрым иIыгът.

– Хэт ар? – жысIащ, щэхуу.

– Сэращ, – жиIащ Iэубэчыр. Дыкъэтэджри дежьащ. Мис апхуэдэу дыкъикIащ дызэрыса лIапIэм, къэнахэр илIыхьащ. Пшапэр зэхэуат. Ауэ сэ фIыуэ сеплъат сыздэкIуэн хуей лъэныкъуэм. СэмэгумкIэ сыкIуэмэ, дызэрыт хадэр зэриухыу, къалэм удыхьэн хуейт. ИжьымкIэ укIуэмэ, хадэр зэриухыу, губгъуэм уихьэрт, къалэбгъу дыдэм хуэзэу. Къалэм дыдыхьэмэ, патрулхэм даубыдынут. Зыри жызмыIэу сыкIуэурэ жыг хадэр зэриухыу, быдапIэ цIыкIум и блыным дыкъелъэри къалэбгъу губгъуэм дихьащ. «Алыхьым аргуэру сыкъихъумащ», – жысIащ сигукIэ. Ар си япэ къыщIэпхъуэт.

КIыфIым дыхэтурэ дыздэкIуэм, нэху мащIэ къэслъэгъуащ. Ауэ сэ куэд щIауэ, сызэрыцIыкIу лъандэрэ, зэхэсхырт, «Уэздыгъэ нэхур гъунэгъущ жыпIэу умыкIуэ, хьэ банэ макъыр жыжьэщ жыпIэу къыумыгъанэ», – жаIэу. Хьэ банэ макъи зэхэсхыртэкъым. Ауэ сыкIуэрт а нэхумкIэ, тшхын гуэр къытIэрыхьэным сыщыгугъыу. Iэубэчыр си гъусэу уэздыгъэ нэху мащIэм сокIуалIэри, щхьэгъубжэ цIыкIум сыдоплъ: фэтыджэн уэздыгъэ маблэ, гущэхъыринэ щIеупскIэри, зы фыз бгъэдэсщ, нэгъуэщI зыри слъэгъуакъым. Абы сыдэплъыху, си ужь иту цIыху зыхыбл къикIауэ къыткIэлъыкIуэу къыщIэкIри, къэбыстэ хьэсэ цIыкIу щытт бжэIупэ дыдэм дежи, ар зэрапхъуащ.

– Мыр къахэсхащ, Зырамыку, – жиIэри, Iэубэчыр къэбыстэ щхьитI къызбгъэдихьащ.

– Мыр уи шхалъэм хуэгъэткIунукъым, Iэубэчыр, ауэ бгъэныщкIум, и псыр ебгъэхыурэ езыр къызыжьэдэдзыж, бжызоIэ – умышх. ДяпэкIэ тшхын дгъуэтынщ, – жесIэри, зы къэбыстащхьэр къеIысхри, сежьащ. Мыдрейхэр ди ужьым иту накIуэрт.

– Диужьым фикIи, фызэбгрыкI! – жысIащ зыкъезгъэзэкIри. Iэубэчыр дэрэ дыкIуэурэ, Буг псым и Iуфэм дыIухьащ. Ар псышхуэт, уфафэу итт,

макъ лъэпкъ ищIыртэкъым. Метри 10 нэхъ лъагэу къамылхэр къыхэкIыкIауэ хэтт. Абы иужькIэщ гу щылъыттар, ахъумэ япэм зыри тлъэгъуатэкъым. И Iуфэм окопэхэр, траншейхэр екIуэкIыу етIэкIауэ, щытхэт ди топхэр къыздыIуашыну хунэмысауэ, къыщикIуэтым къызэрагъэнам хуэдэу. 1939 гъэм ди дзэхэм Западнэ Украинэр къыщаубыдыжам, Польшэмрэ СССР-мрэ гъунапкъэ яхуэхъуауэ щытар мыбдежт. Псы Iуфэм дыIутIысхьауэ ди къэбыстэ зырызым дедзакъэм, дгъэнышкIуурэ, къызыжьэдэддзыжу дыздэщысым, Вэрыкъуэ зэшитI Хьэжсуфрэ Даутрэ къыIухьащ.

– ФыкъикIа? Сыту фIыт! Мэ си къэбыстэр, вгъэнышкIу, ауэ фымышх, фигъэлIэнущ. Сэ сыкIуэнщи, тшхын къэслъыхъуэнщ, фэ мыбдежым фыщыс. КъэзгъуэтIамэ, сыкъэкIуэжынщи, фысшэнщ, – жысIэри сыкъыIукIащ.

Уэздыгъэ нэхумкIэ сыкIуэурэ, зы унэшхуэ гуэрым секIуэлIащ. ЩхьэгъубжэмкIэ сыдэплъмэ, стIолышхуэм къетIысэкIауэ цIыху куэд, нысащIэ щыгъынкIэ хуэпауэ хъыджэбзи яхэсу, уэрэд жаIэу бгъэдэсщ, цIыху щIэзу щIэсщи, зэрызохьэ, зэрогъэкIий. Унэм фызышэ щIэтт. «Мыбы дэ драIуэхукъым, хэти нэмыцэм я телъхьэщ, хэти ди телъхьэщ, сахэмыхьэмэ нэхъыфIщ», – сигукIэ жысIэри сыкъыIукIыжащ. АдэкIэ къыщыблэ уэздыгъэ нэхум сыхуэкIуэу сыздэкIуэм, махуэм яIуа хьэпцIийм и хьэуазэхэр Iуамыхыжауэ сыздыпхыкIым, абы жейуэ хэлъ кхъуэм сытеувэри, кIийщ, къыщылъэтри си псэр Iуихащ, сэ сыщIэцIэфтри сыджэлащ, езыр щIэпхъуащ. Абы сыфIэкIри, адрей унэм сыкIуащ. ЩхьэгъубжэмкIэ сыдэплъмэ, зы лIыжь жьакIэху пIэм исщ, нэгъуэщI зы лIы фIыцIи фэрэкI напэ шэнтым тесщ, илъэс 18-м итыну зы щIалэ, илъэси 10-м нэсыну зы цIыкIу, зы фыз гъур кIыхь хьэкум бгъэдэтщ. Си гурыIупсыр къэжащ, «зыгуэр епщэфI» жысIэри. НэгъуэщI Iэмал щыIэтэкъым, дымышхэу хъунутэкъым. Бжэм сытеуIуащ. ЩIалэ цIыкIум бжэр къыIуихри:

– Хэт ар? – жиIащ.

– СынышIыхьэ хъуну? – жысIэри, жэуапми сыпэмыплъэу, сыщIыхьащ. ЛIы фIыцIэшхуэр къысIуплъэри:

– Оттуда? Абы укъикIа? – жиIащ.

– Аращ, сышхэнут, – жысIащ.

– Пожалуйста! – жиIэри, фызым Iэнэ плIимэ цIыкIу къигъэуври, кхъуэм хуагъавэу къыщIэкIынт, пэгун псо ихуэну зы шыгун сэкурэшхуэ, кIэртIоф гъэвар изу, къытригъэуващ, бахъэр къыщхьэщихыу.

– Гъусэ сиIэщ, – жысIащ.

– Къеджэ-тIэ, – жиIащ фызым. Къезджэну бжэр къыщыIусхам, Iэубэчыр щхьэгъубжэм ныдэплъу Iутт.

– Дэнэ щыIэ адрей тIур? – жысIащ.

– Iусщ псы Iуфэм, – жиIащ.

– КIуэи къеджэ, дагъэшхэнущ, – жысIэри къэзгъэзэжащ. Щыри псынщIэ дыдэу къэсри, Iэнэ цIыкIум дыкъетIысэкIащ.

– Нэмыцэм дигъэхьэжэркъым! – жиIэщ фызми, щIакхъуэ Iыхьэ, нащэ фIэIу зытхух къытрилъхьащ. Iэнэм детIысылIа къудейуэ, бжэм зыгуэр къытеуIуэри, зы урыс ди гъусэу къикIахэм щыщу, къыщIыхьащ. Ари къэтIысауэ къыддошхэ.

– Дэнэ ущыщ? – сеупщIащ.

– Краснодар, – жиIащ.

– Удиземлякщ, – жысIащ.

– Си закъуэти, гъусэ зыфхуэсщIыну фи ужьым ситу къэскIухьырт. СывэдаIуэрти, фи бзэр адыгейхэм я бзэм ещхьти, сывигъусэмэ нэхъ къасщтэрт, – жиIащ.

Си гъусэхэр «я хьэдэжьыр тралъхьауэ» шхэрт, гъаблэгу ящтауэ.

– Апхуэдиз фымышх, фэзэгъынукъым, дяпэкIи Алыхьым къыдитынщ

тшхын, дэ иджы дыщхьэхуитщ, – жысIэри, шхэн щызгъэтыжащ, нащэ фIэIуми седзэкъакъым. Урысми щигъэтащ, ауэ мыдрейхэр шхэрт. Унагъуэр зей лIыжьыр къэпсалъэри:

– Фэ фшхым сэ сыщысхьыркъым, ауэ апхуэдиз фэзэгъынукъым, фигъэлIэнурэ, фи хьэдэ щIэлъхьэным дэ гугъу дригъэхьынущ, – жиIащ.

– Тутын уиIэу пIэрэ? – зыхуэзгъэзащ лIы фIыцIэм.

– СиIэщ, – жиIэри, мыпIащIэу хъыдан чысэ цIыкIу кърихри, бзауэ самосад тхылъымпIэм трикIутэри къызитащ. Тутыныр сшыхьри, тIэу секъуа нэужь, си Iэгур къэузащ. Сеплъмэ, си IэгуитIым псо иIэтэкъым. ГъущI банэм зэхиупщIэтат, зэхифытхъыхьат, зы щIыпIэм деж лъыр тегъуэжат, нэгъуэщI щIыпIэм иджыри къижырт. Зыри жысIакъым. Унэ гуащэм Iэнэр Iуихыжа нэужь, къыдэупщIащ:

– Мы Iэнэм тет лъыр къыздикIар дэнэ?

– Ди Iэгум къож, – жысIащ. Адрейхэми апхуэдэу жаIащ.

Фызым хъыданыжь зыкъомрэ фэтыджэн птулъкIэрэ къихьри, фэтыджэныр ди Iэхэм быдэу къыщихуэурэ хъыданыжьхэмкIэ фIипхыкIащ.

– Мыбы гъэш яIэкъым, сэ сиIэщ. Си деж и ныкъуэр фынакIуи фыщызгъэIэнщ, гъэш фэзгъэшхынщ, – жиIащ лIы фIыцIэм, къэтэджыжурэ.

– Дэ дынэкIуэнщ! – жаIэри, зэкъуэшитIыр къыщылъэтащ.

– Уэри кIуэ абыхэм я гъусэу, – жесIащ урысым. Iэубэчыр сэрэ куэд дигъусэну дыхуейтэкъым. Урысыр къыщылъэтри абыхэм я гъусэу щIэкIащ.

– Мыхэр гуэщым шэи щIэгъэгъуалъхьэ! – фызым и къуэм жриIащ. Дэ цIэ бжьакъуэм дыфIэст, фызым и тепIэнщIэлъыныр цIэм иригъэблэну хуейтэкъым. ЩIалэм дыкъыщIишри, гуэщым, гуэдз пхырхэр уэшх трамыгъэшхэну щIагуауэ щIэлъти, абыхэм дахэгъуэлъхьащ.

– Мыбы фыщIэлъу зыми фыкъигъуэтынукъым, фыкъыхэмыщту фыжей! – жиIэри, щIалэр щIэкIыжащ.

Нэху щыху сыжеякъым. Япэрауэ, сыгуфIэрт, «дыщхьэхуитщ», жысIэрти. ЕтIуанэу, цIэм сагъэжейртэкъым. ЩIэ мелуан схэсу къысщыхъурт. Уэ зыбгъэпсэхуну ухуейщ, ужеину ухуейщ, ауэ цIэр жейркъым, зы дакъикъи мыувыIэу машхэ. Шхын тIэкIу зыIухуа Iэубэчыр пырхъыжу жейрт. Сэ, гъэрыIуэм сыкъикIа щхьэкIэ, бийм иIыгъ щIыпIэм дызэритым, адэкIэ ди Iуэху зэрыхъунум семыгупсысыну слъэкIыртэкъым.

Пщэдджыжьым щIалэр гуэщым нэщIыхьэри:

– Фыкъэуша? – жиIащ. – Фытэджи псынщIэу унэм фыкъыщIыхьэ, зыми фыкъимылъагъуу!

ПсынщIэу унэм зыщIэддзащ. ЩIалэм крушкIэкIэ къыттрикIэурэ тIэкIу зыттхьэщIащ. Си жьакIэр кIыру зэщIэкIати, псыр си напафэм нэсыртэкъым.

Унэгуащэм къигъэувва Iэнэм телъыр дыгъуэпшыхьрейм хуэдэ дыдэт: кIэртIоф гъэва, нащэ фIэIу тIурытI, щIакхъуэ бзыгъэ цIыкIу зырыз. ДетIысылIауэ дыщышхэм Iэубэчыр жесIащ:

– Нащэ фIэIур умыших, уэзэгъынукъым! – А дакъикъэм я гъунэгъу физ къыщIыхьащ, зы литр хъун шэ, кхъуэщын цIыкIум иту къихьри.

– Мыбы я унэм фыкъызэрыщIыхьэр слъэгъуати, къыфхуэсхьащ. Мыбыхэ гъэш яIэкъым. – Iэубэчыр дэрэ шэр зэхуэдитI тщIыри дефащ, фызым фIыщIэ хуэсщIри.

– Иджы ди гъусэхэр дыгъуэпшыхь здэкIуар дывгъэлъэгъуамэ, абы дыкIуэнти дызэрыгъуэтыжынт, – жысIащ.

– ФынакIуэ, сэ фысшэнщ, – жиIащ шэ къытхуэзыхьа фызым. ДызыгъэхьэщIа унагъуэм фIыщIэ хуэсщIауэ, сэлам щесхыжым лIыжьым жиIащ:

– Советскэм фыкIуэжыну фыхуеймэ, зэпымыууэ дыгъэ къыщIэкIыпIэмкIэ фыкIуэ!

Фызым дыкъыщIишщ, Хьэжсуфрэ и гъусэхэмрэ здэкIуа лIы фIыцIэм деж дишэри, езыр къыщIэкIыжащ. Унэм лIы фIыцIэмрэ и щхьэгъусэмрэт щIэсыр.

– Дэнэ щыIэ ди гъусэхэр? – сеупщIащ абы.

– Ахэр нэхущым къэтэджри, шхэри ежьэжащ, – жиIащ. «Ари нэхъыфIынкIи хъунщ», жысIащ сигукIэ. Апхуэдэм деж тIу нэхъыбэ узэгъусэну ухуейкъым. Куэд узэгъусэмэ, «мыр сыт, мы къомыр?» жаIэнурэ нэмыцэхэми полицайхэми укъагъэувыIэнурэ гъэрыIуэм уахужынут. – Псым дауэ дикIыну? – сеупщIащ лIы фIыцIэм.

– ФынакIуэ, сэ фисшынщ! – жиIэри, дыкъыщIишащ. ДыздэкIуэм, къызэрыдэхьейри, сшха псори къэзжьыжащ.

– Иджыри шхыным уесэжакъым, мащIэ дыдэурэ зебгъэсэжын хуейщ, – жиIащ лIы фIыцIэм.

Псы Iуфэм дыIухьэри, кхъуафэжьей цIыкIу Iутти, абыкIэ дришащ.

– МобыкIэщ зэпымыууэ фыздэкIуэнур! – жиIэри, ди Iэр къиубыдыжащ. – Гъуэгу махуэ! – жиIащ. – Фи гъусэхэри абыкIэ сутIыпщащ.

– Алыхьым жыхуиIар хъунщ, Iэубэчыр, фIым Алыхьым дыхуишэ! – жысIэри дежьащ.

КъухьэпIэмкIэ щыпсэу украинхэр къуажэшхуэу зэхэсу щыскъым. Нэхъыбэр зэбгрыдзауэ, щхьэж и щIы мащIэ тIэкIум тесыжу мэпсэу. Дэ докIуэ ерагъкIэ, къару диIэжкъым. Дыкъэзылъагъу цIыхубзхэр къыдэжурэ шхын къыдат: щIакхъуэ, кхъуей, салэ, кIэртIоф гъэва. Iэубэчыр зыри иIыгъкъым, сэ вещмешок сIыгъщи, тхуэмышхыр абы идолъхьэри, губгъуэм щыдошх. Пщыхьэщхьэм унэ гуэрым, жэщым дыщыIэну, докIуалIэ. ДызэкIуэлIам дагъашхэ, дызищIысымкIэ къыдоупщI. Iэубэчыр бзэ ищIэркъыми, зыри жимыIэу щысщ. Жэуап езытыр сэращ:

– Дэ границэм деж зауэр къэхъеиным ипэкIэ дыщылажьэу дыIутащ. Нэмыцэхэр къащыттеуэм, дэ дытутнакъти, ди хъумакIуэхэр щIэпхъуэжащ, дэ дыкъагъанэри, иджы мыпхуэдэу нэмыцэм я ужь диту дакIэлъокIуэ, зыми ди гугъу къищIыркъым, дыкавказ лъэпкъщ, – жысIэурэ къахузокъутэкI. Ахъумэ дызыхуэзэнур пщIэнукъым. Дэнэ дыщIэмыхьами, щIалэгъуалэр, номиным еплъыну къызэхуэсам хуэдэу, къызэхуосри къыдоплъ. Дэ ди теплъэм щхьэкIэ доукIытэ, догузавэ. АпхуэдизкIэ дызэщIэкIащи, Iэубэчыр цыджан фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым: и щхьэцыр хъурыфэщ, и нэ гъуэжьитIыр утхъуауэ цым къыхоплъ. Сэ зыслъагъужыркъым, ауэ сызэрыIуплъэгъуейр сощIэж, си жьакIэри, си щхьэцри зэщIэкIащ, цIэ хэзу хэсщи, машхэ.

Къыдэплъыну къызэхуэсахэр щIэкIыжа нэужь, хьэуазэ IэплIэшхуэ къыщIахьэри унэ лъэгум ираудэ. Ар ди гъуэлъыпIэщ. Жэщым, ди ныбэр зэтес хъужакъыми, зэблэкIыу Iэубэчыр дэрэ хэ-блэ щIыбым дыщIокI, дэри дыжейркъым, ди бысымхэри дгъэжейркъым. Пщэдджыжьым дагъашхэ, фIыщIэ яхудощIри гъуэгу дытоувэж. Ауэ куэд тхуэкIуркъым. Жыг жьауэ дызэрыхуэзэу дотIысри дыщысщ, е гъуэгум дыдодзых, зэгъуэкI зыдощIри, зыдогъэпсэху. Махуэм бгъуэ-пщIэ дошхэ. Ди ныбэм изщ, ауэ ди гум зигъэнщIыркъым. Дыныбажэщи, къыщытщыхьэм дыщотIыс.

ЕплIанэрей жэщым бысым тхуэхъуа унэм, къыдэплъыну къызэхуэса щIалэгъуалэр зэхэсу, дэ деплъыхыу дыщысу, унэгуащэр тхуэпщафIэу, унэр зей лIыр къыщIыхьэжащ. Дэри къытIуплъэщ, мо къомми яхэплъэри:

– Сыт фыкъыщIызэхуэсар? ЦIыху дэхуэха фымылъэгъуауэ ара? ФыщIэкIи фыкIуэж фи унэ! – жиIэри, псори щIихужащ. «ФыкъыздикI, фызищIыс?» – жиIэу къыщыдэупщIым, а жысIэ си хабзэ дыдэр къескъутэкIащ. Ауэ ар абы и фIэщ зэрымыхъуар и нэгумкIэ къызгурыIуащ.

– А жыпIахэр хъунущ, ауэ фысакъ, полицайхэм фыкъаубыдмэ, нэмыцэ комендантым деж фашэнущ. Нэмыцэм фаIэщIыхьэмэ, е Германым лэжьакIуэ фашэнущ, е лагерым фрадзэнущ. Полицайхэм фащэ щхьэхуэ ящыгъкъым, я Iэблэм хъыдан хужь къешэкIауэ аращ, – жиIащ лIым, дышхэу дыздэщысым. ЛIым и псэлъэкIэмкIэ еджауэ, щIэныгъэ иIэу, цIыху гъэсауэ къысщыхъуащ.

– Даубыдми, зыри тлъэкIынукъым, Алыхьым къытхуиухам дыхуэзэнщ. Иджыри къэс дыкъихъумащ, иджыри дыкъихъумэну долъэIу, – жысIащ. Ар игу ирихьащ лIым.

– Ар пэжщ, сыт щыгъуи Алыхьым, нэхъыфIым щыгугъын хуейщ, – жиIащ.

ЛIым щIалэшхуитIрэ зы хъыджэбз ишэгъуэрэ иIэти, зыри жамыIэу къыдэплъу, къыдэдаIуэу щысахэщ. Дыгъуэлъыжын щыхъум, щIалитIыр щIэкIри хьэуазэ IэплIэ зырыз къыщIахьэри япэу узыщIыхьэ пэшым и лъэгум щрадзащ. Бжьыхьэт, октябрым и 16-т, щIыIэбжьт дунейр, пщыхьэщхьэ зэрыхъуу щIыIэ хъурт.

– КъывэщIыIэкIыну къыщIэкIынщ, ауэ фыщIэкIынуми, фи дежкIэ мы пэшыр нэхъ тынш хъунщ. Фи жэщ фIыуэ! – жиIэри, лIыр щIэкIыжащ.

Iэубэчыр дэрэ дызэблэкIыу дыщIэкI-дыщIыхьэу нэху дгъэщащ. Жьыуэ лIыри и бынищри къэтэджри, зыщIыпIэ кIуащ. Дэри дыкъэтэджри, ди щIэлъын хьэуазэхэр щIэтхыжри, дыкъыщIыхьэжауэ дышхэу дыщысу, зы фызыжь, илъэс 75-м итыну, къыщIыхьащ. КъытIуплъэри, ину къэгъащ.

– Си Ваня мыпхуэдэу къыщикIухьыр Алыхьым ещIэ! – жиIэри. Абы нэхъ хэмылъуи щIэжыжащ.

– Сыт ар зищIысыр? – жысIэри, сеупщIащ унэгуащэм.

– Ар си анэщ, и къуэ нэхъыщIэр, си дэлъхур, Советым щыгъуэ МВД-м хэтащ. Советыдзэм яхэту икIуэтащ. Аращ си анэр щIэгъыр, – жиIащ. Дышхауэ дыкъыщытэджыжым, унэгуащэм жиIащ:

– ФызэрыфIей мыгъуэр солъагъу, нобэ-пщэдей уэсыр къеуэхынурэ ди кIэртIофыр щIиубыдэнущ. Псори кIэртIофкъэтI кIуащ. Сэри сакIэлъыкIуэн хуейщ, ахъумэ сыфхуэжьыщIэнт, фигу къызэвмыгъабгъэ.

– ЕмыкIу фхуэтщIыркъым, ину фIыщIэ пхудощI дызэрыбгъэхьэщIам щхьэкIэ, уилIми апхуэдэу тхужеIэж, – жесIэу бжэм дыкъыщыхуэкIуэм, фызыжьыр аргуэру къыщIэлъэдэжащ, хъыданым кIуэцIылъу зы щIакхъуэ хужь хъурейрэ салэ IыхьитIрэ иIыгъыу.

– Мыр сIыфх, гъуэгум щыфшхынщ, – жиIащ.

– Ину фIыщIэ пхудощI, нанэ, дэ гъуэмылэ куэд тIыгъщ, тхуэхьынукъым, – жесIащ.

– И жагъуэ фымыщI си анэм, – жиIэри, ди вещмешокыр сIихри фызым абы ирилъхьащ.

– Алыхьым жиIэмэ, уи Ваня узыншэу къыпхуэкIуэжынщ! – жесIэри, фызыжьым IэплIэ хуэсщIащ, езым жор къыттрищIэри дыкъыщIэкIыжащ.

Дыпхъэр щхьэкIэ, ди лъэр пхъэм дэнат. ДыкIуэфыркъым, къару диIэжкъым. Унищ къэдгъанэри, еплIанэм дыщIыхьащ, зыдгъэпсэхуну. Абы щыпсэурт зэдэлъхузэшыпхъу. Унэм мэл щIалъафэри фIагъэжауэ зэIахыу дрихьэлIащ.

– Мыпхуэдэм деж хьэщIэ къыпхуэкIуэну фIыщ, – жаIэ. Феблагъэ! – жаIэри, шэнт къыдатри дагъэтIысащ. КIапэр къыпаупщIри ягъэвати, къыхахри ди пащхьэм кърагъэуващ.

– Дэ дышха къудейщ, дыкъыщIыщIыхьар зыдгъэпсэхуну аращ. КIапэ тшхы хъунукъым, ди ныбэхэр иджыри зэтес хъужакъым, – жысIащ.

– Уэлэхьи, кIапэ тIэкIу сшхынтэм, – жиIащ мэлыхъуэжьу щыта Iэубэчыр.

– Уэлэхьи, умышхын! Нэхъри ныбажэ уищIынущ, арыншами уи ныбэм нэху щыху уигъэжейркъым, – жысIащ. Я жьэр Iурыхуауэ ди зэпсалъэ макъым зэдэлъхузэшыпхъур къедаIуэрт, яфIэгъэщIэгъуэну.

Абы хэту, кIэпхын Iулъу зылI къыщIыхьэщ, сэлам къыдихри къэтIысащ.

– Мыхэр къызэрыкIуар слъэгъуати, сыкъыщIыхьащ, – яжриIащ унэр зейм. ТIэкIурэ щыму дыщысащ. КъыщIыхьар къэпсалъэри:

– Фэ Советым фыкIуэжыну фи гугъэщ, куэд мыщIэу уэс къесынущ, ауэ мы уи вакъэ зэфIэтхъам жыжьэ уихьынукъым. ФынакIуэ си деж, сэ сышырыкъущIэщ, уи вакъитIыр пхуэздыжынщ, – жиIащ лIым.

– Абы нэхъыфI къытхуэпщIэну дыхуейкъым, ину фIыщIэ пхуэтщIынт, – жесIащ. Си кирзэ шырыкъуитIыр щIэрыпст.

ЛIым дыкъыщIишри я деж дишащ. ДыкъыщыщIэкIыжым зэдэлъхузэшыпхъум фIыщIэ яхуэсщIащ: – Фи жагъуэ фымыщI фи кIапэр зэрыдмышхар, хъунукъым ар тшхы, – яжесIащ.

ЛIым дызыщIиша унэм зыри щIэстэкъым. И лъэщапIэм и хъуреягъкIэ фэ бзыхьэхуэ, вакъэ дыжын хуей куэд щылът.

Iэубэчыр и ботинкIитIыр лъихауэ я напитI тIэпIахэр едыж, лъэдакъитIри щIэуэ щIилъхьэну жиIауэ йолэжь. Iэубэчыр абы йоплъри щысщ, жейр къыстеуащ. Унэм и лъэныкъуитIым «лавкэкIэ» еджэу скамейкэ къыкIэрыгъэувауэ щыту, абы сытесу арати, жысIащ:

– Мы скамейкэм сытегъуалъхьэу сыжей хъуну?

– Пожалуйста, жей, щхьэнтэ уэстынщ, – жиIащ.

– Щхьэнти сыхуейкъым, – жысIэри, гъуэмылэ изу зэрылъ си вещмешокыр си щхьэм щIэздзри, мо нэху щыху цIэм самыгъэжейр, занщIэу сыIурихащ. Куэдрэ сыжея, мащIэрэ сыжея, сыкъэушмэ, щIалэгъуалэр къызэхуэсауэ щIэсщ. СыкъызэфIэтIысхьэщ, сахэплъэри сеплъыхыжащ. Сигурэ си щхьэрэ зэбгъэжащ. «Сэ Сталиным и стипендие къызату, дахэу зысхуапэу, хъыджэбз цIыкIуу къысхуэзэм зыкъыскIэращIэу, Москва радиом тIэуней сыкъитауэ (зэм «Къэбэрдей студием дипломнэу ягъэувыну «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» итхащ», жаIэу, зэми «фIыуэ зэреджам щхьэкIэ Сталиным и стипендиер къратащ», жаIэу). Мыпхуэдэу сыдэхуэхауэ, сыфIейрэ цIэм сишхыу, лIыжьым хуэдэу сызэщIэкIауэ, сыбэлэбанэу, бамэр къыскIэрихыу… Сыт апхуэдиз зауэ сызыхэтам, зы шэ цIыва къыстехуэу сыщIимыукIар?» – жысIэу сеплъыхыу сыздэщысым, зы щIалэщIэ лъагъугъуафIэ къызбгъэдэтIысхьэри:

– НакIуэ ди деж. Къашэ ар щыдгъэIэнщ, – жиIэри ди адэм сыкъигъэкIуащ, – жиIащ.

Сэ си щхьэр къэсIэтри, си фIэщ мыхъуу, сеплъащ.

– Аращ, аращ, мыпхуэдэу мыбыхэм закъыумыгъэлъагъуу, накIуэ! – жиIащ.

– Iэубэчыр, мыбыхэ я деж сыщагъэIэну сашэ, – жесIащ Iэубэчыр.

– Сэ дауэ сыхъуну? – жиIэри, Iэубэчыр къэтхьэусыхащ. Ди псалъэмакъым къедаIуэ шырыкъущIэр къэпсалъэри:

– ФыкIуэ, мыр си деж щыIэнщ, – жиIащ.

– Уэ мыбы и деж ущигъэIэнущ, – жесIащ Iэубэчыр.

– ДызэкIэрачу драгъэубыдыну армырауэ пIэрэ? – жиIащ.

– Драгъэубыдынумэ, дызэкIэрамычуи драгъэубыдыфынущ, – жысIащ. Я жьэр Iурыхуауэ ди псалъэмакъым псори къедаIуэрт.

– ФыкIуэ! Фэри фызэбгрыкI, гъэр тхьэмыщкIэ фымылъэгъуауэ ара? – жиIэри, псори къыщIихуащ.

– Iэубэчыр! Сэ сыздашэр усшэнщи уэзгъэлъагъунщ, умыгузавэ, – жесIэри, щIалэм и гъусэу сыкъыщIэкIащ. «Бобик» и цIэу зы хьэ плъыжь

ин щIалэм къежьэу щытти, занщIэу къызжьэхэлъащ. ЩIалэр пхъуэри хьэм и пщэхъур иубыдащ.

– Бобик, мыр дыдейщ, дяпэкIэ мыбы уесэн хуейщ, – жиIэурэ, дыкъызыщIэкIа унэр лъэгум дэтти, щыгу цIыкIум дыдэкIри, бжьэпэм тет унэм дыщIыхьащ. ПщафIэу зы цIыхубз сырыху лъагъугъуафIэ щIэтти, куэду нэфIэгуфIэу къысIущIащ. Махуэр щэбэтти, дэлэн игъажьэрт. (Абыхэм я хабзэмкIэ, щэбэтым нэхъ шхыныфIхэр ящI, члисэм макIуэ, аращ нэгу зегъэужьыпIэу яIэр. СызэрыщIыхьэу:

– Мыдэ къэтIыси шхэ, – жиIэщ, стIолым сыбгъэдигъэтIысхьэри, борщ, лы гъэва, щIакхъуэ къытрилъхьащ. ЦIыхубзыр сызыша щIалэм и анэт, сэ и шыпхъу си гугъащ. Сызышам и цIэр Петрт.

– Сэ сышхащ, сымэжалIэркъым, – жысIэ щхьэкIэ:

– Шхэ жысIащи, шхэ!

СлъэмыкIыу сетIысылIауэ, борщым сеIубу сыздэщысым, зы щIалэ цIыкIу, илъэс 12–13-м итыну, къыщIэлъэдэжщ, къысIуплъэри:

– Мыра къэфшари? – жиIащ.

– Мыращ, сытыт-тIэ узыхуеяр? – жиIащ и анэм. ЩIалэ цIыкIур зыкъомрэ къызэплъащ, итIанэ:

– Какой страшный! – жиIащ.

– Сыт къыувыр? КIуэи уи Iуэху щIэ! Уэ абыхэм уи Iуэху хэлъкъым, – жиIащ и анэм. ЩIалэ цIыкIур щIэжыжащ.

Пэж дыдэу сышынагъуэт, номиным нэхърэ нэхъ Iейуэ сызэщIэкIат. Абы щыгъуэми си щхьэцыр фIыцIэт, си жьакIэр гъуэт. (Си адэм и щхьэцыр фIыцIэт, си анэр сырыхут – ара хъунт къызыхэкIар).

– Илъэс дапщэ ухъурэ? – къызэупщIащ унэгуащэр.

– Илъэс 50, – пцIы соупс.

– Зауэм укъихуа-тIэ мыбы?

– Хьэуэ, сэ тутнакъыу границэм деж сыщылэжьащ, – жысIэри аргуэру зыгуэрхэр къескъутэкIащ.

– Бынунагъуэ уиIэ?

– СиIащ, ауэ иджы сиIэжу къыщIэкIынкъым, куэд щIащ сыкъызэрыдэкIрэ, – жысIащ.

Апхуэдэурэ шхэн сухащ.

– Иджы, псы пэгунитI згъэхуабэри гуэщым щIэзгъэуващ, тасышхуэри щIэтщ, щыгъын щIагъщIэлъи, щIыIутелъи щIэслъхьащи, мы Петр уигъэпскIынщ, фыкIуэ! – жиIэри, дыкъыщIэкIащ. Сщыгъыу хъуар сщихри, сабийм хуэдэу тасым сригъэтIысхьэри, езыр къыстеIуэтыхьурэ Петр сигъэпскIащ. Джанэ-гъуэншэдж щIагъщIэлъ къабзэ щыстIэгъащ, абы и щIыIукIэ джанэ, итIанэ цыплIэ трызигъэлъхьэжащ, кIэстум щхъуантIэ щызигъэтIэгъащ, польскэ джэлъэфей, ари щхъуантIэу щIыгъуу. Ахэр псори щIэ дыдэтэкъым, ауэ икIи лэжьатэкъым, къабзэт. Си кирзэ шырыкъуитIыр лъыстIэгъэжащ. Си жьакIэр Петр схуиупсащ, си щхьэр щхьэц машинкэкIэ щIищащ. Арати, си фэр къыщIэщыжащ.

Унэм дыщIыхьэжа нэужь унэгуащэ Улиянэ къызоплъэри аргуэру къызоупщI:

– Илъэс дапщэ ухъурэ?

– ТIощIрэ щырэ!

– Фыз уиIэ?

– Хьэуэ.

– АтIэ дауэ тутнакъыу узэрыщытар?

– Сытутнакъакъым, сыпленащ, Владимир-Волынск лагерым сыкъикIуэсыкIащ, – жысIащ.

– ГъащIэ Алыхьым къуитати, псэууэ укъикIащ, – жиIащ. Абы хэту нышэдибэ гъуэгыу гъуэмылэ нытхуэзыхьа фызыжьыр къыщIыхьэжащ.

– Къэфшэну жысIатэкъэ тхьэмыщкIитIым языр! КъыщIэвмышар сыт?..

– Къэтшащ, бабушкэ! – жиIащ Петр.

– Дэнэ щыIэ-тIэ?

– Мис, щысщ, – сригъэлъэгъуащ.

– Ар мыракъым.

– Мыращ, дгъэпскIащ, тхуэпащ, зэщIэтщащи, къыпхуэцIыхужккъым.

– Сынок мой! – жиIэри, фызыжьым IэплIэ къысхуищIащ, – Си Ваня Советхэм ящIыгъуу икIуэтащ. Сэ сщIэркъым абы телъ бэлыхьыр зыхуэдэр! – жиIэри ину къэгъащ.

– Апхуэдизрэ умыгъ, бабушкэ, Iэмал имыIэу къэкIуэжынущ Иван, – жиIэрт Петр.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, унэм я лIыр къалэм къикIыжри къыщIыхьэжащ.

– Мыра къэфшар? – жиIэри, си Iэр къиубыдащ. – Сэ си унэцIэр Единакщ, си цIэр Фотийщ. Жэщ кIуам фыздэщыIар си анэ къилъхуа си шыпхъущ, абы и лIыр нэмыцэм я деж секретару щолажьэ. Ар ди цIыхущ, шынагъуэкъым! Ди анэр нышэдибэ нэкIуауэ фыкъилъэгъуати, гъуэгыу къэкIуэжащ. Сэ Iуэху щызиIэт къалэми, «къафшэ!» – жысIэри, сежьат. Сэри си щхьэгъусэми ди къару илъыгъуэщ, си къуитIри ин хъуауэ лэжьакIуэщ. Дгъэшхэну диIэр мо фызыжь закъуэрщ. Удгъэлэжьэну укъэтшакъым. Сэ си фIэщ мэхъу Советскэм къызэригъэзэжынур. Сызыхуейр зы закъуэщ: «Мыбы сыкъихъумащ, и деж сыщигъэIащ» жыпIэну ара къудейщ. Сэ Советым щыгъуэ председатель сельсовету сылэжьащ. Уи гъусэр къыщыувыIа къатрыщIэм и фызыр си къуэдзэу щытащ. А уи гъусэри слъэгъуащ, псори фIы хъунущ. УмыукIытэу шхэ, зыужьыж, уздэмыкIуэн умыкIуэ, сэ си деж къэкIуэнур дзыхь зыхуэсщI-къысхуэзыщIыж цIыху пэжхэщ. ЛъэпкъкIэ усыт? – къызэупщIащ.

– Сыкъэбэрдейщ.

– Апхуэдэ зэхэсхакъым. Дэнэ фыщыпсэур?

– Сышэрджэсщ, урысхэр игъащIэ лъандэрэ къызэрыдэджэр черкесщ, – жысIащ, – Кавказым дыщопсэу!

– Черкесхэр зэхэсхащ, Кавказри сощIэ, – жиIащ. – АтIэ уи Iуэхур къызэрекIуэкIар дауэ?

– Парашютисту служить сщIащ, зауэм зэрыщIидзэу дылъэтащ. Киев деж окруженэм сихуащ. Владимир-Волынск щыIэ гъэрыпIэм си гъусэм сэрэ дыкъикIуэсыкIащ, – жесIащ.

– Молодец! А окруженэ иным и хъыбар зэхэтхащ. Си шынэхъыщIэ Иван Владимир-Волынск къалэм МВД-м и начальникыу лэжьащ. Советыдзэм ядикIуэтащи, и хъыбар лъэпкъ тщIэркъым. Ди анэр зэпымыууэ магъ. НэхъыфIым, Алыхьым дыщыгугъынщ. Си щIалэхэмрэ уэрэ фIыуэ фызэрылъагъунщи, уагъэзэшынкъым, – къызжиIащ. Ар лIы губзыгъэ, лIы зэтес гуэрт, фашистхэр илъагъу хъуртэкъым. Советскэм къызэригъэзэжынур хьэкъыу и фIэщ хъурт. «Аргуэру насып сиIэу, Алыхьым фIыуэ сыкъилъагъуу къыщIэкIащ». Бжьыхьэт, сэ сежьэжамэ, сызыхуэзэнур, сызыхэхуэнур сщIэртэкъым. Иджы си гум зэкIэ пыIэгъуэ игъуэтат. Ауэ Iэубэчыр здашам щыIэ хъунутэкъым. Илэжьыни игъуэтынутэкъым, езыри яхуэгъэшхэнутэкъым. Махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу, си хозяиным селъэIуащ.

– Фотий, дорогой, си гъусэр здэщыIэр хъунукъым, нэгъуэщI хэщIапIэ къыхуэгъуэтын хуейщ.

– СощIэ, абы согупсыс. Пщэдей сыкIуэнщ, щIыпIэ гуэр сощIэри, абы щагъэIэну яжесIэнщ.

ЕтIуанэ махуэм Фотий шэджагъуэ нэужьым къигъэзэжащ.

– Къэзгъуэтащ, пщэдей тшэнщ, уи ныбжьэгъур здэщыIэр уэри унэкIуэнщи, зэбгъэлъагъунщ, уигу зэгъэнщ.

Нэху дыкъекIри къатрыщIэм деж дыкIуащ. ФIыщIэ ин хуэсщIри, Iэубэчыр къыщIэтшыжащ. Къуажэ дыдэмыхьэу, гу гъуэгу дытемыхьэу, губгъуэ защIэкIэ лъагъуэ цIыкIукIэ дыкIуэцIрыкIри, зы къуажэ цIыкIу дыдыхьащ. Унэшхуэ гуэрым декIуалIэри дыщIыхьащ, зы лIыжь, цIыхубзищ, сабиитI щIэсу.

– Къыфхуэсшащ. Мы щIалэм фызэрихьэнщ, ауэ фымыгъэмэжалIэ, – яжриIащ.

– ФIы дыдэщ, умыгузавэ, ар ди деж хъума щыхъунщ. Дэ дыцIыху кIуапIэкъым, – къыжраIащ. А унагъуэм Фотий фIыуэ къацIыхурт. Советым щыгъуэ председателу щылэжьам, мы къуажэ цIыкIури абы епхауэ щытат.

– НэфIэгуфIэу щыт, сабийхэм ядэджэгу, фIыуэ закъегъэлъагъу. ЩIэх дыдэу я бзэри пщIэнщи, фызэгурыIуэнщ. Сэ сыкъакIуэурэ услъагъунщ, – жесIащ Iэубэчыр.

– Алыхьым и хьэтыркIэ щIэх-щIэхыурэ къакIуэ! – жиIэри дыкъыщIэкIыжащ.

ЩIымахуэр абы щисхащ, я быным хуэдэу сыкъалъагъуу. Дунейм зы цIыхуфI тетмэ, ахэр етIуанэт. Зэгуэрым урыс лIитI зыныщIагъэхуащ, къэпитI яIыгъыу.

– Парашют умыщэхуну пIэрэ? – жаIэри.

– Хьэуэ, ар зыкIи къытхуэгъэсэбэпынукъым. Ар зыгуэрым илъагъумэ, дыкъригъэщынущ, «къыздифхар дэнэ?» жаIэурэ дызэрахуэнущ, – идакъым Фотий.

ЛIитIым я псэлъэкIэмкIэ сэлэт къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр къызгурыIуащ. ТIури граждан щыгъынкIэ хуэпат. ЛIитIым Iэнэ къыхуащтэри ягъэшхащ.

– Самогон уимыIэу пIэрэ? – жиIащ зым.

– Зетхьэркъым! – жиIащ Фотий. Шхэри щIэкIыжахэщ, фIыщIэ къыхуащIри.

– Зыри къызгурыIуакъым, – жиIащ Фотий.

Зы зэман заул дэкIауэ нэкIуащ Советскэм щыгъуэ егъэджакIуэу Западнэ Украиным ягъэкIуауэ щыта, директору школым щылэжьауэ зы щIалэ хэщIыхьа хьэпIацIэнэIу, зы цIыхубз дахэ, егъэджакIуэу лэжьауэ, и гъусэу. А тIур школым щылажьэу зауэр къэхъейщ, нэмыцэр къатеуэри, щIэпхъуэу дэкIынхэу хунэмысу къэнауэ школым щыпсэурт, зэрышауэ. Зэрыпсэун яIэтэкъыми, зи бын ирагъэджахэм деж лъэIуакIуэ кIуэурэ, къратымкIэ псэурт.

– Дауэ фыпсэурэ? – еупщIащ Фотий.

– Дауэ дыпсэун, Iейуэ гугъу дохь, – жиIащ щIалэм, Ржевскэм. И псэлъэкIэмкIэ куэду щIэныгъэ зиIэ цIыхут. – Псом нэхърэ нэхъ шынагъуэр дэ тхуэдэ екIуэлIапIэншэхэр Германым лэжьакIуэ яшэу жаIэри аращ.

КIэртIоф, хьэжыгъэ яритри иутIыпщыжащ.

Зауэр дэнэ нэсами, сыт дунейм къыщыхъуми, зыри зэхэтхыртэкъым. Газет, радио жыхуаIэхэр щыIэтэкъым.

ЩIымахуэр икIри, гъатхэр къихьащ. Апрелым и 3-р пасхъэт, IутIыжт. ЩIымахуэм кIэртIофыр зэрылъ мащэм и щхьэр тримычын щхьэкIэ, Польшэм и зэманым старостэу лэжьауэ, къэнжалыщхьэ унэ иIэу, зы къулеижь гуэрым деж кIэртIоф щIыхуэ къыщищтати, ар етыжын хуейт. Мащэм и щхьэр Фотийрэ сэрэ тетхащ.

– Тэрэзэ къэхьын хуейщ, дэнэ щыIэ Петр? – щIэупщIащ Фотий.

– НакIуэ, сэ сынэкIуэнщ! – жысIащ.

– Хьэуэ, Петр нрекIуэ.

– Сыт щхьэкIэ, сэ сынэкIуэнщ! – жысIэри, дежьащ. Уунэхъунумэ, зы бетэмалщ. НатIэм къритхам уфIэкIынукъым. Лъэгум дехри, пщIантIэм дыщыдыхьэм, полицаитI абы я деж ефэу щIэсти, къыщIэплъри сыкъалъэгъуащ. Зыр къыщIэжри:

– Ухэт уэ? – жиIэри сиубыдащ.

– Мыр си деж щыIэщ мэлажьэри! – жиIащ Фотий.

– Ар дэ зэхэдгъэкIынщ, накIуи ныщIыхьэ! – жиIащ. Си Iэм ятIэр къыфIэтIэтIу фIейти:

– Си Iэр сыгъэтхьэщI, – жесIащ. Фотий унэм щIыхьащ, мыдрей полицайм и щIыбагъ къысхуэгъэзауэ бжитIым я кум иту, абыхэм епсалъэрт. Унэгуащэм къытрикIэурэ си Iэр стхьэщIырти, «зыри жумыIэ» къизгъэкIыу фызым Iэпэ хуэсщIри, сыкъыщIэжащ. Километр хъуми арат, мэзышхуэ щытти, абы сыхуэжэу сыщIэпхъуащ. ПолицаитIыр къыскIэлъыщIэжауэ ныскIэлъоуэ. Псы цIыкIу ежэхырт, псы бэкъу куу иIэу. Абы селъэну сыIулъэдащ. АрщхьэкIэ и нэхъ бгъуапIэ дыдэм срихьэлIащ. Нэхъ и зэвыпIэмкIэ сыжэн си гугъэу ижьымкIэ къыщысIуантIэм, си лъэдий сэмэгум шэр къытехуэри, сыджэлащ. Япэ нэса полицайр къысхьэщылъадэри:

– УзоукI, сволочь! – жиIэу къыщызигъапщэм, Фотий къэсри, фочыр иубыдщ, лIыр игъэкIэрахъуэри псы цIыкIум хидзащ. ЕтIуанэм и фочыр къытрихри:

– Сэ фызукIынщ, фызыхуейрамэ! Мы тхьэмыщкIэр щIэвукIыр сыт? – жиIащ. Псым хидзар хъуанэцIанэурэ къыхэпщыжри:

– Мы диверсантыр зыхъумэ уэращ укIын хуейр! – жиIащ. Зыр къызбгъэдэнэри, адрейм шыгу къихуащ. Сралъхьэри, нэгъуэщI къуажэ полицайхэм я отделенэм сашащ. Фотий шууэ ныскIэлъысащ, хъыдан къабзэ иIыгъыу. Си вакъэр лъихщ, си гъуэншэдж лъапэр зэгуиупщIыкIри, уIэгъэм зыгуэрхэр щихуэри ипхащ.

– Насып джанэ пщыгъыу укъалъхуащ уэ! КъупщхьитIым я кумкIэ шэр дэкIащ, псынщIэ дыдэу ухъужынущ, умыгузавэ, – къызжиIэри, си гур фIы схуищIащ. – Мыр згъэлэжьауэ и щIыхуэ стелъщ, – жиIэри украин ахъшэу сом 300 къызитащ, хъуржын цIыкIу из тутын и гъусэу.

Фотий къыщIэкIыжащ. А махуэми жэщми полицай унэм сыщIэлъащ, пщэдджыжьым гум срагъэгъуалъхьэри срашэжьащ.

Владимир-Волынск къалэм сашэжащ. Япэ щIыкIэ нэмыцэ комендатурэм сыIуашащ. Зы нэмыцэ офицер къыщIэкIри, къызэплъщ-къызэплъри – «бандит!» – жиIэри зэрылъэкIкIэ си напэм къыхэуащ, бэлътокукIэ и Iэр илъэщIыжурэ щIыхьэжащ.

Сызыша полицайр къыщIэкIыжри, аргуэру срашэжьащ. Сэ зыри слъагъуртэкъым, гууэщIу гум силъщ, мэкъум сыхэлъу. ГъэрыпIэм сыIуашэри, абы пленитI кърашати, носилкэм сытралъхьэри лагерым срахьащ, кIэзармэм и еплIанэ къатым сыдрахьейщ, пхъэбгъу илъу зы гъуэлъыпIэ гуэрым срагъэгъуалъхьэри къыщIэкIыжащ.

Iэубэчыр къыщына лIыжь-фызыжьхэм я деж щыIащ, ди дзэр нэсу къахыхьэжыху. КъэкIуэжри зауэ нэужьым и унэ илIыхьыжащ.

## ЕтIуанэрей нэмыцэIуэм

Мы нэмыцэIуэр сэ сызэрыкIуэсыкIыжар артэкъым. Мыбы нсу хъуар офицерт. Сагъэгъуэлъа нэужь, зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу, зы лIы цIыкIу, сэ схуэдизу, ныщIэлъадэри:

– Хэт мыбы иджыпсту къашар? – жиIащ адыгэбзэкIэ.

– Сэращ, – жысIэри, си щхьэр къыхуезгъэзэкIащ.

– Иджыпсту, мыбы адыгэу исыр дызэхуашэсри, «КъардэнгъущIыр

хэт ицIыхурэ?» – жари, къытхэупщIыхьати, «доцIыху, ар политрукщ», жаIащ. Абы къикIыр уэ уощIэ, умыбэлэрыгъ.

– Япэрауэ, сэ сыполитруккъым, етIуанэрауэ, сыт сымыбэлэрыгъыну слъэкIынур? – жысIащ.

– Сэ иужькIэ сыкъыщIыхьэнщ, – жиIэри щIэжыжащ.

ДакъикъипщI дэкIауэ къыщIэкIынтэкъым, нэмыцэ СС офицеррэ сэлэтитIрэ, зы плен лIы гуэри ягъусэу къыщIыхьащ. Я гъусэ пленыр зэщIэбэгауэ, и ныбэр баландэм ныбэф ищIауэ, езыр куэд лъандэрэ зэрызимыупсам щхьэкIэ зэщIэкIауэ, куэду дэхуэха гуэрт. Къызбгъэдашэри, «мыра?» – жари, срагъэлъэгъуащ. Куэдрэ къызэплъа нэужь, «хьэуэ, сэ сцIыхур мыракъым», – жиIащ. «НтIэ соцIыху щIыжыпIар сыт?», – жиIэри, зэрылъэкIкIэ СС офицерыр и напэм еуэри, щIэкIыжахэщ.

Ахэр зэрыщIэкIыжар ару, аргуэру, нетIэ къыщIыхьар къыщIэлъэдащ. Ар зэрыт гъэрыпIэм зи гур иримыуда, ауэ гъур ищIа щIалэ зэпIэзэрытт. Советскэ дзэм къулыкъу зэрыщищIа дыдэм хуэдэу, зэщIэкъузауэ щIалэ жант.

– Дауэ хъуа? – жиIащ.

– Къызэплъри, сэрмырауэ жиIащ, Алыхьым фIыр къыхуищIэ! Сэрауэ жиIамэ, сыщIалъэфынурэ саукIынут, – жысIащ.

– КъызэрыщIэкIымкIэ, напэ тIэкIу къыхуэнащ. Ар езыр политрукыу щытати аращ, зы баландэ котелоккIэ уищэфынущ, апхуэдизкIэ дэхуэхащи.

– Сэ сиIащ къуэш, Одессэ политрук курс къыщиухауэ, КъуэкIыпIэ Жыжьэм лIышхуэ хъуауэ служить щищIащ. Мыр абы деджауэ къыщIэкIынти, «симыIуатэ щIыкIэ, езыр езгъэукIынщ», – жиIагъэнщ, – жысIащ.

– Уа, «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» зытхар уэракъэ? – жиIэри къызэупщIащ.

– Сэращ, – жысIащ.

– Сэ егъэджакIуэу сылэжьащ. Ди къуажэ Къаншыуей уи пьесэр нашауэ слъэгъуауэ щытащ, зауэр щIидзэным и пэкIэ. Зауэр зэрыщIидзэу драджащ. Мейкъуапэ командир курс къыщызухри, зауэм сыкIуащ, Киев деж гъэр сыщыхъуащ, Къарэжьхэ сащыщщ, си цIэр Къэралбийщ, сэ иджыри сыкъыщIыхьэнщ, – жиIэри, щIэкIыжащ. ИкIи игъэпэжащ – махуэ къэсыху къыщIыхьащ, си уIэгъэр зэрыпха хъыданыр схуижьыщIурэ схуипхэжащ.

Си уIэгъэр, къупщхьитIым я кум шэр дэлъэта нэхъ фэбжь ищIатэкъыми, псынщIэ дыдэу хъужащ. Ещанэ махуэм сыкъэуващ, тхьэмахуэ дэкIри, сыкърагъэхри гъэрхэр зыщIэлъ кIэзармэм сыкъагъэкIуащ. Къэралбий езым сыбгъурылъу сигъэгъуэлъащ, абдежым щылъар лIауэ зэрыщIахыу.

Иджы сызэрыхуа лагерым ису хъуар офицерхэт, генерали яхэтт. Гъэрхэм я нэхъыщхьэр ермэлыт, полковник Матомосянт. Офицер нэхъыщхьэхэмрэ генералхэмрэ тхьэмахуэм тIэу шыл ирату жаIэрт. Дэ зэи къыдатакъым, дыщIэхъуэпса пэтми.

Абы сыздисам щыслъэгъуар мыращ: гъэрхэм, витамин зэрамышхым къыхэкIыу, я дзэхэр Iухурт. Абы щхьэкIэ зы гуп мэзым яшэурэ уэздыгъей тхьэмпэ щхъуантIэ цIыкIухэр къыпафыщIыкIыурэ къахьырт. Ар шыуанышхуэм иракIутэрти ягъавэрт. Абы къыщIэжа псым щыщу лошкIэ зыраз гъэрхэм я котелокым хуракIэрти, я жьэм жьэдагъэжыхьырт, я дзэхэр Iумыхун щхьэкIэ. Апхуэдэу зэгуэрым офицер тIощI хъууэ зы командэ, конвоиру 6 я гъусэу, кIуащ, уэздыгъей тхьэмпэ къахьыну. Командэр щэхуу зэгурыIуэри, конвойхэр япхщ, я Iэщэхэр къащтэри зэбгрыжахэщ. Ауэ, зы бзаджэнаджэ яхэту къыщIэкIри, нэмыцэ пхахэр къиутIыпщыжри,

абыхэм я гъусэу лагерым къэкIуэжащ. Нэмыцэу къалэм дэсыр къызэрыIэтщ, хьэхэр я гъусэу район псом къыщалъыхъуэу щIадзэри, зылI фIэкIа къаубыдыжыфакъым. Ар къашэжри, лагерь псор ягъэуvауэ, езыр кIэзармэм и блынджабэм яукIыну кIэрагъэуvауэ, и нэр щипхэну нэмыцэр щыбгъэдыхьэм, и нэкIум къыщIэубжьытхащ. КъызэрызжаIамкIэ, ар Ростов къалэм щыщт, и унэцIэр Котляровт. Ар сщымыгъупщэжу си гум къинащ.

Гъэрхэр зэрагъашхэ пщэфIапIэр гъущI хъарым метри 4 хъункIэ пэжыжьэу щытт. Абы щылажьэхэр езы гъэрхэм щыщ офицерхэт. Абыхэм пщэфIапIэр здэщытым къыщрагъажьэу Iуэм къикIыу щIэтIыкI ящIу къикIыну мурад ящIащ. МахуэкIэ нэмыцэхэр щIэкI-щIыхьэрт пщэфIапIэм, зыбгъэхъей хъуртэкъым. Ауэ жэщкIэ къатIурэ, гъущI банэми къикIри гъуэгу цIыкIум къытехьащ. Жэщым лагерыр хъурейуэ къэзыкIухь нэмыцэ хъумакIуэм зэхихащ щIым и щIагъыр къызэратIыр. Пщэдджыжьым жыуэ пщэфIапIэм щIыхьэхэри, щIэкIыпIэ щIатIыкIар къагъуэтащ. Ахэр щы хъурти, къыщIашри, псоми ялъагъуу яукIащ.

– КIуэсэну хэт хуежьэми къыпэплъэр ращ! – жиIащ комендантым.

Зы махуэ гуэрым, комендантыр щымыIэу нэмыцэ машинэ цIыкIу къыIухьащ. Нэмыцэ фащэкIэ хуэпауэ зы офицер нэхъыщхьэ къикIри, гъэрхэм щыщу полковникищым я цIэхэр жиIэурэ хишщ, машинэм иригъэтIысхьэри Iужыжащ. Зыми зыкIи шэч лъэпкъ ящIакъым. Псоми я гугъащ ахэр яукIыну хашауэ. Ауэ комендантыр къызэрыкIуэжу, зэрыхьзэрий къэхъуащ. Къалэм дэс нэмыцэ псори къызэрыIэтащ, топхэр ягъауэу. Комендантым и къуэдзэ офицерыр Iэхъулъэхъу ящIри Iуашащ. Зэрызехьа мыхъумэ, зыри ягъуэтыжакъым. ЗэрыжаIэмкIэ, Советскэ командованэм ядыгъужат.

Япэу сызыщIагъэгъуэлъхьауэ щыта сымаджэщым гъэр зэлIзэфыз, тIури шхын щхьэкIэ лIэуэ, къызбгъурылъти, «Катя!» жиIэурэ лIым и псэр япэ хэкIащ, иужькIэ и фызыр кIэлъылIащ. Къэралбий нышIыхьауэ жесIащ:

– Мы къызбгъурылъа зэлIзэфызыр лIэри щIахащ.

– Ар асэтин щIалэщ, и фызыр и гъусэу зауэм хэтащ, куэду цIыху зэтест тхьэмыщкIэр, – жиIащ.

А лагерым исхэр псори шхын щхьэкIэ тхьэмыщкIэ ихъухьати, махуэ къэс зытхух лIэрти, дашырт. Къэралбийрэ сэрэ дыкъыщIэкIауэ бжэIупэм дыгъэ зедгъэууэ дыIусу, зы гъэр гуэр, гъущI банэм бгъэдыхьэри и гъунэгъуу тIысащ. А гъущI банэм убгъэдыхьэу ядэртэкъым. Шхын щхьэкIэ зэтегъуауэ, еплъыхыу щыс лIым вышкIэм тес нэмыцэр къеуэри къиукIащ.

– И ажалым ихуат ар гъущI банэм и гъунэгъуу, – жиIащ Къэралбий.

– Си гугъэмкIэ, и щхьэр иужэгъужауэ, зригъэукIыну екIуалIэри тIысащ, – жысIащ.

Махуэ зыбгъупщI дэкIауэ, зи деж сыщыIа Фотий и фызым гъуэмылэ къэп цIыкIу нысхуихьри нэкIуащ. Си унэцIэр жиIэурэ ину зыгуэр кIиящ. ЗанщIэу сызэщIэзджызджащ. Щимыгъэтыжу, зэкIэлъигъэпIащIэу къыщызэджэм, «сэращ» жысIащ.

– Куэбжэм кIуэ! – жаIащ. Куэбжэм деж Фотий и фызыр щытт. Урысыбзэри украиныбзэри Iэзэу ищIэу зы поляк офицер бгъэдэтт, жытIэм къедэIуэну.

– Мыбы шхын щхьэкIэ ущылIэу къыщIэкIынщ, гъуэмылэ тIэкIу къыпхуэсхьащ, – жиIэри, мо физ Iущыр IукIыжащ.

– Сыт уэ а фызым гъуэмылэ къыщIыпхуихьар? – жиIэри офицерыр къысщыхьащ.

– А фызым деж сыщылажьэу сыщыIащ, – жесIащ. Гъуэмылэр къыдэсхьэри сыкъыдыхьэжащ. Къэралбий нэкIуауэ щытт. Гъуэмылэм щыщ

ди ныбэм изу тшхащ. Лагерым щат перловэ супыр къеIытхакъым. Пщыхьэщхьэми гъуэмылэм щыщ тшхыри дыгъуэлъыжащ дызэбгъурылъу, гъуэмылэ къыддэхуар си пIэщхьагъым щIэздзри. Пщэдджыжьым дыкъэушмэ, къэпыр зэгуагъэжри, зы щIакхъуэ ныкъуэ фIэкIа кърамынэу, ирахат.

– Ар си псэм ищIат, хэтшхыкIар ди Iыхьэщ, – жиIащ Къэралбий.

Офицерхэр зэрыс лагерым сызэрисар махуэ дапщэми сщIэжыркъым, ауэ махуэ 15 нэхъыбэнкъым. Уэшхыр пэгункIэ кърасIыхым хуэдэу къешхыу, сэ схуэдэу сэлэтхэу къаубыдыжауэ тху си гъусэу, хы дыхьуу, Къэралбий «фаукIыну фаху» жиIэу гъуэгыу къанэри, дыкърахури нэмыцэ сэлэтитIым драхужьащ. КъалэмкIэ дыкIуэцIрахурти, фызхэр къыдэжэрт, шхын къыдатыну. Арати, гъущI гъуэгу вокзалым дахуащ. Куэдрэ дыпэмыплъэу, япэ къэса хьэпшыпзешэ мафIэгум и зы вагон гуэрым драгъэтIысхьащ. Езы тIури, я щIыбагъ къытхуэгъэзауэ, я лъакъуэр къедзыхауэ, бжэм деж IутIысхьэжащ. ДызрагъэтIысхьа вагоным и лъэныкъуитIымкIи ашычхэр зэтету итт. Си гъусэхэм зэтрачрэ еплъмэ, хьэуазэм хэлъу джэдыкIэ изу илът. ДжэдыкIэ цIынэр яшхыу щIадзащ, сэри сшхащ зыкъом. Ауэ си гъусэхэм ашычитI яшхащ, зэрезэгъари сщIэркъым.

Ковель къалэм дашэри, лагерым драутIыпщхьащ. Лагерым гъэр мащIэ дыдэт исыр. Сэ сежьащ, адыгэ исмэ къэсщIэну. ЛIыжьитI адыгэбзэкIэ зопсалъэри щысщ.

– Сэлам алейкум! – жысIэри сабгъэдыхьащ.

– Уалейкум сэлам! Тобэ, мыбы адыгэ ис? – жаIащ.

– Сисщ, нобэ сыкъахуащ, – жысIащ. Зым Балъкъыз Къасболэт и кIагуэ дыта щхъуантIэр щыгът. – Мыр Балъкъыз Къасболэт и кIагуэ щхъуантIэращ, – жесIащ.

– Тобэ, АлыхькIэ соIуэ, пэжкIэ. Дэнэ къыщыпщIа? – къызжиIащ.

– Мы кIагуэр щыгъыу Къасболэт Владимир-Волынск лагерым къизнащ, – жысIащ.

– Алыхьым и цIэкIэ соIуэ, пэжкIэ. Си IэкIэ Къасболэт тачкэкIэ дэсшри мащэм ислъхьащ, лIауэ. «КIагуэ хуабэр сыт щхьэкIэ мащэм изгъэфыхьын?» – жысIэри, сэ зыри сщыгъыжтэкъым, уэсри къеухати, щыстIэгъащ. Сэ тIэкIуи седжауэ ефэндыгъэм зыгуэр хызощIыкI, дыуэ тIэкIуи тесщIэжащ, Алыхьым жэнэт крит! – жиIащ.

– Адрейхэр дауэ хъуа?

– Алыхьым и цIэкIэ соIуэ, дэ тIум фIэкIа, псэ зыIут адыгэу къимыкIа. Урыс зы тIощI хъун ди гъусэу дыкъинати, мыбы дыкъашащ, – жиIащ.

– Пщыбий Хьэжчэрим фцIыхурэт?

– Сытыт щIэдмыцIыхур, зиунагъуэрэ!

– АтIэ абы и Iуэхур дауэ хъуа?

Хьэжчэрим щхьэкIэ езы лIыжьитIыр сфIызэныкъуэкъужащ. Зым «илIыхьащ», жиIащ. Адрейм – «гъущI банэм бгъэдыхьати, къаукIащ», жиIащ. Апхуэдэу ди къуажэрэ Зэрэгъыжрэ щыщу исар а Iуэм икIуэдащ.

Ковель къалэм махуэ зытIущ фIэкIа димысу, щIалих дызэгъусар дыкърашри Славутэ къалэ цIыкIум дашащ.

## Славутэ лагерым

Мыр гъэрыIуэшхуэт, тIууэ зэпрыгъэлыкIат, куэд ист. ГъущI гъуэгу къекIуалIэрт. ГъущI гъуэгум узэпрыплъмэ, адэкIэ цIыхубзхэр зэрыс гъэрыIуэ къыщытт. Адыгэ исмэ къэслъыхъуэу ситу, Дохъушыкъуей щыщ Дзыгъуанэхэ я зылI сыхуэзащ, куэду тхьэмыщкIэ хъуауэ.

Махуэ зытхух нэхъ дэмыкIыу цIыху 20 лэжьакIуэ яхурти, сахыхьэри

сэри сыкIуащ. Советскэм и хъумапIэшхуэ, гуэдз хьэжыгъэр къэпкIэ щызэтелъу, ар къыщIэтхыурэ мафIэгум итлъхьэрт. Си гъуэншэдж щIагъщIэлъым и лъапитIыр пыспхыкIри, хьэжыгъэр изу искIутащ. Ар пщыхьэщхьэм къэсхьри Дзыгъуанэм (и цIэр сщIэжыркъым) деж сыкъэкIуэжащ. Си джанэр щысхри субгъущ, абы сытеувэри, хьэжыгъэр, си гъуэншэджым къизгъэщэщыжри, котелокымкIэ дгъавэри тшхащ. Тхьэмахуэ псокIэ дыкIуат абы лэжьакIуи, къэсхьурэ хьэжыгъэ езгъэшхыурэ Дзыгъуанэм зыкъиужьыжащ. Езы лагерым магар гъэва суп зэ шхэгъуэ къыдатырт. ЦIыхур Iуву ист, мафIэгумкIэ гъэрхэр къашэрт. Из зэрыхъуу, къихьэрт нэмыцэхэри, пахурти зыщIыпIэ яхурт. Апхуэдэу пахуахэм яхэхуауэ Дзыгъуанэр «Сыздахур сщIэркъым, Зырамыку!» – жиIэу къэкIийурэ, Iуэм ирахури зыщIыпIэ яхуащ.

* * *

Сэ, КъухьэпIэ Закарпатьем щыщу зы украин щIалэ цIыкIу ныбжьэгъу къысхуэхъуащ, Петя и цIэу. Зы шынелыжь диIэти, ар икIи ди тепIэнт, икIи ди щIэдзынт.

Магарыр къемызэгъауэ грузин Мачарашвили, щIалэ цIынэшхуэ гуэр, гъуэгыу къытхыхьауэ мэлъаIуэ, фыкъыздэIэпыкъу, жеIэри.

Дигу щIэузри, дыдэIэпыкъуащ.

* * *

ГъэрыIуэм кIэзармэшхуэ дэтт, ауэ абы дыщIагъэхьэртэкъым. Жэщми щIыбым дыдэлът Петя дэрэ, шынелыжьыр ттепIауэ.

МафIэгукIэ гъэрхэр къашамэ, Одессэ щыщу зы хьэбыршыбыр гуэр журтхэр къицIыхуфу, комендантым и гъусэу куэбжэм деж увырти, гъэрхэр къыщыдыхьэкIэ, «КъыхэкI! КъыхэкI!» жиIэурэ, журтхэр къыхишырт, кIэзармэм и подвалым щIадзэрти,  жэщкIэ щIашурэ яукIырт.

Зэгуэрым, зы журт, офицеру къыщIэкIынт, къаша гъэрхэм къыхашри щIадзащ. Жэщым щIагъэсащ. Петя дэрэ къашахэр абы щыщIадзэкIэ тлъагъурт. Пщэдджыжьым комендантыр сэлэтитI и гъусэу къэкIуащ. Петя дэрэ хуиту долъагъу, щIыунэм щхьэгъубжэ абдж закъуэ хэкъутыкIащи абыкIэ: щIадза лIыр, и щIыбагъыр бжэмкIэ гъэзауэ и гупэр щхьэгъубжэмкIэ къэгъэзауэ, лъэгуажьэкIэ щысщ. Нэмыцэхэр бжэр Iуахыну щекъум, лъэгуажьэкIэ щыс лIыр укIуриящ. И гъуэншэдж бгырыпхыр бжэкъум ирищIэщ, и пщэр абы фIидзэжри, лъэгуажьэкIэ щысу еIэурэ зитхьэлэжащ. Комендантыр еплъщ, кIуэцIыпкIэри къыщIэкIыжащ.

* * *

Зы махуэ гуэрым псори дагъэуващ. КIэзармэм щIадзауэ щIэс зы урыс гуэр къыщIашри ди пащхьэм кърагъэуващ. Къэхъуар къызгурыIуэртэкъым. ЩIалэр урыст. Комендантым гъэрхэм тщыщ зылI тхишри:

– Щых мобы и джанэр, – жиIащ. ЩIалэм и джанэр щахмэ – и бгъэм Сталиным и сурэтыр щIауэ тетт.

– КъызэрыщIэкIымкIэ, сталинистщ. ГъущI банэм ефшалIи фыукI! – жиIащ. СэлэтитIым ар банэм ирашалIэри ягъэуващ.  Я фочхэр щрагъапщэм, «Да здравствует Сталин!» – жиIащ ину щIалэм.

– Фемыуэ! – жери комендантыр кIиящ. СэлэтитIым я фочхэр ирахьэхыжащ. Езы комендантым и парабеллум кIэрахъуэр кърихри, иукIыну щыбгъэдыхьэм, къеубжьытхащ. И натIэм техуэу еуэри иукIащ. КIэрахъуэр иримылъхьэжауэ иIыгъыу, и нэр къыщихуауэ, мэкIий:

– Зыщыфх  псоми фи джанэхэр! Псоми щытхащ. Псоми кIэрахъуэр къытхуигъэдалъэурэ дызэпиплъыхьри, «ФызэбгрыкI!» – жиIащ.

– Нобэ шхын фэттынукъым, тIу кIуэсащи, – жаIэри, а магар суп тIэкIури къыдатакъым.

* * *

Зы пщэдджыжь гуэрым сабиитI я гъусэу журт зэлIзэфыз къахури щIадзащ щIыунэм. Махуэрэ жэщрэ щIэсауэ пщэдджыжьым журтхэр къыщIашри дашащ. Куэбжэ дыдэм деж машинэр щытти:

– ФитIысхьэ! – жиIащ СС-м щыщ фашистым.

– СитIысхьэнукъым! – жиIэри, фызым и бынитIыр и блыгу зырызым щIигъэзэрыхьри, ину гъуэгыу щIидзащ. Сабийхэри ину гъуэгыу хуежьащ. И лIыр, зыри жимыIэу и нэпсыр къыщIэжу, щытт. Дэ, гъэрхэр, гъущI банэм пэгъунэгъуу дыщыту деплъырт. СС-р цIыхубзым бгъэдэлъадэщ, кIуэцIыпкIэри, гъущI хъарым и хъуреягъкIэ ятIа къуэм сабиитIыр зэриIыгъыу, дидзащ. СС-м кIэрахъуэр къыщрипхъуэтым, я адэр жэри затриубгъуащ. СС-р плIыми зырызыххэу еуэурэ иукIащ.

– ФыкъыдэкI цIыхуиплI! – жиIэри, дашащ. – Ивдзэ мыхэр машинэм! – Хьэдэхэр машинэм иралъхьащ. Ар зэрыIужыжу, вышкIэм тет хъумакIуэр пулеметкIэ къытхэуэри, щы иуIащ, зы иукIащ, псори дызэбгрыжащ.

– Ахэр зэрыхьэкIэкхъуэкIэ! – жиIащ си ныбжьэгъу Петя.

Петярэ сэрэ къаруушэ дыхъуу хуежьащ. ЦIэм дищтащ. Ди щыгъынхэр псори щытхыурэ дутхыпщIырт, арщхьэкIэ дапэлъэщыртэкъым. Бжьыхьэ хъууэ хуежьат. Пщэдджыжьым дыкъэтэджарэ лагерыр зэпэтплъыхьамэ, бахъэ къызыщхьэщихыр псэут, къызыщхьэщимыхыр лIауэ арат.

ИкIэм-икIэжым, кIэзармэм дыщIагъэхьащ. Нархэр тIурытIу зэтету щIэтти, ищхьэ нарым дытегъуэлъхьащ. Пхъэбгъу пцIанэм утелъыну гугъут. Къэмытэджыжыфу куэдрэ щылъхэм я шхужьхэм шыныр къижу кумб хъурт. Апхуэдэу дымыхъун щхьэкIэ, нэхъ мащIэрэ дыщылът, нэхъыбэрэ зэрытлъэкIкIэ лагерым къыщыткIухьырт е, щIыр нэхъ хуабэти, дыщыст.

ЦIыху 20 хъууэ зы гуп дашурэ, зыщIыпIэ щагъэлажьэрт. Абыхэм гъуэмылэфI къаIэрыхьэрт. ЩIакхъуэ, салэ, тутын къахьурэ лагерь бэзэрым щыгъынкIэ щахъуэжырт. МафIэгу къакIуэрэ гъэр куэд къишамэ, лагерым бэзэрышхуэ щекIуэкIырт, инджылыз ботинкIэ, шынель щащэрт.

Петя дэрэ етIуанэ нарым дытелъти, къашагъащIэхэм ящыщ гуэр къытфIэнащ:

– ЦIэ къывогъэщэщэх!.. – Дыкърилъэфэхри, тIури диубэрэжьри, езыр абы тегъуэлъхьащ, дэ ищIагъым дыщIэгъуэлъхьащ. «Дэ тIури абы и закъуэ дыщиубэрэжьыфакIэ, къаруушэ дыдэ дыхъуащ», жысIэу абы сегупсысурэ сыжеящ.

Жэщым пщIыхьэпIэу слъэгъуащ, Ленинград щыIэ КъуэкIыпIэ Университет жыхуаIэм щеджэ си адэ къуэшым и къуэ Щыхьымрэ сэрэ Москва дэт тыкуэнышхуэм колбаса зэхэддзу дыщIэту. А си къуэшыр академик Мещаниновым и гъэсэнт, фIыуэ еджэрт. КъуэкIыпIэм дипломату щылэжьэну ягъэхьэзырырт, КIуащ БетIал и гъусэу Налшык педучилищэр къыщиухат. Зауэр зэрыщIидзэу кIуэри, Михайловскэ къуажэм деж къыщаукIат.

Пщэдджыжьым сыкъэушрэ сыкъаплъэмэ, Петя щыст, зы машинэ шэрхъ Iуданэ фIыцIэ щIэрыпс еплъу иIыгъыу. Машинэ шэрхъыр инт, Iуданэр гъумт.

– Ар дэнэ къыздипхар? – соупщI.

– Пхъэбгъу лъэгум илъу къэзгъуэтащ, – жи. Шэч хэмылъу, къыдэзауэу нарым дыкъезыхухам къыкIэрыхуагъэнт.

ЗанщIэу сигу къэкIащ, къызэхъулIэу щытмэ, ар дэсхыу сщэуэ тшхын зыгуэр къэсхьыну. А зэманым а Iуданэр хуэдиз дыщэ и уасэт.

– Къащтэ мыдэ ар! – къеIысхри си жыпым ислъхьащ. ТIуми ди котелокхэр си вещмешокым ислъхьэщ, си щIыбым издзэри сыкъыщIэжащ. Дызэрыс лагерым щыщ лэжьакIуэ дахухэр куэбжэм деж щызэхэувэу къэслъагъури, сыжащ. Ахэр тхурытхуу увхэрти, Алыхьым укъимыужэгъужамэ, зы бетэмалщ. ЛэжьакIуэ кIуэхэм зы цIыху чэмт. Тхурытхуу зэхэувам, зы сатырыр цIыхуиплIт зэрыхъур. СыкIуэри етхуанэу сахэуващ.

– ТхэкI, уэ дэ утщыщкъым! – сызыбгъурыувар къызоIунщIри, сыкъыхедзыж, ауэ аргуэру сыфIыхоувэж, аргуэру къызоIунщIри сыкъыхедзыж. Абы хэту ахэр зыху-къэзыхуж Одессэ нэмыцэ щIалэхэр къыдбгъэдыхьащ.

– Къэхъуар сыт? – жиIащ зым.

– Мыр дэ тщымыщу къытхохьэ! – жиIащ сыкъыхэзыдзыжам.

– Абдеж хэтар дэнэ здэкIуар?

– КъэкIуакъым, тщIэркъым, – жиIащ.

– АлыхькIэ сынолъэIу, сахэгъэхьэ! – жесIащ Одессэ щыщ щIалэм. Къызэплъри, сыфIэгуэныхь хъуауэ къысщыхъуащ.

– Хэувэ, черный! – жиIащ.

– Мыр лэжьэфынукъым! – жиIащ сыкъыхэзыдзыжам.

– ЗэтепIэ уи жьэр! Уэ улэжьэнщ абы и пIэкIэ! КъыфIэбгъэкIмэ, ухэсхунщ! – Псоми заущэхуащ, сэри сахэувэри сыдэкIащ.

Пхъэзэгуэх заводым сыкъыщыхутащ. Пилорамэм брус щIэзгъэлъэдэн хуейт. Псори лажьэрт, брусхэр щIагъэлъадэурэ зэгуахырт. Сэри зыгуэр сщIэну сыхуейуэ, ауэ схуэмыщIэу къэзжыхьырт. Пилорамэм къыщIэкIа пхъэбгъухэр зырызу къыщIэсхыурэ нэгъуэщI щIыпIэ щызэтеслъхьэрт. Нэхъ лэжьыгъэ псынщIэу хэтыр арати, зыгуэр сщIэуэ закъызэрезгъэлъагъуным сыхэтт, пщIэнтIэпсыр къызэжэхыу къэзжыхьырт. Командэм сыхэзыгъэува одессэ щIалэм абы гу лъитэри, къызбгъэдыхьащ.

– ЗумыукIыж, черный, уэ иджыри укъаруушэщ. Германыр пхъэбгъукIэ пхуэгъэнщIынкъым, зыгъэпсэху, къыбжаIэр сэ си Iуэхущ, – къызжиIащ.

– Ину фIыщIэ пхузощI, пэж дыдэу слъэкIыркъым! – жысIащ. «Мыбы и советскэгур кIуэцIылъщ», жысIащ сигукIэ. Иджыри къэс нэ IейкIэ къызэплъу щыта си гъусэхэм, конвоирым къызжиIар щызэхахым, гущIэгъунэкIэ къызэплъ хъуащ.

Апхуэдэурэ шэджагъуэ хъуащ, магар суп къыдатауэ, ар сшхыуэ брусым сытесу сыздэщысым, заводым и конторэм къыщIэкIыжауэ зы фыз гъумышхуэ дэкIыжыну куэбжэмкIэ кIуэуэ щызблэкIым:

– Мамашэ! – жысIэри къэзгъэувыIащ. Ар си анэм и ныбжьым ит фызыжьт, сэ илъэс 23-рэ сыхъурт. Си жыпым сиIэбэри, машинэ шэрхъ Iуданэ фIыцIэр къисхри естащ. ЦIыхубзыр (ар украин цIыхубзт) къызэплъри, и нэпсым къызэпижыхьащ.

– А пшхыр ухи, уи котелокыр къызэт! – жиIащ. Дэзгъэзейщ, магар суп пIащIэр исфри, си вещмешокыр естащ.

– Мыбы си гъусэм и котелокри илъщ, ар тхьэмыщкIэ хъуауэ къыхуэкIухьыжыркъым, – жесIащ.

– Тутын уефэрэ? – къызэупщIащ.

– Софэ!

Фыз гъумым си вещмешокыр дихри дэкIыжащ. ИужькIэ къызэрысщIамкIэ, ар а заводым и бухгалтерт.

Я шэджагъуашхэр зэфIэкIауэ заводым и лэжьакIуэхэм къыщагъэзэжым, (сэри зэпымыууэ куэбжэмкIэ сыплъэ зэпытт) Iуданэр зэста фызыжь гъумым си вещмешокыр къыхуэмыхьу къехь. Сыпежьащ.

– Мэ, си щIалэ цIыкIу! – жиIэри, вещмешокыр къызитыжащ, зыгуэрхэр изу илъу, и щхьэр ерагъкIэ зэхуишэри ипхэжауэ. «Машинэ шэрхъ Iуданэр къызэзыта си ныбжьэгъу Петя имылъагъуу стIэтэнкъым» жысIэщ сигукIи, брус зэхуакум дэзгъэувэри, сылажьэу фэ зытезгъауэу, сыпэщащэу щIэздзэжащ. АрщхьэкIэ зысплъыхьмэ, адрейхэми зыгуэрхэр къыхуахь, дауи, иращэу арат.

Си вещмешокыр къысхуэмылъэфу, пщIэнтIэпсыр къызэжэхыу пщыхьэщхьэм лагерым сыкъэкIуэжащ. Сэ схуэдэу псоми зыгуэрхэр къахьат. Куэбжэм деж Петя къызэжьэу щытти, естащ.

– Мыбы илъыр сытми сщIэркъым, ауэ уи Iуданэм щхьэкIэ мы къомыр къызатащ, – жысIащ. КIэзармэм щIэтхьэрэ абы дыщышхэну дытIысамэ, нарым дыкъезыхухам ттрихынурэ тфIишхынут. Абы дыщIэмыхьэжу адрей лъэныкъуэмкIэ дыкъекIуэкIри дытIысащ. Ди вещмешокым и щхьэр тIтIатэмэ, – ди котелокитIым кIэртIоф гъэвам, дагъэкIэ гъэжьа бжьыныр хэлъу, щабэу зэхэпщэжауэ изу ярылът, мэ дахэ къыхихыу. ЩIакхъуэ хужь никъуэрэ хьэпцIий щIакхъуэ никъуэрэ илът, зы салэ Iыхьэ, грам 200 хъуну, дэщIыгъуу. Бжьыныщхьэ ину 10, бжьыныхущхьэшхуи 10 илъщ. Гъуэжь хъужауэ тутын бзауэ зы IэмыщIэ из, тутын зэрефэ тхылъымпIэ пIащIэ плIимэу 5. Ауэ бжьынымрэ бжьыныхумрэ ди дежкIэ псом нэхърэ нэхъ лъапIэт. Гъэрхэм, витамин «С» зэрамышхым къыхэкIыу, я дзэхэр къыIухурт. Бжьыныхущхьэ зырызрэ бжьыныщхьэ зырызрэ дэтшхыурэ, ди котелокым илъ  кIэртIоф пастэр тшхащ. Ди ныбэм из хъуа щхьэкIэ ди гум зигъэнщIыртэкъым. «Иджыри дышхащэрэт» жытIэу, дызэплъыжырт. Абы хэту, щIэуэ къахуахэм ящыщу зылI къыдбгъэдыхьащ.

– Английскэу шинел щIэрыпс сиIэщи, фызохъуэж, – жиIащ.

– СыткIэ зэрыпхъуэжынур?

– ЩIакхъуэщ сызыхуейр! – жиIащ. – Зы щIакхъуэ псо.

– ЩIакхъуэ псо диIэкъым, ухуеймэ, щIакхъуэ никъуэ уэттынщ! – жесIащ.

– Тутын фиIэмэ, закруткэ зыкъом къытефлъхьэ, – жи.

– ЩIахъуэ хужьыра, хьэмэрэ фIыцIэра еттынур? – сеупщIащ Петя.

– Хужьыращ, – жи абы. ЩIакхъуэ хужь никъуэр, си гум къыщIитхъыурэ, вещмешокым къисхри естащ. Тутынри естри, шынелыр къеIысхащ. Ар щамытIэгъауэ щIэрыпст, Петя и вещмешокым искуащ. Петя тутын ефэртэкъым. Сэ тутын сшыхьащ. Мо тутын зэстами, щIакхъуэр ишхын ипэ, тутыныр ишыхьри щIигъэнащ. Абы и тутынымкIэ сэ си тутынри щIэзгъэнащ. АпщIондэху кIыфI хъууэ хуежьащ. ЛIыр IукIыжащ, сэри тутыным сефэри, дыщIыхьэжащ. ДищхьэкIэ телъыр гъуэлъыжат, ауэ жейртэкъым. Дэри ди вещмешок зырызыр пIэщхьагъ тщIыри дыгъуэлъащ. Дымыжейуэ дыхэлът.

– ЩIакхъуэмэ къысщIехьэ! – жиIащ дищхьэкIэ телъым. Зыри жытIакъым. – Фэращ жыхуэсIэр, фи вещмешокым щIакхъуэ илъщ. Къызэфт, фызмыукI щIыкIэ!

– Уэттынукъым икIи ущымыгугъ! – жызоIэ. ЩIалэр нарым къелъэри ди лъакъуэхэмкIэ дыкъыщилъэфу хуежьащ. Дыкъыщылъэтри, вещмешокыр зэпыдубыдауэ, дызэзауэу щIэддзащ. Ттрихыфынут. ЛэжьакIуэ къыздыщыIауэ зы къэзахъ адэкIэ къыщылъти, сегуоуащ: – КъыддэIэпыкъу! – жысIэри. Ар щIалэшхуэжьт. ЛэжьакIуэ дыщыщыIам къызэупщIат: «Умуслъымэн?» – жиIэри. «Сымуслъымэнщ!» – жесIат. Къэзахъыр къыщылъэтри, зэ фIэкIа емыуэу кърииудащ къыдэзауэ щIалэр.

– Сволочь, кавказец мой брат, не трогай! А то убью! – жиIащ. ЩIалэр хъуанэурэ дэпщеижащ. Дэри дигу зэгъауэ дыгъуэлъыжащ. АрщхьэкIэ дыжейртэкъым. Ди ныбэм из щхьэкIэ, иджыри дыхуейт.

– ЩIакхъуэ тIэкIурэ кхъуэл тIэкIурэ дыгъэшх, – жиIащ Петя. Сэ

зэIулъхьэ цIыкIу иIыгъти, щIакхъуэ бзыгъэ зырызрэ кхъуэл тIэкIу-тIэкIурэ къыгуигъэжри щэхуу тшхащ, макъ едмыгъэщIу.

Пщэдджыжьым жьыуэ дыкъыщылъэтри, къэна щIакхъуэмрэ кхъуэлымрэ тшхащ. Бжьын зырызрэ бжьыныху зырызрэ тетшхыхьыжащ. Къулшыкъухэм деж псори дыкIуэри, былымым ирагъэшхым хуэдэ жэгундэ гъэва ди котелокхэм къытхураупцIэри, дыкъыIукIыжащ. Арат а махуэм къыдатынур.

– Петя, сэ лэжьакIуэм зыгуэр къыщызатынущ, си Iыхьэри уэ шхы! – жысIэри, си жэгундэ гъэвар и котелокым хуискIащ. Бжьынрэ бжьыныхуу къыдэлари и жыпым къыгуишауэ илът.

ЛэжьакIуэ кIуэну командэр увауэ щытти, си вещмешокымрэ си котелокымрэ илъу си щIыбым илъу сыкIуэри сахэуващ.

– Дыгъуасэ улэжьэфакъым, уи пIэкIэ дэ долажьэ, тхэкI! – жари сыкъызыхахуащ, ауэ аргуэру сахэувэжащ. КъызэIунщIри, сыкъызыхадзащ, аргуэру сахэувэжащ. Абы хэту, конвоирхэр къыдыхьащ.

– Къэхъуар сыт?

– Мыр дыгъуасэ лэжьакъым, иджыри къытхоувэ, мыбы и нормэри дэ длэжьын хуей мэхъу, – жиIащ зыгуэрым.

– Ягъэ кIынкъым, зыкъиужьыжмэ лэжьэнщ. Хэувэ, Черный! – жиIэри сыхигъэуващ си цIыхугъэм. Зыгуэрхэр хъуанэцIанэрт.

– Молчать! – жиIэри, дежьащ. ПщIантIэм дыдэкIыну куэбжэм дыщыхуэкIуэм, Петя и вещмешокым английскэ шынелымрэ и котелокымрэ илъу ныскIэлъихьри къызитащ.

Арыххэу, пхъэзэгуэх завод гуэрым дыкIуащ. Английскэ шынел щIэрыпсыр Петя и вещмешокым къисхри, брус зэтелъым тезубгъуащ, ялъагъун хуэдэу. Уделэмэ Iуэхушхуэкъэ, сэ апхуэдэ Iуэху зэи сыхэтатэкъыми, зыри къызгурыIуэртэкъым. Си насыпти, дакъикъитI нэхъ дэмыкIыу, а заводым и директор украин лIыфI, лэжьакIуэ къыдыхьауэ щыблэкIым, си шинелыр къилъагъури, къипхъуатэщ, зэкIуэцIишыхьри:

– Мыр хэт зейр? – жиIащ.

– Сысейщ, – жысIащ.

– АтIэ апхуэдэ ягъэлъагъуэрэ?! Дэнэ щыIэ уи вещмешокыр? – жиIэри, сIихри ирикуэжащ. – Сыт мыбы щхьэкIэ узыхуейр?

– Къызэптыр! – жысIэри, си дамитIыр дэсшеящ.

– Дэгъуэщ! – жиIэу щыIукIыжым:

– Мыр си закъуэ сысейкъым, тхьэмыщкIэ хъуауэ зы си гъусэщ, украин щIалэ цIыкIу, – жысIащ.

– ДызэгурыIуащ! – жиIэри, ди котелокитIыр Iуихри IукIыжащ. Сэри сыпэщащэу, пхъэбгъу зэгуахахэр зырызу къыIуслъэфу, пхъэ хъуахуэхэр къэпым искIутэурэ, нэгъуэщI щIыпIэ щызэтескIутэу лэжьэн щIэздзащ, си лэжьэгъухэм ягу зрезгъэхьын щхьэкIэ, къару лъэпкъ симыIэжрэ слъэмыкIыу секъу пэтми. СлъэмыкIыу сызэрекъур Одессэ щыщ нэмыцэ щIалэм илъагъурти, къызбгъэдыхьэри:

– ЗумыукIыжу, хуэм цIыкIуурэ лажьэ, Гитлер укъилъагъуркъым уэ. Германым Европэ псор толажьэ, уэ уахэмытми, – жиIащ щэху цIыкIуу. «Зыгуэр мыгъуэ жызигъэIэу бзэгу ихьыжыну арауэ пIэрэ мыбы? Хьэмэрэ Германыр илъагъу мыхъуу ара?» – жысIэри сегупсысащ. Апхуэдэурэ шэджагъуэ хъуащ. Заводым и гудокыр ягъэкIийри, гъэрхэр псори здэщытым щехуэхащ. Клюквэ гъэва къыдатырти, къызэреIысхын сиIэтэкъым си котелокыр директорым дихат. Къэзахъыр шха нэужь, и котелокыр къеIысхри си клюквэ Iыхьэр сшхащ. ХъумакIуэхэм езыхэм паек яIыгъти, яшхащ, лъэныкъуэкIэ щысу, термосым кърагъэжурэ зыгуэрхэри трафыхьыжащ. Ахэр зэрыпсалъэр урысыбзэт, нэмыцэбзэ ящIэми сщIэртэкъым, ауэ зэи нэмыцэбзэкIэ зэпсалъэу зэхэсхакъым. Си гъунэгъубзэу щысу

шхэрти, нэIуасэ къысхуэхъуауэ къысщхьэщыж нэмыцэ щIалэ цIыкIум шхэн иухри жиIащ:

– Будь проклят этот фюрер! Наш паек не отличается от пайка пленных.

– ЖумыIэ апхуэдэу, гуфIэ лагерым узэрыщамыIыгъым щхьэкIэ, – жиIащ адрейм урысыбзэкIэ. ЗанщIэу къызгурыIуащ мыхэри Гитлер зэрыхуэмыарэзыр.

Шэджагъуэ шхэгъуэр зэрызэфIэкIыу, директорым ди вещмешокитIыр, зыгуэрхэр ярызу илъу, къытхуихьыжащ. Брус зэхуакум ахэр дэзгъэувэри, пщыхьэщхьэ пщIондэ дылэжьащ. Сэ зы вещмешокырат къысхуэхьынур. Ар илъагъури, къэзахъым зыр сIихри, езым и вещмешокым щIыгъуу къысхуихьащ. Псоми ящIырт а сэ зэрысщIам хуэдэу. Конвоир щIалэхэм ар ялъагъурт, ауэ зыри жаIэртэкъым.

Дыкъыщыдыхьэжым, Петя къызэжьэу куэбжэм деж щытти, си вещмешокыр сIихащ.

– Спасибо большое! – жесIэри, къэзахъым си вещмешокыр къеIысхыжащ.

Петярэ сэрэ лъэныкъуэ зедгъэзри, вещмешокхэр тIтIатэмэ – ди котелокхэм кIэртIоф зэхэута, бжьын гъэлыбжьарэ цIыкIу-цIыкIуу зэпыупщIа салэ упщIэтахуэрэ хэлъу илъщ, зы щIакхъуэ хужь, зы щIакхъуэ фIыцIэ ярылъщ. Тутын килограмм хъун, гъуэжьу, щабэу бзыжауэ, тутын тхылъымпIэ пIащIэ, метр зэбгъузэнатIэ хъууэ, 20 илъщ. Украин ахъшэ нэмыцэм къыдагъэкIауэ щытащ, апхуэдэу сом 500 илъщ.

КIэртIоф котелок зырызыр тшхыуэ дыщысу, зыгуэр къытщхьэщыуващ. Сыкъыдэплъейри, пащIагъуэ тету, и Iэ ижьыр фIэпхыкIауэ къызоплъри лIы щытщ. АдыгэбзэкIэ къопсалъэри:

– Уэлэхьи, дэнэ укъикIами, у-КъардэнгъущIым уэ! – жеIэ.

– Iэу, уэ ухэт?

– Сэ фэ сывималъхъэщ, Шыд Исмелыр сэращ.

– Къысхуэгъэгъу, сэ уэ зэи услъэгъуауэ сщIэжыркъым, – жызоIэ.

– Пэжщ, уэ уеджэу Мэзкуу удэсащ. Сэ дапщэрэ сынэкIуами, зэи услъэгъуакъым, ауэ фи нэмкIэ зэшхэр фыкъэзымыцIыхун щыIэкъым.

– КъэтIыси къыддэшхэ, Исмел!

– ИкъукIэ си гуапэу! – жиIэри къэтIысащ. Си кIэртIоф котелокым щIэздза къудейт, ар естри, щIакхъуэ бзыгъэ щIыгъуу ишхащ. Исмел къызжиIащ: и щхьэгъусэр си адэм и шыпхъу, Арщыдан Къакъийхэ исам, зэрипхъур. Ар езыр КъуэжьыкъуейИщхъэрэм щыщт.

– Псори хъунут, куэд щIакъым гъэр сызэрыхъурэ, иджыри лъэрымыхь сыхъуа щIыкIэкъым, ауэ си Iэхъуамбапщэр шэм пихауэ, абы гугъу срегъэхь, – жиIащ. – Алыхьым уигъатхъэ, сыбгъэтхъащ, нахуэу уугъурлыщ.

– Умыгузавэ, Исмел, сэ лэжьакIуэ сокIуэ, пщэдеи удгъэшхэнщ. НакIуэ, дэ дыздэщылъым деж уэри ущылъынщ, – жысIэри, кIэзармэм щIэсшащ. Нэху дыкъекIри, сэ лэжьакIуэ сыкIуащ, Петя Исмелыр игъэшхэну жесIэри.

Пщыхьэщхьэм сыкъыщыкIуэжам, Исмелыр исыжтэкъым.

– Исмел дэнэ здэкIуар? – сеупщIащ Петя.

– Нэмыцэхэр къиихьэри зы гупышхуэ пахури этап яхуащ, – жиIащ. (Зауэ нэужьым Исмел къигъэзэжакъым, Алыхьым ещIэ ар зэрылIыхьа лагерыр).

ЛэжьакIуэ сокIуэ, ауэ зыри схьыркъым, зыри къэсхьыркъым. Хьарзынэу зыкъэдужьыжащ, солэжьэф, гуп сызыхэтми сахэзагъэри, фIыуэ сыкъалъагъу хъуащ.

Зы махуэ гуэрым, лэжьакIуэ дыкъыздикIыжым, сыкъоплъэри – нэмыцэ комендантымрэ Одессэ щыщу зы епцIыжакIуэ хьэбыршыбыр гуэррэ

щытщ куэбжэм и гъунэгъуу. ЗанщIэу сигу къэкIащ: «Сэращ мохэр щIыщытыр, сызэрыкоммунистыр зыгуэрым яжриIауэ, саукIыну аращ». ДыкъакIуэурэ дыкъыщыблагъэм:

– ФыкъэувыIэт! – жиIащ комендантым. Гупыр дыкъагъэувыIащ. – Яхэплъи, къыхэшыт! – жиIащ. Одесситыр къытхэплъэурэ, и нэр къыстехуэри, – КъыхэкI! – жиIащ. СыкъыхэкIащ, адрейхэр дыхьэжащ.

– Уэ ужуртщ! – жиIащ одесситым.

– Хьэуэ, сыкъэбэрдейщ, – жысIащ.

– Кукуруза, жыIэт!

– Кукуруза! – жысIащ.

– НтIэ, уи… мыстыр къидзи дыгъэлъагъут! – жиIащ.

– ПыупщIащ, сэ сы-Мухьэмэдейщ, – жысIащ. Одесситым нэмыцэбзэкIэ комендантым зыгуэр жриIащ. Комендантыр сэмэгурабгъумкIэ еIэбэкIщ, кIэрахъуэр кърихри, срихужьащ. ГъащIэ Алыхьым къуитамэ аракъэ, нэгъуэщI зы командэ лэжьакIуэ къикIыжу блэкIыжырти, зы щIалэ кIийуэ къыхэжащ:

– Мухьэмэд, уздахур дэнэ? – жиIэу.

– СаукIыну саху! – жысIащ. Комендантым сыкъигъэувыIэжащ.

– Мыр хэт? – еупщIащ ар къызэджам.

– Мыр сэ соцIыху, ди къуажэ гъунэгъущ, – жиIэрт щIалэм адыгэбзэкIэ.

– Фызэпсалъэт! – жиIащ комендантым.

– Дэнэ уздахур, Мухьэмэд?

– Сэ сы-Мухьэмэдкъым, абы срикъуэшу аращ.

– Сэ сы-Жэмтхьэлэщ, Мухьэмэд заготовителу щылэжьам щыгъуэ мыIэрысэ къэсщэу щытащ. Мухьэмэд урещхьыркъабзэщ, – жиIащ. Комендантым зыкърigъэзэкIщ, кIэрахъуэ лъэдакъэмкIэ къызэуэри, сыщIригъэхуащ. Адрейм щIэкIиери Iуихужащ. «Ари зы ажалу сыкъелащ», – жысIащ сигукIэ.

– Сэ Сокъурхэ сащыщщ! – жиIэри, къэкIийуэрэ адрей лагер лъэныкъуэм ирахуэжащ, сэ мыдрейм сихьэжащ. Абы фIэкIаи а щIалэр слъагъужакъым. (Абыи къигъэзэжакъым, сэ си гъащIэр къызэрихъумам щхьэкIэ, Алыхьым жэнэтыр кърitыну солъэIу нобэми).

Сыкъыдыхьэжри, къэхъуар Петя жесIэжащ.

– Сэ а бжэм деж сыщытамэ, яжесIэнт уэ узэрымыжуртыр, – жиIащ Петя.

– Сытыт яжепIэнур нэхъ я фIэщ ухъуну?

– ЯжесIэнт а уи благъэ «пащIэм» уи бзэкIэ узэрепсэлъар, – жиIащ.

– Мес-тIэ, сэ насып сиIэти, къысхуэзащ си лъэпкъэгъу, абы сыкърigъэутIыпщыжащ, – жысIащ.

ЕтIуанэ махуэр тхьэмахуэти, лэжьакIуэ дамыхуу дыдэсащ.

❁ ✪ ❁

ТЕМОЙ Мухьэдин

# Аружан

***Къэмыгупсыса хъыбар***



Ди республикэм щагъэлъапIэрт Октябрь революцэр къызэрыхъурэ илъэсипщI зэрырикъур. Жылагъуэ куэдым къикIри Налшык къэкIуат бгырыс фащэ дахэхэр зыщыгъ нэхъыжьыфIхэр, гуфIэгъуэр зи нэгум щылыд щIалэгъуалэр.

Нэхъ иужьыIуэкIэ шыгу зыбжанэм ису зэхуэсышхуэм къыхыхьащ Жеркли къуажэ пхыдзам къикIа ныбжьыщIэ зыкъоми. Ахэр екIуу хуэпат, бжьыфIэ защIэт, ауэ зы хъыджэбз Iэпсыгъуэлъэпсыгъуэ цIыкIу яхэтти, псоми къахэлыдыкIырт, щIыкIафIэт, зи гъусэ бзылъхугъэхэм закъыхимыгъэщыну хущIэкъурт.

Ар зэрилъагъуу, къэфэнкIи уэрэд жыIэнкIи бжьыпэр зыIыгъ щIалэ бжьыфIэшхуэр, куэдым гу къылъатэу, Iэнкун, сабыр, хъыджэбзымкIэ еплъэкIырей къэхъуащ. Аружани (арат пщащэм и цIэр) зыхищIащ щIалэшхуэр къызэрыхукъуэплъыр, абы зыщигъэпщкIуну хэтащ. Ауэ къыбгъэдыхьэу, «дыкъызэдэгъафэ» къыщыжриIэм, зэрыхъуари имыщIэу, тегушхуэри, утыкум къихьащ. НыбжьыщIитIыр дахэ дыдэу къызэрызэдэфэр яфIэгъэщIэгъуэну, ахэр куэдым къаувыхьат, махуэшхуэр зытеухуар мыхэра къыпфIэщIыну. Апхуэдэу зэрыцIыхури, илъэс ныкъуэ дэкIа нэужь, я хьэгъуэлIыгъуэр ехьэжьауэ ягъэлъэпIащ Щхьэхужьынэ къуажэм и шыхъуэ пашэ Iэмырбийрэ Жеркли къыщыхъуа, зи IэщIагъэкIэ егъэджакIуэ Аружанрэ.

Ауэрэ екIуэкIыурэ, цIыхухэм я псэукIэр нэхъ ефIэкIуащ, я гукъыдэжым зиIэтащ. Iэмырбий иIэт щIэгуфIэн: и шы гуартэм къыхэхъуэ зэпытт, и щытхъури адыгэ, балъкъэр жылагъуэхэм щызэлъащIысат. Махуэшхуэхэм деж шыхъуэ пашэр куэдым ягъэлъапIэрт, тIысыпIэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ къылъагъэсурэ. Къэфэну утыкум къихьамэ, Iэгуауэшхуэ иращIэкIырт. Iэмырбий и цейм къыхэлыдыкIырт дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу а зэманым щыIар – Ленин орденыр.

ЕгъэджакIуэ Аружани куэдым пщIэ къыхуащIырт – абы Щхьэхужьынэм дэс сабийхэр урысыбзэмрэ литературэмрэ хуригъаджэрти, и Iуэхур фIы дыдэу къехъулIэрт. Абы къыдэкIуэу, гулъытэшхуэ хуищIырт ныбжьыщIэхэм лъэпкъ хабзэфIхэр, нэмыс лъагэр егъэджынми. ЕджапIэм и унафэщIри цIыкIухэм я адэ-анэхэри икъукIэ къыхуэарэзыт.

Заул дэкIри Iэмырбийрэ Аружанрэ къахэхъуащ щIалэ цIыкIу. Абы и гуфIэгъуэ дауэдапщэр щекIуэкIым, сабийм фIащащ Хьэмид, псей къащхъуэ цIыкIуи пщIантIэшхуэм щыхухасащ.

Хьэмид и Iыхьлыхэр игъэгуфIэу, пщIантIэшхуэр къызэхижыхьыф

щыхъум, къуэш цIыкIу иIэ хъуащ. Къамбот фIащри, абыи псей жыг цIыкIу, Хьэмид ейм ещхьу, хухасащ.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъея гъэм ЛIызкъамэхэ я пщIантIэшхуэм псей къащхъуэ цIыкIуитху дэтт. Абыхэм я бжыгъэр дяпэкIи хэхъуэну къыщIэкIынт, зауэ емынэр мыхъуамэ. Iэмырбий яхэтащ нэхъапэу биймяпэувахэм.

Аружан, и къуажэгъу Iэджэми хуэдэу, и закъуэу и пщэ къыдэхуащ унагъуэшхуэр зыхуей хуэгъэзэныр. ЗэрыжаIэщи, и бгыр щIикъузащ – ипIын хуейт щIалищрэ хъыджэбзитIрэ. Сабийхэр, Тхьэм и шыкуркIэ, узыншэт, нэжэгужэу, жыIэдаIуэу къэхъурт. Жанусэрэ Заремэрэ я анэм дэIэпыкъуф хъуат пэшхэр зэлъыIухынымкIэ, уеблэмэ пщэфIэнкIи. ЩIалэ цIыкIухэм – Хьэмид, Къамбот, МуIэед сымэ – унагъуэ Iэщыр зэрахьэрт, зэрахузэфIэкIкIэ колхозми хэлэжьыхьырт.

Аружан и гурыфIыгъуэт и бынхэр. Ахэр фIыуэ еджэрт, жант, нэмысыфIэт. Ауэ и щхьэгъусэм и хъыбар зэримыщIэр и псэм къытехьэлъэрт, Iэмырбий уIэгъэу, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу, и цIэр жиIэурэ къеджэу и нэгу къыщIыхьэрти нэпсхэр щэхуу щIигъэкIырт. Аружан и гуащэри тхьэмадэри, бзылъхугъэм и гум щыщIэхэр зыхащIэрти, къедэхащIэрт. «Умыгузавэ, – къыжраIэрт, – ди закъуэкъым гугъу ехьыр, адрейхэр зэрыхъуу дэри дыхъунщ. Тхьэм жиIэмэ, зауэри увыIэнщи, ди щIалэри къытхуэкIуэжынщ».

Къуажэм нэмыцэхэр къызэрыдыхьэу, и сабиитхур зыщIигъури, Аружан и дыщым кIуэжащ. Апхуэдэу ищIмэ нэхъ къащтащ и гуащэмрэ тхьэмадэмрэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Iэмырбий ордензехьэти, совет сэлэтым и бынхэр фашистхэм яIэщIэкIуэдэнкIэ хъунут. Аружан и сабийхэр мызэмытIэу щигъэпщкIун хуей хъуат я гъунэгъухэм я деж. Жеркли къуажэм бынунэр Iэпхъуэжа нэужь, Аружан и Iыхьлыхэм къалэн зыщащIыжащ сабиитхур яхъумэну, ерыскъырэ щыгъынрэ хуамыгъэныкъуэну. А къалэн мытыншыр абыхэм гурэ псэкIэ егугъуу ягъэзэщIащ.

Бий бзаджэр советыдзэхэм ирахужьэжа нэужь, Аружанрэ и бынхэмрэ Щхьэхужьынэ къэIэпхъуэжащ. И гуащэмрэ тхьэмадэмрэ дуней гуфIэгъуэр яIэт, я къуэрылъхухэм зыщамыгъэнщIу IэджэкIэ япкърыупщIыхьырт. Сабийхэми яхуэIуэтэщIыртэкъым я анэшхэр гуапэу къазэрыхущытар, ерыскъы IэфIкIэ куэдрэ къазэрыхуэупсар.

И лэжьэгъухэм я гъусэу Аружан еджапIэм игъэзэжри ныбжьыщIэхэр егъэджэным пыщIа лэжьыгъэ мытыншым пэрыувэжащ.

Зауэм и Iэуэлъауэр кIуэ пэтми ди щIыналъэм пыIукIуэтырт. Iэмырбий и хъыбар гуэри къэIуртэкъым. Аружан абы ямылейуэ иригузавэрт. ПщIыхьэпIэ Iейхэр илъагъуу щыхуежьэм, ахэр зыми хуимыIуатэми, зыхищIащ гъащIэр гуауэ гуэркIэ къызэрещхьэкIуэнур. И гур зэрыгъум мыгъуэр кърижащ: къыхуахьащ Iэмырбий лIыгъэ хэлъу зауэм зэрыхэкIуэдамкIэ щыхьэтлыкъ тхылъыр.

Куэдым жаIэ: гузэвэгъуэр и закъуэу къакIуэркъым. Аружан и щхьэгъусэр игъеижа къудейуэ, къатепсыхащ балъкъэрхэр я хэкум зэрырагъэкIым теухуа хъыбар гукъутэр. Нэху къекIхэмэ – гъатхэпэм и 8-м – ар гъэсэныгъэм теухуауэ къыщыпсэлъэн хуейт я къуажэ клубым. Пщэдджыжьым къыжраIащ еджапIэми клубми кIуэ зэрымыхъунур, зи пхъухэр хамэщIым щашэнукIэ, езыри абыхэм гъусэ яхуэхъунуми адыгэхэм къахэнэнуми хэдэн, щIемыгъуэжын хуэдэу, нэхъыфIыр къыхихын зэрыхуейр.

Куэдрэ и нэпсхэр гъуещакъым бзылъхугъэ тхьэмыщкIэм. Мызэ-мытIэу и макъыр Iэтауэ игъеижащ абы и сабийхэр къыхуэзыхъума гуащэ-тхьэмадэр, зыхэхуа Iыхьлыхэр. «Фэрыншэу сыт и пэрмэныж си гъащIэм! – гуIэрт Аружан, и адэ-анэм, и дэлъхум, и шыпхъум, Жеркли къуажэм щыпсэухэм игукIэ захуигъазэурэ. – Фэ дапщэщи фызигъусэну сыхуейщ!..»

Ауэ, зыкъищIэжа, зыщIэгупсысыжа нэужь, быдэу жиIащ и щхьэгъусэм и унагъуэм къызэринэр, и сабийхэм къазэрыхэнэр.

А махуэм и щхьэцхэр ныкъуэтхъу хъуащ нэщхъыфIэу, нэмысыфIэу, куэдым пщIэ къыхуащIу къэгъуэгурыкIуа Аружан. «Тхьэм къыттрилъхьащ, сыт тщIэн, – жиIэрт абы игукIэ. – НэгъуэщIхэми гуауэ Iэджэ яIэщ…»

Щхьэхужьынэ дэс куэдым къаIэрыхьат я щхьэгъусэхэр зауэм зэрыхэкIуэдамкIэ щыхьэтлыкъ тхылъхэр. Зи унэхэр бомбэм зэтрикъутахэр, мафIэм исахэр, зи сабийхэр лагъымым зэпкъриудахэри щыIэт.

«Тхьэм и фIыщIэкIэ, си бынхэр узыншэщ, губзыгъэщ, ахэр къэгъэхъун хуейщ…» – апхуэдэ гупсысэхэм къару къыхалъхьэрт Аружан. Ар жьырытэджт, гуащIафIэт, гулъытэ жан зыхэлъти, щIыхьэхухэми щалъагъуэрт, псапащIэ Iуэхухэми хэтт.

ЕгъэджакIуэ къалэнхэри жыджэру ирихьэкIырт. И бынхэр къигъэтэджырт зэфIэкI яIэу, унагъуэ Iуэхухэми еджэнми щапхъэфI щагъэлъагъуэу.

Зэгуэрым Жанусэ пщIантIэм къыдолъэдэж, бауэбапщэурэ бгъэдолъадэ жьыщIыгъэр кIапсэм езыдз и анэми письмоулъэ цIыкIу IэщIелъхьэ. Аружан, и фэр пыкIауэ, письмоулъэр зэтречри, занщIэу къецIыхуж и шыпхъум и хъэтIыр. Гёбелек къэхашэрт я унагъуэр Джамбул областым зэрашамкIэ, псори зэрыузыншэмкIэ. Аружан и нэпсхэр уэру къыфIыщIэжащ. И гъунэгъу фызабэ КIунэ и дежкIэ екIуэкIри, Iуэхур зытетыр хуиIуэтащ. КIунэ, Аружан IэплIэ къыхуищIри, къехъуэхъуащ хъыбарыфI къызэрыIэрыхьамкIэ, мыпхуэдэуи къыжриIащ: «Дегъэужьэрэк I, Аружан, зэхуэдгъэхьэс ерыскъыхэкI зыкъоми, яхуэдгъэутIыпщ».

Апхуэдэуи ящIащ. Мыгувэуи Аружан письмо къыIэрыхьащ и Iыхьлыхэр зэригъэгуфIам, фIыщIэ къызэрыхуащIым, къызэрыхуэарэзым теухуауэ. «Алыхьым и шыкурщ, зэпыщIэныгъэ диIэ щыхъуакIэ, езгъэхьхэр щаIэрыхьэкIэ, схузэфIэкI къэзгъэнэнкъым, згъэмэжэлIэнкъым, – егупсысащ къэгумэщIа бзылъхугъэр. – АбыкIэ си гуащэри, тхьэмадэри, гъунэгъухэри къыщыскъуэувэкIэ, сыкъикIуэтынкъым…»

БлэкIащ илъэс зыбжанэ. КъыдэкIуэтейри, щIэныгъэ зрагъэгъуэтащ, лажьэуи щIадзащ Iэмырбийрэ Аружанрэ я бынхэм. Куэдыр къехъуапсэу, ахэр я анэм хуэгумащIэт, ерыскъы IэфIкIэ, щыгъын дахэкIэ щIэх-щIэхыурэ яхуэупсэрт. Гугъуехь Iэджэ зи фэм дэкIа бзылъхугъэр и бынхэм яхуэхъуахъуэрт щIыпIэ жыжьэм щыIэ и Iыхьлыхэм яIуэтэжыну, я лъахэм къагъэзэжыну Тхьэм елъэIурт. Абыхэм, нэхъапэхэми хуэдэу, – зэман-зэманкIэ щыгъынлъыгъынрэ ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ яхуэупсэрт, «ди Iуэхухэр зэтеуващ, тшхынрэ тщIэнрэ догъуэт, апхуэдизрэ тыгъэ къытхуумыгъэхь», – жаIэу къатха пэтми.

ПсынщIэрыкIуэщ зэманыр. Языныкъуэхэм я гугъэщ абы сыт хуэдэ гуныкъуэгъуэри пщигъэгъупщэу. Ар тэмэм дыдэкъым. ЩыIэщ зи гурыгъу-гурыщIэхэр зымыхъуэжу икIи къэмытIасхъэу зи гъащIэр зыхьхэр, гуфIэгъуэри гуауэри ямылейуэ зыхэзыщIэхэр. Апхуэдэт Аружани.

И адэ-анэр дунейм зэрехыжамкIэ хъыбар къыщрагъащIэм, бзылъхугъэм, и гур къекIуэри, и лъэр щIэщIащ… Мазэ зыбжанэ щигъэкIуащ сымаджэпIэм, щIэупщIакIуэ куэди хузэблэкIащ. Псом хуэмыдэу къыхуэгумащIэрт и бынхэр. Абыхэм я анэм кърагъэплъырт дохутыр нэхъыфIхэр, къыхуагъуэтырт хущхъуэ гъуэтыгъуей дыдэхэри.

– Сэ икъукIэ сыфхуэарэзыщ си бынхэм,– жиIащ зэгуэрым Аружан, зыкъыхуэзыгъэщхъауэ хущхъуэ къезыхьэлIэ ипхъу нэхъыжьым и щхьэфэм Iэ дилъэри. – Фэ сэр папщIэ фхузэфIэкI къэвгъанэркъым. Ауэ…

Аружан къызэIынащ, адэкIэ жиIэну зыхэтар къигъэнэIуэныр фIэмытаучэлу. Абы къыгурыIуэрт и гум къыпылъэда хъуэпсапIэр гугъэ

щхьэгъэпцIэжхэм, лъабжьэ зымыгъуэтхэм ящыщу къыщIидзынкIэ зэрыхъунур.

– Сыт «ауэр», мамэ? ЖыIэ, ди дэлъхухэм зыкъомыр къафIэлIыкI хъуащ.

– Дядэр диIэжатэмэ, ауи-щхьэуи хэмылъу, узыхуей дыдэр зэфIигъэкIынт,– и нэпс къыфIекIуар щIилъэщIыкIащ Зареми.

Аружан зыхуейр, пэж дыдэу, зэгъэхъулIэгъуейт: и гум къихьат Къэзахъстаным щыIэ и дэлъхумрэ и шыпхъумрэ. Абыхэм яIуплъэну хуэпабгъэу, псэкIэ Iэджэ зэригъэзахуэрт, узым къыщыхигъэзыхькIэ, и Iыхьлыхэм я цIэхэр къриIуэурэ, Iуэщхъурт.

Я анэр зыщIэхъуэпсыр къыщащIэм, Къамботрэ МуIэедрэ къэнэщхъеящ, жаIэнури ящIэнури ямыщIэу. Гугъут уи нэгу къыщIэбгъэхьэну Къэзахъстаным щыIэ уи Iыхьлыхэр, зи хэкум залымыгъэкIэ ирагъэкIахэр, комендантым сакъыу ихъумэхэр лъагъунлъагъу къэкIуэжыфыныр. Ауэ зэманым зэрызихъуэжым, залымыгъэ зытехьа лъэпкъхэр хуит къэщIыжын зэрыхуейм теухуа псалъэмакъхэр зэрыщыIэм гугъапIэ гуэрхэри къаритри, зэкъуэшхэр къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм икIэщIыпIэкIэ кIуащ. Зэрымыгугъауэ, къулыкъушхуэ зыIэщIэлъ гуэрхэм «хьэуэ» къыжраIакъым, ягъэхьэзырыпхъэ дэфтэрхэр къыжраIа мыхъумэ.

Жэщибл-махуиблкIэ гъуэгуанэ тета нэужь, мафIэгур Джамбул къалэм нэсащ. АдэкIэ автобускIэ зыкъомрэ ауз бгъуфIэшхуэм щылъэуджыджэри, зэкъуэшитIым, щIэупщIэурэ, къагъуэтащ Кескай къуажэ пхыдза цIыкIур, Аружан и дэлъхумрэ и шыпхъумрэ зыщыпсэур.

ЛIыжь къуэгъу цIыкIур дзыхьмыщI-дзыхьмыщIу къаIуплъащ щIалэ пIащитIым. Ахэр, дауи, къицIыхужатэкъым. Ауэ Къамботрэ МуIэедрэ фIыуэ ящIэжырт плIыщIрэ тIу гъэм и бжьыхьэм, фашистхэр ди щIыналъэм къыщихьам, Жеркли къуажэм, и анэшым я деж зэрыщыIар, абы щыгъуэ Токъан, зэкъуэш цIыкIуищри шыд зырызым тригъэтIысхьэурэ, бгыжь лъапэхэм къыщришэкIыу, хъыбар гъэщIэгъуэн Iэджэ къажриIэу зэрыщытар. Я анэм и дэлъхур къызэралъагъуу, щIалитIым абы IэплIэ ирашэкIри, балъкъэрыбзэкIэ зэдыжаIащ:

– Эгечден туугъан эрке болур! [1]

Токъан, щIалитIыр зрикъузылIэри, хужымыIэIауэ, и нэпсхэр къыфIыщIэжащ.

Кескай щыпсэу балъкъэрхэр пщыхьэщхьэм нафIэгуфIэу къыщызэхуэсащ Токъан и унагъуэм. Щхьэхьпсэхьу къэжащ Гёбелеки. Псори нэщхъыфIэт, щIалитIым яхузэфIэкIар ягъэщIагъуэу, а тIум щытхъупсыр кърагъэжэхырт, «И адэм ещхьыркъабзэхэщ», – жаIэурэ. Языныкъуэхэм яукъуэдийрт джэгушхуэ къызэIуахыу жэщибл-махуиблкIэ гуфIэгъуэр зэхэтын хуейуэ.

Ауэ, нэху зэрыщу, Къамбот, МуIэед, Токъан, Гёбелек сымэ, епIэщIэкIыу, жаIэшхуи щымыIэу, гъуэгуанэ теувэжащ.

Аружан и хъуэпсапIэр апхуэдэ щIыкIэкIэ къехъулIауэ щытащ. Ар сымаджэу пщIэнтэкъым. И нэгум нур гуапэ крихыу, защимыгъэнщIу епсэлъылIэрт и дэлъхумрэ и шыпхъумрэ, щIэупщIэрт я псэукIэм, я адэанэм къеузахэм, хущхъуэ ирахьэлIахэм, щIыпIэ жыжьэм щыIэ балъкъэрхэм я IуэхущIафэхэм, я мурадхэм.

Я нысэр ягъэгушхуэу, хьэщIэхэм гуфIэу яхэсащ Аружан и гуащэтхьэмадэр, и гъунэгъухэр. Iэнэ зыбжанэ къаухуэри, зыкъомрэ зэхэса нэужь, джэгушхуи зэхаублащ…

МахуищкIэ екIуэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэм Аружан узыншэ дэхъужа хуэдэт. Ари къихьащ утыкум, и дэлъхум къыдэфащ, дуней гуфIэгъуэр иIэу…

[1] Уи шыпхъум и къуэхэрщ, зэгуэрым бгъэфIахэрщ.

Я ежьэжыгъуэр къэсами, Токъанрэ Гёбелекрэ зыкъомрэ бгъэдэсыжащ я шыпхъум, и гур фIы хуащIу, я хэкум къагъэкIуэжынкIэ зэрыхъунум пыщIа гугъапIэхэр зэрыщыIэр, абы и нэщэнэхэр хуаIуатэу.

Щхьэхужьынэ къуажэм щыщ куэд кIэлъыкIуэтащ Токъанрэ Гёбелекрэ. Бысымхэм я хъуэхъухэм нэхъыбэу къыхэщырт «Тхьэм мыгувэу фыкъытхуихьыж» псалъэхэр.

А псалъэхэр Тхьэм и деж нэсащ: балъкъэрхэм я лъахэр ягъуэтыжащ. Аружан илъагъужакъым а къэхъугъэ иным пыщIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр. Ауэ абы и псэр хэкIащ арэзыныгъэ, гугъэ дахэ къызыхэщ нур телъыджэ гуэрхэр и нэгум щылыду.

*ЗэзыдзэкIар* **ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ**

❁ ✪ ❁

## *ХЬЭХ Сэфарбий*

### ***Рассказхэр***

# Чыржын ныкъуэ



Махуэ псом дэнэ лъэныкъуэкIи щрикъухьа и бзийр къызэщIикъуэжри, дыгъэм бгым зыкъуигъэпщкIуэжащ, куэди нобэрей IуэхукIэ фхуэсщIар, жыхуиIэу. КъытхуищIэшхуаи щыIэтэкъым, зи. Сыт къыпыкIынт бжьыхьэкIэ дыгъэм? Щхьэхынэ-щхьэхынэу къыщIэкIщ гувэпауи, пасэуи къухьэжат. Шынэ хуэдэт и хуабэу абы нэхъыбэ нобэ къыттригъэкIуадэмэ, пщэдей зэрылэжьэн имыгъуэтыжынкIэ. Апхуэдэу щыхъум, сэри си унэ ныкъуэщIыжь тIэкIу сыщылажьэм щIыIэр щызыхэсщIащ. Зызумысыжынщи, сыкъэрабгъэу щымытми, абы сыкъигъэшынащ хуабжьу. Сэ сыIуэхутэкъым, зыгуэрурэ сыкъелынт а щIыIэм, ауэ жьы сызэрыхъурэ кIуапIэ сыкъэзыщIа си уз къом жэнэтым исым хуэдэу тхъэжу си Iэпкълъэпкъым щыпсэухэм ар заремызэгъынур, леишхуэ къатехьауэ къалъытэжу къызэрызэраIэтынур, къызэрыIэтмэ, фIы зэрыщIэзмыхынур сщIэжырти, сыкъэтэджыжащ. Здынэсам къыщызгъэувыIащ махуэ псом сызыкIэрыса си ныкъуэтхри. СыпIащIэрт сыкIуэжу къалэм щызиIэ си кIэзонэ фэтэр хуабэм зыщIэздзэжыну. ЖыIэгъуафIэ щхьэкIэ, кIуэжыгъуафIэкъым а къалэ зи гугъу сщIыми, ущы-

хуейм уи щхьэ къыхуэпщтэу машинэ ущимыIэкIэ. Машини дэнэ къикIын, умыахъшэрэ умыкъулыкъуу? СыкъыщыкIуэм сытIысри, зы сыхьэт псокIэ «Маршруткэ» зыфIаща щхьэ закъуэ автобусыжь цIыкIум си Iэр зэтедзауэ сисащ, из хъууэ щытекIынум сыпэплъэу. Ар зей инатхэри нэпсейхэщи, зы цIыху ихуэжыну пхутекIрэ абы нэхъей! Иджы сыщыкIуэжкIи, зи, нэхъ сытыншыну къыщIэкIынукъым. Псори къызогъанэри, километр бжыгъэкIэ лъэсу сыкIуэн хуейщ сызэрытIысхьэжыну машинэр щызекIуэ гъуэгум сынэсын щхьэкIэ. Ари зызмыутэжу хъурэ, зыщIыпIи сынэмыс щIыкIэ. Къуажэр зи инагъым и кIыхьагъкIи и бгъуагъкIи гъуэгушхуэуи гъуэгу цIыкIууи щызэблэкIыу хъуар джафэу кърагъэжыкIри, ди гъунэгъу ипщэм къыщагъэувыIэжащ. Яхурикъуакъым зи кIэкIэ зыри щымытыж ди унэ закъуэм къызэрагъэсыжын асфальт. Езы къуажэри гузэващэу къыщIэкIынутэкъым и кIэр ятIэм хилъафэкIи хикухькIи. Абы хэлъхьэж ди гупэр пхъэнкIий, куэншыб идзыпIэ къызэращIари я машинэхэр зэрыщалъэсри. Абыхэм я фIейр, я хьэпIацIэр, я гыныр сэ нэхъ схуэфащэ нэхъей! Ар къызыхэкIыр сыт? Хьэуэ, дяпэкIэ зыри зэрыщымысыжми, къуажэр мыбдежым зэрыщиухми и закъуэкъым. Мо унэ щIын здэзмыухам, къалэмкIэ нэхъ сыщыхэт, си Iуэхуи зэкIэ нэхъ щыIэурэ зэрекIуэкIым щхьэкIэ, сыхэхэс хуэдэу, моуэ жылэм сащымыщ-сащымыщу къалъытэ. Ауэ щыхъукIи, сэ мыр си адэжь лъапсэщ. Сыкъыщалъхуащ, сыкъыщыхъуащ мыбы. Езыхэр иджы къыдищIа къудейщ, я нэхъыбэр къыздикIари сытри сымыщIэу!

НтIэ, сытми, пщIантIэм моуэ сыкъыдэкIыжауэ, зы машинэ къыдэжейуэ солъагъу. Ауэ сытми машинэ къызэрыгуэкIыу къэнэжрэт ар езыр? Дунейр къызэриухуэрэ ящIаи щыIаи иракъутэж я гугъэжу, иужь дыдэу къыдагъэкIахэм хуэдэт. Иджыпсту къухьэжа дыгъэм щIегъуэжу къигъэзэжа уи гугъэнт, абы зы зэщIэцIуувэкIэ, зэщIэлыдэкIэ иIэти. Абы ещхь гуэри игъащIэм зыщамылъэгъуа ди Шыуан цIыкIу хьэблэм фэ къытригъауэрт. Сэри сыгуфIащ, лIо, докIыжри докIыж, баш лей дищтэркъым, автобус къэувыIэпIэм нэс сыздишэнщ хэтми, жысIэри. АрщхьэкIэ дэнэ къыщыувыIэнт, шэдыпсыр къызжьэхиутхэу зблэжри ежьэжащ. Ар къыщызащIэм, сэ япэ щIыкIэ сызэгуэпащ, итIанэ сыгубжьащ. АбыхэмкIи мыхъужыххэу, си псантхуэр къызэщIэубэлацэу щыхуежьэм, иужь сихьэри, къэсщIащ машинэр апхуэдэу зблэзыхуа щIалэ хъыжьэр зи быныр. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар 1948 гъэм гъаблэм щыгъуэ, шхын щхьэкIэ лIауэ щыта Хьэждаут мыгъуэм и къуэ Мухьэмэдджэрий и къуэрылъхут!..

Зауэ нэужьт. Мо дуней зэхэчэтхъам, зэхэфыщIам, цIыхум я фэм дэкI къомым уэгъури, къуиймуи щIыIу гуэрэфу, къахыхьэжат – ихьат я гъэ мэкъумэшыр. Унагъуэм цIыху дапщэ исми, я Iэщ кIапэ тIэкIу пщIантIэм дэтри абы щыгъуэ зыщыгугъыр шыгъуэгу хадэм кърах нартыхурт. Езы нартыхур цIыхум гъавэу, мыдрей и бзийр Iэщым мэкъумылэу яIэу арат, щыIэтэкъым нэгъуэщI. ИкIи ярикъуртэ. АрщхьэкIэ гектар ныкъуэм нэблагъэ ди хадэшхуэм зы нартыху кIэчан пэгун ныкъуэ къыдэтчыжа къудейуэ арат. Мы гъэм нэхъыфIкIэ дыщыгугъыу хэтса нартыхур хъарзынэу къытеува щхьэкIэ, ди хадэр удзыжьым тфIызэщIищтати, къыхэзгъэкIыу махуэ псом дыгъэвэхым сыпщIэу сыхэтащ. ЛIот пщIэнур, си анэ мыузыншэм дэрэт унагъуэр дызэрыхъур.

КIыфI къыстехъуэу удзыжьымрэ дзыгъуэ тхьэкIумэ хуэдизу къытеува нартыху цIыкIухэмрэ си нэм хузэхэмылъагъукIыжыххэ щыхъум, сокIыж хадэм. Си Iи си лъакъуи къабзэу щызотхьэщI ди гупэ дыдэм щежэх псы щIыIэ цIыкIуми, дэн-бзэным хуэIэзэ си анэм щIэрыпсу схуищIа хъыдан вакъэ щабитIыр лъызотIэгъэж. Хьэлэчу сызэрешари лъагэу дэкIея яжьащхъуэхэмрэ ятIэ шыкъырхэмрэ хьэфIанэ дзагуэкIэ махуэ псом сазэрезэуа сабииIэ лантIэ цIыкIухэр бжьыбжьу зэрыузри сщыгъупщауэ, сахолъадэ

джэгуу уэрамым дэт си ныбжьэгъухэм. Сэ абыхэм сахыхьэнуи сахэтынуи куэдрэ къысхуихуэртэкъыми, дуней гуфIэгъуэр сиIэт. Махуэм сыт хуэдэу гугъу семыхьами, лIот, абы щыгъуэ си лъыр уэру Iэпкълъэпкъым щызеуэрти, сылъэтэным хуэдэт. Жэщ къыстехъуэу, мис мы нышхьэбэ хуэдэу Iуэхум сыкъыпэрыкIыжын хуей хъууэ, сащыхыхьэ зэзэмызэми, езы цIыкIухэр махуэ псом джэгункIэ ирикъуауэ, я зэбгрыкIыжыгъуэм хуэзэрти, даIим джэгур къыстекъутэрт. Иджыгуэрым аращ къэхъуар, къыстекъутащ.

– Модэ, ей, мо Хьэждаутхэ я деж цIыху куэд Iей долъадэ. Сыту пIэрэ къэхъуар, дывгъакIуэт, – жеIэ цIыкIухэм ящыщ зым.

Псори зэрохьэжьэ. Сэри зыкъэзгъэнэнт, дызэрыдокIутэ гъунэгъум я пщIантIэм. Унэм балигъ гъы макъышхуэ къыщIэIукIырт. Дэ дыхуейт абы дыщIыхьэну, ауэ ядэртэкъым дыщIагъэхьэн. АрщхьэкIэ зы щIалэ цIыкIу сэрэ дафIыщIохьэ. Абы щыгъуэщ сэ игъащIэм япэу хьэдэ щыслъэгъуар. Хьэждаут упщIэ фIыцIэм телъу унэ лъэгум илът, и щхьэм фIэкIа къыщIэмыщу зыгуэр тепхъуауэ. Гъунэгъу лIым абы и жьэр щIипхэну иужь итт, ауэ зи хъуртэкъым. Хъыдан хужь-гъуабжафэ тIэкIу иIыгъыр кIэщIыIуэти, и кIапитIыр хузэхуэгъакIуэртэкъым зэрыбдзэн хуэдэу. Щымыхъуххэм, абы и пIэкIэ напэIэлъэщI хуэдэу щыту зы къуэлэн кIыхь гуэр къыхуахь. Сытми, зэрызехьэрэ бэлыхьищэри дашэчу щIапхэ тхьэмыщкIэм и жьэр быдэу. Дэ а псор зэрекIуэкIым деплъырт, зыдущэхуауэ. СымыщIэххэу си нэр хуозэ щхьэгъубжащхьэм тет шыфлъэ дахэ цIыкIумрэ абы къыбгъурылъ чыржын ныкъуэмрэ.

– Уа-а, ди Хьэждаут дахэ мыгъуэ, удиIэжIым! – жиIэу ину кIийуэ къыщIохьэ дунейм ехыжам и шыпхъу фыз гъур кIыхь къуажапщэмкIэ щыпсэури, гъы макъым нэхъри зыкъеIэт. Дэ абыхэм я лъабжьэм дыщIэтт, дыдэзыхьэхауэ дыщIэзымыгъэкIыжри дымыщIэжу. Зыгуэрым гу къыщытлъитэм, жьантIэмкIэ нэхъ дэкIуэтауэ дэт си гъусэ щIалэ цIыкIум и плIэм мащIэу къыхущIэрыIэ щIыкIэу теIэбэри, пэшым дыкъыщIигъэкIуэтащ:

– Фэ мыпхуэдэхэм феплъ хъунуIым, фыкIуэ, тIасэ, модэ щIыбым…

ДыкIуащ дэ «модэ щIыбым». Абыи дыкъыщызэтеувыIакъым. Псори зы дыхъужри, унэм дыкIуэжащ. Дэрауэ пщIэжынтэкъым зи макъым къуажэкIэ псор къигъэпсалъэу зэрызехьэу дакъикъэ бжыгъэ япэкIэ уэрамым дэтар. Ди щхьэр къэдмыIэту дызэбгрыкIыжащ. Зы цIыхум зы псалъэ жытIакъым.

Зэман Iейм цIыхур ерыскъыкIэ гугъу ехь къудейуэ къэнэжыртэкъым – шхын щхьэкIэ лIэ, лIапэ щыIэт. Мы ди Хьэждаутыжь мыгъуэми арауэ къыщIэкIынут къыщыщIар.

Анэр бжьэщхьэIум къаплъэу тетт сыщынэсыжам.

– Мамэ, Хьэждаут шхын щхьэкIэ лIауэ ара?

– ЛIа, тхьэмыщкIэ? Еуей! КъакIуэ мыдэ, уэ унэм щIэс, сэ абы сымыкIуэу хъунукъым. Аращ, хьи, ара мыгъуэщ, лIащ шхын щхьэкIэ… Къэнахэм Алыхьым гущIэгъу къытхуищI. Зэ мыгъуэ кIэртIофI тIэкIум ущIэIэбэ хъууэ хъуамэ арат!

Ар жызыIэр щIэIэбэн щIэIэбакIэт а кIэртIоф жыхуиIэм – хисар зыщIыпIи нимыгъэсу къыщIихыжат, кIуапIи-жапIи димыIэжу дыщриубыдылIапэм. КъэкIауэ, щIым къыхэщу плъагъуу къытеувар лъахъц куэд Iей къыкIэрыблэблу къыхитхъыжри, кIэртIофищ тхуигъэват.

– Мамэ, нтIэ щхьэ зыгуэр ирамыгъэшхарэ абы, шхын щхьэкIэ ямыгъалIэу?

– ЯIэт? ЯIэ мыгъуэтэIым. ЯгъуэтаIым ирагъэшхын лъэпкъ.

– Чыржын ирагъэш хъунутэкъэ?

– Ягъуэту къагъэна мыгъуэ, хьи, тхьэ къыбгурымыIуэрэ, яIэтэIым бзесIaIэ?!

– ЯIэт, тхьэ-тIэ, яIэ!.. НетIэ дыщыщIыхьам я щхьэгъубжьащхьэм чыржын ныкъуэшхуэ телъу тлъэгъуащ. Ар ирагъэшх хъунутэкъэ?

– Ирагъэшхынути, хъужаIым.

– Сыт щIэмыхъужар?

– ЛъэрымыхьыIуэ хъуати, хъужаIым, хуэшхыжаIым.

– Апхуэдэу щымыхъум-щэ? Щхьэ ирамыгъэшхарэт абы щыгъуэ?

– Апхуэдэу нихьэсауэ я гугъаIым.

Анэр иджыпсту пIащIэрт, итIанэ абы ущыкIэрыхъыжьэр фIэфIтэкъыми къыфIэзгъэкIатэкъым. Ауэ си сабий акъылым къысхуимыгъэтIасэу сиукIырт абы жиIэхэм: дауэ зэрамыгугъари зэрамыщIари? Узыщыгугъыжынури лIот ущыгугъэжынури дэнэт, цIыхур уи нэкIэ плъагъуу шхын щхьэкIэ лIэуэ щытелъкIэ?!

АрщхьэкIэ а сэ сызэригугъэм щыщыIэтэкъым Iуэхур. Пэжт анэм жиIар – яIэщIэлIат, абы нэса я мыгугъэурэ. ЗэрыжаIэмкIэ, а «щынэсар» езы лIэ дыдэми къимыщIэнкIэ хъурт. Ар сэ къыщызгурыIуар мы тхьэмыщкIэр зэрылIа щIыкIэм тепсэлъыхьыжу иужькIэ щызэхэсхыжаращ. Щхьэгъубжащхьэм тету слъэгъуа а шыфлъэ цIыкIум кхъуей шыпс итт. Чыржын ныкъуэ абы бгъэдэлъар а шыпсым ирагъэпщIурэ, ирагъэшхын я гугъэу къыхуахьауэ арат дыгъуасэ. ТхьэмыщкIэм пIалъэ къыхигъэкIыжащ, идакъым занщIэу яхуишхын. Нэхъ къищтащ, зыхуигъэшэчу, зэман дигъэкIыу ишхмэ: фIыуэ ищIэрт гузэвгъуэм ирихулIэу ар къыхуздрахам нэгъуэщI къызэримыкIыжынур, зэрыщымыIэр. ИщIа мыгъуэ апхуэдэу и Iуэхур кIэщI хъуну, ищIакъым. Жэщым иужь ихьат, жаIэ, ирагъэшхыну. ЩыкIуэжакъым. ХуфIэгъэкIыжакъым и тэмакъым, иIэжтэкъым абы ирикъун къару…

– Мыр лIо, – жи Хъромэ Шокуэ (и цIапэр Хьэсэнбийщ), мо зэман жыжьэм щыхыхьэжа си гур си щхьэр здэщыIэм къехыж. – Зи шыд бгым щыхуа къущхьэу, щхьэ ухэплъэрэ? Гуныкъуэгъуэ гуэр уиIэ хьэмэ?..

– Гу уиIэ закъуэмэ, дэнэ дежи гуныкъуэгъуэкъэ, – жызоIэ.

– Сэ сщIэрэ, къэхъуаIа, зориращ.

– Хьэуэ, къэхъуаи щыIэкъым. УнэмкIэ сыкIуэжати, сыдэкIыжу аращ.

– Слъэгъуащ сэ нышэдибэ бгымкIэ зыкъыщыдэбдзэжым. Сыт щIа абы лъандэрэ, дауи, умэжэлIагъэнщ. НакIуэ, тIэкIу уедзэкъэнщи, удэкIыжынщ, – ауэ щыт шхапIэмкIэ и щхьэр ещI.

Мы Шокуэ сэ куэд щIауэ си цIыхугъэщ. ЦIыху хьэрэмыгъэншэщ, фыгъуэ-ижэхэм щыщкъым. IэщIагъэ куэдым хозагъэ, IуэхутхьэбзэкIи фIыщ. ГъащIэр, дунейр, цIыхур фIэIэфIу мэпсэу, сыт хуэдэ щытыкIэм имытами, узригъэхъуапсэу. Зэи плъагъунукъым ар нэщхъейуэ хьэмэрэ губжьым зэщхьэщихуауэ щIыкIейуэ псалъэу. Къуажэр уэкIэ, жырэ псыкIэ къутэж щыпэтам мыр леишхуэ зытехьахэм щыщу къалъытэщ (къарищIаи щыIэтэкъым нэхъ лейуэ), ахъшэ мелуан кърэтри дагъэкIауэ щытат къуажэм. ДагъэкIат, и уни и щIапIи къытрахри. Къалэм фэтэр къыщащэхури, дэсат иджыри къэс. Иджы, абы щыгъуэ дэзыгъэкIауэ щыта дыдэхэм дыщыуащ, уи уни уи лъапси къыптетхыу къуажэм удэтхуну апхуэдэ хуитыныгъэ диIакъым, щыжаIэжым, къэкIуэжри къыдэтIысхьэжащ, я къалэ унэр ящэжщ, ахъшэ хъушэр я жып иралъхьэжри…

Арэзы сохъу Шокуэ жиIамкIэ. ПцIы хэмылъу, сымэжэлIат. ИтIанэ Бэдракъ Алик жиIэу сэ куэдрэ зэхэсхырт: «ПщIэ зыщIэнум упэрымыуэ!»

– НакIуэ, зэгуэр уэшх къешхауэ щытащ жывоIэри, къэрал ахъшэм лъакъуащхьэкIэ фыхэтщ илъэс бжыгъэ хъуауэ, зы ягъэ кIынкъым дэри зэ дыхэвгъэшхыкIкIэ, – жызоIэ. ФIыкъэ цIыху угъурлыр, псэ къабзэр – хуиту, уэр-сэру уопсэлъэф, а жыпIэр и щхьэ иригъэжэнкIэ, къайгъэ

ищIынкIэ умышынэу. Сыплъэмэ, шэдыпс къызиутхыу нетIэ къызблэжа машинэ емынэр дыздэкIуэ шхапIэм и бжэIупэм Iутщ. ДыщIохьэри, езы дыдэр щысщ, нэгъуэщI зытIущи щIыгъуу. Псори ди цIыхугъэти, дыхуэмеищэми дагъэтIыс я Iэнэм. ЗэщIовэ, ину псалъэу зыгуэрхэр жаIэ. Хьэждаут мыгъуэм и щIэблэм сэ сыкъицIыхуу, нетIэ зэхэзещхъуэн сищIауэ жеIэ. Тхьэ еIуэ ныщхьэбэ къалэм сыздишэж къудей мыхъуу, ди унэ бжэIупэм сыIуишэжыну.

Ренатт мы щIалэм и цIэр. Хьэждаут мыгъуэр лIы лъахъшэ цIыкIуу, лъэбакъуэ жыгъейкIэ кIуэру дэту щытамэ, мыр щIалэ лъагэшхуэт, бжьыфIэрэ бжьыфIэу. ЛIы цIыкIу фызышхуэкIэ ерыщкъэ-тIэ, псоми ин къашэурэ, жыгым хуэдэу лъагэу къызэщIэуват щIэблэр.

Ахэр си гум щызэзгъэзахуэ пэтрэ, бжэр къыIуах.

– Ренат, мыр уэ къыпкIэрыхуа хъунщ, уи машинэм и бжэм дей щылъу къэдгъуэтащ, – газетым зыгуэр кIуэцIылъу иIыгъыу къыщIохьэ зы щIалэ цIыкIу. Ренат здэпсалъэм, абы хуоплъэкI, зыкърегъэзэкIыжри, и ныкъуэжыIэм пещэж. Зэпымыууэ псалъэр а зыращ, мыдрейхэр абы додаIуэри додаIуэ. Ренат и псалъэр зэпызыудыфыну мыбдежым щыIэр зы закъуэщ – жып телефон гъэщIэрэщIа цIыкIурщ. Сытемынэри къыхуейIа хъурэ абы нэхъей! МыувыIэу къоуэ, къеуэхуи кърехри, йоплъ. А къыхуейм емыпсалъэу щытрипIытIэжи щыIэщ. А щемыпсалъэхэм деж зэремыпсалъэ къудейм щхьэкIэ зигъэлIу абы зригъэину зыгуэру зещI. «А-а, щхьэр ягъэуз абыхэм!» – жиIэнщи, и жыпым ирилъхьэжынщ телефоныр.

Ренат, щIалэшхуэм и мызакъуэу, зэкIужщ, нэкIу хужь къабзэрэ набдзэ фIыцIэ-щхьэц фIыцIэу. Мыбдежым мыр мыпхуэдэу щымытамэ нэхъыфIт жыхуэпIэн и Iэпкълъэпкъ дэгъуэшхуэм иIэкъым. Щыгъын нэхъыфIу щыIэри щыгъщи, нэхъри нэхъ бжьыфIэж, дахэ щIохъукI. Дэ абы псори фагъуэ, мыхьэнэншэ дыщIохъукI. ЦIыхушхуэщ, сыти жыIи. Гупым къытхыжиIыхьымкIэ, и телефон псалъэмакъхэмкIэ къызгурыIуащ мы цIыхушхуэр Iуэхушхуэхэми зэрыхэтыр. Аргуэру си нэгум къыщIоувэ Хьэждаут цIыкIу, ты, ты, жиIэу щIэкIуэрыкIыу. Абыи еплъ, мы Ренати къеплъыж. Дауи ирехъуи, мы ди дунейр ефIакIуэ зэпытщ, адэ, номиным дыкъызэрытекI лъандэрэ, йофIакIуэ цIыхури. Абы и щапхъэу къысщохъу Хьэждаутрэ Ренатрэ теплъэкIэ я зэхуакур. Ауэ ефIакIуэу пIэрэ гурэ псэкIэ? НэхъыфI хъурэ цIыхур уеплъкIэ и щIыIумкIэ щумылъагъу адрей и «дунеймкIэ?» НэхъыфI хъумэ, сыт пцIымрэ хьэрэмымрэ нэхъ мащIэ щIэмыхъур? Дэнэ къикIрэ ди лыр зыш нобэрей зэхэтыкIэр? Ди гур нэхъ пхъашэ, къурэ мыхъуу пIэрэ кIуэху? Хьэждаут къулейсызт, тхьэмыщкIэт, зы мащIэут щIым къызэрытещри. Ауэ гумащIэт, хулъэкIымкIэ нэгъуэщIым дэIэпыкъунут. Сэ сощIэж абы зэ зым, зэми адрейм деж кIуэуэрэ, зи цIыхухъу зыщхьэщымытыж унагъуэ тхьэмыщкIэхэм Iэбжэнабжэ кIэ, нэгъуэщIкIэ зауэ нэужьым защIигъакъуэу зэрыщытар. Мы Ренат пхуищIыну пIэрэ апхуэдэу? ФIэщ щIыгъуейщ. Сыт и жьэм жиIэми, Хьэждаут и гур мыбы зэрыкIуэцIымылъыр уолъагъу. Пагэщ, цIыхур къыфIэIуэхукъым. Зыгуэр имыгъэикIэу псалъэркъым, гу лъыстащи. Езым фIэкIа дунейм цIыху темыт хуэдэу пэрысщ Iэнэм. Къулей зэрыхъуауэ жыхуиIэр-щэ? МыIэрысэщ. Ари гугъу лъэпкъ демыхьу, и пщIэнтIэпс ткIуэпси хэмыхьэу. КIуапIэ къыхуигъуэтащ «былым лIэужьыгъуэ жьэрыплъэ къомыр» (апхуэдэ дыдэу жиIащ!) укъауэ къигъанэри. Колхоз жаIэу игъащIэ лъандэрэ къуажэр зытелэжьар езым и деж къэкIуащ. Ядигуэшащ езым ещхь зыгуэрхэм!..

– Ренат, – жи нетIэрей щIалэ цIыкIум аргуэру. – Мыр уи машинэм деж щылъащ.

– ДаIэ, сыт мыр? Ыы, хьа, хьа, хьа, – мэдыхьэшх Ренат ину, кIыхьу. – Мыр нанэ къызитат сыкъыщыдэкIым.

Газетыр зэкIуэцIехри, тхылъымпIэпсым илъу къыдолъагъу... чыржын ныкъуэ!

– Мыр ди нанэ, тхьэмыщкIэ, ешх фIэфIыпсу. Нартыху хьэжыгъэ къыдегъэщэхури, егъажьэ мыпхуэдэу. ЖеIэ, хьа, хьа, мыр ерыскъыфIу, нэхъ зэгъи нэхъ къэуати щымыIэу. Дэри мис мыпхуэдэурэ къыдет къытхуэупсэу, зы бэлыхь къытхуищIэ и гугъэжу. Хэт мыгъуэ мыбы хуейри. И жагъуэ сымыщIын щхьэкIэ къыздэсщтат сытми, нышэдибэ сыкъыщыдэкIым. Псо къысхуишияр къэзгъанэри, мы ныкъуэ ауэ щылъыр къэсщтащ, хьа, хьа, хьа! – и гур хэхъуэу мэдыхьэшх. – Сэ мыр сшхыххэркъым зэи, хыфIызодзэж ахъу. НетIэ машинэм сыкъыщикIым слъэгъуат мыр къызэреджэрэзэхар, къэзмыщтэжауэрат... Iух, цIыкIу, модэ хьыи хыфIэдзэ!

– ХыфIумыдзэ! – си псэм щыщ гуэр а хыфIадзэну жыхуаIэм дэкIуэм хуэдэу, сопхъуэри къыIэщIызох чыржын ныкъуэр. Сыт хуэдиз гухэхъуэ къызитрэт сэ мыбы сыщыцIыкIум! Тебащхьэр сыпIащIэу тезудрэ ар къикIамэ, мы дуней фIыгъуэр сысейт. Сэ аращ сызэрапIар, сыкъызэрыхъуар. Гуэдз къытIэрыхьэу щIэфэлыдж, щIакхъуэ тщIы, тшхы щыхъуар нэхъ сыкъэжэпхъа иужькIэщ. СылIат сэ, мы чыржыныр симыIамэ. Сэри сэ си ныбжь псори аращ адыгэр дызэрапIар. Мы иджыпсту къыщыпкI Ренат сымэ къызытепщIыкIыжари аращ.

– Мыр ерыскъыщ, щIалэ, – жызоIэ, Ренат дежкIэ зызогъазэ, къыбгъэдэлъэдауэ, абы и тхьэкIумэм къихъуцацэ Iэнэзехьэ хъыджэбз зи бгъэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу къыщIэщыр нэщхъкIэ кIэрызохури. – Ерыскъым пщIэ хуэщIын хуейщ, ухэтми, усытми!

– Сэ нанэ согъэщIагъуэ, мыргуэрым жиIэрелърэ, – жи Ренат, мо сытри къыхуагъэдахэу щысыр и псалъэм губжь къыфIыщIэувэм гъуэгу зэрыримытыным елIалIэу. – ЦIыху дэнэ къэна, хьэм пхуишхынукъым мыр иджыпсту, къуэш. Еплъ ети, уи фIэщ мыхъумэ. ЗэкIуэцIыжыхьыжарэ езыр хьэлъэрэ хьэлъэу. Пшхыныр щызогъэтри, цIыху ирибукI хъунущ мыбы, хьа, хьа, хьа!

Чыржыным щодыхьэшх! Сэ зэи срихьэлIатэкъым абы щыдыхьэшхын дэнэ къэна, апхуэдэу тепсэлъыхьу. Ренат и нэкIу джафэшхуэ фадэм нэхъри иузэщIам соплъэ, куэд схузэтрихьарэ жысIэнури сытри къысхуэмыгъуэтыжу. Абы экраным хуэдэу къыкIэридзэу щIедзэ хадэм нартыху сыпщIэу ситу сыхэукIуриеу, хьэмфIанэри зэрысIыгъыу сыкъыщагъуэтыжар, кIэчан зытIущ щхьэкIэ ди гъунэгъу ипщэр зыгуэрым махуэ псокIэ хуэлэжьауэ зэрыщытар, мы иджыпсту ныбэизыгъэм къигъавэм и гъащIэр къызэрыкIыкIа Хьэждаут хьэдэу щилъар, щхьэгъубжащхьэм абы щыгъуэ телъу слъэгъуа чыржын ныкъуэ мы псалъэмакъыр къызытехъеикIам ещхьыркъабзэр...

– Уэ, уэ... – зэкIэлъызоху, а «уэ, уэ» жыхуэсIэхэм къакIэлъыкIуэнур зэрызмыщIэми, сщIапэми схузэпымыщэнкIэ зэрыхъунуми семыгупсысыжу. – Уэ укъызыхэкIар пщIэжрэ! Фи Хьэждаут а чыржын ныкъуэм щхьэкIэ лIащ, пщIэрэ ар уэ?! ЗыкъыпфIэщIыжащ уэ щыкIам. Зи нэр къэплъэжа факъырэ нэхърэ нэхъ Iей щыIэкъым!

– Уэ ууейр иджыри къэплъэжакъым!

А къыскIэлъидзыжам и пэжагъым сыкъиуIарэ пэздзыжыни къысIэрымыхьэу сыщыхъум, занщIэу сыкъотэджри сыкъыщIокIыж. Пшагъуэ Iув хьэлэч къытрихуат, зы IэшкIэ Iэ пцIанэкIэ къапщтэу быдэу пкъузмэ, крушкIэ из къыпхущIэкъузыкIыным хуэдэу псыр кIуэцIызу. ЩIыIэм и щIыIэжт езыр. Ар нобэ щыIа дыгъэпс тIэкIум къишауэ арат. Сымаджэм и пыгуфIыкIыкIэм ещхьщ мыпхуэдэ бжьыхьэ тешхыхьыпам и уэфIыр, етIуанэ махуэм къызэIохьэж. Мыпхуэдэурэ кIуэнщ иджы гъэ-

махуэр къихьэу, зэман дэкIыжыху: дыгъэ умылъагъуу, нэкIэпсыжэрэ пыутыкIауэ, къесышхуэ-къешхышхуи щымыIэрэ уи щIымахуи уи гъатхи зэхыхьэжауэ. Ар цIыхум и гум тегъуалъхьэм, иужьыгум и закъуэкъым. КъэкIыгъи жыги игъэхъуркъым. ЩыIэжкъым щIымахуэ жьычыр, гъатхэр къэсамэ, шы пщIэнтIам хуэдэу бахъэр къыхихуу щIыр гъущу щыщытар. ЗэкIуэкIащ, зэIыхьащ псори... цIыхури абыхэм яхэтыжу!

Нобэ хуэдэу аргуэру гъуэгум сытрехури, зблож Ренат. Хьым, сыздишэжыну жиIатэкъэ, щхьэ сыздимышэжарэ? Дэнэми!.. Абы и машинэ хуабэм, щабэм сису сыкIуэжынут иджы, жылэм ещхьу сыщытамэ. Емынэ лъэрыкIуэм сызэрехуэ, сыхуиткъым си жьэм. Жьэм сыт и лажьэ, лажьэр зытехуар сигуращ. Техуакъым чыржын никъуэм и Iуэхур сигу. Иджы, мис... ПIрегу! Сыкъыщхьэщыжащ си анэ, езгъэщIакъым ауан, хэутэн. СыхущIегъуэжыркъым сщIами къысщыщIами. Псори апхуэдэу дыщытамэ, мыхъумыщIэм зедгъэщIэжыфу екIуэкIамэ, ди цIыхум нэгъуэщI дуней тетыкIэ яIэнт нобэ, зи лъэ къихьыр къимыхьым теувэу кIуэцIрымыкIыу... Тхьэм ещIэ а Ренат къысхужиIар, къызжьэхигъэуэным хуэдэу и машинэр къызихулIэу гъуэгу Iуфэм сригулIу иджыпсту щызблэжам. Къызжьэхигъэуакъыми, ари хъарзынэщ. Къызжьэхигъауэу сригъэукIыпами, зыми къамыщIэнкIэ хъунут. Уэрамыр цIыхуншэт, пшагъуэри Iувт. Сэр нэхърэ нэхъ лъапIэIуэхэр яукIри, зыукIари хокIыж. Къахуэгъуэтыркъым. Апхуэдэщ зэманыр, сыт пщIэн. Сэ си Iуэхур зэрамыхуэхххэнри хэлът. Хэлъэдэнт, дауи, си Iыхьлы тIэкIур. Абы, Iуэхур зи пщэ илъхэм хьэлъэхулъищэр къратурэ, зэманыр ягъэкIуэнт, ауэрэ кIэщущ хъужынти, арат зэрыхъур. Псори тэмэму ирагъэкIуэкIыу, къагъуэтыпауи сощIри, зыри къыхухагъэкIынтэкъым. ИращIэнтэкъым зыри, къыхуэгъунт. ЛIо, апхуэдэ куэдым я щхьэр хахыф иджы.

Куэдрэ сытетын хуей хъуащ къэувыIэпIэм. Пшагъуэ Iувым маршруткэри къыпхухэцIыхукIрэ, и уэздыгъэр уи нэгум иубыдауэ блож. ИтIанэщ а блэжар зищIысыр къыщыплъагъур. Е и макъ, и IэуэлъауэкIэ машинэр зыхуэдэр къэзыщIэхэм сащыщтэми зыгуэртэкъэ. Блэж псоми зэхуэдэу Iэ япэсIэтырт. Сыту си жагъуэ апхуэдэ гъуэгутет кIыхь ущыхъур, жылэр къыпщIэплъу. Нэхъри, щыкIыфIым деж уэ плъагъуркъым а блэкI машинэм исыр хэтми, езым хуиту укъелъагъу. Адэ къыщыщIэдзауэ, бблэжыху и нэр къыптриубыдауэ къоплъ. Ар хъунт, нэгъуэщI щIыпIэ щыщу къуажэм пхырыж къудейтэмэ. Маршруткэ узэщэра уи гугъэу угуфIэу уи Iэр щIэпIэтар, жыжьэ мыкIуэу, куэбжэпэ гуэрым къыщоувыIэ, уэрамхэмкIэ долъадэ. Абыхэм, махуэ къэс уащыхэмыткIэ, къосэжауэ щыщымыткIэ, Iэмал имыIэу зыгуэр жаIэ уэр щхьэкIэ... ЖамыIэми, йогупсыс. Уэри, жылэр зэхъуапсэм уазэрыщымыщыр щыпщIэжкIэ, хьэлэчщ ар!

Хьэлэчри мыхьэлэчри схузэхэмыхужу ирикъункIэ сытетащ гъуэгущхьэIум. ИтIанэ зы машинэ цIыкIу гуэр зблюжри, къоувыIэ. ФIэжыжьэIуэ мэхъури, кърыгъэкIуэтыжу хуожьэ. Шоферым къыбгъурысым, екIуэкIыр къыгурымыIуэу, щIоупщIэ:

– ЛIо, сыт ар?

– Зыри, – жи мыдреймм. – Мобдей тетыр здэтшэжынщ. ТхакIуэщ, тхьэмыщкIэ...

# Сыкъыхахужащ!

Мылицэращ сыкъызыхахужауэ жыхуэсIэр. Зэпыту укIуэ, сыхэмыхьэгъащэрэт игъащIэкIи. ИтIани емынэм сызэрихуэрт. СлъэкIакъым, хуабжьу си нэ къыхуикIырт. Я фащэм сехъуапсэрт сызэрыцIыкIурэ – дахэрэ зэщIэлыдэжу. ИтIанэ, пщIэрэ, къысщыхъурт псори мылицэм ящышынэрэ

езыхэр зыми щымышынэжу. НтIэ, абы нэхъ хъуэпсапIэ сыт щыIэт сабийм дежкIэ!

Ар сыщыцIыкIуу куэд дыдэ къыщызгурымыIуэрат. Зэман дэкIщ, нэхъыбэ къызгурыIуэ хъури, нэхъри нэхъ ситхьэкъуу щIидзащ мылицэ Iуэхум. Нэхъыбэ къызгурыIуэху, нэхъыбэу сызыщIишэрт. Псом хуэмыдэжу, машинэхэм дэсхэм я псэр хуIузых а гъуэгущхьэIу мылицэхэрат сызытелIапэр. Япэрауэ, лэжьыгъэ тыншт. ЛIо абы хэлъыр? Къабзэ цIыкIуу узэщыхуэпыкIауэ гъуэгум тет. Хьэлъэ къэпIэтынукъым, фIей ухэIэбэнукъым. Машинэу хъуар уи IэмыщIэ илъу, дэнэ ухуейми, зы кIэпIейкIэ пIамыхыу гуфIэжу уашэну хьэзыру, шоферу хъуар – къулыкъущIи абы и IурыщIи зэрыхьу къоубзэу, ухуеймэ. Къомыубзэу, ауэ «Iым» жраIи ireплъыжыт! ЕтIуанэрауэ... А етIуанэр фощIэ фэ. ИгъэгъущIэркъым уи Iупэр.

Аращи, гъуэгум тет. Яхуих я гур, яхуIух я псэр, хъуакIуэ, зэрыжаIэщи. Тхьэ зыщаIуэрат, лажьэ зимыIэми емыплъу, дэтхэнэ машинэ блэжми зыгуэр къытрауду. ЖаIэ къудей мыхъуу, сэр дыдэм слъагъуртэкъэ? Машинэ узэрысыр къагъэувыIэнщи... Ари дауэ жыIэт къызэрагъэувыIэ щIыкIэр – жэрыжэм утету я нэхъ ущыпIащIэм деж къофиинщ я сыринэжь цIыкIумкIи, къаIэщIэлэлу яIыгъ я башым и пэр гъуэгубгъумкIэ яшиинщ. Апхуэдэу ящIмэ, къикIыр гъуэгу Iуфэм укIуэн хуейуэ аращи, сыт хуэдэ Iуэху блэкI уимыIами, къыжьэдэкъуэ уи машинэр. КъэгъэувыIэ «сыкъщ» жиIэу. Нэхъри гутехуэгъуейракъэ мыбдежым, иныкъуэхэм я щхьэ тралъхьэркъым уэ ураIуэхущэу загъэлъэгъуэну. Уи Iуэху къызэрамыхуэххэ хуэдэ, я щIыб къагъэзэнщи, а баш яIыгъыу жыхуэсIар ягъэкIэрахъуэу увыжынщ, нэгъуэщIыпIэкIэ плъэуэ. Уасэ иIэтэкъым къэбгъанэу уежьэжыну. АрщхьэкIэ, ар къызэрыпхуамыгъэгъунур уощIэ мыгъуэри, укъопщ уи машинэм, уи тхылъхэр, «зыгуэри» щIебгъэубыдауэ, пIыгъыу. УокIуэ а зи гупэ къыпхуэзыгъэзэну зи щхьэ тезымылъхьэм и деж, угуроIуэ, ущIыгурымыIуэн лъэпкъ Iуэхум хэмылъми, бэлыхьыр дэпшэчу. ФIыуэ хэзыщIыкIхэм тхьэ зыщаIуэращ уэ пхуэдэ-сэ схуэдэ хьэлэлырылажьэм и мазэ улахуэм хуэдэ зыщыплI нэхъыкIэ махуэм къимыхуэу. Удэджэгурэ итIанэ уэ абы! Зэ ди къуажэ гъунэм, къуажапщэмкIэ псы Iуфэ уэрамым и плIанэпэм хуэзэу щыслъэгъуащ унэ дахэшхуэ, гуэщ, пщэфIапIэ щхьэхуэ, лъэныкъуэ бэкхъ, нэгъуэщI псэуалъэ сыт жыпIэми, къалэ цIыкIум хуэдэу зы лъапсэ егъэлея, уи нэр щыджылу къищIыкIауэ. Сэрей къызэрещIэкIамрэ куэбжэ бэлыхь абы хащIыхьыжамрэ си зы илъэс улахуэм хуэдэ зыбгъупщI текIуэдауэ къыщIэкIынт ауэ хыфIэдзи.

– Уэзызыз, – къызжьэдоху, сыкъэуIэбжьарэ слъагъур зэрызгъэщIэгъуэнур сымыщIэу. – Хэт, зиунагъуэрэ, мы къомыр къезыщIэкIар, мыпхуэдиз зэфIэкI зиIэр? ЩIы щIагъым мэкъумэш щищIэрэ мыбы, сыту емынэ мыр, сыту емынэ!

– А-а, шофер нэпсщ ар зэрыщыту, – жи си гъусэм. – Уемыхъуапсэ абы!

– Дауэ сызэремыхъуэпсэнур, лIэун, семыхъуэпсапIэр иIэ?! – жызоIэ, си нэр къихуу. А сызыщIэхъуэпс мылицэ лIэужьыгъуэм – гъуэгум теттхэм хуэдэт абы жыхуиIэр. Сэри дзэм сыкъикIыжа къудейуэ арати, уэлэхьи, къыбгурыIуа, икIэщIыпIэкIэ Iуэхум и ужь сохьэм. Ауэ Iуэху цIыкIуфэкIуу къыщIэкIакъым ар езыр. Куэдрэ, куэд Iейрэ къесхуэкIащ сэ а Iуэхур. Си закъуэкъым – хьэбли, благъи, нэгъуэщIи – си Iэ къызыпекIуэкI къэзгъэнакъым абы хэзмышэу. Фэ фи гугъэу къыщIэкIынщ мылицэм, псом хуэмыдэу а хэхъуэшхуэ здэщыIэ гъуэгущхьэIу мылицэм, ухыхьэн жыхуэпIэр ауэ Iуэху къызэрыгуэкI цIыкIурэ тыншуи зэфIэкIыу. Сытми, сэ схуэдэм ищIэн хуей псори зэфIэзгъэкIщ, тезгъэкIуадэри нэгъуэщIри къизмыдзэуи, си IумацIэр къицIэфту гъуэгущхьэIум сыкъы-

теуващ. ЕмыкIу сыкъэвмыщI, лъапси къуэпси зэрыжаIэу зимыIэ щIалэ IэщхьэпцIанэр... ИтIанэ, мо ахъшэ къом искIутам, щIыхуэшхуи къыстехуат – ихьыр-ихьу зэфIэзгъэкIат Iуэхур.

Сытми, сытетщ игъащIэ лъандэрэ си нэр къызыхуикIыу къысIэрыхьа гъуэгущхьэIум. Гъэмахуэ шылэм и цIывыгъуэ дыдэми хуэмызарэ абы нэхъей, хуабейм селыгъуэ, сабэр си нэжьгъым кърехуэ, пщIэнтIэпсым ар ирилъэсэхыурэ, си щIыфэм хееж. А псом нэхърэ нэхъ Iейращи, хэхъуэ лъэпкъи сиIэкъым. КъысIэрыхьэIаркъым, зи. Къызогъэувы1э машинэхэр, сощI адрейхэм зэращIу слъэгъуам хуэдэу псори: машинэ блэжхэр си башыпэмкIэ гъуэгубгъум изогулI, шофер къикIам си щIыб хузогъазэри, жыжьэу сыплъэу соувыж. Къызбгъэдохьэ, соплъ я тхылъхэм. Ауэ зыми дагъуэ къыхуэзгъуэтыфыркъым, къызатиIаркъым, зэрыгурыIуэгъуэщи. Лажьэ ямыIэу дауэ сыти къатепхын е зэкIэ си лэжьыгъэм сызэремысара, си дзэ мэш, езыхэми зыри жамыIэу IуокIыж. Хьы, щхьэ ягу къэмыкIрэ зыгуэр къызатын зэрыхуейр? Хьэмэрэ ямыщIэу, къагурымыIуэу ара сэ схуэдэм зэрыбгъэдыхьэ-зэрыбгъэдэкIыжыр? ЛIо, си деж къэсу кIуэдыжауэ ара игъащIэ лъандэрэ мы гъуэгум щызекIуэ хабзэр?!

Ауэрэ, пщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуауэ, IэнэщI дыдэу сыкъонэ жысIэу сыгузавэу сытету, нэгъуэщI щIыпIэ къикIа зы машинэ псынщIэ цIыкIу къажэу къызолъагъу. Апхуэдэ хамэхэрат нэхъ къызыпахыфу зэхэсхар. Мис иджы мыбы, тхьэм жыхуиIарамэ, зыгуэр къытезудынщ Iэмал имыIэу жызоIэри, си башыпэр гъуэгубгъу лъэныкъуэмкIэ тызоубыдэ. Уи щIыкIапэ утемытыжмэ, ар шынагъуэ тIуащIэкъэ? ФIэкIыркъым си жыIэм. КъегъэувыIэ и машинэри, къызбгъэдохьэ. Къызбгъэдохьэ, си щIыб хуэзгъазэу мо сыздэувыжам. Сэлам гуапэ къызех, къызыкъуех и тхылъхэр. Лажьи-хъати яIэкъым и тхылъи, и машини, езым и щхьэкIи! Дауэ-тIэ иджы зэрысщIынур? Дауэ зыкъэзгъэнэну IэнэщI къабзэу? Хьэуэ, ар мыхъун Iуэхущ, зыгуэр къэгупсысын хуейщ, Iэмал имыIэу!..

– Уа, ныбжьэгъу, – жызоIэ, и номерым сабэ пIащIэ мащIэ телъыр си нэм къеубыдри. – ЕкIурэ, къуэш, апхуэдэу машинэ фIейкIэ гъуэгу утетыну?

– Сыт тщIэн-тIэ, хуабэщ, сабэщ... Къысхуэгъэгъу! – къызоплъ, тIэкIуи къысхупыгуфIыкIыу.

Сэ Iэнкуну сыщытщ, щIалэжьым сыжьэхоплъэри. СщIэркъым, дауэу пIэрэ апхуэдэхэм деж адрейхэм, Iуэху и пIалъэ нэхъ зыщIэхэм, зэращI хабзэр? ЖесIэпэн мыбы хьэмэрэ... ЖесIэнщ!

– Уа, щIалэфI, къысхуэгъэгъу, жоIэ. Догуэ, ар зэрыхуагъэгъу щIыкIэр умыщIэу машинэ удэсу жыпIэнура иджы?.. КъыбгурымыIуауэ фэ щIызэтебгъэауэр сыт?

– СощIэ икIи фIыуэ къызгуроIуэ а уэ жыхуэпIэр, ауэ скъуэлъIакъым.

– ЗырикIи?

– Къохъу, къуэш, апхуэдэуи...

Сыт ищIысми, зыгуэр къыпысхыну мурад быдэ сощI.

– НтIэ, апхуэдэу щыхъуакIэ, нэгъуэщI мыхъуми, бензин тIэкIу къызэт!

– Пэгун уиIэ?

Пэгун къыхузохь.

– Дауэ иджы мыр мыбы зэрыпхуизгъэхъуэнур, гъэжалъэ сиIэкъым, хьэфэ бжьамий, къызэрырашым хуэдэ...

Сэ зэгуэп къызощтэ: мы гъуэгу мыгъуэм тетым зыри имыIэу къыщIежьар сыт? Ауэрэ, Iуэхур здекIуэкIым, сэр-сэру сыкъызэщIэплъэжат хьэлэчу. Си машинэм къыхузох къызэрыригъэхъуэн-къызэрыришын жыхуиIэхэри. И бгъумкIэ къокIуэкI, пэгуныр щIеубыдэ. Дахэдахэуи къикIыркъым бензиныр.

– Мыр урикъун? – жи. – КъакIуэт, къекIуэкIыт мыдэкIэ, еплъыт!
Пэгуным и бгым къызэрыфIэкIа щIагъуэ щыIэтэкъым.
– Из къэщI, щIалэ, мы пэгуным! – сыщIокIие, хьэлэчу сызэгуэпауэ. Дауэ узэгуэмыпынрэт, умыбэмпIэнрэт, зиунагъуэрэ, адрейхэм ахъшэр къэпкIэ къыхахыу, сэ махуэм бензин пэгун иризмыгъэкъуфу!
Абдежым зэуэ къеIэт пэгунри, бензиныр ущ жиIэу къызжьэхекIэ – къызекIых зэрыщыту. МафIэ къысщIидзэжыну сеныч лъыхъуэу арауэ къыщIэкIынт, и жыпым иIэбэу щыслъагъум, сыщIоIэ. Сэри сожэ, езыри ныскIэлъожэ. Уи фIэщ хъун, сэ бгы задейм зы дэжыкIэкIэ сыдэжырти, хьэм щIигъэIа бажэ фIэкIа зэрыпщIын щыIэтэкъым. Сытми, бгыщхьэм сынэсауэ сыкъызоплъэкI. ЩIалэжьыр и машинэм итIысхьэжри, и гъуэгу теувэжауэ кIуэрт. СыгуфIэри, сыкъехыжащ сэри бгым.
Ауэ абдежи щиухакъым Iуэхур. Иухауэ къыщIэкIынтэкъым сэ мылицэу сылэжьэну… ЕтIуанэ махуэм ди унафэщIым среджэ.
– ЛIо, – жи, – уэ ди напэр техын уи пщэ къыдэхуауэ ара?
– Сыт? – жызоIэ.
ЩIалэжьым, къызэрыщIэкIымкIэ, дыгъуасэрей Iуэхур лэжьапIэм къигъэсауэ арат. СщIэркъым зищIысу жыхуаIэри, къулыкъу гуэр зыIыгъыу къыщIэкIащ гъуэгурыкIуэр.
– Хъунщ, – жи унафэщIым. – А уэ къыткIэщIэпщIыхьам щхьэкIэ пхуэфащэ псор уэтщIэнуи иужь дихьэнкъым…. Ауэ аращ уэ ди деж узэрыщылэжьэжынур, зегъэхь!
Ар и къыхэхужыкIэу сыкъыхахуж мылицэм, сыхыхьа къудейуэ!

# Сызэрыщытауэ сыкъэнэжынущ

Хэт къызжиIэфын Алыхьым щхьэпхэтIыгу цIыхум къыщIритар? УриIэбэркъым, уигъэхуабэркъым е, псалъэм папщIэ, уи гупэмкIэ щыIэу цIыхум къыбдилъагъуркъым. Уи пащхьэ къитым илъагъуркъым, аркъудей! Уэ езы дыдэм плъагъужыркъым ар, Iуэху пщIыуэ, гъуджитI зэхуакум удэувэу уемыплъыжауэ. Дауэ къыпщыхъурэ?!
Сыт щIиIэр зо, цIыхум щхьэпхэтIыгу?!
ФщIэркъым. ФымыщIэмэ, зэвгъащIэ-тIэ: къеузын щхьэкIэщ. Ар сэ езы дыдэм къызгурыIуэу щытакъым иджыри къэс. Дыгъуасэщ къыщысщIар. Ари лэжьапIэм сыщыIэу. Аракъэ дэ къытщыщIи къыдэхъулIи, зэрыжаIэу, псори ди нэгу щыщIэкIыр. ДыщылIэжынури а лэжьапIэрауэ къыщIэкIынущ, тобэ ирехъуи. КъызыхэкIынури ди лэжьыгъэмрэ ди лэжьэгъухэмрэ я деж къыщежьэ гуэрщ, шэч хэмылъу. Ди гугъэжщ абыхэмрэ дэрэ куэд щIауэ фIэжьIужь дызэхуэхъужауэ, ди щхьэпхэтIыгуи сыти и пIэ ирамыхужыфыну. КъытфIощI зым адрейм ирищIэнуIами ирищIэу, щхьэж и кIапсэм къикъузынур зыхуэдизыр белджылы щыхъум, ди пIэ дитIысхьэжауэ сабыр цIыкIуу дису. Ауэ дэ ар апхуэдэу къытфIэщI къудейуэ аращ… Ар жысIэ щхьэкIэ, мы зи гугъу иджыпсту фхуэсщI щхьэпхэтIыгу Iуэхум лэжьыгъи лэжьэгъуи къыхэIэбакъым. НэгъуэщIщ ар и пIэ изыхуар…
Си фIэщу сылажьэу сыщысу, дыгъуасэ си деж къыщIохьэ мылицэ гуэр. Куэд щIат дызэрызэрыцIыхурэ. ЖыпIэпэмэ, иджы мылицэжтэкъым ар. И гъащIэ псор мылицэу ихьри, тIысыжауэ щыст, пенсу хуагъэува ахъшэр, сэ къэзлэжьым хуэдэу тIуми къыщымынэр, ишхыу. Ахэр езыхэр Iуэхуншэхэтэкъэ-тIэ, апхуэдэ лэжьыгъэм къыпэрыхужауэ щысхэр. Мо гугъу емыхьу псэуар, узыншэрэ и зэманри здихьын имыщIэу апхуэдэ гуэрт. Арат ар нобэ Iуэху ищIу си деж къыщIыхьэнри нэхъыбэу къызыхэкIауэ къыщIэкIынур, ахъу Iэмалыншагъэм ирихулIагъэнутэкъым.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдэхэр псэлъабэ мыхъуу къанэркъым. Мызэмыт Iэу къысхуихуат сэ абы и псалъэр кIыхьу иришэжьауэ седэIуэну. Узижэгъуэным и махуэт! ИтIанэ, ар зыкIэ зыщытхъужырти, ди мылицэр зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкIэ мы зэманым здынэса гъунапкъэр хэпщIыкIыу нэхъ мыхьэнэншэ хъунт, мыбы хищIыхьар къыхэпхыжамэ, жыуигъэIэрт. Ауэ щыхъукIи, а зэрылэжьа зэман къомым вагъуи сыти жыжьэуи къимылэжьауэ, хъыдан тIэкIу и дамэм телъут мылицэм зэрыхэтари. Хьэиху-бжэхуэщIу яIауэ арат. Сымылицэщ, жиIэурэ имылъыпхъэ зэрылъ машинэ гъуэгум сондэджэр-сытхэу къыщыIэрыхьэр ихъунщIэу псэуауэ арат. ИтIанэ, бзэгузехьэ Iейт. Тхьэ зыщаIуэращ Совет властым а щихьэмтетыгъуа, узыхэIэбэныр щыгъунэжым мы къуажэр куэдкIэ нэхъ къулей хъуну щытауэ, абы и бзэр мыхъуамэ…

Сытми, къэтIысащ ар, псэлъэным и гур хуитхьэщIыкIарэ икIи хущIыхьэу. Ауэ, Iуэхуратэкъэ, ар хущIыхьэ щхьэкIэ, сэ сыхущIыхьэртэкъым. Зы Iуэху блэкI есхужьауэ схурт, си унафэщIыжь тIэкIу хуэдэм и жьэр абыкIэ згъэнын мурад сиIэу. Езым еуэ щIекъутыкI, еуэ щIекъутыкI. Дауи хагъэта мыбы фIэкIа номыр зимыIэр мылицэм, жыпIэу зы мыхьэнэншэжь цIыкIу гуэрщ езыр. IэмыщIизым щIигъуми, щIигъунур бжьизщ. Нэхъыбэ хъунутэкъым. ИтIани абы къыкIуэцIыкIыр, абы псалъэу къыкIуэцIыкI жыхуэпIэр! Пенсым зэрытIысыжрэ кIуауэ жыхуиIэ илъэситIрэ ныкъуэм кIуэцIиубыда псор иджыпсту къыкIуэцIымыкIыжмэ, сщIэртэкъым. А къомым уедэIуэфрэт? Езым фIэхьэлэмэтыж щхьэкIэ, жиIи сыти къысфIэIуэхутэкъым икIи седаIуэртэкъым. ЖиIэнур жиIэу, и жьэр зэ щигъэбэяунум сыпэплъэу сыщыст, схуэмыхьыжу.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, «пцIы» псалъэр зэкъуэхуауэ къеубыд си тхьэкIумэм. Къеубыдри, сыту пIэрэ мыбы пцIы зыфIищыжар жысIэрэ седэIуапэмэ, зи гугъу ищIыр сэрат! Си деж къэсыжауэ арат, псалъэурэ. Ди гъусэу щакIуэ унэкIуэну жыпIати, пцIы уупсыжати, сытти… КъызгурыIуэртэкъым зи гугъу ищIри. Сигуи а си гум щызекIуэ гупсыси занщIэу здэунэтIа хъуар зыщ: мы пцIыуэ зэхэлъым сэ къысхужиIэр сыт?! Зи гъащIэр пцIырэ хьэрэмыгъэкIэ зыхьа, пцIым, бзэгум къащIихымкIэ зи быныр зыпIа хьэрэмылъэжьыр мыбдежым къызжьэхэтIысхьауэ, сэ пцIыупскIэ къызэщын щIыхуейр лIо?!

Мис апхуэдэу сыгупсысащ, сызэгуэпауэ. АдэжкIэ сыIэбэщ, нэхъ Iеижу сыгупсысэри, мыр си бзэгупэм къыпылъэдащ, жыпIэн фIэкIа хуэмеижу хьэзыру: «ПцIыупсхэр щагъэхьэзыр еджапIэ нэхъыщхьэм и тхьэмадэ къулыкъур зыхуэфащэр уэращ, сыт сэ уэр нэхърэ сынэхъ пцIыупсу къыщIызжепIэр?!»

Къыпылъэда щхьэкIэ, къыпызгъэкIакъым сэ ар си бзэгупэм. Сызэныкъуэкъужу си псантхуэхэр зэпичыным хуэдэу езгъэукъуэдийуэ къызыжьэдэзмыгъэкIыуи, си кIуэцIым изгъэвыхьыжащ. Бетэмал, апхуэдэу сымыщIэу, езубыдылIэу ар жесIэу, си гур згъэзэгъамэ, нэхъыфIт. ФIы хэсхакъым. Си щхьэпхэтIыгур къеуэ мыгъуэщ аби… Абы зы IэуэлъэуэкIэ зэрихьэрт, абы зы IэуэлъэуэкIэ зэрихьэрти! ЩIыкъсыкъ жригъэIэу зэтещIыщIэу, а си щхьэпхэтIыгу вумеижьым шылэ хьэпIацIэ щагъашхэ фIэкIа пщIэнтэкъым.

* * *

Шыкурыр Алыхьым ейщ, си щхьэр зыгъэузыным и закъуэкъым сиIэр, зыгъэхъужыни согъуэт. Хъыбар изогъащIэ мис а «згъуэтым» – си цIыхугъэфI дохутыр гуэрым: мыращ, Нурхьэлий, Iуэхур щIагъуэкъым, адрей къызэуз къомым си щхьэпхэтIыгури къахыхьэжащ!

А Нурхьэлий хъужыр езыр кIуэцI узхэмкIэт зэрыдохутырыр. Ауэ,

сыт хуэдэ уз сиIэми, си Iэпэр сыуIэжами, абы и дежт япэ щIыкIэ сыздэкIуэр. Езыми зыхимыщIыкI щымыIэу апхуэдэ гуэрт. Сытми, къос ар си деж, Iэмэпсымэ гуэрхэмкIэ зэщIэузэдауэ. Къосри, модэ, космос сытхэм ягъэлъэтэнухэр дохутырхэм егугъуу зэпаплъыхьу долъагъу-тIэ дэ телевизоркIэ. Мис апхуэдэу куэд дыдэрэ сызэпиплъыхьащ, къипщытащ си лъэхъуамбэжьакIэхэм нэс. ИтIанэ хьэлъэу щэтащ.

– Сыт?

Си узыфэм зэреджэр зы хамэбзэ мыгурыIуэгъуэ гуэркIэ жеIэ.

– Сыт?..

– Уи щхьэм лъыр тэмэму щызекIуэркъым.

Сэ ар апхуэдэ дыдэу къысфIэIуэхуакъым: мы ди зэманым дунейм тэмэму зыгуэр щызекIуэрэ сытми? Си щхьэпхэтIыгури абыхэм къахэжыжынкъым! АрщхьэкIэ къысхуидэркъым си Нурхьэлийм:

– Мыр Iуэху джэгукъым, – жи. – Уи узым теухуауэ мыбыхэм еджэ. Умыбэлэрыгъ, дяпэкIэ нэхъ лейуэ узыхуэмысакъыжу хъунукъым!

Лъыракъэ-тIэ езыр псэ хъужыр. Мис а лъыр Iэпкълъэпкъым зэрыщызекIуэ щIыкIэм теухуауэ арат сызэджэну къызита тхылъ цIыкIухэр. Мы дунеижьыр къызэриухуэрэ абы фIэкIа Iуэху лъэпкъ ямыIэу гупсысэу, лажьэурэ лIэжа куэдым щIэныгъэрэ губзыгъагъэу ябгъэдэлъа псор щызэуIут мы тхылъхэм. Сыкъоплъ-сыноплъ. Мо зи мыIэщIагъэм, укъеджэкIэ псо дыдэри къыбгурыIуэнт абы, ауэ…

КъызэрыщIэкIымкIэ, си щхьэпхэтIыгум щымыIа узыщIэ къигупсысатэкъым. Куэдым куэд щIауэ яIэт апхуэдэ уз. Iей гуэрт ар езыр. Дунейм теттэкъым къуимыщIэ: гурыщхъуэщI, тэмакъкIэщI, нэпсей, набгъэ, щыгъупщэх, акъмакъ. Уи нэр ирищIырт! Iуэхуратэкъэ, сэ гу зэрызылъыстэжамкIэ, мо къезбжэкIа псом щыщи тIэкIу-тIэкIу схузэхэт хъуат, хэт нэхъыбэу, хэт нэхъ мащIэу зыкъызагъащIэу. Абыхэми я закъуэтэкъым. Тхылъым нэхъ кууэ сыхыхьэху, нэхъри сигъэгужьейрт. Дунейм теттэкъым, къызэрыщIэкIымкIэ, а си щхьэпхэтIыгум къыщыхъея узым къуищIэнкIэ мыхъуну, уеблэмэ уигъэлIэнут! ЩIым цIыху зэрытрищIэрэ абы ихьат мелуан, мелард бжыгъэхэр. ЗэкIэ имыхьу къэнахэри тетт, ажалым бжьиз нэхърэ нэхъ пэмыжыжьэу.

Тхылъ къызатахэм зэритымкIэ, зыкIэ фIыт мы узыщIэ къысхуеблэгъар – лIэкIэ тынш уиIэнкIэ хъунут. КIокъумокъу куэд хэмыту, занщIэу пхуIуиудынут уи псэ тIэкIур. Фэ, дауи, зэхэфхагъэнщ пщыхьэщхьэм къакъэ-пщIыпщIу бынунэм яхэсауэ, пщэдджыжьым цIыхур лIауэ нэху къекIыу къызэрыхъум. Е, и дыуэщI хъыбар зэхаха нэужь, моуэ щыжаIэ щыIэкъэ, къэуIэбжьауэ: «Iагъ, дыгъуасэ мыгъуэти лажьи-хъати имыIэу дефэу дыщызэбгъэдэсар!»

НтIэ, мис ахэр мы си уз къысхуэкIуам хуэдэщ зыхьыр. Апхуэдэ лIэкIэ тыншыр фIыщ, ущылIэкIэ. Ауэ, пэжщ, нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи Iейщ мы узыр: уи бзэр, уи щIэлъэныкъуэр иубыду, псалъэм папщIэ, IэкIэ уагъазэу пIэм укъыхинэнкIи хъунущ мылIэ-мыкIуэду. Мис абы Алыхьым дыщихъумэ псори!

– Мис абы Алыхьым ущихъумэн щхьэкIэ, – жи Нурхьэлий. – Дохутырым къыбжаIэ псори бгъэзэщIэн хуейщ. Иджыпсту пщIэ кIуэ фи поликлиникэм, сэ сепсэлъэнщ дохутырым.

Ди дохутырыр ди дохутырыжтэкъым. ЗэрахъуэкIауэ срихьэлIат сыщыкIуам. НэгъуэщIт иджы дяпэкIэ си узхэм я унафэщIу щытынур. Ауэ ар иджыри къыщIыхьа щIыкIэтэкъым. Сыдоплъ щхьэгъубжэми, сыщытщ. ГъэщIэгъуэныракъэ, дунейр а зэрыдунейщ. ЗыкIи зихъуэжакъым, махуэ етIуанэ хъуауэ сэ абы сытемыхьэжами. Зыри къэмыхъухха хуэдэщ. Дыгъэр къопс, уэрамхэм машинэхэр щызэблож, цIыхухэри аращи, къакIухь, къажыхь, мэпсалъэ, мэдыхьэшх. Абыхэм ящIэркъым сэ дохуу-

тырхэм саIэщIэлIэпами. Псори зэхуохъу сэрыншэуи. Уа, сэ зыми сыщымыщу мы дунейм сыщылейуэ аракъэ иджы абы къикIыр? Сыт-тIэ итIанэ бэлыхьыр сшэчу, зы махуэ си Iуэху никъуамэ, псори къызэтещэщэжын си гугъэу сыщIекъур? Сызезыхуэр лIо?!

* * *

– ТIыс.
– Мис…
– Сыт?
– Си сымаджэ тхылъыр. Хьэмэрэ дауэ ар фэ, дохутырхэм зэрыжыфIэр?.. си узыфэхэм я тхыдэр.
– Мыр сыту Iув!
– Си фэм нэхърэ нэхъ Iувкъым, щыдэхуэкIэ. Узыфэу сиIэхэм я напэ зырыз фIэкIа ямытхами, пIащIэу щытын хуейкъым.
– ЛIо апхуэдизу? Уи къупщхьэ зэрытыпIэхэр, уи кIэпкъыр, уи жьэжьейхэр, уи гур, уи тэмакъыр…
– Куэд мэхъу ахэр, дэтхэнэм укъелын?
– АбыкIэ пщIэнуIым, я нэхъ узыншэщ жыхуэпIэр нэхъ псынщIэххэу къреудри йожьэж.
– Ыы, усымаджэмэ, нэхъыфIщ…
– НэхъыфIщ.
– Ар дохутырщ жызыIэр!
– Дохутырщ… Пэжу, тIэкIу зыгуэрхэр зыдэбгъуэжурэ екIуэкIмэ, уэри нэхъ узыхуосакъыж. Дохутырым уокIуэ, зогъэплъ, сэ сщIэрэ, нэхъ къыпфIэIуэхущ уи узыншагъэр. КъомыузIамэ, абыхэм зебгъэлIалIэркъым, уобэлэрыгъ. ИтIанэ…
– Сыт итIанэ?
– Щыблэм, псыдзэм е, сэ сщIэрэ, жьапщэм къулейсызыгъэ къахьу къэхъурIэ?
– НтIэ, Iагъ, ауэ къэхъурэ сытми!
– НтIэ, гу лъыптагъэххи, махуэр уфауэ, пшагъуэ телъу е къепсэпсауэу щыщытым деж ахэр къэхъу хабзэIым. ЗыкъызэщIищIэркъым апхуэдэ уэлбанэ шынагъуэ Iейм. УэфIрэ уафэри бзыгъэу дыгъэм щрижьыхь махуэхэращ жьапщэ Iейри, уэри, щыблэри, псыдзэри, зэрыжаIэу, дунейкъутэжри къызыкIэлъыкIуэр. Зэуэ къыкъуоури… Мис абы хуэдэщ цIыхум и Iэпкълъэпкъым щекIуэкIри.
– ГурыIуэгъуэщ. Алыхьым зэпымыууэ сигъэсымаджэ, ялыхь, зы махуэ сумыгъэузыншэ!
– Абы жиIэм еплъ итIани… Мы уи тхьэкIумэхэм щхьэкIэ ятхри сыт?
– Зэхахыжыркъым фIыуэ.
– Уэ иджыпсту укъызытекIухьар уи щхьэраIэ? Нурхьэлий къызжиIащ уи щхьэ лъынтхуэхэм лъыр дахэ-дахэу щыземыкIуэжу. Деплъынти, къэтпщынти… Мыр сыт?
– Сыт?
– 200-ми къыщынэжыркъым мы уи давленэр!
– КуэдыIуэ?
– КуэдыIуэ къудейуэ къэнэжрэ?! Лъынтхуэхэм йоныкъуэкъу, зыщIыпIэ щызэпиуду, уи щхьэм лъы кIуэнкIэ шынагъуэщ. Къоузрэ?
– Хьэуу. Дыгъуасэрэ нышэдибэрэ фIихыу узащ си щхьэпхэтIыгур, иджы узыжыркъым. Ешамэ, зигъэпсэхуу къыщIэкIынщ.
– Ар нэхъыкIэщ.
– Сыту?
– Узамэ, нэхъыфIт.

– Хэт и дежкIэ?

– Уи дежкIэ, лIо, си дежкIэ уи гугъэ?

– Iагъ, мыр сыт мы къызжепIэхэр зиIысыр?! Дауэ, зиунагъуэрэ, узыр зэрынэхъыфIыр? Уэлэхьи, игъащIэкIэ сымыгъэузынт, слъэкIамэ. КъызгурыIуэркъым, нетIэ уузыншэ нэхърэ усымаджэмэ нэхъыфIщ, къызжепIащ. Иджы мыри къызэузмэ, нэхъыфIу жыбоIэ. СылIамэ, нэхъыфIыжт, ара? Уэт дохутыр!

– Хьэуэ. Узатэмэ, давленэр щыдэкIуеяр къэпщIэнт, хущхъуэ уефэнти, ебгъэхыжынт, зорирацщ. Иджы уэ къоузырIыми, щыдэуеяри къэпщIэнуIым. КъыумыщIэурэ, ищIэнур ищIэнущ… КъыбгурыIуэрэ жысIэр? ИIэ, иджыпсту мастэ пхэзмыIуу хъунуIым.

– ЗыхозгъэIунукъым.

– ХъунуIым, ей, пхэзмыIуу. Уэ сэ жысIэр уи фIэщ хъурIым, ауэ абы къуищIэнур пщIэрэ?

– Зыри къызищIэнуIым.

– Уи нэр зэрызэвым щхьэкIи?

– Ар уже лирикэщ!

– КъыбгурыIуэмэ, сыхуитIым сэ уэ иджыпсту апхуэдэу узутIыпщыжыну. Абы къуищIэнур…

– СигъэлIэнущ.

– УигъэлIэн жыхуэпIэр дыщэщ.

– Абы нэхърэ нэхъыкIэж мы дунеягъэм щызекIуэу сэ сщIэркъым. Хьэмэрэ уэ ахърэтми унэплъысрэ?

– ЗыщIыпIи сынэплъысырIым, ей! Мыбы тхьэ уриджэгуу пIэрэ? Уи Iэ-уи лъэ зэхуэмыкIуэжу, пшхынур къыбжьэдалъхьэу пIэм укъыхинэнущ, IэкIэ уагъазэу!

– Куэдщ, тхьэразы къыпхухъу… Дохутырхэр хущхъуэм и мызакъуэу, псалъэкIи сымаджэм еIэзэу жаIэрти, си фIэщ хъуртэкъым, мис иджы хъуащ!

– Уигу иримыхьмэ, нэгъуэщI дохутыр и деж кIуэ!

* * *

– Сыхьэт дапщэрат лэжьакIуэ укъыщыкIуэн хуеяр, иджыпсту дапщэ хъуа?

– Зэрыхъуаи щыIэкъым, дыгъуасэ иджырхуэдэм нэхъыбэ хъуат.

– ЖаIэ пэтми, къывгурыIуэркъым!

– Хъунщ, ей, мыр… Сыт къэхъуар? Дохутырым сыщыIащ. Уэ апхуэдэу езыр и чэзум укъакIуэу пIэрэ?.. Сыт щыIэ щIэуэ?

– Мес, мо нобэ къыдэкIа кIэзетхэр псори щIэщ, дыгъуасэ дунейм тетауэ зыри яхэткъым абыхэм.

– ДаIэ, мыхэра?

– НтIэ… Ей кхъыIэ, къыщыпщтам гъэтIылъыж ар дахэ-дахэу, зэрыщылъам хуэдэу. Зэ къанэркъым зэхыумыгъэзэрыхьу!

– Мы янэр зышхыжыным, шпион сыхъуа сэ? Шпионхэращ апхуэдэу зи Iэужь-лъэужьхэм кIэлъыплъыжыр, хэзыгъэгъуэщэжыр. Хьэмэрэ мыбыхэм уэ уи Iыхьэ нэхъыбэ хэлъын щIыхуейр сыт? ЛэжьапIэракъэ мыхэр псори зейр? Псоми ди зэхуэдэу щытын щIыхуэмейр лIо?! УзэрыунафэщIыр уи напщIэм телъу утетщ дунейм… Нэхъ унафэщIышхуэIуэу ущытамэ, дауэрэ зыпщIыну пIэрэт?!

– А псор хэлъкъым мыбы… Культурэ иIэн хуейщ цIыхум, культурэ!

– СощIэ сэ фэ, зызыгъэунафэщIхэм, фи культурэр здынэсри зиIысри. Зыуи къыфщымыхъуу лэжьакIуэм и жагъуэ фщIыуэ, и гур хуифкъутыхьу… Ара культурэр? СыхулIэ сэ апхуэдэ культурэ!

* * *

– Уа, куэдрэ сыкIэрыбгъэтыну мы бжэм? УкъакIуэу Iупхыну ухущIэзымыгъэхьэр сщIащэрэт!

– Сыт къэхъуар, Iей?!

– КъэхъунIа хуей, лIэун, лэжьакIуэ сыкъикIыжамэ, бжэр Iупхыу сыщIэбгъэхьэжын щхьэкIэ?!

– Хъунщ, кхъыIэ, умыкIий!

– Ыы, сыбзыщIын хуейуэ ара?!

– КIуэ шхэ, уи Iэнэр зэтетщ сыхьэтищ хъуауэ!

– Сышхэнукъым!

– ПсомкIи урикъуауэ укъэкIуэжа хъунщ, дауи!

– НтIэ, срикъуащ, зыри сыхуеижкъым… ЛIо, мо уупщэфIахэм уи нэщхъыр дэсшхыу сышхэн хуейуэ ара?!

– Дэнэ-тIэ иджыри аргуэру уздэкIуэр?!

– Нэхъ нэщхъыфIыIуэ здэщыIэм!

* * *

– ИтыжIа абы иджыри? Къигъахъуэт!

– ИзмыгъэхъуэнкIэ щхьэ угузавэрэ? ЛIо, мы птулъкIэ закъуэм итыжым фIэкIа дунейм фадэ темытыж уи гугъэ?

– Хьэуэ… ПщIэрэ, си щхьэр къосхьэлIауэ аращ уэ. Мис, сыт щIауэ дыщыс, псори, псори пхуэсIуэтэжащ нобэ си махуэр зэрыкIуар. Зыри къэзгъэнакъым. Апхуэдиз бэлыхь сыхэтащ нышэдибэ лъандэрэ. Ар хъунт, пшэчынт, нобэ и закъуэтэмэ. Махуэ къэси аращ. Фронтым Iутым хуэдэщ си Iуэхур. Жылэ цIыхум зэрахухущытым хуэдэу сыт сэ зыри къыщIысхущымытыр? НэгъуэщIым хуащIэнур сэ къыщIысхуамыщIэр къызыхэкIыр сыт? НэгъуэщIым жрамыIэну псалъэ жагъуэхэр сэ къызжаIэ, нэгъуэщI зыгуэрым хуагъэгъунур сэ къысхуагъэгъунукъым. Аращ си гъащIэм. НэгъуэщI зы псэунтэкъым а сэ сызэрыпсэум хуэдэу, си псэм ишэчыр ишэчу. Сыт сэ сыщIэнэхъ лейр? Мис, нобэ къэтщтэнщи, дэнэ и деж сэ сыщыкъуаншэр?

– Дэнэ и дежи. Ари узэрыкъуаншэр уэ къыбгурымыIуэжу. Мис мы нобэ зи гугъу къысхуэпщIыжхэм ихъуреягъкIэ къуаншэу къекIуэкIар уэращ. Пэжщ, гугъу уохь, уи гум, уи псэм куэд щощIэ. Ауэ псори зи ягъэжыр уэ езыращ. Ар дэнэ и дежи къыщыхощ мы къысхуэпIуэтэжахэм. НэгъуэщIым и гугъу умыщI, мис, мы иджыпсту дыдэ къащтэ. Гъуэлъыжыгъуэ фIэкIащ. Дэнэ уздэщыIэр, уздэщыIэн хуеяри дэнэ?

– Сызэгуэудырт, хъунутэкъыми си губампIэр пхуэзмыIуатэу сыгъуэлъыж.

– А унэм къыщIэбнар-щэ? Ар мыбампIэу, уэ сыт убэмпIэн щIыхуейр? УкъыщыщIэкIым а зэрызыхуэпщIа къудейр ирикъуни. УщыщIыхьэжым къызэрыбщIэдзар-щэ?!

– Езыращ къыщIэзыдзар. Телевизорым Iугъуэлъхьэнщ пщыхьэщхьэми, топ ягъэуамэ, зэхихынукъым, лэжьакIуэ укъикIыжамэ, бжэм уIуигъэтщ, утеуIуэу.

– И чэзум къэкIуэж… МодэкIэ мо начальник жыхуэпIэм. Абыи дауэ зэрызыхуэпщIар? КъэпщтаР къыщыпщтам гъэтIылъыж, къыбжиIауэ аратэкъэ? Сыт-тIэ уэ тептхъуа къомыр зиIысыр? УзэрыунафэщIыр уи напщIэ телъти сытти жыпIэу!

– НтIэ пэжкъэ!

– Пэжмэ, зегъэщIэжыкIэ щыIэщ, къыгуэплъэфу иумыупцIу. А уэ узэрепсэлъамкIэ, абы зэи зищIэжынукъым. Зэгуэпым къыхэкIыу жыпIа къудейуэщ къызэрыщыхъунур. ЗызоIэри, псэлъэкIэ пщIэркъым, псэлъэкIэ.

Мис а псэлъэкIэ зэрумыщIэми куэд къыпхуехь. Нэхъыбэр аращ къыпхуэзыхьыр. Уи псалъэр уи щхьэм сэбэп хуэхъуным и пIэкIэ, зэран хуэхъунущ узэрыпсалъэр. Къащтэ а дохутыр нышэдибэ япэ дыдэ уздэкIуауэ жыхуэпIэр…

– Аракъэ-тIэ. «Уигу иримыхьмэ, нэгъуэщI дохутыр и деж кIуэ!» – жиIэри, сыкъыщIиутIыпщыкIыжащ. СыкъыщIихужащ сэ абы! И деж къакIуэ псоми яжриIэу пIэрэ абы апхуэдэу, захуищIу пIэрэ апхуэдэу? ЯжриIэркъым икIи захуищIыркъым, дауи. НтIэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, сэ сыт сыщIэнэхъ лейр? Мис аращ сэ къызгурымыIуэр. Си лэжьэгъуи, си ныбжьэгъуи, ауэ си цIыхугъэ къудейхэри къызощтэри, мыбы апхуэдэу ар къепсэлъэнт, жыхуэсIэну зы псэ къасхухэгъуатэркъым. Хъунт ар, а дохутырым и закъуэтэмэ. Си нэр хуэзуфIыцIынти, сежьэжынт. Дэтхэнэм упэщIэувэн, дэтхэнэм и деж щыпщIэжын уилъ, псори апхуэдэу къыпхущытмэ? Си гъащIэр мыгъуэу сагъэхь! Сыт ар къызыхэкIыр, а псори къысхуэзыхьыр лIо, зо!

– Зэ умыпIащIэ, Iэжьэкъур иумыч мы гъэмахуэ гущIыIум. Ей, сэ бзызоIэри, уэ уи акъыл IуэнтIам къыпхуимыхь зыри яхэтIым мы ныджыпсту мыбдежым укъэтIысауэ къысхуепкъутэкI къом ущIэтхьэусыхэм. А уи цIыхугъэу жыхуэпIэ Нурхьэлий цIыхуфIу къыщIэкIынущ, шэч хэмылъу. Ар хъарзынэу къыбдэIэпыкъуат, пхуепсэлъат фи дохутыр цIыхубзым. УзыхуэкIуами, абы и хьэтыр илъэгъуауэ, нэхъ нэ лейкIэ къоплъу уригъэблэгъат. Уэ абы узыгъэкIуами мыдрей цIыхубз зи пащхьэ уихьами пщIэ яхуэпщIу, къыбжаIэм уедэIуэнт, мыр щIэ жыхуаIэр пщIэнти, нэмыс хэлъу уакъыбгъэдэкIыжынт. Абы и пIэкIэ уэ пщIар лIо? УзэрыщIыхьэу щIэбдзэри, ажэгъафэм хуэдэу ебгъэкIуэкIащ псори… Уи псэлъэкIэкIи сыткIи. Уэ езым къыжьэдэпшащ абы къыбжиIауэ, уи жагъуэ ищIауэ ущIэтхьэусыхэ псори. ЕпхулIащ апхуэдэурэ псэлъэну, уи узи уэри укъримыдзэну. ИтIани жоIэ ар къызыхэкIар умыщIэу. ЖоIэ, апхуэдэу зэпсэлъэн уи лэжьэгъуи, уи ныбжьэгъуи, уи цIыхугъи щымыIэу угупсысри. Иджыри зэ егупсысыжыт-тIэ – яхэту пIэрэ а уэ узэрепсэлъа щIыкIэм хуэдэу абы епсэлъэн а зи гугъу пщIыхэм? ЩIы уи фIэщ, зы псэ закъуэ къахэмыкIынкIэ! Мис аращ-тIэ, псори къыпхуэзыхьари, къыпхуэзыхьри, умыщIэми! Уэ…

– Хъунщ, ей, хъун! КъызгурыIуащ псори. СщIэн хуейр къызжеIэ иджы уэ. Сыт сэ сщIэн хуейр?

– Ущымыт апхуэдэу. Зыхэн а уи хьэлыр, уи гушыIэ мышыур къэгъанэ!

– Си «акъыл IуэнтIари» абыхэм яхэту?

– Яхэту, тхьэ пхуэсIуэн, яхэту!

– Сыту мыгъуэ уделэ уэ… Уа, а жыпIэхэм къикIыр пщIэжрэ уэ?!

– СощIэж, сыт щIэзмыщIэжыр?

– НтIэ, пщIэжмэ, дауэ сэ си хьэлыр, си щытыкIэр, си акъылыр зэрысхъуэжынур?

– НтIэ, лIо пщIэнур?

– Зыри сщIэнукъым, сызэрыщытауэ сыкъэнэжынущ.

Ар жысIэри, сигурэ си щхьэрэ зэтелъу сыкъыщIэкIыжащ жэщ ныкъуэм си ныбжьэгъум и деж. Ауэ зэтелъакъым сэ сигурэ си щхьэрэ куэдрэ – фIыуэ, фIы дыдэу сщIэрт дяпэкIэ апхуэдэу сыщымытыжыну, си хьэлыр схъуэжыну иужь сызэрихьэнур. Апхуэдэ хъуамэ, зэрызихабзэу, иджыри сщIынут мурад быдэ сызыдэгушыIэми сытми емылъытауэ, къыгуэслъэфу абы фIэкIа сымыгушыIэжыну, сымыдыхьэшхыну, Iэмал зимыIэм фIэкIа си жьэми къыжьэдэзмыгъэкIыжыну, си фIэщрэ сыцIыху зэкIуэцIылъу дунейм сытетыну. АрщхьэкIэ фIыуэ къызгуроIуэжыр, ари схузэфIэкIынукъым: хамэ хьэлыр махуищ пIалъэщ – сызэрыщытауэ сыкъэнэжынущ.

АПАЖЭ Ахьмэд



# Ерыщагъыр зытебгъакIуэмэ…

***Повесть***

*Хуэдэр мащIэрэ*
*егъэлеяуэ бынкIэ гумащIэу*
*щыта си анэм и фэеплъу*

Ди хьэблэм сыт къыщыхъуми сыт щекIуэкIми, дзыгъуэ гъуанэ дихьа къимыгъанэу, университетым нысхуэзытх зи хабзэ си шыпхъу нэхъыщIэм сыкъэкIуэжыным зы мазэ фIэкIа къэмынэжауэ нысхуигъэхьа письмор нэхъыбэу зытеухуар ди быдзышэ зэIулъу сыкъызыдэхъуа си ныбжьэгъу Алимрэ абы и щхьэгъусэмрэт. «Тхуэмышэчыжу дызыхуэзэша си дэлъхуфI Астемыр, – нитхырт си шыпхъу гумащIэм. – Уэ узэрыдмылъагъум нэхъ гукъеяуэ димыIэу, дэ псори дыузыншэщ, ди Iуэхухэри хъарзынэщ. И фермэм и гъусэу папэ Дзэлыкъуэ зэрыдэкIрэ къемыхыжауэ мазитI мэхъури абы щыIэщ. Мамэ укъыщIэупщIэмэ, зы дакъикъэ и Iэр мыувыIэу, зы Iуэхум къызэрыдэхуэу адрейм иужь ихьэу, зэм Iэщымрэ джэдкъазымрэ яхэтщ, зэми хадэм йолэжьыхьри итщ. Иджы, махуэ зытхух ипэкIэ, зэи хуэмыдэу хуабжьу егугъуу, уи адэмрэ уи дэлъхумрэ къэкIуэжмэ, жери дадэ мыгъуэм Гумкъалэ къыщищэхуауэ щыта а уэ пщIэ грузин кхъуэщынышхуэм изу фо махъсымэ ищIри игъэувыжауэ, фыкъыщысыжыну дакъикъэр къыхуэмыгъэсу, махуэхэр ебжри щысщ. Аращи, папэ и ныбжьэгъу гуэр ди дежкIэ щыблэкIкIэ, ауэ псоми хуэмыдэу, уэ увыIэгъуэ имыIэу къыпщIэупщIэ, фIыуэ укъэзылъагъу Хьэбалэ лэжьакIуэ къыщикIыжкIэ, мамэ ар къегъэувыIэри, мо пщIыпщIыжу сыхъэр къызыхих махъсымэ фалъэшхуэр хущIихыу, «Мыбы ефи, мыр фIы хъуарэ-мыхъуарэ къызжеIэт, Хьэбалэ», – жиIэу щыIэщIигъэувэкIэ, адрейми ар игъэщIейуэ, и нэхэр щIригъэлъафэу иунэщIа нэужь, зэрылъэкIкIэ тригъалэу, абы нэхъ IэфIрэ нэхъыфIу ящIарэ игъащIэм махъсымэ зыIуимылъхьауэ тхьэ щиIуэжу, уи цIэкIэ хъуахъуэурэ етIуанэ фалъэри трефыхьыжри, нэкIущхьэплъ хъужарэ къитхъутхъукIыу, а уэ пщIэ и пащIэ дахэшхуитIыр ирилъэщIэкIыу йожьэж. Ауэ уэ уигу къеуэу, мазэ зыбжанэ хъуауэ письмо къыщIысхуимытхыжыр Iэмал имыIэу къысхуэщIэ, жыпIэу укъызыщIэупщIэ Алимрэ абы и щхьэгъусэ Лерэрэ ятеухуауэ илъэсыщIэр къыщихьэм ныпхуэстхауэ щытар пщIэжмэ, абы лъандэрэ зыкIи зимыхъуэжауэ абыхэм я Iуэхур а зэрыщытщ. НысащIэм къалэм фэтэр къыщищтауэ и сабийр щIыгъуу абы щопсэу. Ауэ Алим кIуэуэ и хъыджэбз цIыкIумрэ абырэ къыщIимышэжыр къыдгурыIуэркъым. КIэщIу жыпIэмэ, я унагъуэ Iуэхухэр зэрымыщIагъуэм къыхэкIыу, и напIэр иIэту хуиту къомыплъыфу, уи ныбжьэгъур гуауэщхьэуэщ, нэщхъей зэпытщи, зэзэмызэ сыщыхуэзэкIэ абы си гур щIоуз. Уи деж письмо нызщIимытхыжри, шэч хэмылъу, мис а я Iуэхур зэрымытэрэзым ириукIытэу арагъэнщ…»

Зы илъэс хуэдиз ипэкIэ си гъэмахуэ каникулыр сыухауэ еджапIэм

щызгъэзэжым, мазий зи ныбжь я хъыджэбз дыгъэ цIыкIур драхьей-кърахьэхыу ягъэджэгурэ дуней гуфIэгъуэр яIэу сезыгъэжьэжа си ныбжьэгъумрэ абы и щхьэгъусэмрэ я Iуэхур иджы апхуэдэу къызэрыщIидзыжар сэ хуабжьу си жагъуэ хъуат, сыту жыпIэмэ, Алим къыщыхъуа унагъуэм нэхъ псалъэмакъ зэрымылърэ нэхъ зэгурыIуэ-зэдэIуэжрэ ди хьэблэми ди жылэми дэсым и зырызт. И адэр дунейм зэрехыжрэ куэд щIами, Алим – унагъуэм я нэхъыщIэр – зыбгъэдэс и анэ ЖанIэфI хуэдэр мащIэу, хуэщIауэ, зэщIэкъуауэ, хъуэпсэгъуэу зэрыпсэум и щIыIужым, ар апхуэдизкIэ цIыху гуапэт, хьэлэлт икIи егъэлеяуэ бзэ IэфIти, сабии балигъи абы хуэмыарэзырэ ар фIыуэ зымылъагъурэ ди хьэблэм дэбгъуэтэнтэкъым. Ауэ, сэ къызгурымыIуэрати: и ныбжьым хуумыгъэфэщэну иджыри жану, зы дакъикъэ и Iэр мыувыIэу, хузэфIэкIыр ищIэу пщIантIэмрэ хадэмрэ я зэхуакум ит а дыщэм хуэдэ фызыжь хъарзынэм емызэгъыу къалэм кIуэуэ дэтIысхьа абы и нысэм хуэмышэчар сыту пIэрэт? И пщыкъуэхэмрэ и нысэгъухэмрэ емызэгъауэ арауэ пIэрэ-тIэ жысIэнути, я хуэдэр мащIэу псэукIэ дахэ зиIэхэу, бынунагъуэ хъужахэу Алим и къуэш нэхъыжьитI я гъунэгъуу къыщысхэм я сэбэп фIэкIа, я зэран зэикI къокIынутэкъым: Езы Алимщи, университетыр къызэриухыу, и адэр илъэс куэдкIэ зи бригадира ди къуажэ жыг хадэшхуэм агроном нэхъыщхьэу ягъэувауэ лажьэрти, езэш, щхьэх жыхуаIэхэр имыщIэу зэрыжаным икIи нэмыс дахэ зэрыхэлъым, зэрыжыIэщIэм папщIэ, и унафэщIхэри езыр зыдэлажьэхэри хуабжьу къыхуэарэзыуэ, и Iуэхухэр хъарзынэу, Тхьэм узэрелъэIуну екIуэкIырт. Ауэ мыхъарзынэжыр сыт? Псэун щрагъэжьэ дыдэм, Алим и дежкIи, сабий зэдагъуэтам и дежкIи щIэгъэкъуэныфIу щытын хуея и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэрызэпикIуэтари, «ярэби, хэту пIэрэ-тIэ а тIум нэхъ къуаншэр?» – жытIэурэ зыбжанэрэ сызэупщIыжа нэужь, «Алим, си къуэшыжь! Къуаншэмрэ захуэмрэ зэхэзгъэкIыну Лерэрэ уэрэ фяку къихъуам сэ иджыри фIыуэ сыщыгъуазэкъым. Ауэ а Iуэхум теухуауэ сэ бжесIэнуращи, жагъуэгъугъэгуфIэ зумыщIу икIи пщIэншэу гугъу зумыгъэхьу, сэ къызэдаIуи, кIуэи къэшэж уи щхьэгъусэр!» – жысIэу фIыуэ сыкъегийуэ си ныбжьэгъум къыхуезгъэхьыну письмор къезгъэжьат. АрщхьэкIэ «хуэмызар лIыфIщ» жыхуаIэм хуэдэу зызгъэлIу, сызыщымыгъуазэм сыхэпсэлъыхь нэхърэ, зэкIэ си мыIуэху зезмыхуэу сызэIуплъмэ нэхъ тэмэму къэслъытэжри, абы теухуауэ езым зыгуэр нысхуитхыным сыкъыпэплъэу зызущэхужат. АрщхьэкIэ а гъэ еджэгъуэр дыухыу сыкъэкIуэжыхункIэ сэ Алим зыри нысхуитхакъым. Арати, схуэмышэчыжу сыкъызыхуэзэша си Iыхьлыхэмрэ ди хьэблэдэсхэмрэ сакъыщыхыхьэжа махуэм, хабзэкIэ къапщтэмэ, лъагъунлъагъу си деж къэкIуэну япэу къызытехуэр езыра пэтми, абыи семыжьэу сэ занщIэу си ныбжьэгъум я деж сыкIуэри, егъэлеяуэ къысщыгуфIыкIа абы и анэ ЖанIэфI зытIэкIурэ сыбгъэдэса нэужь, сыкъызэрыкIуэжар имыщIэу, кIэртIоф щIэзытхъуэу я шыгъуэгу хадэм ит Алим и дежкIэ сунэтIащ. Гъунэгъу дыдэу сыбгъэдыхьэхункIэ гу къыслъитатэкъыми, къэщтауэ икIи гуфIэщауэ хьэмфIанэр хыфIэзыдзэу сэ гуапэу зыкъыспщIэхэзыдза си ныбжьэгъум уигу щIэмыгъункIэ Iэмал имыIэу, а зэрызмылъэгъуа илъэсым нэхъ къуэгъуи, нэхъ фагъуи, нэхъ псыгъуи хъуат. Ауэ, Iей ухъуащ жысIэу, сэ абы зы псалъэкIи зыкъезгъэщIакъым. ИкIи сепIэщIэкIыу и щхьэгъусэм теухуауэ абдежым сыщыпкърыупщIыхьыну къысхуегъэкIуртэкъыми, хадэм дыкъикIыжу и пэшым дыщIыхьэжа нэужьщ Алимрэ сэрэ хуиту дыщызэпсэлъар. Арати, ди хьэблэдэсхэр, ди къуажэр, ди щIыпIэхэр хуабжьу сигу къызэрыкIам икIи пщэдей нэхъ фIэмыкIыу мэзым зыплъыхьакIуэ сыкIуэну сызэримурадым и гугъу хуэсщIу зы тэлайкIэ дызэбгъэдэса нэужь, и нэгум къищ гукъеуэр хущIэмыхъумэу, жесIэхэри зэхимыхыщэу нэщхъейуэ щыс си ныбжьэгъум сигу щIэгъуу сеплъри, къезгъэжьащ сэ:

– Алим, Лерэрэ уэрэ фи Iуэхум сыхэпсэлъыхьыну сэ абы иджыри хэсщIыкI щыIэкъым. Ауэ мазэ зыбжанэ хъуауэ щхьэхуэ-щхьэхуэу фызэрыпсэур нысхуатхати, хъарзынэу фызэгурыIуэу екIуэкIыурэ, фи Iуэхур апхуэдэу къызэрыщIидзыжар хуабжьу си жагъуэ хъуащ. Сыт фяку къихъуауэ фыщIызэпикIуэтар? Сыт Лерэ нэхъ къыппиубыдыр?

– Лерэ къыспиубыду дыщIызэпикIуэтар пщIэну ухуеймэ, «сызыщылажьэм унэ къызатынущи, абы дыхыумыгъэкIыжу къалэм дыгъэIэпхъуэ», – жери, ар щхьэусыгъуэ ищIауэ, си анэр къэзгъанэу сэри къалэм сишэу сыдигъэтIысхьэну арат зыхуеяри, сэ ар хуэздакъым икIи хуэздэнукъым.

– Ара къудей фяку илъыр?

– Ар уфIэмащIэ-тIэ? – ауан сыкъищI щIыкIэу, сыщIригъэгъуэжу къызэплъащ Алим.

Пэж дыдэу, мазибгъукIэ ныбэкIэ укъезыхьэкIа икIи дунейм укъызэрытехьэ махуэрэ къыптегужьеикIауэ зы сыхьэт зи Iэр пкIэрымыкIыу, мафIэми псывэми ущызыхъумэу, балигъ ухъухункIэ узыпIа, фIыщIэрэ щытхъуу щыIэм я нэхъ гуапэмрэ фIыгъуэрэ тыншыгъуэу дунейм тетым я нэхъыфIымрэ зыхуэфащэ уи анэр къэбгъанэу уи фызым уригъусэу уежьэжмэ, узыдэс хьэблэми благъэми сыт жаIэн? «Шэми шхуми ес», жыхуаIэм хуэдэу, си ныбжьэгъур къызэрыхута щытыкIэ гугъур сэ фIыуэ къызгурыIуэрт. Ауэ, хуей хъумэ, и щхьэ и унафэ имыщIыжыфыну Алим сэ нэхърэ зыкIи нэхъ хуэмыхутэкъым икIи нэхъ лIыгъэншэтэкъым. Дауи щрети, «Ара къудей фяку илъыр?» – щыжысIэм, «Ар уфIэмащIэ-тIэ?» – жиIэу, схуэфащэу Алим къызитыжа жэуапым сриукIытэжу, сэ абы аргуэру сеупщIащ:

– Дауэ атIэ адкIэ зэрытщIынур?

– Дауэ зэрытщIынур? Зыуи тщIынукъым.

– Ар хъурэ, зиунагъуэрэ, зы унафэ гуэр щыIэн хуейкъэ?

– Хуеймэ, нэхъыжьхэм ящIынщ унафэ.

– Уа, угъэщIэгъуэнщ уэ. Нэхъыжьхэра Лерэ дэпсэур хьэмэрэ уэра?

– Сэращ Лерэ дэпсэур. Ауэ сэ жысIэм къедэIуэну хуэмейуэ къыспэщIэува а акъылыншэм афIэкIа къыщыгурымыIуэкIэ, езыр зэрыхуейм хуэдэу щрепсэу а къалэм. Ауэ си анэр къэзгъанэу сэ абы сыкIуэнукъым!

– А жыпIэр зы лъэныкъуэкIэ сэри къызощтэ. Ауэ итIани сабийм зы хьэтыр гуэр иIэн хуейкъэ?

– Сабийращ здэсхьынур сымыщIэр, ахъумэ сэри абы и унафэр екIуу сщIынт.

Абдежым нэкIуэпакIуэу Алим и къуэш нэхъыжь Хьэбалэ лIы бжьыфIэшхуэр, и Iэшхуэхэр шияуэ, «Уэ мырелърэ мы сохъустэр! Къохъусыж, къохъусыж, си къуэш цIыкIу! Тхьэ соIуэ, нэхъапэхэм хуэмыдэу, мы зэм хуабжьу дыпхуэзэшатэкIэ!» – жиIэурэ IэплIэешэкIкIэ ныщытхыхьэм, дэ ди псалъэмакъыр зэпыдмыгъэууэ хъуакъым.

Университетым сызэрыщIэтIысхьэрэ Хьэбалэ гушыIэу сэ къызэрызэджэр «Сохъустэт». Ауэ, сыт къысфIимыщми, фэрыщIагъэ хэмылъу фIыуэ сыкъызэрилъагъур сщIэрти, ещхьыркъабзэу сэри абы хуэфэщэн пщIэрэ нэмысрэ хуэсщIыжырт. Арати, абдежым и къуэш нэхъыжьымрэ сэрэ дыкъызэхуигъанэу, Алим щыщIэкIым, Хьэбалэ къызбгъэдэтIысхьэу, си ныбжьэгъумрэ и щхьэгъусэмрэ зэгурымыIуэу зэрызэпикIуэтар хуабжьу ягу къызэреуэр къызжиIэу, а зи гугъу ищI я нысэм и деж сэ сыздишэу кIуэну зэримурадыр къыщыщIигъужым, сэри ар сызэригуапэр сымыбзыщIу сеупщIащ:

– Дапщэщ атIэ, Хьэбалэ, абы дыщыбгъэкIуэнур?

– Ухуеймэ ныщхьэбэ фIэмыкIыу си машинэмкIэ дыкIуэнщ, уэлэхьи.

Ар зи унафэр, зы джэд пшэр фIызигъэгъэжыну иIыгъыу, гуфIэжу иджыпсту ди дежкIэ некIуэкIыу уэ укъызэрыкIуэжар къызжезыIа ди анэраци, а Iуэхум «хьэуэ» къызэрыхыумыгъэкIынум абы езыми шэч къытрихьэркъым.

Арати, абдежым Алим и щхьэгъусэм и мызакъуэу, нэгъуэщI Iэджэми датепсэлъыхьу дыщысыху, зи джэд лыбжьэр пшхы пэтми зыщумыгъэнщIу IэфIу пщафIэ ЖанIэфI Iэнэ екIу къытхуигъэуву, и къуитIымрэ езымрэ я кум сыдэсу екIуу сигъэхьэщIа нэужь, а махуэ дыдэм Хьэбалэ сэрэ фэтэр къэзыщтауэ къалэм дэс я нысэ нэхъыщIэм и деж дыкIуэри, куэдрэ дымылъыхъуэу хъарзынэу къэдгъуэтащ зыщIэс унэри. ГъэщIэгъуэныратэкъэ, си ныбжьэгъур я Iуэхур зэрымыщIагъуэм щIэгупсысурэ хуабжьу жэщIа, нэхъ Iей хъуа щхьэкIэ, и щхьэгъусэр, сызэримыгугъауэ нэхъ дахи, нэхъ дэгъуи хъуауэ къысщыхъуат. НэкIуэпакIуэу и фэтэрым дыщыщIыхьэм, «Къысхуэвгъэгъу, иджыпсту лэжьакIуэ сыкъикIыжа къудейуэ арат», – жиIэурэ къытщыгуфIыкI хуэдэу зищIу къытIущIащ ди нысэр. Ауэ зыкъызэрытхуигъэгусэр нэрылъагъуу, дакъикъэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу, и нэщхъ цIыкIур зэIуууэжри, дыкъежьэжыхункIэ зэхихыжакъым. Пэжыр жысIэнщи, ар езыр и теплъэкIэ дэбгъуэн щымыIэу цIыхубз зэкIэлъыкIуэт икIи гуакIуэт. Ауэ, сэ къызэрысщыхъуамкIэ, а зи гугъу сщIы и нэщхъ цIыкIур зэхэлъу къыщоплъкIэ, жыпIэнур умыщIэжу уи пIэм уригъэжыхьыфу, мыгурыIуэгъуэу, ауэ Iэнкун уащIу зыгуэр къащIихырт абы и нэхэм. Арати, къыщедгъэжьэнури жытIэнури дымыщIэжу зытIэкIурэ дыщыса нэужь, Хьэбалэ, зыгуэр игу зэрыримыхьар нэрылъагъуу, папщэу си дамащхьэм къытеIэбэу, «еплъыт мобы» жыхуиIэу нащхьэ къыщысхуищIым, сэ абы и щхьэр здищIа лъэныкъуэмкIэ зызгъэазэри унэ блыным фIэлъ алэрыбгъум и кум деж дыщэпскIэ ла рамэ зыкъизыхым илъу фIэдза сурэт дахэшхуэм сыIуплъащ. Си ныбжьэгъум и къуэшым игу иримыхьауэ щIэпапщэр сэ занщIэу къызгурыIуат. Ауэ мо куэд щIауэ сымылъагъужа сурэт дэгъуэм сыдихьэхыжауэ сыздеплъым, ауанышIу мащIэу сыкъыпыгуфIыкIа мыхъумэ, зыри жысIакъым. Зи гугъу сщIыр XVI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Италием щыпсэуа художник Джрджоне Барбарели жыхуаIэм «Юдиф» зыфIища и сурэт цIэрыIуэрат. А сурэт гъэщIэгъуэным и тхыдэм ущымыгъуазэмэ, зэ еплъыгъуэкIэ хужыпIэнур умыщIэу укъигъэуIэбжьынкIэ хъунут, сыту жыпIэмэ, узэрыIуплъэу зи теплъэ гуакIуэм занщIэу узыIэпишэ мо бзылъхугъэ дахэкIейм уитхьэкъуауэ уеплъурэ, и Iэ ижьымкIэ абы иIыгъ джатэмрэ и лъакъуэ пцIанэ дахэмкIэ теувэжауэ ар зытет цIыхухъущхьэмрэ гу зэрылъыптэу, «Ар дауэ. Ар зи дахагъэм иIыгъ джатэмкIэ а цIыхухъум и щхьэр пиупщIу теувэжауэ ара?» – жыпIэу умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ауэ а дакъикъэм сэ згъэщIэгъуар Хьэбалэ а сурэтым къигъэуIэбжьа къудейм къыщымынэу, и фIэщыпэу къызэригъэгубжьарт. Арати, игу иримыхьын гуэр щилъэгъуам е щызэхихам деж, хывым ещхьу папщэурэ зи щхьэр зыгъэкIэрахъуэ зи хабзэ мо лIы пIащэшхуэм, и пэм жьы къримыхужу зэрыбэмпIар белджылыуэ, зи гугъу сщIы сурэтым ит бзылъхугъэм ещхьу, зигъэнэмысыфIэрэ зи напIэхэр едзыхауэ тпэмыжыжьэу къыщыт я нысэм мыарэзыуэ хуеплъэкIри, сэ зыкъысхуигъэзащ:

– КъызжеIэт, Сохъустэ. Мобдеж фIэлъ мо сурэт хьэдэгъуэдахэр зыщIам сыту пIэрэ абыкIэ жиIэну зыхуеяр?

Абдеж сэ, Хьэбалэ и щытыкIэм нэхърэ езы упщIэр нэхъ сфIэгъэщIэгъуэныж хъуауэ, «зыжраIэ нэхърэ, зраIуэкI, жыхуаIэракъэ иджы ар», жыхуэсIэу, зызыущэхуауэ къэдаIуэ я нысэм и дежкIэ сыплъэурэ, мыпхуэдэу къезгъэжьащ:

– А сурэтыр зыщIам абыкIэ жиIэну зыхуеяр пщIэну ухуеймэ, езы сурэтым уеплъурэ къедаIуэ-тIэ мыдэ, Хьэбалэ.

Мо дыгъэ къухьэм дыщафэу зэщIигъэна псым и гупэкIэ уардэу, дахэу щиувыкIауэ щыплъагъу а пщащэ дэгъуэр щыпсэу къалэм лъапсэрыхыр къыхуагъэкIуэну бийм къитIысыхьауэ къалэдэсхэр гузэвэгъуэм хэтт. Арати, зи дахагъым и уасэр фIыуэ зыщIэж мо плъагъу хъыджэбз тхьэIухудым и хэкуэгъухэр къулейсызыгъэм, ажалым кърикъэлын мурад иIэу, дзэпщ къатеуэну зызыгъэхьэзырым и шэтырым пщыхьэщхьэм щэхуу макIуэ, абы зыкърегъэлъагъу, и теплъэ дахэмкIэ къыдехьэхри, жэщ псом дефэдешхэу IэплIэешэкIкIэ бгъэдэсщ. Апхуэдэу ахэр куэдрэ щыса, мащIэрэ щыса, – сытми, шагъыр гуакIуэмрэ пщащэ нэхъ гуакIуэжымрэ зи щхьэр ягъэунэза дзэзешэр ешу Iуриха нэужь, мыдрей пщащэр зэщэр арати, абы дзэпщым и джатэр щэхуу кърехри, «Хуиту дыщумыгъэпсэукIэ, уэ бзаджэнаджэм пхуэфащэр мыращ!» жыхуиIэу, и щхьэр пеупщIри, мес мо зэрыплъагъум хуэдэу пагэу, ауаныщIу тоувэж. КIэщIу жыпIэмэ, щытыкIэ гугъу къыщихутэхэм деж, лIыхъужьыгъэшхуэ къэзыгъэлъагъуэу щыта ди адэжьхэм Хэкум папщIэ и хъыджэбзыгъэми, и дахагъэми емыблэжу лIыгъэ зезыхьа пщащэм и фэеплъу зи гугъу пхуэсщIа художникым ищIа сурэту аращ мы плъагъур.

– Тобэ, тобэ Iистофрилэхь, цIыхубз лъэпкъым ямыщIэфын щыIэу пIэрэ сытми? – иджы нэхъ хуиту сурэтым еплъурэ и щхьэр игъэкIэрахъуэрт Хьэбалэ. – Ауэ къызжеIэт, «Уи напIэр гъалIи лIы зэгъэгъуэт, утыкур бгъуэтмэ, уи джатэр къих», – жыхуаIэ псалъэжьыр езыр абы и деж къыщемыжьауэ пIэрэ?

Пэж дыдэу, зи напIэхэр едзыхауэ, джатэ къихар ехьэхауэ зыIыгъыу уардэу щыт цIыхубз зэкIужым Iэджи хужыпIэ хъунут. Ауэ, и нысэм хуеплъэкIыурэ, Хьэбалэ щIагъыбзэ хэлъу зэрыпсалъэр къызгурыIуати, а Iуэхум и кIэм псалъэмакъ къимыкIмэ нэхъ къасщтэу, си жэуапыр згъэкIэщIащ:

– А псалъэжьыр къызэрежьа щIыкIэм сэ сыщыгъуазэкъым, Хьэбалэ. Ауэ мы плъагъу сурэтыр зытеухуар а узэзгъэдэIуаращ.

– Хъунщ, Сохъустэ, ар щхьэ умыщIэрэ, жысIэу сэ абыкIэ ухэзгъэзыхьыркъым, – къызэплъащ сэ Хьэбалэ аргуэру, зэрызэгуэпыр нэрылъагъуу. – Уэ къызжумыIэми, цIыхубзым къуащIэфынум сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ. Ауэ иджыпсту мы дэ дызэрыт зэманым, узэрыадыгэр пщIэжу, и куэ пцIанэшхуэр къыщIэщу къекIурэ хьэмэрэ дурыс апхуэдэ сурэт гурымыхьу ди хабзэм къемызэгъыр уи пэш блыным фIэлъыну? КъызжеIэт ар!

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, а дакъикъэм сэ Хьэбалэ естыжыну жэуапыр сымыщIэу Iэнкун сыхъуат. Ауэ сэ жысIэнум сыхунэмыс щIыкIэ, я нысэм кърищащ абы и жэуапыр:

– А къомыр илъкъым абы. Зигу иримыхьыр иремыплъи зэфIэкIащ.

– Уэ хуабжьу уигу ирихьу фIэбдзауэ ара-тIэ ар абдежым?! – нэхъри зэгуэпауэ зыхуигъэзащ Хьэбалэ я нысэм. Ауэ адрейри зымащIэкIи щIегъуэжу икIуэтакъым, атIэ джатэ къихар зыIыгъыу зи гугъу тщIы сурэтым ит цIыхубзым ещхьу, и пщыкъуэм къепэгэкIыу и щхьэр къиIэтри, икъукIэ мамыру икIи зэхэщIыкIыгъуэу жиIащ:

– Сигу иримыхьу щытамэ, дауи, сэ ар къэсщэхуу абдеж фIэздзэнтэкъым. Зымахуэ универмагым дыщIыхьауэ, къыздэлажьэ цIыхубзхэр абы ехъуэпсауэ я сурэт зырыз къыщащэхум, сэри зыхэзмыгъэкIыжу а зыр къахэсхауэ арат.

Хьэбалэ, абы и жэуапыр нэхъ гъэщIэгъуэныж щыхъуауэ, «плъэгъуа» жыхуиIэу, сэ псынщIэу къызэплъри, аргуэру я нысэм зыхуигъэзащ:

– Фэ цIыхубзхэр апхуэдизкIэ фыгъэщIэгъуэну икIи фыакъыл кIэщIу фыкъигъэщIащи, фызэхъуапсэри фызэгупсысри къыпхуэщIэнукъым! Ауэ къызжеIэт: уэ уигу ирихьар мо джатэкIэ цIыхухъум и щхьэр пызыупщIу и лъакъуэ пцIанэмкIэ абы теувэжауэ тет куэпэчыра?

– ЗэрыжысIащи, си мызакъуэу, а сурэтыр куэдым ягу ирихьу зэрапхъуащ а махуэм. ИкIи абы теухуауэ иджыпсту Астемыр дызригъэдэIуам иужькIэ, «куэпэчкIэ» уеджэну къилэжьыркъым а пщащэм.

– Тобэ, тобэ Iистофрилэхь, убэмпIэнумэ, нэхъри узэгуэзгъэудынщ жыхуаIэм ещхьу, итIани плъагъуркъэ абы жиIэр! Уэлэхьи, Лерэ, сэ сымыщIа уэ апхуэдэу ущхьэзыфIэфIу. Ауэ Алыхьым гущIэгъу къыпхуищI, тIасэ.

Арати, афIэкIа хэмылъу, си Хьэбалэу плъагъур сэ къызэплъурэ паппщэу къыщылъэтыжу «накIуэ» жыхуиIэу и щхьэр къыщысхуищIым, апхуэдэ дакъикъэхэм деж, абы упэрыуэ зэрымыхъунур фIыуэ сщIэжырти, зы псалъэ жызмыIэу сыкъэтэджыжри, и ужьым ситу дыкъыщIэкIыжащ я нысэр зыщIэс фэтэрым. Ауэ дыкъыздэкIуэжым, Хьэбалэ нэхъ упщIыIужауэ, «Дауэ къыпщыхъуа, Сохъустэ, а ди нысэр? ТIэкIу Iичрам къихьыжу нэхъ Iэсэ хъуным и пIэкIэ, плъагъуркъэ абы зэрызищIыр?» – жиIэу зыкъыщысхуигъазэм, сэри ар езыр тезгъэужу и гур нэхъ щабэ зэрысщIын IэмалкIэ сыкъыхуеуэу щIэздзащ:

– Къысхуэгъэгъу, Хьэбалэ. Сэ узгъэIущыжыну уэ нэхърэ сынэхъ губзыгъэкъым, – жысIащ сэ. – Ауэ фи нысэр къызэрысщыхъуращи, а сэ слъэгъуам уемыкъуэншэкIмэ, езыри къокъуэншэкIынукъым. Ауэ хуэмыфащэ жепIэмэ, леи зытримыгъэхьэну ари ерыщ цIыкIуу къыщIэкIынщи, дауэ щымытми, иджыпсту ар зэрыт щытыкIэр, щIэтамэкъкIэщIыр, хэт нэхъри нэхъыфIу уэ езым къыбгурыIуэжын хуейщ. Сыту жыпIэмэ, сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, ар и закъуэу мы къалэм къакIуэу къызэрыдэтIысхьэрэ мазэ зытхухым щIигъуащи, а зэманым къриубыдэу е езыр, е и сабийр дауэ щыту пIэрэ жыфIэу, иджыри къыздэсым фэ зыри абы фыкъыщIэупщIакъым. Пэжкъэ, Хьэбалэ?

– Уэлэхьи, мис ар пэжмэ, Сохъустэ.

– АтIэ ар щыпэжкIэ, иджы а Iуэхум захуагъэ хэлъу дегупсысу щытмэ, абы иужькIэ, «Лерэ IэплIэешэкIкIэ къытпемыжьэу е хабзэм тету димыгъэхьэщIэу, мыхъумыщIэу зыкъытхуищIащ, къытпэпсэлъэжащ», жытIэу дэ абы дыщIыхуэшхыдэн щхьэусыгъуэ диIэу сэ къэслъытэркъым.

Абдежым Хьэбалэ хэгупсысыхьауэ къызэплъри, и щхьэр ищIурэ жиIащ:

– Хъунщ, Сохъустэ, а жыпIа псомкIи сыарэзыщ. Ауэ сэ схуэмышэчар, а зэпыту кIуэн сурэтым сыщытепсэлъыхьым, абы къызитыжа жэуапыращи, дауэ къыпщыхъуа уэ ар?

– Сэ ар къызэрысщыхъуаращи, мис а иджыри къэс фызэрыщIэмыупщIам зэрырибампIэм къыхэкIыу, ар езыри емыгупсысу апхуэдэу жиIауэ аращ, ахъумэ абы нэгъуэщI зыри кърихагъэнукъым. ИтIанэ мы зыри зэгъащIэт, Хьэбалэ. «Искусствэм и къарур инщ» жыхуаIэращи, уэ ди зэманымрэ ди хабзэмрэ къыпхуемыгъэкIуу укъигъэуIэбжьа щхьэкIэ, а сурэтым пщIэшхуэ хуэзыщIу, уеблэмэ зи гур хигъахъуэу ар фIыуэ зылъагъу куэд ноби щыIэщ. Ауэ щыхъукIэ, фи нысэм, езыми зэрыжиIащи, ар игу ирихьыр пэжу щытмэ, «А сурэтыр сыт фIыуэ щIэплъагъур?» – жытIэу, дэ ар дгъэкъуэншэну хуитыныгъэ лъэпкъ диIэкъым.

– Хьэуэ, Сохъустэ, сэ уэ тэмэму сызэхэпщIыкIыркъым, – мыарэзыуэ къысхуеплъэкIащ Хьэбалэ. – «ЦIыхур къигъэщIри зэблигъэщIыкIыжащ» жыхуаIэр зэрыпэжыр мызэ-мытIэу зыгъэунэхуа сэ, а зи гугъу пщIыхэм а сурэтым кIэралъэгъуауэ фIыуэ щIалъагъур сыт, жысIэу аракъым си псэм темыхуэр, атIэ сэ сфIэгъэщIэгъуэну сыщIэбампIэр, «Си щхьэгъусэм и лъэныкъуэкIэ зыгуэр къакIуэрэ мыр ялъагъумэ, сыт жаIэн?» – жиIэу абы емыгупсысу, цIыхухъум и щхьэр пиупщIу абы теувэжауэ тет а куэ пцIанэшхуэр абдеж къызэрыфIилъхьаращи, абы иужькIэ ди нысэр захуэу, уэлэхьи, сэ уэ жызумыгъэIэн! А зиунагъуэрэ, адыгэ унагъуэ ущапIауэ, цIыхубз дахэщ жыпIэу, апхуэдэ сурэт уIуплъэу, ари ущыжей уи пIэм деж

фIэбгъэлъын жыхуэпIэр дауэ къыпщыхъурэ? Уэлэхьи, Сохъустэ, уэ сыт хуэдэу ухуеймй егупсыс, ауэ сэ сызэрыцIыхухъуу сыщымэхъэшам абы.

Абдеж сыт жызмыIэми, Хьэбалэрэ сэрэ ди Iуэху еплъыкIэр зэрызэтемыхуэнур фIыуэ къызгурыIуат. Ауэ, езым жезмыIэ щхьэкIэ, Хьэбалэ сызэрителъхьэу сэри къызгурымыIуэр, «ер вы бжьакъуэм къокI» жыхуаIэм ещхьу, и щхьэгъусэм и Iыхьлыхэм зыми яфIэфI мыхъуну а сурэтыр къищэхуу, Лерэ и унэ блыным фIидзэнкIэ щIэхъуар, Алим къакIуэрэ ар илъагъумэ, нэхъри бэмпIэнщ, жиIэу армырамэ, нэгъуэщI зыхуэсхьынур сщIэртэкъым.

– Догуэ, а зи гугъу тщIым апхуэдэу щIищIауэ абыкIэ и мурадыр, мыр ялъагъумэ, сэ цIыхухъум унафэ хуэсщIу, абы и пщэдыкъым сыдэсу фIэкIа сыпсэуну сызэрыхуэмейр къагурыIуэнщи, нэхъри абы игъэбэмпIэнхэщ, жиIэу арауэ пIэрэ? – а дакъикъэм сызэгупсысыр къищIам хуэдэу, къысхуеплъэкIащ Хьэбалэ, икIи жысIэнум пэмыплъэу, и упщIэм езым жэуап иритыжу адэкIэ къыпищащ: – Арауэ щытмэ, ар бзаджэнаджэми къыщымынэу, акъылыншэ гуэрщи, деплъынщ абы и ерыщагъым фIы къыхуихьмэ!

– Хьэуэ, Хьэбалэ, апхуэдэу гурыщхъуэ пщIыуэ гуэныхь къыумыхьи нэхъыфIщ. Iуэхур а уэ жыхуэпIэм хуэкIуэу щытмэ, абы щхьэкIэ зикI умыгузавэ. Уи къуэшым, и пщэдыкъ щыгъэтауэ, и лъэдакъэм узэрытримыгъэувэнур хэт нэхъри нэхъыфIу сэ сощIэ. Ауэ фи нысэм нэхъ бзаджэ щымыIэми, абы къыфхуилъхуа хъыджэбз дыгъэ цIыкIум и хьэтыркIэ зыгуэр дэвмычыхыу хъунукъым. Уэ езым апхуэдэ зыгуэрхэм я гугъу щащIым деж, уи псэлъафэ дыди, «Мыщэр лъхуэри, дыщэ къилъхуащ. Ауэ щыхъукIэ, дыщэм и хьэтыркIэ мыщэри хъумэн хуейщ», – жыпIэу.

Мо къызэщIэплъа лIышхуэр нэхъри зэрызгъэупщIыIужын IэмалкIэ, а щIыкIэм тету сыщеущием, Хьэбалэ, хьилагъэ хэлъу къызэплъри, къызэупщIащ:

– Догуэ, Сохъустэ, а узыщеджэм мы дызытепсэлъыхьхэм хуэдэ Iуэхугъуэ гуэрхэм фыщыхурагъаджэу пIэрэ фэ?

– НтIэ, зиунагъуэрэ. Апхуэдэхэм ухурамыгъаджэу судыщIэ ухъурэ? – сехъурджауэу жэуап естыжащ сэ Хьэбалэ.

– Уэлэхьи, судыщIэ уэ умыхъункIэ сэ сымышынэт, – къысхущIэплъащ ар аргуэру, ауаныщIу къыпыгуфIыкIыурэ. – Ауэ къызжеIэт, Сохъустэ. Зэрышахэ нэужь, зэман гуэр зэрыдэкIыу, зэгурымыIуэжхэу апхуэдиз зэбгъэдэкIыжым теухуауэ а фезыгъаджэ ученэхэм езыхэм сыт жаIэр?

– ЖаIэращи, абыхэми ар хуабжьу ягу къеуэу, игъэпIейтейуэ куэдрэ топсэлъыхь а Iуэхум. ИкIи ар нэхъ мащIэ хъун папщIэ, лэжьыпхъэхэм теухуауэ Iэджи ятх. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, зэбгъэдэкIыжхэм я бжыгъэр абы щхьэкIэ зыкIи нэхъ мащIэ хъуркъым. СудыщIэхэми яхузэфIэкIыращи, развод зэзытхэм щIегъуэжа къахэкIмэ, гуфIэу, я Iэ-я лъэр щIадзу ахэр зэрагъэкIуж. Ауэ сабий зиIэу алимент зытыну хуэмейхэр жэуапым ирашалIэу, шынагъэкIэ ар ирагъэпшын е мазэ бжыгъэ тралъхьэу ягъэтIыс, ахъумэ нэгъуэщI зыри яхуещIэркъым.

– Абы зэрахуемыщIэIар сэри сощIэ. Ауэ сэ сыщIэбампIэращи, апхуэдиз зэрышэ зэбгъэдэкIыжхэм яхуэгъэзауэ: «ЦIыху хуэдэу, дахэ-дахэу фызэдэмыпсэунумэ, емынэм фызэрихуэркъыми, фIыуэ фызэрымылъэгъуауэ икIи фIыуэ фызэрымыцIыхуауэ фызэрымышэ! Фызэрышакъэ, фэращ зэхуэарэзыуэ нэчыхьым Iэ тезыдзари, щхьэр куэдрэ фымыгъэузу фызэгурыIуэ! Арыншамэ, фэ фхуэфащэращи…» – жаIэу, шыбжийм хуэдэу сыру, ди Къэрал Думэм щIэс депутатхэм зы хабзэ ткIиижьыфI къыдагъэкIамэ, нэхъыфI мыхъуну пIэрэт а Iуэхур? Дауэ уеплърэ уэ абы, Сохъустэ?

– Сэ абы сызэреплъраращи, – жысIащ сэ, – а уэ узэригугъэм хуэдэу, ар

«ура!» жыпIэу ухэлъадэу, унафэ гуэр къыдэбгъэкIкIэ занщIэу зэфIэкIыну Iуэху къызэрыгуэкIкъым, атIэ ар гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэрэ зэман кIыхьрэ зытекIуэдэн хуей Iуэхугъуэ инщи, ди къэралым ар къехъулIарэ ди цIыхухэм я псэукIэр тэрэз хъужауэ Тхьэм дигъэлъагъу!

– Тхьэм жиIэ, Сохъустэ! УижыIауэ, абы лэжьыгъэшхуэрэ зэманышхуэрэ темыкIуадэу зэрымыхъунур, дауи, гурыIуэгъуэщ. Ауэ сэ къызгурымыIуэр – псоми ящхьэжу, ди къэкIуэнур зэлъыта щIалэгъуалэм яхуэгъэзауэ, зы хабзэ гуэрым тету, мы ди къэралым гъэсэныгъэ лэжьыгъэ пыухыкIа гуэр зэрыщрамыгъэкIуэкIыращи, мы иджыпсту зэрыщытым хуэдэу декIуэкIыурэ а Iуэхур хэдгъэтIасэмэ, ар ди тхьэмыщкIагъэ къудейуэ къэмынэжу, дыIэбэмэ дылъэмыIэсыжу дызыхущIегъуэжын щыуагъэшхуэу сэ къызолъытэмэ, уэлэхьи!

КъызэщIэплъауэ апхуэдэу жиIэу, Хьэбалэ къыщысхуеплъэкIкIэ, ар а Iуэхум тэмэму зэрегупсысыр си гуапэ хъуауэ, сэ сыщотхъу:

– Бетэмал, уеджауэ щытамэ, щIэныгъэлIми укъыщымынэу, политик Iэзи ухъунут уэ, Хьэбалэ.

– Политикэм сэ хэсщIыкIыр мащIэмэ, уэлэхьи, Сохъустэ, – къетыж Хьэбалэ жэуап, сызэрыщытхъуар и гуапэ хъуауэ. – Ауэ, къыщыдгъэхъеякIэ, а Iуэхум теухуауэ пэж бжесIэнщи, иджыпсту зэманым, мис а ди Къэрал Думэм загъэбэлыхьхэу, куэд Iей ящIэ я гугъэжу, жьэрыIэзэ-Iэпэзадэ жыхуэтIэхэм хуэдэу, щIэс политик псэлъэрейхэм нэхърэ Iэ тедзэжыкIэ зымыщIэу щыта ди лIыжьхэр IэджэкIэ нэхъ губзыгъэхэу икIи къэхъункъэщIэнухэр нэхъ къащIэфу, куэдкIэ япэкIэ плъэфхэу щымытамэ, Тхьэр согъэпцI!

Арати, сызэримыгугъауэ, аргуэру си гур зыгъэзэгъа си псэлъэгъум срителъхьэу, «Уэлэхьи, абыкIи узахуэмэ уэ, Хьэбалэ, – жызоIэ сэ. ИкIи абдежым абыи и Iуэху еплъыкIэр зэрыпэжым сигу къигъэкIыжа Расул Гамзатовым и усэ хьэлэмэт «Старые горцы» зыфIищам сыкъыщыхуеджэкIэ, ар езыми хуабжьу игу ирихьауэ, абы къытрегъэхъеикIри, дыкъэсыжыхункIэ ди къуажэ лIыжьхэм къаIуэтэжу игу къинэжа гъэщIэгъуэн Iэджэми срегъэдаIуэ. Дауи, а псори сэркIэ щIэщыгъуэт икIи гъэщIэгъуэнт. Ауэ сыт хуэдизу сыдихьэхауэ абыхэм семыдаIуэми, Хьэбалэ сэрэ ди мурадар къыдэмыхъулIауэ дыкъызэрыкIуэжыр хуабжьу си жагъуэти, сэ сэщхьыркъабзэу, си псэлъэгъуми ар игу къызэреуэм шэч къытезмыхьэу, жызоIэ:

– Хьэбалэ, иджыри къэс дызытепсэлъыхьахэри хъарзынэщ, ахэр сэ дерс схуэхъунщ. Ауэ ныщхьэбэ уэрэ сэрэ ди дежкIэ нэхъапэр мы дыкъыздикIыж фи нысэм и Iуэхуращи, абы теухуауэ адэкIэ тщIэнум иджыпсту демыгупсысмэ, дынэсыжа нэужь, ЖанIэфI жэуапу еттыжынур сыт? «НысащIэр зыщIэс пэшым и блыным мыпхуэдэ сурэт фIэдзауэ дрихьэлIати, абы щхьэкIэ дызэгуэпри къэтшэжакъым», – ара уи анэм жетIэнур?

– Ей, джаур, уэри уэ! – ауанызщIу къысхущIэплъри, и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Хьэбалэ. – А жыхуэпIэ нанэ а сурэтыр езгъэлъагъуу, абы иужькIэ зэрызищIым уэ езыр уезгъэплъыжащэрэт.

– Хьэуэ, Хьэбалэ. ИгъащIэкIэ сэ зыри жызмыIэми, уэ егупсысыт, «къущхьэм кIуэри къэкIуэжащ» жыхуаIэм ещхьу, мы ныщхьэбэ дэ ди къэкIуэжыкIэр екIурэ-тIэ?

– Хъунщ, хъунщ, Сохъустэ. Сэ фIыуэ къызгурыIуащ уэ укъыщеуэр. Ауэ ныщхьэбэ къуэншар сэрамэ, къысхуэгъэгъу. Апхуэдэу сызэрышхыдэм щхьэкIэ уэ уи гугъэу къыщIэкIынщ сэ зыри къызыгурымыIуэ сыгущIэгъуншэ гуэру. Хьэуэ, тIасэ. Сэ фIыуэ къызгуроIуэ абы и Iуэхур зэрымытыншыр. Алъандэрэ дызэрыкIэлъымыкIуам щхьэкIэ зыкъызэрытхуигъэгусэри, къызэрытхузэгуэпри сощIэри, сэ ар сфIэгуэныхьи мэхъу.

Ауэ «Сэ жысӀа закъуэр щхьэ мыхъурэ? Сэ сызэрыхуеймхуэдэу си лӀыр щымыту махуэпс сефэу мы дунейм сытетынкъым», – жыпӀэу, уцӀыхубз цӀыкӀуу, апхуэдэ дыдэу уинат хъун?

– А зи гугъу пщӀы инатыгъэмкӀэ уи къуэшми ауэ мытӀэкӀуфэкӀуу езым и Ӏыхьэ иӀыгъыжу си гугъэщ, Хьэбалэ.

– ИӀыгъыж къудей мыхъуу, шыдым хуэдэу нэхъ ерыщыжыр аращи, езым мыкъуаншэу зыщилъытэжым деж, абы и щхьэр зэрыпхуигъэщхъын щыӀэкъым. ЗымыщӀэм, дауи, дэ абыхэм зыгуэркӀэ декъуэншэкӀыу, зэгурыдмыгъаӀуэу къащыхъункӀэ хъунщ. Ауэ «фызэрыгъуэту фыщызэрышакӀэ, фызэгурыӀуэ, фызэдэпсэу», яжетӀэ мыхъумэ, мы дунейм теткъым дэ абыхэм япэдубыд, Сохъустэ.

– А жыпӀэр зэрыпэжым сэ зыкӀи шэч къытесхьэркъым, Хьэбалэ. Ауэ итӀани, а Ӏуэхум зы Ӏэмал гуэр хэлъхьауэ, а тӀур икӀэщӀыпӀэкӀэ зэмыгъэкӀужауэ хъунукъым. Аращи, дауэ иджы адэкӀэ зэрытщӀынур?

– ЗэрытщӀынурарщи, иджыри къытызогъэзэжри, ныщхьэбэ къуэншар сэрамэ, мы зэм сэ нанэ щхьэусыгъуэ гуэр къыхуэзгъуэтынщ. Ауэ зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкӀыу уэрэ сэрэ аргуэру мы дыкъыздикӀыжым тыдогъэзэжри, хэт ищӀэрэ, а зэпыту кӀуэн сурэтыр фӀихыжауэ дрихьэлӀэмэ, и насыпщи, нэгъуэщӀ зы щхьэусыгъуи едмыгъэщӀу дахэ жыдоӀэри къыдошэж. Ауэ зэгъащӀэ, Сохъустэ: а сурэтыр фӀимыхыжауэ етӀуанэу дэ абы дрихьэлӀэу щытмэ, абы и ужькӀэ ар, ерыщми къыщымынэу, акъылыншэу аращи, Алыхьу лъапӀэм и цӀэкӀэ соӀуэ, сыпсэуухункӀэ сэ абы и Ӏуэху сыхэмыхьэжын!

КъызэщӀэплъауэ апхуэдэу тхьэ щиӀуэжу, абдежым ди куэбжэпэм сыӀузышэжа Хьэбалэ, нысхуеблэгъэн имыдэу, си Ӏэр къыщиубыдыжым, сэри ар нэхулъэфӀ къекӀыну сехъуэхъури, абы къыфӀэзмыгъэкӀыу и машинэм сыкъикӀыжащ. Ауэ абы иужькӀэ зы тхьэмахуэ нэхъ дэдмыхыу, дызэрызэгурыӀуам дытету, етӀуанэу зи деж дыкӀуа Лерэ, япэм хуэмыдэу, нэхъ гуапэу къыщытӀущӀэм, атӀэми Хьэбалэ апхуэдизу Ӏуэху ищӀа сурэтыр фӀихыжауэ дыщрихьэлӀэм, сэ ар си гуапэ хъуауэ, «армыраи хабзэр, зиунагъуэрэ», жысӀэщ сигукӀи, нысащӀэм фӀыщӀэ хуэсщӀу, нэхъ нэ лейкӀэ сеплъащ. Ауэ сэри схуэмыдэжу, ар зи гуапэ дыдэ хъуауэ, сабийм хуэдэу, абы щыгуфӀыкӀыпэр Хьэбалэти, мо лӀы пӀащэшхуэр зэуэ щабэ къэхъужу и щытыкӀам занщӀэу зэрызихъуэжар зэрызгъэщӀэгъуэнур сымыщӀэу сыкӀэлъыплъырт.

– Плъагъурэ, Сохъустэ, – жиӀэрт абы, и макъыр нэхъ лъахъшэ ищӀарэ, япэм хуэмыдэу иджы нэхъ гумащӀэу дезыгъэблэгъа я нысэр здыщӀыхьа пщэфӀапӀэмкӀэ плъэурэ. – Дауи щрети, зэпыту кӀуэн а сурэтыр щыфӀихыжакӀэ, абы къикӀыр – а зы пщыхьэщхьэ жесӀахэм егупсысыжри, Ӏичрам къихьыжауэ, сызэхищӀыкӀауэ аращи, сэри дяпэкӀэ, Алыхьым жиӀэмэ, Ӏэмал згъуэту абы и жагъуэ сщӀыжынкъым.

– Упсэу, Хьэбалэ. Мис иджы арэзы сыкъэпщӀащ, – зызгъэдадэкъуапэу, сэ схуэдиз хъужауэ къуэ зиӀэр згъэӀущыж нэхъей, а жиӀам сригуфӀэу жэуап естыжащ сэри абы. – Зы мыхьэнэ зимыӀэм щхьэкӀэ ерыщу зэпэщӀэувэхэу уи къуэшымрэ абырэ гугъу щызэрегъэхь зэзэмызэхэм деж уэ ахэр сыт щыгъуи зэбгъэкӀужыфыну ущытын хуейщ.

– Умыгузавэ уэ, Сохъустэ. Алыхьым жиӀэмэ, ар сэ сщӀэнщ дяпэкӀэ. Ауэ уэ иджыпсту кӀуэи, а машинэм къиднахэр къэхь мыдэ.

Арати, Хьэбалэ и унафэр згъэзащӀэу, Алим ипхъу цӀыкӀум къыхуэтщэхуа къупщхьэ гуащэ зи щхьэцыр гуакӀуащэу ухуэнамрэ Лерэ щхьэкӀэ къыздэтщта кӀэнфет коробкэшхуэмрэ, зы коньяки ящӀыгъуэжу сӀыгъыу сыщыщӀыхьэжам, дэ дызэрыкӀуэнур ищӀэу къыдэжьэу щысам ещхьу, псори зи хьэзыру къыщӀэкӀа нысащӀэм и Ӏэнэр берычэту къигъэувагъэххэти,

ар нэхъри зи гуапэ хъуауэ, зи Iупэхэр зэтемыхьэжу къыпыгуфIыкIыу щыс Хьэбалэ сэ занщIэу зыкъысхуигъэзащ:

– Ланэ цIыкIу мэжейри, езыр-езыру къэушыхункIэ и гугъу тщIынкъым. Ауэ иджыпсту ди бжьэ зэрыз игъахъуи, ди нысэм къеджэ мыдэ. ИкIи афIэкIа нэгъуэщI зыри къимыхьыну жеIэ. Ирикъунщ абы къытригъэувар.

А дакъикъэм, сэ пщэфIапIэм сыкIуэну сыхунэмыс щIыкIэ, нысащIэр салат тепщэчитI иIыгъыу Iэнэм къыщыбгъэдыхьэжым, угъурлы нэгу зиIэ мо лIы пIащэшхуэр зэрылъагъугъуафIэм нэхърэ нэхъ лъагъугъуафIэж хъуауэ, бжьэ игъэхъуар къиIэтри, салатыр Iэнэм къытезыгъэувэу, щэныфIэу икIуэтыжа я нысэм зыхуигъэзащ:

– Лерэ, зэ уIумыкIыжу моуэ къызэтеувыIи, уи щхьэгъусэм, и къуэшым хуэдэу, фIыуэ илъагъуу и ныбжьэгъуфI мы щIалэмрэ уэрэ зэхэфхыу тIэкIу сыпсэлъэнущ икIи сыхъуэхъуэнущи, тIури фIыуэ фыкъызэдаIуэ мыдэ. Япэрауэ, мыпхуэдэу дахэу, берычэту къытхуэбгъэува уи Iэнэм папщIэ ину фIыщIэ пхузощIри, уи ерыскъыр сыт щыгъуи Тхьэм игъэбагъуэ. ЕтIуанэрауэ, зы пщыхьэщхьэ дэ тIум нэхъ къуэншар хэт жыпIэмэ, шэч хэмылъу, сэращи, ар къыщызгурыIуэжакIэ, къытедгъэзэжу абы дытепсэлъыхьыжынкъым. Ауэ иджыпсту сэ жысIэну сызыхуейращи, нысэ къэзышауэ, е зипхъу яшауэ, гува-щIэхами, зы псалъэмакъ гуэр къызэрымыхъуэ унагъуэ щыIэу е къэхъуауэ си фIэщ схуэщIынукъым. Ауэ, пэжщ, апхуэдэхэм деж, а зыгуэркIэ зэщыIеяхэм яку къихъуэ хабзэ псалъэмакъыр, нэхъ шыIэныгъэ зыхэлъхэм я унагъуэм ирамыхыу, мис а урыс псалъэжьым дахэу къызэриIуатэм тету… дауэт абы зэрыжиIэр?

– «Не выносить сор из избы» жыхуаIэрагъэнщ уэ зи гугъу пщIыр, Хьэбалэ?

– Тэмэм! Упсэу, Сохъустэ! АтIэ, мис а псалъэжь Iущым и хабзэм тету, нэхъыбэм я кум къихъуэ хабзэ псалъэмакъыр унэм ирамыхыу икIи цIыхум зэхрамыгъэхыу зэтрауIэфIэжри, зыри къэмыхъуа хуэдэ, зыхагъэгъуэщэж, ахъумэ я нэхъыфI дыдэщ жыхуаIэ унагъуэм къыщыщIэдзауэ я нэхъ икIэ дыдэм и деж щиухыжу, иджыри къытызогъэзэжри, зы псалъэмакъ гуэр къызэрымыхъуэ, е гукъеуэ гуэр зимыIэ унагъуэ уэ къэгъуэти, уэлэхьи, мы си щхьэр позмыгъэупщIым. Пэжкъэ мы сэ жысIэр, Сохъустэ? Апхуэдэукъэ а Iуэхур зэрыщытыр?

– Уэлэхьи, апхуэдэум зэрыщытыр. ИкIи пэж дыдэм а жыпIэр, – сыдожьу сэри Хьэбалэ.

– Пэжмэ-тIэ, сэри абыкIэ жысIэну сызыхуейр, зыгуэркIэ зэгурымыIуэу зэпикIуэту, зыкъомрэ гугъу зэрегъэхьахэу я щыуагъэр къагурыIуэжа нэужь, нэхъ щIэщыгъуэу икIи нэхъ IэфIыжу зэдэпсэун щIэзыдзэж Iэджэ щыIэщи, мис абыхэм хуэдэу, мы ди нысэ дахэкIейуэ, дызэрымыщIэныгъэм къыхэкIыу зы пщыхьэщхьэ сэ зи жагъуэ сщIамрэ а си къуэш, шыдым хуэдэу ерыщу, зи цыр тещыкIын хуеймрэ я кум дяпэкIэ зэгурымыIуэныгъэ къимыхъуэжу, зэнэзэпсэу зэдэпсэу хъужахэу слъагъуну си нэ къыхуикIыу, абыкIэ сыхъуахъуэу мы бжьэр соIэтри, Алыхьым си хъуэхъур къабыл ищIыну солъэIу!

– Тхьэм жиIэ, Хьэбалэ! – сыгуфIэу соIэт сэри сIыгъ фадэбжьэр.

Арати, си гур игъэзагъэу губзыгъэу псалъэу, хъуэхъу дахэ абы тежызыIыхьыжа Хьэбалэ, сыт щыгъуи зэрыфIэфIым хуэдэу, изу хуизгъэхъуа фадэбжьэр ткIуэпс къримынэу щрифым, сэ си гугъат, абы иужькIэ куэд кърымыгъэкIуэкIыу, дызытекIухьа Iуэхум ар кIэщIу иужь ихьэну. АрщхьэкIэ иджы хуэдэу гукъыдэжыфI иIэу куэд щIауэ сымылъагъужа си ныбжьэгъур кIуэ пэтми нэхъри къызэрыкIыурэ езым зэрыфIэкъабылым тету иригъэкIуэкI мыхъумэ, дызытекIухьам и гугъу лъэпкъ зэкIэ и псалъэмакъым къыхигъахуэртэкъым.

– Иджыпсту, Лерэ, уи жьэкIэ жумыIэфми, уигукIэ, апхуэдизу дэ дызэгурыIуэу дызэдэпсэуну фыхуейр пэжмэ, дауэ щыту пIэрэ мыхэр, жыфIэу, иджыри къэс зыгуэр сыту фыкъыкъуэмыкIарэ, къытхужыпIэу, гукъанэ къытхуэпщI къудей мыхъуу, дэ дыкъуаншэу къызэрыплъытэри, си къуэшым узэрыхузэгуэпри сэ фIыуэ къызгуроIуэ. Сыту жыпIэмэ, уэ уи пIэм ит дэтхэнэ зыри, а Iуэхум зэреплъынури зэрегупсысынури апхуэдэущ. Ауэ, пэжыр бжесIэнщи, дэ иджыри къэс дыкъыщIыкъуэмыкIам и щхьэусыгъуэр утщыгъупщэжауэ хьэмэрэ укъытфIэмыIуэхужу дежьэжауэ арауэ уи мыгугъэ, си псэм хуэдэ. Уи гугъэн щыгъэтауэ, мы къалэм укъызэрыкIуэрэ ди анэм и жьэр ткIэримыгъэкIыу: «Сэ арэзы сыкъэфщIынумэ, Алыхьри цIыхури фызогъэлъэIу фыкIуэу нысащIэмрэ сабиймрэ я Iуэхур зытетыр зэвгъэщIэну. ИкIи зы Iэмал гуэр иIэххэу щытмэ, икIэщIыпIэкIэ ахэр къысхуэфшэжыну», – жиIэу махуэ къэс къыдэмылъэIумэ, ялыхь, сыкъыздикIам сынумыхьэсыж!

Апхуэдэу тхьэ щиIуэжу абдежым Хьэбалэ и псалъэр щызэпигъэум, сэ къызэрысщыхъуамкIэ, Лерэ и чэзу дыдэу икIи икъукIэ къезэгъыу къэпсэлъащ:

– Сэ мамэ зыкIи згъэкъуаншэркъым. Сабийм щхьэкIэ абы имыщIэн зэрыщымыIэри фIыуэ къызгуроIуэ. Ауэ, уигу къеуэр сыт жыпIэмэ, мыбы сыкъызэрыкIуэрэ мазэ еханэр йокIуэкIри, апхуэдиз зэманым къриубыдэу, нэгъуэщI мыхъуми, ди сабийр зэзгъэлъагъунщ, жиIэу, уи къуэшыр зэ къызэрыкъуэмыкIаращ. Дауэ къыпщыхъурэ ар? ЛIыгъэу къэплъытэрэ?

– Сэ ар лIыгъэу къэслъытэркъым, Лерэ. Ауэ «ерыщым щыту зегъалIэ» жыхуаIэр зытражыIыхьар, шэч хэмылъу, мис а си къуэш къэгъэшыгъуейм хуэдэ зыгуэрщи, абы, езым гугъу зригъэхьыж къудейм и мызакъуэу, дэри, плъагъуркъэ, бэлыхь дыхигъэтщ. АтIэ, арати, дэри зыри хэдмыщIыкIыу, уэри зыри къыджумыIэу мыбы укъыщыIэпхъуам щыгъуэ, «Къэхъуар сыт?» – жытIэу хэдгъэзыхьа а уи щхьэгъусэм езыми мыкъуаншэу зилъытэжу къыщыувым, «ЕIмэ-еI, пэж дыдэу, Лерэ занщIэу зыкъызэкъуипхъуэту апхуэдэу имыщIу, зыгуэркIэ къыдэчэнджэщамэ, сыт ягъэ кIынт?» – жытIэри, ар ди жагъуэ хъуауэ, иджыри къэс дэ уэ зыпхуэдгъэгусам пцIы хэлъкъым. Ауэ, дауэ мыхъуами, сэбэпагъ пылъу, дерс къыхэпх хъуну мы Iуэхум сэ хэслъэгъуаращи, апхуэдэм деж, фэ фхуэдэу зэрышагъащIэу, гъащIэм иджыри фIыуэ хэзымыщIыкI ныбжьыщIэхэм я кум псалъэмакъ къихъуауэ, е зэгурымыIуэныгъэ гуэр къыдэхъуауэ щалъагъукIэ, языныкъуэхэм гукIи псэкIи узыхащIэу къыпщхьэщыжми, нэхъыбэм дахэ къыбжаIэ, уафIэгуэныхь хъууэ зыкъыпщагъэхъуурэ, уи Iуэхур зэIыхьауэ зэралъагъуу, кIэбгъу защIыжынурэ, къыпщыдыхьэшхыу емыжьэжынумэ, Тхьэр согъэпщI!

«ТIэкIу сыхъуэхъуэнущ икIи сыпсэлъэнущи», – жызыIэу къезыгъэжьа Хьэбалэ и псалъэр, тIэкIуми къыщымынэу, кIыхьыщэу зэриукъуэдийр нэрылъагъуми, жиIэхэм мыхъун хэмыту, ущие дахэ хэлъу зэрыпсалъэм, зы лъэныкъуэкIэ сэ сригуфIэрт. Ауэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, а къомыр къызыхуригъэкIуэкI я нысэр, япэу дыкъыщыкIуам пхъашэIуэу къызэрыпэпсэлъэжар си гум илъти, аргуэру Хьэбалэ иригъэлейрэ дызыхуэмей псалъэмакъ яку къихъуэмэ, жысIэу абы тIэкIу сытешыныхьым пцIы хэлътэкъым. Ауэ, симыгугъауэ, Хьэбалэ абы и лъэныкъуэкIэ езыри зыхуэсакъыжу, уеблэмэ нэхъыбэм ар Лерэ зэрителъхьэр нэрылъагъуу, зэкIэ ущIэгузэвэн щымыIэу, псори хьарзынэу екIуэкIырт. Арати, жиIэм тхьэ щиIуэжурэ езыкъутэкI Хьэбалэ зэпигъэуа и псалъэр иримышэжьэж щIыкIэ, алъандэрэ Iэдэбу абы едэIуа Лерэ, «иджы сэ къыслъыс хъунумэ...» жыхуиIэу, япэ щIыкIэ и пщыкъуэм еплъщ, итIанэ сэ къысхуеплъэкIыжри къригъэжьащ:

– Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, а иджыпсту узытепсэлъыхьар

зэрыпэжымкIэ сэри щыхьэт сыхъуфынущ, сыту жыпIэмэ, зым зы къызжиIэу, адрейм нэгъуэщIым сригъэдаIуэу, сэр дыдэми згъэунэхуащ ар. Ауэ иджы Iущ сыхъуащи, дяпэкIэ, уи жыIауэ, абы дерс къыхэсхын мыхъумэ, апхуэдэ IуэхукIэ зыми зыкъезгъэгъэпцIэжынкъым. Мыдрейуэ, сэ занщIэу зыкъэспхъуатэу мыбы сыкъэIэпхъуэн хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэм и гугъу тщIымэ, а махуэм уи къуэшым сыт жезмыIами, зыкIи сыхэмызагъэу, сыкъыгурымыIуэу, Iейуэ сызэригъэбэмпIам къыхэкIыу, си Iуэхур зытетыр зэрыфхуэзмыIуэтамкIэ, дауи, сэри сыкъуаншэщ. Сыту жыпIэмэ, сэ си гугъащ Iуэхур зытетыр езым къывжиIауэ, фэ абы фыщыгъуазэу. Ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, уи шынэхъыщIэм, ар емыкIу зыпылъ лIыгъэншагъэу къилъытагъэнти, абы теухуауэ къывэчэнджэщыну, зыкъывигъэщIэну – ар дыдэри и щхьэм хуигъэфэщакъым. Пэжщ, ар къызэрыгъэшыгъуейри, езым жиIам зэрыпхутемыкIынури сэ фIыуэ сощIэ. Ауэ абы и мызакъуэу, дэр дыдэхэми зыдумысыжу щытмэ, тфIэфI-тфIэмыфIми, а инатыгъэ тIэкIур тхэлъщ, икIи тхэмылъуи хъуну къыщIэкIынкъым, сыту жыпIэмэ абы сэ сызэреплъыращи, уэ мурад дахэ гуэр пщIауэ ар щызэбгъэхъулIэнум деж, мис абы ерыщу ухущIэкъуныр хъарзынэщи, ар сэ содэ. ИтIанэ, языныкъуэхэм деж, апхуэдэ куэдрэ гъащIэм къыщохъу, пхуэмышэчыным хуэдизу гугъуехь гуэр къыщыплъыкъуэкIам деж, уи щхьэм пщIэ зэрыхуэпщIыжыр къэбгъэлъагъуэу, укъэмыдзыхэу, шыIэныгъэ пхэлъу абы упэщIэтыныр – лIыгъэщи, мис ари сэ къызощтэ. Ауэ, уи къуэшым зэрищIым хуэдэу, къыщезэгъми-къыщемызэгъми, «ЗыплIэжам, сэ жысIэм сытекIынукъым!» – жыпIэу, зыми зыкIи худэпчыхыну уи мымураду, уэ а ерыщагъыр зытебгъакIуэу щытмэ, тэмэму уэри иджыпсту зэрыжыпIащи, апхуэдэ инатыгъэм пщIэншэу гугъу уригъэхьын фIэкIа, и сэбэп къызэромыкIынур хьэкъщ. Сыту жыпIэмэ, «Сэ уи гъусэу къалэм сынакIуэу си напэр зытесхыжынукъым. АлейкIи а мыхъунухэр къысхуебгъэкIуэкIыу гугъу зумыгъэхьи нэхъыфIщ!» – жызыIэу а махуэм къыспэщIэува уи шынэхъыщIэм седаIуэу, мы иджыпсту сызыщIэс фэтэрыр къэзмыщтауэ щытамэ, иджы махуитI ипэкIэ, чэзур къыслъысу, зи IункIыбзэIухыр къызата унэ хъарзынэм сыхэкIыжауэ убж хъунут. Ауэ абы щыгъуэ, «Лерэ, илъэс етхуанэ хъуауэ узыпэплъэ унэм ухэкIыжыну ухуэмеймэ, уи щхьэгъусэмрэ уэрэ икIэщIыпIэкIэ къалэм фыкъэIэпхъуэу, мазэ зыбжанэкIэ мыбы фыщымыпсэууэ хъунукъыми, мы Iуэхум Iэмал зэриIэкIэ феужьэрэкIи, фэтэр къафщтэ», – жызыIэу сэ письмо нысхуэзытха ди профкомым и унафэщI осетин цIыхубзым фIыгъуэр къыхуищIэ. Арати, апхуэдэ щIыкIэкIэ, ауэ псом хуэмыдэу а зи гугъу сщIы цIыхубзым и фIыгъэкIэ, фэтэр хъарзынэ, пэшищ хъууэ къыслъысащи, мы фэтэр хьэхум сыкъызэрыщIэтIысхьэрэ гугъу сызэрехьа псори абы сщигъэгъупщэжауэ иджы ину сыщогуфIыкIыж.

– О-у, Лерэ! А зи гугъу пщIыр сыту хъыбарыфI! ИIэт-тIэ, Сохъустэ, щIэххыу езы Лери зы бжьэ къыхуигъахъуи, щыри дыщыту а унэщIэм теухуауэ сывгъэхъуахъуэт!

Арати, арыххэу Хьэбалэ къэтэджу, аргуэру си гур игъэзагъэу екIуу щыхъуахъуэм, сэри, «Уи хъуэхъур къабыл ухъуи, унэ угъурлы Алыхьым ар ищI!» – жысIэурэ сигукIи си псэкIи абы и хъуэхъур дэсIыгъащ.

– Иджыпсту зэманым къалэм унэ къыщыплъысын жыхуэпIэр – ар гуфIэгъуэшхуэщ, Лерэ, – фIыуэ тIэу-щэ зэдзэкъа салатым иужькIэ и Iупэр салфеткэкIэ илъэщIыжурэ, щэныфIэу Iэнэм и гупэкIэ къыщыт и нысэм хупыгуфIыкIырт Хьэбалэ. – Ауэ а къуата унэр щIыпIэкIэ зыхуэзэр дэнэ деж езыр? КъалэкIэмкIэ хьэмэрэ къалапщэра?

– Хьэуэ, къалапщэкъым икIи къалэкIэкъым, атIэ ди насыпым кърихьэкIыу, ди комбинатым щылажьэ цIыхубзищми къытлъыса пэшхэр зыхэтыр мис а бэзэрымрэ вокзалымрэ я гъунэгъуу щащIа, къатитхуу зэ-

тет унэ хужь дахэшхуэращи, псом хуэмыдэу автобус итIысхьэпIэмрэ бэзэрымрэ ар зэрапэгъунэгъум нэхъ дыщыгуфIыкIащ.

– Сыту фIыт, сыту фIыт, ярэби! АтIэ, Лерэ, дяпэкIэ, тенджыз Iуфэм зыгъэпсэхуакIуэ, нэгу зегъэужьакIэ дыкIуэнщ жыфIэу мурад щыфщIхэм деж фIэкIа, нэгъуэщI IуэхукIэ фэтэр къыщIэпщтэн щхьэусыгъуэ Тхьэм къимыгъэхъужкIэ. Иджы дяпэкIэ, Алыхьым жиIэмэ, фэращ хуитыжри, фэ нэхъ зэрыффIэфIым хуэдэу, чэзууэрэ къалэми къуажэми фыщыпсэунщ, зиунагъуэрэ!

– Дауи, а уэ зэрыжыпIэм хуэдэу хъутэмэ, ар хъарзынэт. Ауэ иджыри къэс и сабийм деж зэ къыкъуэмыкIыфа а уи къуэшыр фIырыфIкIэ къыпхуэкIуэн уи гугъэ уэ мыбы?

– КъэкIуэнщ, Лерэ. Хуэмыхъуу къэкIуэнщ. Сыту жыпIэмэ, лIыгъэм зригъэхьу, зыкъыдимыгъэщIэн и гугъэу алъандэрэ зишыIами, иджы а зи гугъу пщIы сабиймрэ уэрэ, узым хуэдэу, фыкъызэрефыкIыр и фэм къиIуатэу, абы и Iеягъ хъуар уэзгъэлъэгъуащэрэт! Пэжкъэ, Сохъустэ, мы сэ жысIэр?

– Пэж къудейуэ къэнэжыркъым, Лерэ, – щыхьэту сытоувэж сэри Хьэбалэ жиIам. – Ерыщ екIуауэ зигъэлIу, фи деж иджыри къэс къэмыкIуами, Ланэ цIыкIурэ уэрэ фIыщэу фыкъызэрилъагъур белджылыуэ, си ныбжьэгъум и теплъэм апхуэдизкIэ зихъуэжащ, жэщIаши, сыкъыщысыжа махуэм, езым зыкъезмыгъэщIа щхьэкIэ, мыр мыпхуэдизу щхьэ Iей хъуа, жысIэу, уэлэхьи, си гур щIэузам.

ФэрыщIагъ лъэпкъ хэзмылъхьэу жысIар къызэрыщыхъуар сщIэмэ си мыжагъуэу, абдежым Лерэ сеплъу, сызэримыгугъауэ, си псалъэхэм къагъэгумэщIа абы и нэхэм къыщIэува нэпсыр щыслъагъум, ерыщу зэрызэрылъагъур гурыIуэгъуэти, сэ абы сригуфIэу зызущэхужа мыхъумэ, адэкIэ зыри къыпысщакъым. Ауэ сэ сэщхьыркъабзэу, Лерэ къызэрыгумэщIам Хьэбали гу лъитати, абыи ар и гуапэ зэрыхъуар нэрылъагъуу, нэхъри къызэрыкIырт.

– Аращи, си псэм хуэдэ, минрэ инатми, а си къуэшым и шыгъур мы зы гъуэгум фIыуэ мыткIуамэ, сэ си Iуэхумэ, уэлэхьи, – жиIэрт абы, зыхуэарэзыжу къыпыгуфIыкIыурэ. – Ауэ «Iей мыхъу, фIы хъужыркъым» жыхуаIэращи, фи Iуэхур иджыри къэс сыт хуэдэурэ къемыкIуэкIами, дяпэкIэ, Алыхьым жиIэмэ, фэ фхуэдэхэр къывэхъуапсэу псори тэмэм хъужынщ. Пэжыр жысIэнщи, уи унэ къуатам и гугъу дымыщIамэ, мы иджыпсту бжесIэнум сытепсэлъыхьыну си мурадакъым, Лерэ. Ауэ зы тхьэмахуэ ипэкIэ Алим районым ираджэри, имыщIэххэу къулыкъу хъарзынэ къыхуагъэлъэгъуащи, гуныкъуэгъуэ имыIэу ар абы тэмэму зэрихьэфын папщIэ, япэ дыдэр ару икIи Iэмал имыIэу зи дэIэпыкъуныгъэ ар хуэныкъуэнур уэращ. Сыту жыпIэмэ, дэ, цIыхухъухэм, сыт къедмыгъэкIуэкIми, сыт хуэдизу зыдгъэбэлыхьу дызыщымытхъужми, ди ехъулIэныгъэхэри, ди пщIэри, ди нэмысри къыддэзыIэту, нэхъри гурыIуэгъуэу жысIэнщи, дэ къетхьэлIэр тэмэму зэзыгъэзахуэу, ди унагъуэр зезыхьэр щхьэгъусэфIыращи, ар зэи зыщумыгъэгъупщэу, дяпэкIэ фызэгурыIуэу фызэрызэдэпсэуным фегупсысыну си къуэшми уэри быдэу сыфщогугъ.

Абдежым Хьэбалэ и псалъэр зэпигъэууэ, «уэри зыгуэр къыщIыгъу, Сохъустэ», жыхуиIэу къыщызэплъым, сэри «гъущIыр плъа щIыкIэ еуэ» жыхуаIэм сытету, бжэIупхъуэм хэщIыхьа удз гъэгъа дахэм IэпэкIэ телъэщIыхьурэ, щэныфIэу къыдэдаIуэу щыт Лерэ и дежкIэ сыплъэри жысIащ:

– Хьэбалэ, уэ иджыри къэс жыпIа псомкIи сэри сыакъылэгъущ. Лери а зи гугъу пщIыр фIы дыдэу къызэрыгурыIуэми шэч къытесхьэркъым. Ауэ иджы, ди псалъэмакъым нэхъ кIэщI зедгъэщIу, дыкъыщIэкIуам…

Къезгъэжьар нықъуэжыIэу, а дакъикъэм ирихьэлIэу къэушауэ

къыщIэкIынти, «Мамэ!» жиIэу къэджа и хъыджэбз цIыкIур зыщIэлъ адрей пэшымкIэ Лерэ щыщIыхьэм, сэ Хьэбалэ зыхуэзгъазэри, зэпызгъэуа си псалъэ ныкъуэжыIэм адэкIэ пысщащ:

– НтIэ, Хьэбалэ, иджыпсту сэ жысIэну сызыхуеяращи, афIэкIа кIыхьлIыхь зыдмыщIу дыкъыщIэкIуар Лерэ жепIэу дызэрежьэжыным иужь дитыну сфIэигъуэщ.

– Упсэу, Сохъустэ, – къысхупыгуфIыкIащ Хьэбалэ, и макъыр лъахъшэ ищIауэ я нысэр здыщIыхьа пэшыбжэмкIэ плъэурэ. – Сэри си мураду, ди псалъэмакъыр зыхуэсшэр ардыдэращи, хэт ищIэрэ, зыгуэркIэ Лерэ «хьэуэ» жиIэу зихъунщIэ хъужыкъуэмэ, уэри умыбэлэрыгъыу ар къызэрытебгъэхьэным иужь ит.

– Хъунщ, Хьэбалэ. Алыхьым жиIэмэ, сэри слъэкI къэзгъэнэнкъым. Ауэ уэ кIыхьлIыхь зумыщIу еужьэрэкI иджы.

Арати, абы нэхъыбэ жыдмыIэу, щэ зырыз идгъэхъуауэ ар щытIэт дыдэм, Лерэ и хъыджэбз жейбащхъуэ цIыкIур, къупщхьэ гуащэм хуэдэу, дахащэу ихуэпарэ и Iэпэр иIыгъыу ди пащхьэм къыщришэм, фIэгъэщIэгъуэну зы тIэкIурэ абы еплъу щыса си Хьэбалэу плъагъур къыщылъэту къипхъуэта мо хъыджэбз дыгъэ цIыкIум зыщимыгъэнщIу, дрихьей-кърихьэхыу щеубзэрабзэм, а лIышхуэм къигуфIар зыхуэдизыр плъагъуну фIэкIа ухуейтэкъым. Ауэ а дакъикъэм сэ нэхъ згъэщIэгъуар егъэлеяуэ Хьэбалэ зыщыгуфIыкI Ланэ цIыкIум езыми зыкIи зимыхъунщIэу, а къедэхащIэм и пщэм зришэкIарэ, и гум и къеуэкIэр фIэгъэщIэгъуэну едаIуэ нэхъей, и щхьэ дахэ цIыкIур абы и бгъэм трилъхьэу и IэплIэм зэрызриудыгъуарати, абы еплъурэ зи нэпсхэр къехуэха Лерэ сыщыIуплъэм, сэр дыдэри си мыхэбзауэ гухэ сыщIэхъуар сщIэртэкъым. Арати, абдежым, бадзэ лъэтамэ зэхэпхыну тIэкIурэ дыщыма нэужь, зи Iэ цIыкIухэр и пщэм ешэкIауэ и IэплIэм ис Ланэ хуэсакъыу зэриIыгъым хуэдэу Хьэбалэр Iэнэм къэтIысыжри, и щхьэм хуэшхыдэж щIыкIэу къэпсэлъащ:

– Дэ, балигъхэм, ди акъыл зэтемыхуэу, дызэгурымыIуэу зыгуэркIэ дыщызэфIэнэж къэхъуми, ар Iуэхутэкъым. Дэ ар зыгуэрурэ дгъэзэкIуэжынт. Ауэ тхуэмыгъэзэкIуэжыну Iуэхушхуэр мы ди тхьэIухуд шыр цIыкIум и деж алъандэрэ дыкъыкъуэмыкIыу гуэныхьышхуэ къызэрытхьаращи, ди Тхьэу лъапIэм солъэIу мы зэм ар къытхуигъэгъуну!

Апхуэдэу жиIэу, Ланэ цIыкIу и щхьэм зи напэбгъур езыгъэщIа Хьэбалэ сыздеплъым, сэ сызэгупсысыр зыт: «Иджы адэкIэ нэгъуэщI лей къримыгъэкIуэкIыу, я нысэр гумащIэ къэхъуа щIыкIэ, дыкъызытекIухьар жриIэу, абы и жэуапыр къэтщIамэ, тэмэмтэкъэ?»

Арати, а дакъикъэм сэ сызэгупсысым езыри зэриIыгъыр нэрылъагъуу, Хьэбалэ и щхьэр къиIэтыжри, Лерэ зыхуигъэзащ:

– НтIэ, Лерэ, алъандэрэ дызытепсэлъыхьа псори зытеухуэжауэ, псоми я щхьэжу нобэ дэ къытедгъэзэжу дыкъызытекIухьар – мы си IэплIэм зиущэхуауэ ис ди хъыджэбз IэфI цIыкIумрэ ар зыхуей хуэзыгъазэу иджыри къэс тхуэзыпIа уэрэ фытшэжыну аращи, иджы си гъусэ мы Астемыри сэри ину пщIэ пхуэтщIу дынолъэIу, мы зэм ди хьэтыр къэплъагъуу, мы Iуэхум нэгъуэщI щхьэусыгъуэ, псалъэмакъ лей къыхыумыгъэкIыу иджыпсту ди гъусэу унэкIуэжыну.

ИкъукIэ си гур игъэзагъэу, сызэрыхуея дыдэм хуэдэу зыхуигъэзат Хьэбалэ я нысэм. Ауэ пэжыр жысIэнщи, а дакъикъэм Лерэ къитыжыну жэуапым зызущэхуауэ сыпэплъэрт. Дапщэрэ къэхъурэ «СынэкIуэжынукъым! Къысхуеймэ, езыр кърекIуэ!» – жаIэрэ я пэр дэгъэзеяуэ къэуву. Апхуэдэ зыгуэрхэр жаIэжу зэхэсхауэ сщIэрти, Лери апхуэдэу къыдищIэмэ, къытхурикъуакъэ, жысIэу абы сытешыныхьым пцIы хэлътэкъым. Ауэ си ныбжьэгъум и щхьэгъусэр, а сызыхуэхъущIэ нысащIэжь цIыкIухэм хуэдэу, акъыл кIэщIу къыщIэкIакъым, атIэ сызэримыгугъауэ, а

дакъикъэм ар нэхъри нэхъ гумащIэж къэхъуауэ, «СынэмыкIуэжыну сыкъэкIуатэкъым сэ мыбы, Хьэбалэ», – жиIэу, и гур къызэфIэнауэ адрей пэшымкIэ щыщIыхьэм, пщIэншэрыкIуэ дызэрымыхъуам дригуфIэу Хьэбалэ сэрэ дызэплъыжри, ди Iэхэри зэрыдгъэубыдащ. Арати, абы иужькIэ Лерэ нэхъ зыхуеину и хьэпшыпхэр къигъэхьэзырыжыху нэхъ зыдмыIэжьэу, хабзэм тету шэсыжыбжьэ зырызи тIэтыжри, дыкъэтэджыжащ дэ. Ауэ псом хуэмыдэу а пщыхьэщхьэ дыгъэкъухьэгъуэ дахэм IэфIу си гум къинэжар Лерэ фэтэру зи унэм щIэса нанэм и пщIантIэм дыкъыщыдэкIыжым, а фызыжь лъагъугъуафIэм абы къыхужиIа псалъэ гуапэхэрати, сэ къызэрызгурыIуамкIэ, Лерэ и дежкIэ ахэр уасэ зимыIэт.

Арати-тIэ, Ланэ цIыкIу Хьэбалэ и IэплIэм исэу, сэ Лерэ и сумкIэшхуэ мис а сондэджэрхэм зэрахьэм хуэдэр сIыгъыу, а зи гугъу сщIы пщIантIэм дыкъыщыдэкIыжым, дэ къыдэжьэу щысу къыщIэкIынти, я куэбжэ дыхьэпIэм ибгъукIэ къыщыт скамейкэм теса мо нанэ лъагъугъуафIэм и нэпсхэр щIилъэщIыкIыурэ къытпежьэу: «А-а, Лерэ, а-а, си быным ещхьыркъабзэу сызэсауэ си псэм хуэдэ. Дызыщумыгъэгъупщэжыпэу, нэхъ ущыхущIыхьэхэм деж тIэкIу къыкъуэкI, тIасэ», – жиIэурэ IэплIэ къыщыхуищIыжым, Лерэ сежьэу зы дакъикъэкIэ сыкъызэтеувыIати, сэ а нанэр къызбгъэдыхьэри, ней-нейуэ къызэплъурэ къызэупщIащ:

– Уэ Лерэ урисыт, тIасэ?

– Сэ Лерэ и щхьэгъусэм сриныбжьэгъуу аращ, нанэ.

– АтIэ, уриныбжьэгъумэ, си щIалэ дахэ цIыкIу, мы фызыжьым и мыIуэху щхьэ зэрихуэрэ къысхужумыIэу, а уи ныбжьэгъуми абы и анэми быдэу схуажеIэж: ахэр иджыри къэс, Лерэ тлъагъунщ, и Iуэху зытетри зэдгъэщIэнщ, жаIэу мыбы къызэрымыкIуахэмкIэ къуаншэ къудейуэ къэмынэжхэу, яхуэмыпшыныжыну гуэныхьышхуи къызэрахьар. Сыту жыпIэмэ, зы блын нэхъ ди мызэхуакуу, зы унэ дыщIэсрэ зы пщIантIэ дыдэсу, мо нысащIэм сэрэ дызэрызэдэпсэуа илъэс ныкъуэм, зыфIэзмыгъэIуэхуурэ сэ куэдкIэ абы сыкIэлъыплъащи, и щытыкIэ дахэмрэ и нэмысымрэ я гугъу сщIыххэнкъыми, и пщэфIэкIэ, и жьыщIэкIэ, и ету тедзэкIэ нэгъунэ, зэIусэм псэ хилъхьэу, абы хуэдэу шэрыуэу, гур зыгъэзагъэу Iэбэрэ, мы иджы езыгъэлейхэм хуэмыдэу, екIур ищIэжу гурыхьу зызыхуапэрэ куэд щIауэ сарихьэлIэжыркъыми, ар апхуэдэу зыгъэса и анэ-адэми езыми фIыгъуэр Алыхьым къахуищIэ. КIэщIу жыпIэмэ, си щIалэ дахэ цIыкIу, си нэфIышхуэр зыщыхуауэ, апхуэдизу си гур зыкIэрыпщIа а нысащIэр си унэм къызэрыщIэтIысхьэрэ зы маскъалкIэ сигу емыбгъауэ апхуэдизкIэ сыхуэарэзыщи, нобэ Алыхьым и IэмыркIэ нэхъ щIалэу сыкъихутэжу, Iэмал имыIэу зы фIыгъуэ гуэркIэ ар къысхуэупсэну къысхуиухатэмэ, Лерэ хуэдэ нысэ къызитыну фIэкIа, нэгъуэщIкIэ сэ Абы селъэIунтэкъым.

ЗыкIи сызыпэмыплъауэ апхуэдэу а нанэм къызжиIа псалъэ гуапэхэм сыкъагъэгумэщIауэ, «Берычэт бесын, нанэ дахэ. Жьыщхьэ махуэ Тхьэм уищI. Лерэ теухуауэ иджыпсту къызжепIахэр зы псалъэ дэзмыгъэхуу а уигу зэбгъа абы и щхьэгъусэ си ныбжьэгъумрэ и гуащэмрэ ялъэзгъэIэсыжыну сэри быдэу узогъэгугъэ», – жысIэурэ, дыщэм хуэбгъадэ хъуну а нанэ бзэ IэфIым и Iэр соубыдыжри, дызэрытIысхьэжыну машинэм бгъэдэт Хьэбалэрэ Лерэрэ сабгъэдохьэж.

– Сыт, Астемыр, а нанэм уиубыду апхуэдизу узригъэдэIуахэр? – ауаныщIу къысхупыгуфIыкIыу абдежым Хьэбалэ зыкъыщысхуигъазэм, «О-у, ар ауэ сытми нанэ къызэрыгуэкIкъым!» – жысIащ сэ, сIыгъ сумкIэшхуэр машинэ багажникым изгъэувэурэ. ИкIи абы нэхъ зыдмыIэжьэу, Хьэбалэ и «Волгэжьым» тыншу зидгъэзагъэу дыкъежьэжа нэужь, зи псэлъэкIэ дахэм сыдихьэха а нанэм къызжиIахэр езым къызэрипсэлъам хуэдэ дыдэу щажесIэжым, а псалъэхэр зыхуэгъэза Лерэ и гугъу умыщIыххи, Хьэбалэ ар апхуэдизкIэ и гуапэ хъуат, егъэлеяуэ абы

щыгуфӀыкӀати, Ланэ цӀыкӀу зи куэщӀым ису ди щӀыбагъымкӀэ къыдэс и нысэм гуапэу хуеплъэкӀыурэ, дуней гуфӀэгъуэр иӀэу къитхъутхъукӀырт:

– НтӀэ, Лерэ, уи хьэпшып къэнахэр тшэжыну дыкъыщыкӀуэкӀэ, Алыхьым жиӀэмэ, апхуэдэ оценкэ уэ къозыта а нанэм сэри, зы мыӀэрысэ ашычыфӀрэ хэплъыхьауэ зы кӀэртӀоф къэпыфӀрэ къыхуздэзмышэу къэзгъэнэнкъым.

– Къыхуэпшэми хуэфащэ дыдэу, и зы нэмэз щӀыгъуэ блимыгъэкӀыу, псапэ зэрищӀэным хущӀэкъу зэпыту, сытым хуэдэу нанэ дыщэ уи гугъэ ар езыри! – Хьэбалэ и хьэлэлагъыр зи гуапэ хъуа Лери къызэрыкӀауэ убзэрабзэрт: – Нобэ, нэхъ пасэу къэмыкӀуэжхэу, къыщӀэгувахэр сщӀэркъым, ахъумэ ди университетым щеджэхэу, езы цӀыкӀухэри, нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэ жыхуаӀэм хуэдэу, дахэ дыдэхэу, а нанэм и деж и пхъурылъху хъыджэбзитӀ щыӀэщи, еджэн зэраухыу зы щӀыпӀэкӀи щымыхьэулейуэ занщӀэу къекӀуэлӀэжхэу, икӀи я щыгъыныр зэрахъуэкӀыу тӀэкӀу едзэкъахэ нэужь, си дежкӀэ нежэкӀхэрэ мы Ланэ щӀым намыгъэсу схутрагъэууэ сызэса, а нэмыс дахэ зыхэлъ хъыджэбзитӀыр ныщхьэбэ къекӀуэлӀэжрэ, мы си куэщӀым исымрэ сэрэ а унэм дызэрыщӀэмысыжыр къащӀа нэужь, слъагъу хуэдэщ, абыхэм я гум щӀыхьэу ар я жагъуэ зэрыхъунур.

– Уэлэхьи, дауи, абы шэч хэмылъ, Лерэ, – зопсэлъэкӀ Хьэбалэ, къыпыгуфӀыкӀыурэ. – Ауэ иджыпсту сыныздодаӀуэм сэ сигу къэкӀаращи, а уигу ирихьауэ зи гугъу пщӀы хъыджэбзхэр Ӏэмал имыӀэу мы Астемыр едгъэцӀыхун хуейщ.

– ЕдгъэцӀыхуми, щӀемыгъуэжыну нысэкӀэ цӀыхур зэхъуапсэм хуэдэщ, тхьэ, ахэр, – нэхъри трегъалэ Лери.

– СлӀожь, уэ зыри жыпӀэркъыми, Сохъустэ,– къысхуоплъэкӀ сэ Хьэбалэ. – ЗыкъыдумыгъащӀэ щхьэкӀэ, а уэ къыбдеджэхэм, дауи, уигу ирихьу узыдэгушыӀэ гуэр зэрахэтым шэч къытесхьэркъым. Ауэ, сыт хуэдизу ар фӀыуэ умылъагъуми, адыгэ пщащэ фӀэкӀа къызэродмыгъэшэнур уэ зэи зыщумыгъэгъупщэ.

– Хъунщ, Хьэбалэ, – жэуап изотыж сэри абы, сыхупыгуфӀыкӀыурэ. – Ӏэмал имыӀэу уэ зэрыжыпӀэм хуэдэу тщӀынщ. Ауэ япэ щӀыкӀэ еджэныр къэзмыухауэ сэ къэшэн Ӏуэху сыхыхьэнукъым.

– Ухэмыхьэнри зыгуэр хъунщ. Ауэ мы Лерэ зэхъуэпсауэ щытхъупсыр къызригъэжэх зэшыпхъуитӀыр уэдгъэцӀыхурэ удахьэхмэ, дауэ хъуну? – И гушыӀэныр къикӀауэ къызэхъурджауэрт Хьэбалэ.

– Сыдахьэхмэ, абы и Ӏуэхур щхьэхуэщи, а сыдэзыхьэхам игу срихьмэ, къэтхынщи дежьэжынщ, Хьэбалэ, – сыкъикӀуэтыртэкъым сэри.

– Уэлэхьи, Сохъустэ, дэ дыгушыӀэу сыт жыдмыӀэми, шэч зыхэмылъращи, а уи натӀэм кърихам уфӀэмыкӀыну. Ауэ узэрысабийрэ уугъурлыуэ икӀи уӀумахуэу ди хьэблэ фызхэм укъалъытэ уэ, уи натӀэм Ӏей кърихауэ къыщӀэкӀынкъыми, щхьэгъусэкӀэ насыпыфӀэ ухъуауэ Тхьэм дигъэлъагъу!

– Тхьэм жиӀэ! – Лерэ сэрэ ди жыӀэгъуэр зэтехуэу дыдожьу Хьэбалэ.

– НтӀэ, Лерэ, къыщыдгъэхъеякӀэ, егъэлеяуэ ди анэр зыхуэарэзы мы Астемыр, иджыри къэс уэ зэрыпцӀыхуам хуэмыдэу, нэхъыфӀыжу уэзгъэцӀыхунущи, мыдэ фӀыуэ къызэдаӀуэ иджы, – гукъыдэж хьэлэмэт игъуэтауэ, кӀуэ пэтми нэхъри къызэрыкӀырт Хьэбалэ. – Япэ дыдэрауэ, еджапӀэ нэхъыщхьэ щӀэтӀысхьэу студент зэрыхъурэ «Сохъустэ-кӀэ» сызэджэ мыбырэ а уи щхьэгъусэ си къуэш ерыщымрэ я сабиигъуам и деж къыщыщӀэздзэнщи, тӀури зы жэщым къалъхуауэ, я быдзышэ зэӀулъу зэрысабийхэрэ къызэдогъуэгурыкӀуэри, а тӀур фӀыуэ зэрызэрылъагъумрэ зэрызэрыгъэпэжымрэ хуэдэу, нобэ зэманым зы анэ къилъхуахэр зэхущытыфыркъым. Алим къызэрыгъэшыгъуейм, зэрыерыщым дризэгуэпу дыхуэшхыдэ щхьэкӀэ, иджы и мызакъуэу, щысабиям щыгъуи, апхуэдизкӀэ

ерыпIынэт ари, зэгуэрым гъатхэу, мо нэри пэри зыхьу къиуа псым имыгъэкIуэн щхьэкIэ, ди адэм ар къиубыдщ, ди пщIантIэм дэт жыгеишхуэм ирипхри, зы сыхьэт хуэдизкIэ кIэригъэтати, фIэгуэныхь хъужу къыкIэритIэтыкIыжа нэужьи, а епхауэ зэрыщытам нэхърэ нэхъыбэжрэ и Iэхэр едзыхауэ а жыгым кIэрытауэ щымытамэ, тхьэр согъэпцI! Ауэ мы Астемыр апхуэдэтэкъым. Мыр, щынэ IэрыпIым ещхьу, Iэсэлъасэу зы угъурлы гуэрти, гъатхэр къихьауэ ди хьэблэ фызхэм джэд, гуэгуш, къаз щагъэгъуалъхьэхэм деж, «а угъурлы цIыкIум и Iэр зылъыIэсар къанэ щымыIэу кърешь»,– жаIэурэ, абгъуэм итIысхьэжа къуртхэм джэдыкIэ щIрагъэдзу кърашэкIырт. Аращи, абы лъандэрэ ди хьэблэдэсхэм, «щIалэ Iумахуэ цIыкIу» фIащауэ, фIаща къудей мыхъуу, апхуэдэу къалъытэу къогъуэгурыкIуэ мы плъагъур. Ауэ, мызэ-мытIэу зэрыжысIащи, псом хуэмыдэу, мыр «щихъ», «бегъымбар» жыхуэтIэхэм хуэдэ зыгуэру къызыщыхъуу, мыбы щытхъу пэтми зыхуэмыухыр ди анэращ. Арати, иджы зы тхьэмахуэ ипэкIэ, мыр къызэрыкIуэжами, сытми зыри хэзмыщIыкIыу, ди анэм дуней гуфIэгъуэр иIэу, зы джэд пшэри фIызигъэгъэжыну иIыгъыу ди дежкIэ нокIуэкIри, уэ пщIэркъэ, Лерэ, абы езым и псэлъэкIэр: «А-а, Хьэбалэ, а-а, си псэм хуэдэу зи дунейр нэху хъун. Иджы сэ арэзы сыкъэпщIынумэ, Астемыр цIыкIу и чэзу дыдэу Алыхьым къихьыжри къэкIуэжауэ иджыпсту Алим и дежкIэ щIэсщи, а угъурлы нахуэу Алыхьым къигъэщIа цIыху Iумахуэр зыщIыбгъурэ, нысащIэм и деж фыкIуэу и Iуэху зыIутыр зэвгъэщIамэ, нэхъыфIыжрати, си псэм хуэдэ, дахэм къимышэ щыIэкъыми, дахэу фепсалъэу езыри къыздэфшэжамэ, фи гъащIэ псокIэ фэ тIум псапэу влэжьынум ар пэувынт»,– жиIэу табу щхьэщэщу къыщызэлъэIум, а махуэ дыдэм уэ уи деж дыкъэкIуат. ИкIи, пэжыр жысIэнщи, мы щIалэр си гъусэу сыщIежьа Iуэху къыщызэмыхъулIа иджыри къэс къэхъуауэ сэ къысхуэщIэжыркъым. Ауэ, нетIи зэрыжысIащи, си зэранкIэ, дыкъызэрыкIуам ещхьыркъабзэу пщIэншэрыкIуэу дыщыкIуэжым, ди анэм мыбы къыхуиIэ фIэщхъуныгъэр фIэзмыгъэкIуэдын щхьэкIэ, «Мамэ, нысащIэри сабийри хъарзынэхэщ. Ауэ я деж яшэжахэу дрихьэлIати, зы тхьэмахуэ дэкIмэ, етIуанэу тедгъэзэжыну дызэгурыIуэри, дыкъэкIуэжауэ аращ», – жысIэу пцIы тIэкIу хуэзмыупсу хъуакъым. Аракъэ, Сохъустэ, Iуэхур зэрыщытар?

– Уэлэхьи, арамэ, – зыдызогъэкIу сэри абы. – Ауэ, кхъыIэ, Хьэбалэ, апхуэдэ дыдэу укъысщытхъуу сумыгъэукIытэ. Лерэ нобэкъым япэу сэ сыкъыщицIыхур.

ТIэкIу къызэтезгъэувыIэн си гугъа щхьэкIэ, дэнэт? Езым нэхъ зэрыфIэфIым хуэдэу ирикъутэкIырт Хьэбалэ.

– Уэ сабыру щысыт, Сохъустэ, – зыкъысхуегъазэ абы. – Мыпэжу сэ зыри жысIакъым. Иджыри къытызогъэзэжри, сэ сызыхуейр, фэ нэхъри нэхъ нэIуасэ фызэхуэсщIыну ара къудейщ. НтIэ, аращи,– хуоплъэкI ар я нысэм, – укъызэдаIуэрэ, Лерэ?

– ФIы дыдэу сынодаIуэ.

– УкъызэдаIуэмэ-тIэ, аращи, зы илъэс дэкIыжмэ, мы плъагъу Астемыр судыщIэ хъуауэ къиух университетыр – мис а щIэныгъэм зи нэ къыхуикIыу, Астрахань бдзэжьеящэхэм я гъусэу лъэсу Москва нэс къэкIуауэ щыта мыжьыкъ щIалэм и унэцIэр... ар щхьэ сщыгъупщэжа сэ? – и натIэм йотIыркъэ Хьэбалэ.

– Уэ зи гугъу пщIыр, дауи, Ломоносовыращ, Хьэбалэ. Ауэ ар лъэсу къыздикIар Астрахантэкъым, атIэ Архангельск къалэрат, – апхуэдэу Хьэбалэ и щыуагъэр щызэзгъэзэхуэжкIэ, сэ сэщхьыркъабзэу, Лери ауанышIу къызэрыпыгуфIыкIыр ди гупэмкIэ фIэлъ гъуджэмкIэ солъагъу.

– Тэмэм, Сохъустэ! Упсэу! – ирегъэжьэж Хьэбалэ зы напIэ дэхьеигъуэкIэ зэпигъэуа и псалъэр. – НтIэ, Лерэ, сэ абыкIэ жысIэну сызыхуейращи, мы

ди къэралыгъуэшхуэм нэхъ еджапIэ лъэщ дыдэу иIэ а университетым зи насыпым кърихьэкIыу щIэхуа мы плъагъур «тху» нэхъыкIэ къимыхьу, нэхъ стипендэфI дыдэ зратхэм ящыщ зыуэ абы щоджэри, а зи гугъу сщIа мыжьыкъыр Урысей псом цIэрыIуэ зэрыщыхъуауэ щытам хуэдэу, зэрысабийрэ зи сурэтри, зи цIэри, зи унэцIэри, зи дуней тетыкIэри дахэу къэгъуэгурыкIуэ мы Мысрокъуэ Астемыри, ди Къэбэрдей-Балъкъэрым цIэрыIуэ щыхъуауэ Алыхьым дигъэлъагъу!

– Тхьэм жиIэ! Тхьэм и мурадхэр къыхуищIэ апхуэдизу фэ фызыхуэарэзы Астемыр,– къыдожьу абы Лери.

Арати, апхуэдэу Хьэбалэ и нэфIышхуэр къысщыхуауэ, сигъэукIытэу къысщытхъу зэпытурэ къэкIуэж дэ гуп цIыкIур дыкъыщысыжар уэздыгъэ пыгъэнэгъуэрати, Ланэ цIыкIу Хьэбалэ и IэплIэм ису, Лерэ сэрэ абы и ужьым диту ЖанIэфI и уэздыгъэр къыщыблэ пэшым дыщыщIыхьэжым, нэмэзлыкъым къытекIыжа къудейуэ дызрихьэлIэжа а цIыху гумащIэм къигуфIар псалъэкIэ къэIуэтэжыгъуейщ. Лерэ къэтшэжыну дыщыкIуэм, ди мурадыр къыдэмыхъулIэ хъужыкъуэмэ, жытIэри, зыкъедгъэщIатэкъыми, мо бэлэрыгъауэ, зыкIи къытпэмыплъауэ дызыIущIэжа ЖанIэфI, и щхьэр гуфIэгъуэм игъэунэзауэ, джэрэзу утыкум здитым, зэм и нысэм зыхуигъазэрэ, «А-а, Лерэ, а си псэм хуэдэ, сыт мыгъуэкIэ уи жагъуэ сщIат сэ уэ?» – жиIэрэ IэплIэ иришэкIыу, зэми Хьэбалэрэ сэрэ ди дежкIэ зыкъигъэзэжрэ: «А-а, угъурлы нахуэу къалъхуауэ зи дунейр нэху Алыхьым ищIын си щIалэ дахэ цIыкIу. Хьэбалэрэ уэрэ сэ ныщхьэбэ сызэрывгъэгуфIам хуэдэу, гуфIэгъуэ хэмыкIыжу фи гъащIэ Iыхьэр Алыхьым ирывигъэхьэкI!» – жиIэу Iэ къыддилъэурэ хъуэхъукIэ дыщIигъанэрт ЖанIэфI. Ауэ дэ тхуэмыдэжу а нанэ бзэ IэфIыр гумащIэ зыщIар, Хьэбалэ къыIэщIихауэ и IэплIэм ис и къуэрылъху цIыкIурати, ЖанIэфI абы IэфIу зэрепсалъэм хуэдэу, сабийм епсалъэ иджыри къыздэсым сэ срихьэлIатэкъым. «А-а, сэ си дуней нэхуу си псэм и кIэнфет! – жэнэтбзум хуэдэу еубзэрабзэрт ар Ланэ цIыкIу. – Мы унэм нуру къыщепс уэ сэ си дыгъэ шырыр ныщхьэбэ укъысхуэзыхьыжа Азалыхьым сэ къурмэн сыхухъу! Ину схужымыIэу, цIыкIуу схуэмыIуатэу, сыту Iейуэ си нэ къыпхуикIыу сигу укъэкIат уэ си фо цIыкIур! – зыщимыгъэнщIыжу и нэ-и псэм хуихьырт ЖанIэфI къыхуэтшэжа и къуэрылъху цIыкIур. Арати, абдежым езы Ланэ цIыкIуи, апхуэдизу къыхуэгумащIэу къеубзэрабзэр, ар хэту щытми, зэрыцIыху хьэлэмэтыр псэкIэ зыхищIэ хуэдэ, и Iэ цIыкIухэмкIэ и анэшхуэм и пщэм зыщришэкIым, абыхэм къагъэгумэщIа Хьэбалэ и нэпсым къызэпижыхьауэ си Iэблэр къиубыду, щэхуу, «НакIуэ, Астемыр. Зэран дахуэхъункъым мыбыхэм», – щыжиIэм, дэ ахэр езыр-езыру къызэхуэдгъанэри, щэху цIыкIуу ЖанIэфI и пэшым дыкъыщIэкIуэсыкIыжащ. Алим и дежкIэ дыщытIысыну арат дэ ди гугъар. Ауэ абы и пэш щхьэгъубжэхэр кIыфIти, «ТIэкIу зигъэпсэхуну зигъэукIуриямэ, Iурихауэ арагъэнщи, накIуэ къэдгъэушынщ», – жытIэурэ Хьэбалэ сэрэ абы и пэшым дыщIыхьэри зытплъыхьащ, пщэфIапIэми, гуэщпэшми, жэмэщми дыкIуащ. АрщхьэкIэ Алим зыщIыпIи щыдмыгъуэтым, Iэмал имыIэу зы сыхьэт ныкъуэ хуэдиз дэкIыжмэ, сэ Москва къэзгъэна си ныбжьэгъум телефонкIэ сепсэлъэн хуейуэ щхьэусыгъуэ сщIыри, ерагъкIэ Хьэбалэ сыкъыIэщIэкIыжащ.

Арати, ди махуэр пщIэншэу мыкIуэду, ди мурадар хъарзынэу къызэрыдэхъулIам сригуфIэу сыкъыздэкIуэжым, «Ныщхьэбэ ЖанIэфI зэрыдгъэгуфIам хуэдэу, цIыхум зыгуэркIэ гуфIэгъуэ ептыфу, мы дуней дахэу къигъэщIам дахэу ущыпсэуным нэхъыфI сыт щыIэ?» – жысIэрт сигукIэ. ИкIи мо гъэмахуэ жэщ гуакIуэр нэхъри зыгъэщIэращIэу, зэщIэлыдэу уафэ лъащIэм къиува мазэщIэм сыдихьэхауэ сеплъурэ, ди пщIантIэм сыщыдыхьэжым, «СыщIыхьэжыну си гум пымыкI» жыхуиIэ уэрэдым и макъамэ дахэр си гум къихьати, зызгъэнщIыхункIэ къезгъэ-

уэнкъэ сэ ар иджыпсту, жысIэу арат сызэгупсысыр. Ауэ сыпIащIэу сызыщIыхьэжа ди унэм здэкIуар дымыщIэу Хьэбалэрэ сэрэ дызылъыхъуа Алим ди анэм игъэхьэщIэу ди деж щIэсу срихьэлIэжыну хэт и гугъэнт?

– О-у, мырелъръэ мыр! – СыщыгуфIыкIыу IэплIэ есшэкIащ си ныбжьэгъум.– Уэ зогъэтхъэжри мыбдежым ущысщ. МодэкIэ хьэщIэ къыфхуэкIуащи, уэ уздэщыIэр ямыщIэу укъалъыхъуэ.

И щхьэгъусэр къэтшэжыну Хьэбалэрэ сэрэ дызэрыкIуам Алими зыри хищIыкIыртэкъым. Ауэ «хьэщIэ къыфхуэкIуауэ»… щыжысIэм, зи гугъу сщIы «хьэщIэр» хэтми и псэм ищIам ещхьу, «хъущт» жиIэу къызэплъу, ар пIейтей зэрыхъуам сэ занщIэу гу лъыстат. Арати, арыххэу ди анэм «А-Iей, Астемыр, апхуэдизрэ дэнэ уздэщыIар? Алим зыкъом щIауэ уэ къожьэри щысщ», – жиIэу зыкъыщысхуигъазэкIэ, сэ Алим соплъри, сыздэщыIар абы къезмыгъэщIэн си гугъэу жызоIэ:

– Хьэбалэ къызэлъэIури зыщIыпIэ сыздишати, тIэкIу дыкъэгуваўэ аращ, мамэ. Ауэ а зи гугъу сщIы хьэщIэр къыщIэкIуар Алимщи, мыр иджыпсту мыкIуэжу хъунукъым.

– Алыхь, мо джэд тезгъэуваўэ згъажьэр фэзмыгъэшхауэ Алим сэ иджыпсту сымыгъэкIуэжыну-тIэ. ХьэщIэ къыхуэкIуамэ, хъарзынэщи, къежьэнщ, – зехъунщIэ ди анэм.

Ауэ сэ нэхъри тезгъэчыныхьу икIи Алим нэхъ щIэхыу згъэкIуэжмэ сфIэфIу, «Хьэуэ, мамэ, а уи джэдыр дэ нэхъ иужьыIуэкIэ тшхыжынщ. Ауэ пэж дыдэу, здэщыIэр имыщIэу Хьэбалэ мыбы къылъохъури, афIэкIа зиIэжьэ хъунукъым», – жысIэу щыщIызгъужкIэ, Алим, къэпIейтея къудейм къыщымынэу, зи гугъу сщIыр иджы фIыуэ къызэрыгурыIуар нэрылъагъуу плъыжь къэхъуауэ, «Апхуэдизу сыкъыщалъыхъуэкIэ, сыкIуэжынщ-тIэ сэ, Жансурэт. Сыбгъэтхъэжащи, уи махъсымэри, уи лы гъур гъэжьари убагъуи, нэхулъэфIи Тхьэм фыкъригъэкIхэ», – жиIэу къыщытэджыжым, нэгъуэщI псалъэмакъ лей къезмыгъэкIуэкIыу сэ абы сыкъыкIэлъыщIэкIщ, куэбжэм нэс сыкIэлъыкIуатэри згъэзэжащ. Арати, сызэрыщIыхьэжу, джэд игъажьэм и мэ IэфIыр унэм щIэз хъуауэ, ар зэригъэдзэкIыу пэшхьэкум бгъэдэт ди анэм зыхуэзгъэзащ сэ.

– Мамэ, «хьэщIэ къахуэкIуащи Алим мыкIуэжу хъунукъым», щыжысIэм, а си ныбжьэгъур плъыжь зэрыхъуам гу лъыптакъэ? НтIэ, апхуэдэу щыжысIэм, зи гугъу сщIар пщIэну ухуеймэ, Хьэбалэ сэрэ дыкIуэри абы и щхьэгъусэр къэтшэжауэ аращи, ЖанIэфI иджыпсту гуфIэгъуэу иIэр уэзгъэлъэгъуащэрэт.

– Уи фIэщу жыпIэрэ?! – и Iэгухэр зэтригъэауэу, зэхихар и гуапэ хъуауэ мэгуфIэ мамэ. – Сыту фIыт, сыту фIыт! Сыту хуабжьу си гуапэ къэпщIа, си щIалэ цIыкIу! Сыхуэзэху, «Астемыр цIыкIу дапщэщ къыщыкIуэжыр, Жансурэт?» – жиIэу, увыIэгъуэ имыIэу ар къыщIызэупщIыр арагъэнти, иджы тхьэмыщкIэжьым и гур вгъэзэгъэжащи, Алыхьым жиIэрэ нэхулъэфI дыкъекIмэ, си махъсымэр хьэзырыххэщи, зы джэд пшэр абы щIызогъуж, уэри мис а нэхъыфIыIуэхэм хуэдэу зы кIэнфет коробкэ дахэ къыбощэхури, ЖанIэфIрэ Алимрэ гуфIакIуэ дахуокIуэ!

– Алыхьым жиIэмэ, мамэ! Сэ бжезмыIэ щIыкIэ, Iэмал имыIэу абы гуфIакIуэ дахуэкIуэн зэрыхуейр уэ езым уигу къызэрыкIар сыту фIыт.

– КъэмыкIыу хъурэт, на-гущэ. ЖанIэфI езым адыгагъэкIэ къылъэщIыхьэн ди хьэблэм дэсыххэкъыми, ар хэхащ. Ауэ, хэт сыт жимыIэми, Алыхь, Астемыр, а Алим и щхьэгъусэ цIыкIур сэ Iейуэ сигу ирохьмэ.

– Ирихьми, тэмэму, губзыгъэу гу лъыптащи, ЖанIэфI нысэкIэ, Алим щхьэгъусэкIэ ехъулIахэу сэри си гугъэщ, мамэ. Сыту жыпIэмэ, къалэм щыIэхункIэ, зэрыпсэун инэмыщIа, нэгъуэщI Iуэху лъэпкъ зэрихуакъым а ныщхьэбэ дэ къэтшэжа нысащIэм. ИтIанэ, сэ нэхъ сигу ирихьауэ, нэхъ гу

зылъыстахэм ухуеймэ, и хьэкъущыкъум Iэпэ-лъапэр къищу, и Iэнэм къытхутригъэува ерыскъым и гуакIуагъкIи, и гурыхьагъкIи дагъуэ хуумыщIыфыну, апхуэдэу IэфIу пщафIэ куэд сарихьэлIакъым. Ауэ абыи хуэмыдэжу сэ Лерэ нэхъ си нэфI щIыщыхуаращи, езым егъэлеяуэ зимыщIу, екIур ищIэжу, а уэ пщIэ нысащIэжь цIыкIухэу я мыIуэху зехуэным хущIимыгъэхьэхэр игъащIэкIэ лъэщIэмыхьэну, удихьэхыу зэрызихуапэмрэ и сабийм узыIэпишэу IэфIымэр къыкIэрихыу икIи, нэ темыхуащэрэт жыхуаIэм хуэдэу, зы нур гуэр и нэгум кърихыу, мыдэ уэ езым плъагъункъэ ар, и хъыджэбз дыгъэ цIыкIур къабзэу зэрызэрихьэмрэ дахащэу ар зэрихуапэмрэщи, нэгъуэщI фIагъ хэмылъми, а зы къудейм щхьэкIэ нэхъ пщIэ лей хуэфащэщ а цIыхубзым.

– А-Iей, Астемыр, сыту Iейуэ хъуэпсэгъуэу щытхъупсыр къебгъэжэхрэ абы.

– Хьэуэ, мамэ. ЖанIэфI и нысэм иджыпсту сэ сызэрыщытхъуар сытым щыщ, ар зи унэ щIэса нанэ лъагъугъуафIэм щытхъуу къыхужиIам елъытауэ…

Арати, абдежым зы псалъэ щIызмыгъуу икIи кIэрызмыгъэхуу, а нанэм къызжиIауэ фэ фызыщыгъуазэр щыжесIэжкIэ, ди анэм ар нэхъри и гуапэ хъуауэ, гуфIэжу жеIэ:

– Сыту фIыт, сыту фIыт, ярэби, ар апхуэдэу губзыгъэу, зэпIэзэрыту къызэрыщIэкIар. АтIэ, Астемыр, а нысащIэм и дежкIэ иджыпсту нэхъыщхьэр икIи нэхъ псапэ зыпылъыр мис а зи гугъу пщIы, быдзышэ хьэлэл ефа а фызыжь хъарзынэм абы къыхужиIаращи, зыгуэрхэм яхуэмыпсалъэмэ, зыгуэрхэр ямыгъэпудмэ, яшхыр зи дзажэ дэмыхьэ Залихъэрэ Хъанийрэ «ЖанIэфI и нысэр къалэм кIуэуэ щIыдэтIысхьар, дауи, гурыIуэгъуэщ»,– жаIэу, а нысащIэ хей цIыкIум хуэпсэлъэнхэу пIэцIеижхэрти, иджы сыт жаIэжын?

– Хэт сыт хуеймi жрыреIэ, мамэ. Ауэ си ныбжьэгъур щхьэгъусэкIэ зэрехъулIар хьэкъщи, мыдэ уэ езыр дяпэкIэ нэхъыфIу щыгъуазэ ухъунщ Лерэ зыхуэдэм.

– НтIэ апхуэдизу уэ арэзы узыхуэхъуа а нысащIэм и хъыбарыфI нэхъыбэрэ зэхэсхыну сэри си гуапэщи, ар нэхъри Тхьэм иригъэфIакIуи, ЖанIэфIи Алими Тхьэм яригъэIуэтэж. Ауэ жэщми махуэми, сыт сщIэми, сыт злэжьми, зы дакъикъэ си гум имыхуу сэ сызэгупсысыр пщIэрэ уэ, си щIалэ?

Апхуэдэу жиIэу, и нэхэр плъызу хэплъэу ди анэр щыувыжкIэ, абы и щытыкIэр зыхуэсхьынур сымыщIэу згъэщIагъуэу соплъри, соупщI:

– Сыт, мамэ, уэ апхуэдизу жэщми махуэми уи гум имыхуу узэгупсысыр?

– Сэ сызэгупсысыр пщIэну ухуеймэ, си щIалэ, – жеIэ абы, и нэхэр а зэрыплъызым хуэдэу ипэкIэ плъэурэ, – мис уэ пхуэдэу гумызагъэу, губзыгъэу куэдым гу лъызытэ икIи егъэлеяуэ къабзэлъабзагъэр фIыуэ зылъагъухэм я пщIыхьэпIэм къыхэмыхуауэ, я нэхъ цIыхубз хуэмыху дыдэ мыгъуэхэр я натIэ щыхъу куэдрэ къэхъу хабзэщи, а сэ сызыщышынэм хуэдэхэм япэIэщIэ уищIу, щхьэгъусэкIэ уэ насыпыфIэ ухъуауэ Алыхьым сэ сигъэлъагъу!

– Алыхьым жиIэ, мамэ. Дэ сыт къедмыгъэкIуэкIами, ар Алыхь Iуэхущи, уэ узыхуейм хуэдэ дыдэр ди натIэм къритхауэ Тхьэм къыщIигъэкI! – зысхуэмыгъэфэрыщIу, плъыжь сызэрыхъур зыхэсщIэу, зэрыслъэкIкIэ зыдызогъэкIу сэри ди анэм. ИкIи а дакъикъэм, «Фи анэр къыфхуэарэзымэ, дэнэкIэ вгъазэми Iей фыхуэзэнукъыми, ар зэи зыщывмыгъэгъупщэ, си тIасэхэ», – жиIэу ди анэшхуэм куэдрэ къыдиIуэкIыу зэрыщытар сигу къэкIыжауэ, IэфIымэр сыт щыгъуи къызыкIэрих си мамэм зызошэкIри,

абы езым хуэстхауэ, гукIэ сщIэ мы усэ едзыгъуэ цIыкIумкIэ и гуапэ сщIымэ сфIэфIу, сыкъыхуоджэ:

***Зи бын лъагъуныгъэр ину гуащIэ***
***Анэм гумащIагъкIэ хэт пэхъун?***
***Сэ абыкIэ пхуэзгъэдэн сымыщIэ,***
***Уэ си мамэу зи гъащIэр кIыхь хъун!***

❁ ✪ ❁

КЪУМЫКЪУ Мэмдухь

# Хэкужьым къэкIуэж гъуэгухэр



***Эссе***

*КIыщокъуэ Алим фэеплъ хузощI*

**ЗЫ СЫН**

Адэжь хэкум къэкIуэж гъуэгухэр япэхэм убзыхуауэ щытакъым. ДызэрыцIыкIу лъандэрэ: «Адыгэ хэку, ди хэку дахэ. Дыхыумынэж ди анэ дахэ!» – уэрэду хужытIэурэ зыкъытIэтами, къэдгъэзэжыфыныр ди пщIыхьэпIэхэм къыхэхуэртэкъым.

Дунейр шэрхъщи мэкIэрахъуэ, жыхуаIэм хуэдэти, ди шэрхъыр къекIэрэхъуэкIауэ, Псыхуабэ къикIыу Налшык къакIуэ гъуэгум дыкъытехутат, машинэ цIыкIу дису хьэщIапIэ дыкъакIуэу. Къыхэзмыгъэщми, апхуэдизкIэ сыкъэпIейтеяти, си гур къилъэтыным хуэдэу, нэхъ къеуэрей хъуауэ къысфIэщIырт. Нэхъ псынщIэу ягъэкIэрахъуэ кином хуэдэу, гукъэкIыжхэмрэ гупсысэхэмрэ си щхьэм щызэблэжырт. Абыхэм щыщ зы теплъэгъуэ къыхэнэхукIри си нэгум къыщIэуват:

Лъэпкъым ди нэхъыжьыр гукъыдэмыжу, гъуэлъыпIэм къитIысхьарэ щхьэнтэшхуэм тегъэщIауэ щыст.

– КъэтIыс, тIу! – жиIащ нэхъыжьым. Абы дыбгъэдэтIысхьэу десатэкъыми:

– Ягъэ кIынкъым, сыщытми хъунщ! – жысIа щхьэкIэ, идакъым.

– КъэтIыси, мы бжесIэнум ущысу къедэIу, пщымыгъупщэжын хуэдэу! – Зыкъезмыгъащ1эурэ си нэр къэсIэтауэ сыщеплъым, и пащIэ бэлацитIым

мащIэу къыщIэгуфIыкI хуэдэу къысфIэщIати, си гур къызэрыгъуэтыжауэ сыщытт... Нэхъыжьыр лIы ябгэт, и ныбжьыр илъэс пщIейм щIигъуами, мытIысыжауэ и лэжьыгъэ Iыхьэр ищIэрт, икIи шы шэсыныр зыхимынауэ, и бгыр задэу шыбгым ист. Дигу хэзыгъэщIын зы псалъэ зэи къыджимыIами, дызэрыцIыкIу лъандэрэ дыфIэлIыкIырт, фэрыщIагъ хэмылъуи пщIэшхуэ хуэтщIырт. ЩIалагъэ-делагъэ хэмыта щыIэ, къемызэгъ е мыхъумыщIагъэ гуэр къыддилъэгъуамэ, езым зыри жимыIэу, и къуэ нэхъыжьым къыджригъэIэт: «Ди адэм мор и жагъуэ хъуащ, е мыпхуэдэр фщIымэ, е модрейр фымыщIэмэ нэхъыфIщ» – жиIэу кIэщIу зыгуэр къыднигъэсыжамэ зэфIэкIат, арат унафэр. Нобэ къалэм сыкъикIыжагъащIэу, уэрамым сызэрытехьэу а и къуэ нэхъыжьым сыкъигъэувыIэри къызжиIат:

– Ди адэр къыпхуейщи, кIыхьлIыхь зумыгъэщIу къакIуэ!

Ар зыхуэсхьынур сымыщIэу, сыкъэкIуауэ сыщытщ. Нэхъыжьым и псалъэм сыпоплъэ, зыгуэркIэ бзэгу хуахьауэ къысхуагъэгубжьыну Тхьэм къыщIимыгъэкI, жызоIэ сигукIэ.

– КъэтIыс, тIу, сэ хуит ущысщIакIэ узубыжынкъым! – щыжиIэм,  шэнт къуагуэр къэзгъэкIуатэри, пэмыжыжьэу икIи пэмыгъунэгъущэу сытIысащ, си гур нэхъри нэхъ къызэрыгъуэтыжауэ.

– ЗэрызэхэсхамкIэ, уэ адыгэбзэкIэ фIыуэ уоджэ икIи уотхэ. Пэж ар?

– ФIы дыдэри сыт? Ауэ соджэ, зыгуэрхэри сотхыф.

– Сыту фIыт ярэби, сыту фIыт! Пэжу Кавказым письмохэр яхуэптхрэ, къыпхуатхыжрэ?!

– Яхузотх икIи къысхуатхыж, – жысIащ зызмыIэжьэу.

ЛIыжьыр зэуэ къоуIэбжь, къыхэщу и нэхэр къилыдыкIауэ, захуэу къызэфIэтIысхьэри, ину хэщэтыкIыурэ жиIащ:

– Уэ ди Тхьэу Тхьэшхуэ, псори зыхуэныкъуэу зыми хуэмыныкъуэж, уоплъэри плъапIэм уитщ, сыту си жьыщхьэ гущIэгъушхуэ къысхуэпщIыжа!.. Хэт ищIэнт апхуэдэ махуэ слъагъужыну!.. Еу-уей мыгъуэ, ди нэхъыжьыфIхэр щыIэжамэ, апхуэдэ хъыбарыр зыпащIын мы дунеишхуэм теттэкъым. Ди адэ мыгъуэм гугъэр имыухыу гъащIэр иухат,– нэхъыжьым и нэхэр плъызауэ ар щыжиIэм, си гум щIэмыхьэу къэнакъым, ауэ нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи, хуиту жьы къэсшэжат. Сыту жыпIэмэ, фи щIалэр, бэлъшэвик хъури, Мэсковым запищIауэ яхуотхэ-къыхуотхэжхэр, жаIэу къыщIагъэстауэ, икIэм-икIэжым фIыуэ къыскIуэцIикъуэну сриджауэ къысфIэщIырт. Ауэ абы и пIэкIэ нэхъыжьыр гуапэу къысхуеплъэкIыжри къыпищащ:

– Арамэ, тIу, уэрауэ къыщIэкIынущ дэ дыкъызыхэкIамрэ ди щхьэ кърикIуамрэ зымыгъэгъуэщэнури, унэм укIуэжа нэужь, мы бжесIэнухэр тIыси тхыж, пщымыгъупщэжын папщIэ. Ди адэшхуэ дыкъызытекIар, и зэманым елъытауэ, еджагъэшхуэу щытащ, муслъымэн дин Iуэхухэм фIыуэ хищIыкIыу. ХьэтIохъуэщыкъуэпщыр и цIыхугъэу, и деж куэдрэ кIуэуэ щытти, зы махуэ гуэрым пщышхуэр къыщелъэIум, ХьэтIохъуэщыкъуей къуажэм дин IуэхухэмкIэ гъуазэу щыпсэуну унагъуэр дэтIысхьащ. Абы къуитI къыщIэнат, щIыуэ яIыгъыр зэкъуэшитIым къемэщIэкI щыхъум, нэхъыжьыр къыдокIри Дохъуэшыкъуей къуажэ дотIысхьэ. Ари абы унагъуэшхуэ щыхъуауэ екIуэкIыурэ, Ботэщей къуажэм щIышхуэ яIэу къыщащIэм, и къуэ нэхъыжьыр хэкIри абы Iэпхъуащ. Унагъуи щыхъужри, къуиплI къыщIэнащ. ЗэкъуэшиплIыр, я адэр ямыIэжми, зылI и бынхэу, зэгурыIуэзэдэIуэжу, щIышхуэ яIыгъыу зэдэлажьэу псэуащ.

Нэхъыжьым и псалъэр зэпигъэури, аргуэру и нэхэр плъызащ. Хэт ищIэнт абы и гум щыщIэр! Сыту жыпIэмэ иджы зи гугъу ищIхэр езым и адэмрэ абы и анэм къилъхуа и къуэшхэмрэт. Зыкъомрэ апхуэдэу щыса нэужь, и нэ къуэлэн ешахэмкIэ къызэплъурэ щIидзэжащ:

– Апхуэдэу уахуэтхэу щыщIэбдзакIэ, тIу, псыпэр зэрыкIуэм псыкIэр ирокIуэ, жи, ди нэхъыжьхэр къызэрыкIуа гъуэгум урикIуэжу, гува-щIэхами ар зумыгъэлъэгъуауэ уигу зэгъэнукъым. Ди къуажэр щымытыжыххэнкIи хъунщ, абдежхэм дунейкъутэж зауэр мызэ-мытIэу щекIуэкIащ. Хэт ищIэрэ, зыгуэркIэ къэплъыхъуэн хуей хъумэ, ар здэщытар, Къэбэрдейм, Шэшэным, къущхьэ аситинхэм я гъунапкъэхэр щызэуалIэу щытам дежщ, ХьэпцIей къуажэм пэмыжыжьэу… ХьитIым я кум къыдэкIа Ермоловым Къэбэрдейр къызэтрикъутэу, мафIэ щIидзэу щигъэсыжым, ди къуажэри къелакъым. Щхьэ егъэзыпIэ ямыIэу къэнахэти, зэкъуэшиплIми зыкъаIэту хьэжрэтым мыкIуэу хъуакъым. А здэкIуами, узижэгъуэну мафIэ зэщIэгъэнауэ зауэшхуэ щекIуэкIыу ирихьэлIэхэри, аргуэру зауэм хэмыхьэжхэу хъуакъым. Илъэс бжыгъэкIэ екIуэкIа хьэжрэт зауэ гуащIэм мин бжыгъэкIэрэ зи хьэдэр щызыгъэтIылъа къэбэрдей шухэм зэкъуэшиплIым щыщу зым и хьэдэр хилъхьащ. АбыкIи адыгэм и Iуэхур къыщызэIыхьэри, КъэбэрдеймкIи ямыгъэзэжыфу, Бэлкъаным кIуэхэм яхэту зэкъуэшищри къикIащ. А къыздэкIуахэми гупсэхугъуэ щамыгъуэту зауэ-банэт. АбыкIи тыркухэм я Iуэхур къыщызэтекъутэу къикIыжынхэ хуей щыхъум, адыгэхэри къимыкIыжу ядакъым. Зэкъуэшищри зэрымыгъэкIуэдауэ зэгъусэт, ауэ курытыр зауэм къыщауIауэ, и уIэгъэр мыкIыжыпауэ гъуэгу къытехьэжахэти, и щхьэр зэрихьэф къудейт. Ауэрэ гупым яхэту къакIуэхэурэ, иджыпсту Сириемрэ Тыркумрэ я гъунапкъэхэр щызэпыхьэм деж къэсхэри загъэпсэхуну къэувыIахэщ, курытым и псэр абдеж щыхэкIри, хамэ губгъуэм щыщIалъхьэжащ. Сирие лъэныкъуэмкIэ уплъэмэ, мывалъэрэ щIы гъур баналъэрэ фIэкIа плъагъуртэкъым. Арати, гупыр Iэнкун хъури, лъэныкъуитI зэрыгъэхъуахэу абдежым зыгупрэ тетахэщ. Нэхъыбэм къэралым къарита щIы Iыхьэм нэсхэу итIысхьэмэ нэхъ къащтэрт, хьэулейуэ губгъуэм къимынэнхэ папщIэ. НэгъуэщIхэми ар ядэртэкъым, абыхэм яцыщт ди адэ мыгъуэм и къуэш нэхъыщIэр:

– Мо щIы гъурым дыщыпсэуфыну Iэмал иIэу къэлъагъуэркъым, афIэкIа абыкIэ дымыкIуэу дывгъэгъэзэж! – жиIэу лъаIуэрт, ауэ мыдрейхэми жаIэн ягъуэтырт:

– ЩIы къыдатауэ дыздагъакIуэр мыбдежхэм хуэдэкъым, абыкIэ мэзхэри псыежэххэри щыIэу жаIащ.

– А жаIахэм щыщу дапщэ пэжу къыщIэкIыжар?!. – жиIэщ, и шыбгым зридзэри игъэзэжащ, зы гуп цIыкIу и гъусэу. Абы лъандэрэ и хъыбар зэхахыжакъым… ХьэщIэщыбжэм деж сыщыту мы хъыбарыр ди адэ мыгъуэм къиIуэтэжу дапщэрэ зэхэзмыхами, и къуэш закъуэу зыгъэзэжам губгъэн хуищIу е гукъанэ хуиIэ хуэдэу зэи гу лъыстакъым. Ауэ и гур щIэузт, хэкум нэсыжыфарэ гъуэгум щыкIуэдарэ зэримыщIэм къыхэкIыу. Аращ, тIу, ди лъэпкъыр къызэрыгъуэгурыкIуар, уэ уи адэ мыгъуэм и адэ, сэ си къуэш нэхъыжьымрэ сэрэ мыбы дыкъыщыхъуащ. АдэкIэ къэнам уэри ущыгъуазэщ. Дэ еджами епщами дащыщакъым, ди лъэ вакъэ зэритлъхьэрэ зауэ-банэм дыхэмыкIыу, ди кIэтIийр ди вакъэпсу, щIы гъурым денықъуэкъуу дылажьэу къэтхьащ. Ди адэ мыгъуэр фIыуэ еджат, хьэрыпыбзэри тыркубзэри уэр-сэру ищIэрт, дэфтэрыжь гуэри иIащ фэ фIыцIэ тебзауэ, зыгуэрхэр иритхэу, думп хъуащи згъуэтыжкъым, мыхъумэ уэстыжынут!.. ЛIэщIыгъуэ къэс ди лъэпкъым зы еджагъэшхуэ къыхэкIыу щытауэ жаIэжри, уемышу еджэ, тIу, щIэнығъэр зэи лей хъунукъым!..

Апхуэдэу гуапэу сыбгъэдэсыжа нэужь, зыми хуимыгъэфащэу, пIэми куэдрэ хэмылъыжу, ди нэхъыжьыр дунейм ехыжауэ щытащ. Алъандэрэ илъэсипщIым щIигъу блэкIыжами, нобэ хуэдэ махуэм, адэжьхэм хэкур щрагъэбгынам щыгъуэ ахэр зэрикIауэ щыта гъуэгум дыкъытеувэжауэ Налшык къалэ япэу дыкъыщыкIуэ махуэм, ар сигу къэмыкIыжыну Iэмал иIэтэкъым. Нобэ хуэдэ махуэр зэрытлъагъужынур ди пщIыхьэпIэхэм

къыхэхуэн ипэ къызэрызжиIауэ щытам и закъуэтэкъым си гум хуабагъэу хуилъыр къызыхэкIыр, атIэ иужькIэ и къуэ нэхъыжьым къызэриIуэтэжамкIэ, абы зыгуэрхэм Iей дыдэу бзэгу сыхуахьауэ щытащ: «Бэлъшэвик хъуащ, абыхэм хьэрэмри хьэлэлри зэхадзыжыркъым, диным икIахэщ», − жаIэри. Ауэ ар яхуидатэкъым: «А жыхуэфIэр апхуэдизу Iеймэ, ди щIалэр фIыуэ соцIыхуж, абыхэм ящыщ хъунутэкъым. Абы фемыныкъуэкъуу, апхуэдэ фыхъу фэри − хэт фызыIыгъыр!» жиIэурэ ящIэнакIэри иутIыпщыжахэу щытащ. А лъэхъэнэм, а ныбжьым иту апхуэдэу гупсысэфу щытар мащIэт. А псоми и щIыIужкIэ, губзыгъагъэшхуэ хэлъу, дунейм ехыжын ипэ сызэриущиижауэ щытар гуимыкIыжт.

Дунейр гъэмахуэ уэфI дахэт, дыгъэр зэрыкъухьэу мазэр уэгум къиувати, машинэм зыкъигъэзэху зыкъыддигъазэрт. Апхуэдизу ерыщу гъусэ къытхуэхъуати, загъуэрэ зыкърыгъэзыхыурэ машинэм къиплъэ фIэкIа пщIэнтэкъым. Апхуэдэу гъуэгур къызэднэкIыурэ, къалэ къыдыхьэпIэм деж дыкъыщысым, зэуэ мазэр IукIуэтыжри, пщIыхьэпIэ дахэм къыхэкIам хуэдэу, зэпэгъунэгъухэурэ сатырэу зэкIэлъыкIуэу щыт уэздыгъэй жыг щIыху дахащэхэмрэ абыхэм екIуу хэгуэша уэздыгъэ хужь дахэхэмрэ къытпегъуэкIа хуэдэу, ди пащхьэ къихутащ… Налшык дыкъыдэлъэдэну машинэм утыкур къижыхь щыхъум, дуней щэхум, алъандэрэ дэркIэ зэхуэщIауэ щытам, и куэбжэхэр адэжь гукъэкIыжхэмрэ щIалэгъуэ гугъапIэхэмрэ къахузэIуих хуэдэу къысфIэщIат.

Туристу Дамаск дыкъикIри, Мэзкуу дыкъэкIуат. Абы щыдагъэлъагъупхъэхэр дагъэлъэгъуа нэужь, Кавказ гупэм дыкъашэри, Краснодар дыщыIат. ИкIэм-икIэжым, Псыхуабэ дыкъыщыувыIауэ дыдэст. Къэбэрдейм и къалащхьэу щытам, игъащIэ лъандэрэ адыгэпсэм игъэпсэхупIэу къалъытэм, хамэ къэрал къикIа хьэщIэхэр къекIуэлIауэ зэрыщыIэр адыгэхэм зэхамыхыу къэнэнт!. Зэхаха къудейм къыщымынэу, махуэ къэс адыгэ щIалэхэр Налшык никIыурэ, пщыхьэщхьэ хъуху дагъэуэршэрт. А лъэхъэнэхэм хэкум ис адыгэхэмрэ хамэщI щыIэхэмрэ зэрыгъуэтыжагъащIэти, щIэщыгъуэшхуэ хэлъу зэхуэзэхэрт. Арати, Псыхуабэ дыкъызэрысрэ махуэхэр нэхъ псынщIэу зэкIэлъыжэ хъуат. Жэщ, махуэ жыдмыIэу Налшык никIхэмрэ дэрэ дызэбгъэдэсами, зэхуэтIуэтэнкIэ тхурикъун хуэдиз хъыбар диIэт. Зыми и гугъу имыщIми, лъэныкъуитIми зы гукъанэ закъуэт диIэр: Налшык къалэ зэхуэщIауэ, турист кIуапIэу зэрыщымытрат. Ауэрэ махуэ зыбжанэ етхьэкIауэ, зы пщыхьэщхьэ гуэрым бысымхэм жаIэ: «Ныщхьэбэ куэдрэ фыщымысу нэхъ пасэу фыгъуэлъыж, пщэдей жьыуэ Налшык фокIуэ нэхъыжьхэм фрагъэблэгъауэ!..»

ЗэрыжаIам хуэдэуи, хэгъэрей щIалэр жьыуэ къэсри, дыкъыдэкIат. Ауэ Къэбэрдейм дыкъызэрихьэу, гъунапкъэм деж къыщытпегъуэкIахэм Псынэдахэ къуажэм кIыхьу дыщамыгъэхьэщIэу дыкъыблагъэкIакъым. Абы дыщагъэсыIуати, Налшык дыкъыщыдэлъэдам кIыфI хъуакIэт.

Иджыпсту Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым дыкъытехьэну машинэм нэхъ хуэм зыщищIым, сэмэгурабгъумкIэ си нэм зы гъэщIэгъуэн гуэр къыпэщIэхуащ. Уэздыгъэ хужь фагъуэм и нэхур тридзэрэ мазэгъуэ пщыхьэщхьэ псыпсым къыхэнэхукIыу зы сынышхуэ щытт. Сыныр лъагэт, инт, адыгэлIыр шым и ижьырабгъумкIэ бгъурыту щытт. Нэхъыжь гуэрхэм жаIэжу зэхэсхауэ сщIэрт, лIыр шым и ижьырабгъумкIэ къепсыхамэ, нэщхъеягъуэ хъыбар къызэрихьар къагурыIуэу зэрыщытар. Машинэр блэжу си нэм фIэкIуэдыжыху, сызэплъэкIыурэ сеплъащ сыным. Хэгъэрей нэхъыщIэм абы гу лъитэри къыхидзащ:

− А сыныр Къэбэрдей шуудзэм щыщу зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу ягъэуващ, − жиIэри.

ЛIэщIыгъуэ блэкIахэм Къэбэрдей шуудзэ куэд хэкIуэдат мыухыж зауэм. Абыхэм ящыщу сытым хуэдэ шуудзэрауэ пIэрэ? − жысIэрт сэр-сэру.

Тхьэм ищIэнщи, ар нэхъ иужьрей зауэхэм ящыщ гуэр хъунщ зыхэкIуэдар! Ауэ апхуэдэ шуудзэм и хъыбар зэхэсхатэкъым, тхауи къыспэщIэхуатэкъым. Абыхэм теухуауэ зыщIэупщIэн хуей куэдым зыкъыщаIэтат си гущIэм, ауэ дыкъезыгъэблэгъа нэхъыжьхэм я деж дынэсыным куэд къызэрытхуэмынэжар наIуэ хъуати, ахэр зэкIэ ескъухыжами, шым и ижьырабгъукIэ къепсыхауэ нэщхъейуэ щыт адыгэлIыр си нэгу къыщIэнащ.

НэхъыжьыфIхэр хэту а пщыхьэщхьэм екIуу, дахэу дагъэхьэщIащ, псалъэ дахэу къыджамыIа къагъэнэжакъым, уэрэджыIакIуэхэр хэту джэгу дахэ дыдэ къытхуащIащ, ди къэфэкIэхэми деплъащ. Ешхэ-ефэр зэфIэкIыу ди щысын щрикъум, машинэм дыкърагъэтIысхьэжри, къалэм дыкъыдашащ. Мэз Iувым пхрыкI гъуэгу Iэуэлъауэншэм дытету, заулрэ дыкIуа нэужь, пщIантIэ гуэрым дыдохьэ, бысым нэхъыжьыр и машинэм ису дяпэ иту. Нэхъыжьыр и машинэм къокIри, унэ зэтет дэгъуэм дыщIешэ. Аргуэру Iэнэр щIэх дыдэу къагъэувыжри, жэщыбгым фIэкIыху дыщосыж. Нэхъыжьыр едгъэжьэжа нэужь, пщIантIэм дыкъыдонэжри дыдэтщ. Апхуэдизу псори дахэт, жьыр къабзэт, дыкъэзыухъуреихь псори мамырти, ахэр къэдгъанэу дыжеижыныр псэм къытхуидэртэкъым. Апхуэдэу жьы къабзэкIэ дыбауэу куэдрэ пщIантIэм дыдэтыжа нэужь, дыщIыхьэжын тлъэкIакъым, къуэладжэ гъунэгъу гуэрым щежэх псы цIыкIуу, зи ежэх макъым дыдихьэхам деж дехыу Iэ дэдмылъэу.

Къэбэрдейм щыдгъэкIуэну зэманыр пыухыкIауэ кIэщIт. Туризм программэм хэмыту зы жэщ-зы махуэ дыщыIэну дыкърагъэблэгъауэ арати, пщэдджыжьым жьыуэ дыкъэтэджу Iуащхьэмахуэ лъапэ дыкIуэн хуейт. Арати, нэху зэрыщу псори дыкъэтэджат, сыхьэт бжыгъэу дызэрыжеяр мащIэ пэтми, ди Iэпкълъэпкъхэр зэрыпсынщIэр дгъэщIагъуэу. ДызыфIэжаныжу залым дыкъыщехым, нэхъыжьыр къэсагъэххэу къыщIэкIати, дыукIытэжауэ Iэнкун дызэрыхъуам гу лъитэри, гуфIэжу къытпежьащ:

– ИгъащIэ лъандэрэ жьырытэджыIуэу сыкъалъытэ! ФыкъакIуэ, фыкъэтIыси тIэкIу дызэдевгъэдзакъэ!.. Пщэдджыжьышхэ умыщIу гъуэгу утехьэныр фIыкъым! – жиIэурэ дигъэтIысщ, пщэдджыжьышхэ къыддищIри, дахэу екIуу къыдэхъуэхъужа нэужь, IэплIэхэр къытхуищIурэ сэлам къыдихыжри, машинэм дыкъригъэтIысхьэжащ.

Къэбэрдейм дыкъызэрихьэрэ тлъэгъуа псори, зэхэтха псори, зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу, зыпэтщIынур дымыщIэу псори тфIэгъэщIэгъуэнт. Ауэ а псоми емыщхьу, дыгъуэпшыхь Налшык дыкъыщыдэлъадэм слъэгъуауэ щыта фэеплъ сыныр си нэгум щIэмыкIауэ щIэтт. ИкIи сыгузавэрт ар хуиту сымылъагъуу къалэм дыдэжыжынкIэ. Арати, машинэм дыкъызэритIысхьэжу, хэгъэрей щIалэу ди гъусэм селъэIуащ:

– Ди гъуэгум пэмыжыжьэмэ, кхъыIэ, дыгъуэпшыхь тлъэгъуауэ щыта фэеплъ сыным деж дыIугъэхьэ, – жысIэри.

– Умыгузавэ, ар ди гъуэгу Iуфэ дыдэм Iутщ, – жеIэ щIалэм. АфIэкIа хэмылъу, сыным деж дыкъосри дыкъоувыIэ. Машинэм сыкъокIри, си нэр зытедия сыным сыхуокIуэ. ЗэкIэ къызэрысфIэщIам нэхърэ нэхъ инт икIи нэхъ лъагэт. УбгъэдыхьэкIэ нэхъыфIу плъагъунутэкъым, ауэ зысхуэмыIыгъыжу сыбгъэдолъадэри соплъ, сыкъыбгъэдокIуэтыжри къызэпызоплъыхь. Си гъусэхэри машинэм къикIщ, сыным тIэкIурэ еплъхэри, итIысхьэжащ. Хэт сыт жимыIами, сыт хуэдэу къафIэмыщIами, сэ си псэр сыным итхьэкъуати, нэгъуэщI зыми гу лъыстэжыртэкъым. Гъусэ сызэриIэри, ахэр машинэм ису къызэрыспэплъэри, зэрызгъэгувэхэри сщыгъупщэжауэ, сыным си нэр къысхутемыхыжу сеплъу сыщытт. И лъабжьэр лъэбгъуэшхуэу, щIым хэщIыхьауэ гранит лъэгум тетт. Сыныр быдэу ягъэжу, гранит удзыфэ фагъуэр зэрытрабзэжар нахуэт. Шыми лIыми я гуащIэр зыхэпщIауэ зашэщI – захузурэ къару щэху гуэрым

къыIэщIэкIыным къыхуеIэхэм хуэдэт. Абы и щIыIужкIэ адыгэлIыр шым и ижьырабгъумкIэ бгъурытти, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуа хабзэм тету, гузэвэгъуэ хъыбар къиIуэтэну къызэрагъэувар нэрылъагъут. Шым и щхьэр лъэныкъуэкIэ игъэзауэ, мычэму адэкIэ нэхъ жыжьэу иукъуэдийм хуэдэт, лIым къыжиIэну гузэвэгъуэ хъыбарыр зэхимыхмэ нэхъ къищтэу. ЛIыри абы хуеплъэкIт, си закъуэ схужыIэкъыми къыздэIэпыкъу, – жиIэу елъэIум хуэдэу. КIэщIу жыпIэмэ, апхуэдэ фэеплъ сын слъэгъуатэкъым, зыщIар къызыхэкIа лъэпкъым и бзэкIэ, зыхуащIахэм къалъыса фэбжьыр, апхуэдизу нахуэу, гъуэзэджэу къиIуэтэжыфу. А псоми и щIыIужкIэ сыным жыжьэкIэ уеплъмэ, илъэс мин бжыгъэ зи ныбжь щэнгъуазэ гуэрым и Iэужьу, щIы щIагъым къыщIэкIуэтыжу, Налшык къыдыхьэпIэм деж къытеувам хуэдэт. КIыхьлIыхьыIуэ зезгъэщIа хъунти, си гъусэхэр къэгузэващ:

– Сыт апхуэдизу мы сыным кIэрыплъэгъуар?!. НакIуэ, дыбгъэгуващ, – жари. Сыным си гущIэм къыщигъэкъуэлъа псори ескъухыжри, Iуащхьэмахуэ гъуэгум дытеувэжащ.

ГуфIэгъуэри гузэвэгъуэри, нэщхъеягъуэри нэжэгужагъэри Iыхьэ зырызу мыгуэшауэ гъащIэм къыдит хабзэщ. Ауэ махуэхэр щыIэщ ахэр щызэхэбгъэзэрыхь мыхъу, абыхэм ящыщ зыщ адэжь щIыналъэм япэу дыщыщыIа махуэхэр. Сыту жыпIэмэ туристу гъуэгу дыкъыщIытехьам и щхьэусыгъуэхэр дызэрыщыгугъам нэхърэ нэхъыфIыжу къыдэхъулIат. Тлъагъуну дызыхуея псори дымылъагъуфми, Мэзкуу интуристым гъусэ къытхуищIа урыс щIалэм и жаныгъэкIэ, ди программэм хэмытми, Краснодар дызэрыдэса махуищым щыщу зы махуэр адыгэ къуажэ гуэрым щыдгъакIуэри, адыгейхэм я псэукIэхэр тлъэгъуат. А къалэшхуэм дэс адыгэхэм ящыщ гуэрхэми дымыщIэххэу дахуэзэри, мызэ-мытIэу дабгъэдэсат. Псыхуабэ дыкъекIуэлIа нэужьи, ди Iуэхур нэхъыфIыжу къыщIидзыжауэ, Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгум дытетт. Хэгъэрей щIалэу ди гъусэм, гушыIэнымрэ уэрэдымрэ щIидзати, нобэрей ди гуфIэгъуэ махуэр иджыри къэс тлъэгъуа псоми зэрефIэкIыр тщигъэгъупщэртэкъым. Апхуэдэ махуэ хэIэтыкIам сабэр зытрищIэжа, тхыдэм и напэкIуэцI гуэрхэм къыщызэIупхыжу гупыр зыгъэнэщхъеин е хэзыгъэгупсысыхьын яхэбдзэ зэрымыхъунур си псэм зыхищIэрт. Абы щхьэкIэ фэеплъ сыным пыщIа упщIэхэмрэ гупсысэхэмрэ IузгъэкIуэтыжурэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ дынэсащ.

Абдежым а махуэм щытлъэгъуа дахагъэм хуэдиз зыщыплъагъун щIыпIэ дуней псом теткъым жыпIэмэ, пцIыупс умыхъуным хуэдизт. Сыт хуэдэу щымытми, гъащIэ псокIэ гукъэкIыжу тхурикъун дахагъэ абдежым щытлъэгъуауэ, махуэри пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, машинэм дыкъитIысхьэжри дыкъежьэжащ. Налшык дымыгъэзэжу, занщIэу Псыхуабэ дыкIуэжын хуейт, абы зы жэщ дыщыIэжмэ, Мэзкуу дылъэтэжынурэ, адэкIэ Дамаск дыкIуэжынут. Мазэр ирикъуу из хъуа нэужь, хэIэжу зэрыщIидзэм хуэдэу, ди гуфIэгъуэхэм я лъагапIэр Iуащхьэмахуэти, абы дыкъикIыжу дыкъыздэкIуэжым, дызэрымыщIэу псори щым дыхъуат икIи нэщхъеифэ къыттеуат. Арагъэнт хэгъэрей щIалэм гушыIэнымрэ уэрэд жыIэнымрэ зэщIэту къиублэжауэ, ныбэ къытхуимыгъэнэжу дыщIигъэдыхьэшхыр.

Куэд мыщIэу дыгъэр къуохьэри, дунейр зэуэ кIыфI къохъу. Псори дешат, жьы IэфIу дызыхэтамрэ лъагапIэу дызытетахэмрэ ди Iэпкълъэпкъхэм тыншыгъэу къаритам кIуэ пэтми ди Iэуэлъауэр нэхъ мащIэ къищIт. Ди хэгъэрейри, и псалъэмакъым кIуэ пэтми кIэрыхуурэ, мэщхьэукъуэри Iурех. Къэнахэр псори даущыншэ дохъури, хэти мэщхьэукъуэ, нэгъуэщIхэри я нэхэр къаплъэ къудейуэ, я нэгу щIэкIахэм егупсысыжрэ къепэзэзэххэу щысщ. Интуристым и лэжьакIуэ урыс щIалэ лъагъугъуафIэри Iурихауэ

мэжей. Нобэ абы и нэгу зримыгъэужьамэ си Iуэхущ. Хьэрыпыбзэр фIыуэ ищIэрти, хъарзынэу дызэгурыIуэрт:

– Сэ фыкъесшэкIын папщIэ сыкърагъэжьами, фэращ иджы сыкъезышэкIыр, фэ адыгэхэр Сирием нэс фыкъикIыу фыкъэмыкIуамэ, сэ мы лъэныкъуэхэм игъащIэкIэ сыщымыIэнкIи хъунт, мыпхуэдиз дахагъэми сыхэнынут, абыкIэ фIыщIэшхуэ фхузощI, – жиIэрт. ГъущI кIапсэ гъуэгукIэ нэхъ лъагапIэ дыдэу Iуащхьэмахуэ узыдэкIуеифым дыщынэсым, дызэбгрыкIауэ щхьэж нэхъ фIэгъэщIэгъуэным еплъу, диувыкIауэ дыщытт. Мы урыс щIалэр мывэшхуэ гуэрым теуващ, и нэкIур бгыщхьэ хужьхэмкIэ гъэзауэ, хьэрыпыбзэкIэ кIийурэ жиIэрт:

– Сэ къызгурыIуэркъым цIыхухэр щIызэзауэр! Мыпхуэдиз дахагъэ дунейм тету сыт узэзэуэн щIыхуейр?!. Мы дахагъэр яхурикъункъэ дунейм тет цIыху псоми!!!

Iуащхьэмахуэ щилъэгъуа дахагъэм и гур цIыкIу къэзыщIа урыс щIалэ лъагъугъуафIэр иджы Iурихауэ жейрт, и щхьэр мащIэу лъэныкъуэкIэ ебэри, дящыщ гуэрым и дамэпкъым егъэщIауэ. Сабий хейм хуэдэу ар зэрыжейм сеплъурэ, сэри сыIуриха хъунти, си гупсысэхэм хэта ди нэхъыжь мыгъуэр машинэм ису слъагъурт. Абы темыпыIэу гузавэу жиIэ хуэдэт:

– ХьитIым я кум къыдэкIа Ермоловыр псынщIэу дэфши Iуащхьэмахуэ евгъэлъагъу!.. Мы урыс щIалэфIым хуэдэу, абы игури щабэ къэхъуамэ, зи мыхъуми лъыуэ игъажэр нэхъ мащIэ хъунщ!.. – Сэри абы сригузавэу, пщIэнтIэпсыр къыстрикIэу сыздэжейм, машинэм нэхъ хуэм зищIри зэуэ сыкъэушыжащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъунапкъэм дыкъикIыжакIэт. Гаи машинэу, зэм дяпэ ищмэ, зэми ди ужь къинэурэ алъандэрэ ди гъусар къыщыувыIэм, ди машинэри къэувыIэри дыкъикIащ.

– КхъыIэ, фыкъэкIуэж, фыкъэкIуэжыпэ! – жаIэурэ адыгэ милицэ щIалэхэм сэлам гуапэ къыдахыжырти, псори нэкунэпс дыкъэхъуауэ машинэм дитIысхьэжри, ПсыхуабэкIэ дунэтIыжащ.

Сирием дынэсыжа нэужь, гупым хэтахэм ди нэгу щIэкIахэр тIуэтэжащ, щхьэж къызэрыщыхъуам хуэдэу. Сэ сыкъапщтэмэ, зэрысIуэтэжыну щIыкIэр сымыщIэу згъэщIэгъуауэ щытар лъэпкъым щыщу апхуэдиз лъыгъажэ зауэхэмрэ гущIэгъуншэ мафIэсхэмрэ хэкур егъэбгынэнымрэ къела тIэкIур, хэкур ягъэщIэрэщIэжауэ, я щхьэ пщIэ хуащIыжу, зыхэтхэми пщIэ къыхуащIу, адыгэ жылэу къызэрызэтенарат. Ар псалъэкIэ мыхъуу, а зы жэщ-зы махуэм я псэукIэм, псэуалъэу тлъэгъуахэм къаIуатэрт. А псоми я щапхъэ хуэдэ, си гум имыкIыжу си нэгу къыщIэнат Налшык къыдыхьэпIэм деж щыслъэгъуа фэеплъ сыныр.

## ЗЫ УЭРЭД

Адэжь хэкум япэу сызэрыщыIар махуэ схуэхъури, къытезгъазэурэ мызэ-мытIэу сыкъэкIуэжащ. Ди гъуэгухэр зэIуха хъуати, кхъухькIи, кхъухьлъатэкIи, автобускIи дыкъызэрымыкIуэж къэдгъанэртэкъым. СыкъэкIуэжыху къэси, зыми езмыгъащIэу фэеплъ сыным деж сыIухьэрти, зыщызмыгъэнщIу сеплъырт, си губампIэр дезгъэгъэкIыу. Ар зыхуагъэувахэм я Iуэхум зэкIэ убзыхуауэ сыщымыгъуазэми, адыгэ шу нэщхъейуэ, шым и ижьырабгъумкIэ къепсыхауэ щытым псори къызжиIэу къысщыхъурт. Апхуэдэурэ зыбжанэрэ лъагъунлъагъу сыкъэкIуэжа нэужь, си Iуэхухэр зэхузогъакIуэ, сытогушхуэ, си насыпым къехьри, унагъуэри сщIыгъуу къыдогъэзэжыпэ. Налшык къалэ дыкъыдотIысхьэж.

А лъэхъэнэм къэрал абрагъуэу щытар къутэжагъащIэти, къэрал хабзэу зэхэлъэлъэжахэм я пIэм хабзэщIэхэр иува щIыкIэтэкъым, уеблэмэ апхуэдэ хабзэщIэхэр нэсу зэхэлъхьа хъуатэкъым, къэзылъэфри зылъэ-

фыжри къыпхуэмыщIэу, дуней псом и Iыхьэ ханэ хъуурэ щыта къэралышхуэм къыщIэна хъугъуэфIыгъуэхэр зэрапхъуэрт. Зыри зылъымыс къызэрыгуэкI цIыхухэмрэ Iэбэным фIэлIыкIхэмрэ гужьеигъуэ ихуэ куэд къахэкIт. Дэри, дыкъэкIуэжагъащIэ пэтми, псоми я зэхуэдэ гузэвэгъуэхэм я кIапэлъапэ гуэрхэр къынэмысу хъуртэкъым:

– Сыт мыбы фыкъэзыхужар, а фыздэщыIар нэхъыфIакъэ?!.

– Дауэ дзыхь фщIыуэ мы мафIэ зэщIэгъэнам фыкъыхыхьэжа?!

– Хэкум къихъухьа дэ дыздэкIуэн диIэкъым. Япэхэм, дунейр щынэхъыфIахэм, фыкъэмыкIуэжу и зэхэзэрыхьыгъуэ дыдэм дауэ дзыхь фщIа?!…

А къызэрызэупщI псоми кIэщI дыдэу сэ мыпхуэдэ жэуап естыфынут:

– Налшык къыдыхьэпIэм деж щыт фэеплъ сыным гу сигъэщIри сыкъэкIуэжащ! – жысIэмэ, зэфIэкIынт сэркIэ. Ауэ ар къазэрыщыхъум сеплъырти: «Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым»,– жиIащ пасэрейм жысIэрт. Си дежкIэ а фэеплъ сыныр щыхьэт нахуэу къэувырт адыгэм и щхьэр псэууэ гужьеигъуэ куэдым къызэреламкIэ. АдэкIэ махуэ къэс гугъусыгъуу гъащIэм къигъэувахэм хуэдэу, нэхъыкIэхэри ди щIалэгъуэм Сирием щекIуэкIа зауэ нэужьхэм ди нэгу щыщIэкIати, хэкум дахагъэу, щIэщыгъуэу щытлъагъухэм щIахъумэт мыхъумыщIэу дызыхэхуэм щыщ куэд. Ауэрэ зэманыр макIуэ, зыщыдмыгъэнщIу дыздэкIуэу щыта щIыпIэ дахэ куэдым я щIэщыгъуэр йокIри, зэзэмызэ хьэщIэ щыдиIэм деж фIэкIа дымыкIуэж мэхъу, ауэ фэеплъ сынымкIэ си щIэщыгъуэр икIауэ сэ зэи къысщыхъуакъым. Япэу зэрыслъагъурэ илъэс куэд блэкIами, гъащIэм и дэгъэзеипIэ гуэр сыхуэзэху къэскIэ, сыкIуэрти и Iэшэлъашэр къызэхэскIухьурэ сеплъырт, си Iэпкълъэпкъхэр нэхъ псынщIэ хъужауэ, си гум жьы дихужауэ къысфIэщIырт.

Си Iуэхур абы тетурэ, сынымрэ сэрэ дяку дэлъ зэпыщIэныгъэ щэхур нэхъ тIасхъэ хъуным и пIэкIэ, нэхъри нэхъ быдэж зыщIын Iуэху къыкъуокI. АдыгэбзэкIэ нэтын гуэрым дызыIэпишауэ дыздеплъым, зы щIалэ лъагъугъуафIэ гуэр телевизорым къоувэри, зы уэрэд гъэщIэгъуэн къыжеIэ, макъамэ нэхъ гъэщIэгъуэныжи щIэту. Уэрэдым и псалъэхэри, и уэрэдыпкъри, къыжызыIэм и макъри апхуэдизу дахэт, зэкIужт, гущIыхьэти, нэгъуэщI дуней гуэрым, псэхэм я лIыкIуэу къиIукI хуэдэу къысщыхъуат:

*Телъхъэ уанэр си шым, уэ си шынэхъыщIэ,*
*Зауэм кIуэ жаIауэ,ТэрчкIэ соукъуэдий.*
*Сэ уанэгу сыкъихурэ губгъуэм сыкъинами,*
*Сызыпылъ хъыджэбзым и гум сумыгъэху.*

Уэрэдыр иухыху си жьэр Iурыхуауэ седэIуащ. АпхуэдизкIэ си псэм хэтIысхьати, иуха нэужьи си тхьэкIумэм имыкIыжу, сызыщIэдэIукIыжу зыкъомрэ сыщысыжащ. Апхуэдэ уэрэд гъуэзэджэ адыгэбзэкIэ зэхэсхауэ щытакъым. Уэрэдым и зэхэлъыкIэм, и къыжыIэкIэм, и макъамэм си нэгу къыщIагъэхьэжат зи гуфIэгъуэхэри гузэвэгъуэхэри щымыIэж пасэрей адыгэ дуней. КинокIэ слъагъу хуэдэу къысщыхъурт щIалэ бланэ зэкIужхэр, я къэшэн дахэхэр къагъэнауэ, я шы-уанэ зэтелъхэм зрадзурэ, гуп-гупу: «Фынеуэ, маржэ!» – жаIэурэ, хьэблэхэм, жылэхэм дэшэсыкIхэу. Апхуэдэу дэкIхэу къэзымыгъэзэжахэм я бжыгъэр цIыху мин дапщэ хъурэ?! ЛIэщIыгъуэ блэкIахэм ди лъэпкъым кърашIылIа зауэжьхэм шу минищэ дапщэ хэкIуэдар?!. Адыгэм игъащIэ лъандэрэ и хабзэу щытакъым зэуапIэм щепсыхыжа шум и хьэдэр губгъуэм кърансэу, ауэ закъуэтIакъуэ фIэкIа къэмынэмэ, е къэзыхьыжын къэмынэххэмэ-щэ?!. Хэкум папщIэ зи псэр зыта лIыхъужьхэм ижь-ижьыж лъандэрэ гъыбзэ хуаусу щытащ, гъыбзэр

гъыбзэщ, «гъын» псалъэращ абы и лъабжьэр, и лIыгъэмрэ нэмысымрэ хуэфащэу епсыхыжам хузэхалъхьэрт. Ауэ мы Iуэхум къызгурымыIуэу хэлърат: сыным къызэриIуатэм хуэдэ къабзэу, гъыбзэкIэ мыхъуу, мыр зи дахагъэ уэрэдым апхуэдизыр зи гуауагъ зауэм и къэхъукъащIэхэр ди нэгу къызэрыщIигъэхьэжыфхэрат. Абы къинэмыщIауэ, мы уэрэдым гу лъумытэнкIэ Iэмал имыIэу къыхэщырт лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэ апхуэдиз зауэ-банэм хэта лъэпкъыр гузэщыуэгъуэ махуэхэм гущIэгъуншэ ямыщIауэ, цIыхубзым, псоми хуэмыдэу анэхэм, ямышауэ дэс хъыджэбзхэм гущтэ зыхахын гузэвэгъуэ хъыбархэр зэралъэкIыу щабзыщIу зэрыщытар.

Уэрэдыр зытет кассетэ къызогъуэтри седаIуэу щIызодзэ. Къытезгъэзэжу седаIуэурэ, псалъэхэр къызотхыкI. ЗыщызмыгъэнщIу зэм уэрэдым содэIу, зэм усэм макъ лъагэкIэ сыкъоджэ. ТIум щыгъуи, Налшык къыдыхьэпIэм деж щыт сыныр си нэгу къыщIэзмыгъэхьэн слъэкIыркъым. Нэщхъейуэ мобдежым щыт шур, и къуэш нэхъыщIэм уанэр трыригъэлъхьауэ, дэшэсыкIыу, ТэрчкIэ иукъуэдийуэ зауэм кIуа дыдэра хуэдэу къысщыхъурт. Сыт хуэдэу щымытми, мы уэрэдым нэIуасэ сыхуэхъуа нэужь, фэеплъ сыным и деж сыщыкIуэкIэ си Iуэхур нэгъуэщIу къекIуэкIыу щIидзат. Хабзэ зэрысхуэхъуауэ, сыныр зэпэсплъыхьу зыкъомрэ сыщыта нэужь, вагъуэ жыжьэхэм я джэрпэджэж хуэдэу, уэрэд хьэлэмэтыщэр си тхьэкIумэм къиIуэрт. И кIэм нэсыху абы седэIуа нэужь, зэуэ си гур ин къэхъурт, си псэр жырым хуэдэу псыхьа хъуауэ къысфIэщIыжу, лъэ быдэкIэ сытету унэм сыкъэкIуэжырт.

## ЗЫ ХЪЫБАР

Хэкужьым къэзышэж гъуэгухэм къытеувэхэурэ, нэхъыжьхэр къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм къикIыжырт, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, мыбы щыпсэуну къэкIуэжыпэрт, я унагъуэхэри ящIыгъуу. Нэхъ ныбжьыщIэхэри нэхъыбэжу къакIуэхэрт, икIи абыхэм къахэкIт, я Iэщхьэ-лъащхьэхэр драхьейуэ занщIэу лэжьэн щIэзыдзэхэр, хэкум щыпсэун, щыунэн, унагъуэ щыхъун гугъапIэр яIэу. Язынысъуэхэми къыздикIам ягъэзэжырт, я Iуэхухэр нэхъыфIу зэхуагъакIуэу къагъэзэжын мурад ящIауэ. Сытми, къэкIуэжахэр япэрей илъэсхэм даущыншэ дыхъуртэкъым. Щхьэусыгъуэншэу икIи пIалъэншэу куэдрэ дызэхуэзэрт, тлъэгъуахэр, зэхэтхахэр, ди гуапэ е ди жагъуэ хъуахэр зэхуэтIуатэрт. Нэхъыщхьэрати, псори щIэрыщIэу унагъуэу дызэрытIысыжым къыхэкIыу, шейбжэмышхым къыщыщIэдзауэ дызыхуэмыныкъуэ щыIэтэкъым, ахъшэ тIыгъ пэтми, ахэр гъуэтыгъуейт, гугъусыгъу гуэрхэри хэлъу зэдгъэпэщыжт. Абы къыхэкIыу, нэхъыщхьэрати, сыт хуэдэ хьэпшып е сытым хуэдэ унэлъащIэ дэнэ щащэми, дапщэкIэ ящэми зэхуэтIуэтэжырт. А псоми я щхьэфэ диIэба нэужь, щIымахуэ жэщ кIыхьхэм, шей дефэмэ, хъыбар зэхуэтIуэтэжурэ дызэхэст.

Абы тету ди Iуэхухэр екIуэкIыурэ, зы пщыхьэщхьэ гуэрым зы хъыбар гъэщIэгъуэн дыдэ зэхызох. Сирием къикIыжагъащIэу зы щIалэ къытхэсу, дыуэршэру дыщыст. Куэдым я гугъу тщIа нэужь, псалъэмакъыр адыгэбзэм теухуа хъуащ. ХамэщI щыпсэу адыгэхэм: «Ди бзэм хьэлыгъу уигъэшхынукъым!» − жаIэурэ ар Iумпэм зэращIым, адыгэбзэр ямыщIэжу щIэблэр къызэрагъэтэджым щхьэкIэ шхыдэхэ къытхэтт. НэгъуэщIри: «Адыгэбзэм КъалэкIыхьым ублигъэкIынукъым!» − зэрыщыжаIэм игъэпIейтейрт е зыгуэрым тхылъыфI итхын хъумэ: «Нэхъыбэ еджэн папщIэ!» − жиIэурэ, урысыбзэкIэ зэритхым къыхэкIыу ди бзэр факъырэ зэрищIым игъапэрт. Алъандэрэ къэдаIуэу, зыри жимыIэу щыса щIалэ гуэр къопсалъэ:

– Хуит сыкъэфщIмэ, адыгэбзэм теухуауэ си нэгу щIэкIа зы хъыбар къывжесIэнущ!..

– ЖыIэт! ЖыIэт! – жыдоIэ псоми зыжьэу, и къегъэжьэкIэм дызыIэпишауэ.

– ЛIэщIыгъуэ блэкIам и блыщI гъэхэм еджакIуэ сыкIуауэ Германием сыщыIэт, тIэкIуи сылажьэурэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъуэтын си гугъэу. СызэрыкIуэрэ мазих хуэдиз хъуауэ, нэмыцэбзэми сыхэгъуазэу щIэздзауэ, Иорданым къикIауэ зы адыгэ щIалэ нэIуасэ къысхуохъу. Ныбжьэгъуи дызэхуохъу. Ари еджакIуэ къэкIуауэ арат, бзэр иджын щIидзагъащIэти, сыт хуэдэ лъэIукIэ къыстехуами, сыдэIэпыкъурт. Ауэрэ нэмыцэ хъыджэбз нэIуасэ къещIри, абы IуэхукIэ нэхъыбэрэ зытригъащIэу, нэхъ и гъусэу щIедзэ. Хъыджэбзым инджылыбзэр фIыуэ ищIэрти, сэ сыхэмыту зэгурыIуэхэрт. Куэдыщэ дэмыкIыу къызжеIэ хъыджэбзыр къыдэкIуэну арэзымэ, къиишэну мурад зэрищIар. Апхуэдэу псынщIэу зэрытегушхуар згъэщIагъуэу екIуэкIыурэ, зы махуэ гуэрым си деж къокIуэри къызолъэIу:

– Си адэм деж унакIуэу уемыпсэлъауэ, Iуэхур хъунукъым! – жеIэри, хъыджэбзым ди Iуэхур зэфIегъанэ. Сэ нэмыцэбзэр дахэ-дахэу иджыри зэрызмыгъэшэрыуэфыр уощIэ, аращи, хъуну щытмэ, сынолъэIу, си гъусэу накIуи хъыджэбзым и адэм дегъэпсалъэ!

Дэ Штутгарт къалэрат дызыдэсыр, абы уикIыу хъыджэбзым и адэр щыпсэу Калсу укIуэныр IуэхущIэхтэкъым. МафIэгур къэувыIэрейти, гъуэгум куэдрэ дытетынут, итIани апхуэдизу лъаIуэ адыгэ щIалэр и закъуэу схуэмыутIыпщу сыдежьащ. Хъыджэбзри ди гъусэти, адрес къэлъыхъуэн Iуэху дыхэмыту, занщIэу я унэм дишащ. ДызэрыкIуэмкIэ хъыбар иIэу къыщIэкIынти, лIыжьыр дахэ дыдэу къытпегъуэкIащ. Нэжэгужэу къытщыгуфIыкIыурэ, жьантIэмкIэ дигъэтIысри, дыкъыздикIамрэ дыкъызыхэкIамрэ, Сириемрэ Иорданымрэ ис адыгэхэм я псэукIэ нэгъунэ къыщIэупщIащ. Адыгэхэм я Iуэхум апхуэдэу гъунэгъуу зэрыщыгъуазэр згъэщIэгъуа пэтми, кIыхьлIыхь зызмыщIу, зыщIэупщIахэм жэуап естри, дыкъызытекIухьа Iуэхур жесIащ. ЛIыжьыр зэрынэжэгужэм тету, ди Iуэхум нэхъ жыжьэу къыпекIуэкI хуэдэу жиIащ:

– АтIэ, тIури фыщыадыгэкIэ, уи ныбжьэгъур си благъагъэм къыщIэлъэIуу фыкъыщыкIуакIэ, схуеупщIыт абы адыгэбзэ ищIэрэ имыщIэрэ, – нэмыцэ лIыжьым жиIар апхуэдизу згъэщIэгъуати, фIыуэ къызгурымыIуауэ пIэрэ жысIэу, щым сыхъуауэ сыщыст.

Си ныбжьэгъур къэгузэващ:

– Сыт къэхъуар?.. Сыт жиIэр?!. – и нэр къиихуу къызэупщIырт.

– Адыгэбзэ ищIэмэ еупщI! – жеIэ.

– Сыт си адыгэбзэм ирищIэнур? Сэ нэмыцэбзэр си фIэщу зызогъащIэ! И пхъур къызитыну, къызимытыну, аращ Iуэхуу мыбы дыкъыщIэкIуар!..

ЗыщIэупщIам и жэуапым пэплъэрэ, ди зэпсэлъэкIэри игу зэрыримыхьыр нэрылъагъуу, лIыжьым и нэгум зихъуэжат:

– ИщIэркъым!.. – жызоIэ. Нэмыцэ лIыжьыр зэуэ къэуIэбжьри, тIэкIу егъэщIа хуэдэу тыншу щысти, и нэщхъыр къызэхыхьауэ, псынщIэу къызэфIэтIысхьащ. А упщIэм апхуэдизу игъапэу сщIамэ, нэгъуэщI зыгуэру жэуап естыжынтэкъэ? Къэхъуар имыщIэу, зэм сэ къызэплът, зэм лIыжьым еплът си ныбжьэгъур. Хъыджэбзми и щхьэр зэуэ къыфIэхуащ – и адэр зыхуей уасэр и щIалэм зэримыIэр къыгурыIуауэ хэплъэу щыст. Нэмыцэ лIыжьым и щхьэр игъэкIэрахъуэрэ, зыми емыплъу жиIэрт:

– Ар дауэ хъун!.. Ар сыту жагъуэ!.. – Апхуэдэу зы тэлайкIэ щыса нэужь, зыкъысхуигъазэри, сигъэукIытэу си нэм къыщIэплъэу, жиIащ:

– Мыдэ къэдаIуэ, щIалэ!.. ЕтIуанэрей дунейпсо зауэшхуэм щыгъуэ нэмыцэ танкыдзэу Совет Союзым теуауэ щытам хуэдэ нобэ нэгъуэщI къэ-

рал гуэрым хузэгъэпэщынрэ хузэмыгъэпэщынрэ сщIэркъым, ауэ фIыуэ сызыщыгъуазэр а танкыдзэм нэхърэ нэхъ дзэ лъэщ а лъэхъэнэм дунейм къытемыхьауэ зэрыщытаращ… Сэ а танкыдзэм сыхэту Кавказ Гупэм и Iэшэлъашэхэм дыщилъадэм, адыгэ шуудзэ къытпэувауэ щытащ, зэрыадыгэр я шыфэлIыфэмрэ я лIыгъэмрэ къиIуатэрт. Ахэр къытпэувам къыщымынэу, я Iэщэ псынщIэхэм мафIэр къилъэлъу, я сэшхуэ къихахэр дыгъэм пэлыду, ди танкхэр шыбгъэкIэ ираудыным хуэдэу къыттеуахэу щытащ. Дауи, ахэр делэтэкъым, фIыуэ къагурыIуэрт я шуудзэр ди танкыдзэм къызэрыпэмылъэщынур, ауэ я напэм ирагъэкIуакъым къыдэплъурэ дыблагъэкIыну. Дэри лIыгъэу яхэлъымрэ гууэ якIуэцIылъымрэ папщIэ тфIэгуэныхь хъуахэт, ауэ, сыт дымыщIами, танк лъабжьэкIэ зэхэдмыфыщIэхэу дыблагъэкIакъым!.. Иджы мы си пхъум къыщIэупщIэну къэкIуа уи ныбжьэгъум схугурыбгъэIуэну сызыхуейращ: – Сэ мы дунеижьым хэсхауэ щызиIэр а зы хъыджэбзращ. Уэ апхуэдизу зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж, зи лъахэр фIыуэ зылъагъу лъэпкъ пагэм укъыхэкIауэ, абы пщIэ хуумыщIыжу, абы и бзэр зумыгъэщIэжыфауэ, сэ си пхъум пщIэ хуэпщIыфыну си фIэщ хъуркъым. Езыр къыбдэкIуэнумэ, къэрал хабзэкIэ хуитщ, абы сэ хэсщIыхьыфын щыIэкъым, ауэ сэ къызэупщIу къызэдэIуэнумэ, ар уэ бдэзгъэкIуэнтэкъым! – жиIэри нэмыцэ зауэлI лIыжьыр плъыжьыбзэ къэхъуауэ къыщытэджыжым, Iуэхур и кIэм зэрынэсар къызгурыIуэри, сэри сыкъэтэджыжурэ си ныбжьэгъум жесIащ:

– НакIуэ, Iуэхур зэфIэкIащ!

– Сыт хуэдэу зэрызэфIэкIар?! Сыт къэхъуар! Сыт лIыжьыр зыгъэгубжьар! – жиIэрт ныбжьэгъум гузавэу.

– НакIуэ, дыщIэкIыжа нэужь псори бжесIэжынщ!..

Хъыджэбзым и щхьэр къыфIэхуауэ, щыму зэрыщысу къэдгъанэри дыкъыщIэкIыжащ. КъыддэкIуатэ хуэдэурэ, лIыжьыр къызбгъэдыхьэри къызжиIащ:

– Уи жагъуэ умыщI, щIалэ, уэ адыгэбзэ пщIэрэ?

– СощIэ.

– АтIэ, сэ зэхэгъэж Iуэху сызэрыхэмытыр пщIэн папщIэ бжызоIэ, уэрами е нэгъуэщI адыгэ щIалэ и бзэр ищIэжу щыIэмэ, си пхъур къыдэзыхьэхыфым пэзубыдынукъым, къызыхэкIар ищIэж закъуэмэ!..

Гъуэгум дытету дыкъыздэкIуэжым, Iуэхур зытетыр, къызэрекIуэкIар си ныбжьэгъум щыгурызгъаIуэм, и жагъуэ зэрыхъуам ищIыIужкIэ, хуабжьу игъэщIагъуэт адыгэбзэ зэримыщIэм щхьэкIэ и насыпыр нэмыцэ лIыжьым къызэрызэпиудар. Апхуэдэ Iуэху Германием къызэрыщехъулIари нэхъыбэжу игъэщIагъуэурэ дыкъэкIуэжащ. ТIури зы университет щеджэрт, ауэ, сыт имыщIами, хъыджэбзым зыкъыхуигъэзэжакъым икIи зригъэпсэлъэжакъым, мыгувэуи еджапIэр ихъуэжри зытригъэплъэжыхакъым. Сэри си Iуэхур нэгъуэщIурэ къыщIидзыжри, еджэн иризмыгъэкъуфу Сирием сыкIуэжауэ щытащ.

ЩIалэм и хъыбарыр иухыху, си нэр къихуу седэIуащ, иуха нэужьи, си фIэщ мыхъуам хуэдэу, къытезгъэзэжурэ сеупщIырт:

– Мы хъыбару къыджепIар шыпсэу зэхэпхауэ е тхауэ уеджэжауэ щытынкIэ хъуну?!

– ЖыпIэр сыт? Фэ нэхъыжь гупым фи пцIы щIыхуэ стелъ, фыкъэзмыгъапцIэу мыхъуну!.. Тхьэшхуэр фи фIэщ хъумэ, абыкIэ тхьэ фхузоIуэ, мы хъыбарым си тхьэкIумэкIэ зэхэзмыхауэ, си нэкIэ сымылъэгъуауэ, си нэгу щIэмыкIауэ зы псалъэ хэмыткIэ!

Закъуэрэ дунейм къыщыхъухэр кинохэм, романхэм нэхърэ зэрынэхъ гъэщIэгъуэным псори дыщыгъуазэщ. Ауэ Iуэхур адыгэхэм ятеухуа щыхъукIэ, дуней псом текъухьауэ къызэрынам къыхэкIыу, нэхъ гъэщIэгъуэныжхэри я деж къыщыбогъуэт. Сыт хуэдэу щымытми, щIалэм

сыIурыупщIыхьурэ, хъыбарым нэхъыщхьэу хэтхэр щIэрыщIэу къыжезгъэIэжащ… Къэбэрдей адыгэ шуудзэм и щхьэ кърикIуар, зыми къызжимыIами, фэеплъ сынымрэ уэрэдымрэ абы гуауэ къылъысар псэкIэ зыхызагъэщIат, ауэ а пщыхьэщхьэм фIы дыдэу къызгурыIуащ а гуауэм и инагъыр зыхуэдизыр, абы мыхьэнэуэ иIэхэр зэрынэхъ иныжыр.

Нэмыцэ лIыжьым и хъыбарыр зэхэсха нэужь, куэд дэзмыгъэкIыу аргуэру сыкIуат фэеплъ сыным и деж. Япэхэм щIым зыкъыхиIэтыкIыным хущIэкъуу, къеIэу къысфIэщIу щытами, иджы пэжу нэхъ лъагэ, нэхъ уардэ хъуа хуэдэу къысщыхъурт. Танкыдзэм и гурым макъым шуудзэм и Iэуэлъауэ макъхэр хэкIуадэми, зэзэмызэ шу хъыжьэ ехьэжьахэм я псалъэмакъхэр къыхэIукI хуэдэу къысфIэщIырт:

– Фынеуэ, маржэ! Нобэ хуэдэ махуэщ адыгэ щIыжаIар!..

– Хьет жевгъэIэ, щIалэхэ! ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ!..

– Iэмал иIэххэу фыкъимыкIуэт! Псэр ятри напэр къащэху!..

Адыгэ шухэм я гуо макъыр я сэшхуэ къихахэм щIыгъуу танк Iугъуэм къыхэлыдыкIыурэ, кIащхъэ мэхъужри, мэувыIэжыпэ. Танкыдзэр блокI…

*Телъхьэ уанэр си шым, сэ си къуэш нэхъыщIэ,*
*Дахэм гу щызмыхуэу нобэ шы сошэс,*
*Сэ уанэгу сыкъихуу губгъуэм сыкъинами,*
*Си уэрэдыр жепIэурэ дахэм игу сигъэлъ.*

Сыныр, уэрэдыр, хъыбарыр зы хъужахэу си гущIэм щызгъэфIэрт. Псом хуэмыдэу сынымрэ уэрэдымрэ, адыгэ гъуазджэр дунейпсо лъагапIэ гуэрым зэрынагъэсам, мылъкушхуэ зыбгъэдэлъыр абы зэрыригушхуэм хуэдэу, сигъэгушхуэрт. Хъыбарырати, бийуэ къозэуар щыхьэту къыпхуэувыжыным и мызакъуэу, уи лъэпкъым къыщхьэщыжынри Iуэху цIыкIутэкъым. А щыри, зэпIэзэрыту, си щхьэр Iэтауэ сыхэзыгъэтхэм ящыщт.

Апхуэдэурэ зэманыр макIуэ, Iуэху гуэр къысхукъуокIри, Сирием хьэщIапIэ сокIуэ, мазитI иримыкъу сыкъэтауэ сыкъэкIуэжмэ, фэеплъ сыныр щытыжтэкъым!.. Къысщыхъуауэ пIэрэ, жысIэу си фIэщ мыхъуу си нэр сыуфIыцIрэ къэзгъэплъэжмэ, абы и пIэ нэгъуэщI сын итт, ари адыгэ шут, япэрейм хуэдэу, 115-нэ къэбэрдей адыгэ шуудзэм и фэеплът. АдыгэлIыр шыбгым ису, и сэшхуэр лъагэу Iэтауэ, шым и къарум къызэрихькIэ зричыну зыщиIэта напIэзыпIэм зэуэзэпсэу и пIэм ижыхьу мыбдеж къытехутам хуэдэт. Сыным и щIыкIэм хужыпIэн щымыIэу дахэт, ауэ псэ хэлътэкъым. Нэхъыщхьэрати, адыгэ фащэ щыгъыу ящIами, адыгэпсэ хэлъу зыкъыуигъащIэртэкъым.

Налшык къыдыхьэпIэм деж щыта сыныр зэрахъуэжам, зыхъуэжахэм къагурымыIуэми, лъэпкъым щыщIэныгъэшхуэ къыхуихьауэ къысщыхъуат. ЗэрыжаIэу, Тхьэм нэхъыкIэм дыщихъумэ, сэ къызэлъытауэ фIыуэ слъагъу зы цIыху спэжыжьэ хъумэ, си жагъуэ зэрыхъунум хуэдизу къысхигъэIат. Ауэ абы щхьэкIэ къэзмыгъанэу, япэхэм хуэдэу, Налшык къыдыхьэпIэм деж щыт утыкум сокIуэри къызэхэскIухьу сытот. Япэ дыдэу хэкум сыкъыщыкIуа пщыхьэщхьэм дигухэр къилъэту мыбдежкIэ дыблэжауэ зэрыщытари, абы пыщIа гукъэкIыж псори, хъуэхъу дахэу къыджаIауэ щытахэри хэтыжу, нобэр къыздэсым си бзэгупэм IэфIу телъщ. Абы и щIыIужкIэ мыбдежыр хэкужьым укъэзышэж гъуэгущхьэхэм ящыщ зыщ. КъэкIуэжыныр япэм нэхърэ нэхъ гугъу хъуами, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, зи ныбжьыр нэса щIалэжь хъарзынэхэри, нэхъ зи къаруугъуэ щIалэхэри къэкIуэжхэурэ мыбдежымкIэ блокI, ращ мы утыкур щIысхуэмыбгынэр. Адыгэ напэм, хэкум, къэралышхуэ дызыхэтым емыпцIыжу зи псэр зыта шуудзэм и фэеплъ сын пэжыр щымытыжми, дуней псом и пащхьэ урихьэ хъуну уэрэд хьэлэмэтыщэм сыт иращIэфын! АдэкIэ, нэмыцэ танкыдзэм

хэта зауэлI лIыжьым къиIуэтэжа хъыбарыращи, зи хьэдрыхэ нэху хъунхэм адыгэ напэр зэрахъума щIыкIэм и щыхьэту абы нэхъри нэхъыфI бгъуэтынкъым. Сэри Тхьэм симыгъэукIытэжын хуэдэу, «лъэпкъ тхыдэр игъэдэхэну мы хъыбарыр зэхилъхьащ» – жиIэу зыгуэрым игу къэкIмэ, ар къэзыIуэтэжа лIыжьым хуэза адыгэ щIалэр къэкIуэжауэ, унагъуэ дыщэ щыхъужауэ хэкум щопсэу, дыщыхуейм къэдгъуэтыфынущ.

Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым, жи. Хэт ищIэрэ, ди щхьэр зэрыпсэур псалъэмакъыншэу къиIуатэу, япэрей сыным и пIэкIэ, адыгэ напэмрэ хэкумрэ емыпцIыжу епсыхыжа псоми я фэеплъу мыбдеж е хэкум къэкIуэж нэгъуэщI гъуэгущхьэ гуэрым куэдыщэкIэ мыгувэу трагъэувэжынуми тщIэркъым. НэхъыфIым дыщыгугъынщ…

*Сянэр къысщIэупщIэм, къэзгъэзэжу жыIэ.*
*Сядэр къоупщIамэ, пэжыр умыбзыщI.*
*Сэ уанэгу сыкъихуу губгъуэм сыкъинами,*
*Си хъыбарыр жепIэурэ дахэм игу сигъэлъ.*

**КЪУМЫКЪУ Мэмдухь.**
*Налшык къалэ, 25.07.2006 гъэ.*

❀ ✪ ❀

ТАУ Нинэ

# Малилрэ блэ шырымрэ

## *Таурыхъ*

Дыгъэ зригъэууэ лIы къамылыфэ гуэр, МалилкIэ еджэу, я бжэIупэм здыIусым, блэ шыр цIыкIу къыбгъэдэпщхьащ. ЛIым игъэщIэгъуащ мышынэу Блэр апхуэдэу гъунэгъуу къызэрыбгъэдэпщхьар. Блэр зэрыщысым хуэдэу къигъанэри, Малил щIыхьэжащ. ЩIыхьэжщ, шхын щыкъуей гуэрхэр къыщIихри, мо къепщылIа блэм хурипхъащ. Блэ шыр цIыкIум лIым къыхурипхъыхар къищыпри, зиIуантIэ-зишантIэу зэуэ Iупщыжащ.

ЕтIуанэ махуэми а щIыпIэ дыдэм деж «къамылыфэр» къэтIысащ. Малил и мэр къыщIихьам хуэдэу, блэ шырыр куэд дэмыкIыу къепщылIэри, къыхурипхъар зэщIищыпащ. Апхуэдэу Малил игъашхэурэ, блэ шырыр ин хъуащ. Ин хъуакIэ хъуат, ауэ мо здигъэзэжым и шырэгъухэм яхэзэухьу хуежьащ. Ар анэм идэнт? «Емызэгъ» зыфIища и шырым йошхыдэ:

– Уи къуэшхэмрэ уи шыпхъухэмрэ щхьэ уезауэрэ? КъысхуэмыщIэр зыщ: дэни къипхрэ апхуэдиз къару? Псори зэхуэдэу фызогъашхэ?

Емызэгъ погуфIыкIри жэуап къет:

– Уэлэхьи, ди анэ, уэ сыбгъэшхым фIэкIа сымышхыу щытамэ, зыми сытемыкIуэнт.

Блэ анэм сыт хищIыкIрэт ар Малил зэригъашхэм?

– Сэр нэмыщIа хэт-тIэ узыгъашхэр? – йоупщI анэр и шырым.

– Зи лъапсэ дыщыпсэу Малил деж сыпщурэ, абы сегъэтхъэж.

Блэ анэр зи лъапсэ щыпсэум и деж кIуэри мыпхуэдэу жриIащ:

– Малил, ди гугъу къыумыщIу уи лъапсэм дызэрыщыбгъэпсэум и

мызакъуэу, сымыщIэурэ уэ си шырыр схуупIащ, ин схуэпщIащ, иджы уэ зыгуэркIэ сэбэп сыпхуэхъужын хуейуэ къызолъытэри, мы ныбжесIэнум къедаIуэ. Дунейм къуалэбзууи хьэкIэкхъуэкIэуи тетым я бзэр зэхэпщIыкIыу уезгъэсэнущ, ауэ мыри зыщумыгъэгъупщэ: ар уэ зыми жепIэ хъунукъым, жепIэмэ – улIэнущ, – жиIэри блэ анэр и шырыр зыпIа лIым къыжьэдэпщащ…

Блэ анэм зэрыжиIа дыдэм тету, Малил бзэуэ щыIэр къыгурыIуэ хъуащ. Зы махуэ гуэрым блэ шырыр игъашхэурэ ин зыщIа лIым и фызым ху игъэгъущыну бжэIупэм щрикIутащ. Абы пэмыжыжьэу Малил къыщыст. Ауэрэ бзу гуп хум къетIысылIэри яшхыу щIадзащ. Бзухэм зы лъэбышэ гуэр яхэтти, ишхым хуэдиз ирикъухьырт. Ар зылъэгъуа мыдрей и гъусэхэр абы егиящ:

– Сыт апхуэдэу щIэпщIыр? А пшхы къомым ищIыIужкIэ, апхуэдиз Iисраф щIэпщIыр сыт? Дэ нэхъыбэ къэтщыпынкIэ ушынауэ ара?

– А иужькIэ жыфIар сигу къэкIакъым. Фэ фыузыншэщ, фи Iэпкълъэпкъ зэхуэдэщи, дэни зыгуэр щывгъуэтынущ. Мы сэ иджыпсту искъухьахэр сызэрымэжалIэу къэзгъуэтыжынущ. ИужькIэ си ныбэм зыкъызигъащIэмэ, сыкъэлъэтэнурэ, къэзулъэпхъэщыжынущ,– жиIащ тхьэмыщкIафэ зытезыгъауэ бзу щIакъуэ цIыкIум.

Ар зэхэзыха Малил къыпыдыхьэшхыкIащ. Малил зэрыдыхьэшхыр щилъагъум, абы къоупщI и фызыр:

– Сыт, на, мыпхуэдизу ущIэдыхьэшхыр?

– Сыдыхьэшхыну сыхуимытыжу ара?

– Азэлыхь лъапIэу диIэ, щхьэусыгъуэншэу дыхьэшххэм уэ уащымыщ. Сэ уэ сыкъызэрыбгъэпцIэфын мы щIыгум темыт. УщIэдыхьэшхар къызжумыIэмэ, псэууэ мы дуней нэхушхуэм зы махуэ сытетыну сыхуэмей.

– Ар уэ бжесIэмэ, сылIэнущ.

– Абы щыгъуэми, къызжумыIауэ сэ псэу сиIэнукъым-тIэ,– къыкIэрохъыжьапэ фыз ерыщыр и лIым.

– Хъунщ-тIэ. Ауэ япэ щIыкIэ сэдэкъэ ирисхуэпщIыжыну мэлхэр къэсхужынщ, – жери зи щэхур зыIуэтэжу зи IэкIэ зи псэр хэзыхыжыну хуежьа Малил шым тетIысхьэри дэкIащ.

Мэлхэр къыщихужым зы щынэ цIыкIу дунейр хуримыкъуу дэпкIейрт-дэлъейрт. Мыпхуэдизу щхьэ уета? КъыпщыщIар сыт? – йоупщI дэджэхъужьыр а щынэм.

– Малил лIэнурэ дэ сэдэкъэ дащIыну дахужу аращ,– жиIащ щынэм.

– Малил лIэнукъым, дэри даукIынукъым, ауэ уэ зыр а лIыр псэууэ къызэрынэнум щхьэкIэ тхьэлъэIупэу уаукIыну аращ.

Ар псори Малил зэхех. «Мыр дауэ? Сэ иджыпсту пщIантIэм сызэрынэсыжу сылIэнущ, мы щынэм жиIэхэр сыт?» – Малил игукIэ зоупщIыж.

Куэбжэпэм щыIухьэжам, адакъэжьым зы джэд къыдихуауэ техъущIыхьырт:

– Фэ джэд щэ никъуэ фыхъуми, фыкъызэмыдаIуи феплъыж. ЛIо, зи фызым щышынэу зи IэкIэ сэдэкъэ зыщIыжыну мэлхэр къэзыхужым севгъэщхьауэ ара? – жеIэри адакъэм япэ иту джэдыр дехуэж.

Арати, а къомыр зэхэзыха Малил пщIантIэм дохьэж, и фызыр шыгъуэгумкIэ ирешэкIри, «Си псэр сIуту дунейм сытетыху зыкIи афIэкIа сыноупщIыжынкъым», – жиIэху еубэрэжь.

ИужькIэ псэууэ къызэрынам щхьэкIэ джэдэхъужьыр тхьэлъэIупIэу еукI, гъунэгъухэр зэхуешэсри, егъатхъэ.

Арати, зэлIзэфызыр тхъэрэ псэууэ къонэж, псалъэмакъ лъэпкъ ямыIэрэ я псэр зы чысэм илъу.

# Пшыналъэ

## КЪУНЫЖЬ ХьэIишэт



### Сэ къэсщIащ

Адыгэ жьэгум и хуабагъыр,
Якъутэщ жьэгури, сэ къэсщIащ.
ЦIыху лъагъуныгъэм и IэфIагъыр,
БлэкIщ и зэманри, сэ къэсщIащ.

ХьэщIэм ди цIыхухэм ирах хабзэр,
Бжэр гъэбыдати, сэ къэсщIащ.
ЦIыху убзэрабзэ уищIу мазэм,
Къуилъафэщ пшэми, сэ къэсщIащ.
КъэсщIауэ я псэр симыIэжхэм
Псэр зэрылъыхъуэр сэ къэсщIащ.
Абыхэм схьыну сапэIэщIэу
Тхьэм схуиухынур сэ къэсщIащ.

* * *

Мазэгъуэ жэщщ.
Мыпхуэдэ жэщыр,
ПщIэ лъэпкъ щIумыту, нэрылъагъущ.
Псэ лъагъуныгъэм и зэпэщри
Мыпхуэдэ жэщым уегъэлъагъу,
Iуэху дахэ махуэм сыхуэижьу
Гурылъхэр гъэзэщIа мэхъуж.
Апхуэдэу IэфIщи дунеижьыр –
Сэ сымылIэну къысщохъуж.

* * *

Уэсыр хуэму щIым къытосэ,
УздэщыIэр сэ сымыщIэ,
Зы уIэгъи гум къытодзэ
Уэ абыкIэ. Гур мэпIыщIэ.

Уэсыр хуэму щIым къытосэ,
Сэри си псэр мэгузасэ,
Зы уIэгъи гум къытодзэ –
СыпIущIащи икъукIэ кIасэу.

Уэсыр хуэму щIым къытосэ,
Сэ си щхьэцри уэсыфэщ.
Къосыр уэсыр, уэсыр къосыр –
А уэс щIыIэм еплъ уэ си фэр.

## ЩIалэ къамылыфэ

ЩIалэ къамылыфэр
Си гум сэ урохь,
Симытыжу си фэм
Си псэр уэ сфIыбохь.

ЩIылъэ уаем и фэм
Уэсыр толыдыкI,
ЩIалэ къамылыфэр
Си гум зэи уимыкI.

ЩIалэ къамылыфэм
Къэсхьакъым и губгъэн,
Бостей абы фIэфIыр
Сэ зыщыстIэгъэнщ.

ЩIалэ къамылыфэ,
Псоми сакъыхэх,
ЩIалэ къамылыфэ,
Дэнэ ущыхэт?

## Си гум къихьэмэ…

И хьэл-щэнкIэ фIыуэ слъагъур
Зэм Iэгупэщ, зэм IэщIыбщ,
Ар сигу къихьэм, хуэдэу вагъуэм,
Уэсэпс лыдхэр ещхьщ къэсщып.

УспэIэщIэщ фIыуэ слъагъур,
Сэ итIани си насыпщ…
Си гум къихьэм фIыуэ слъагъур,
Уэсэпс лыдхэр ещхьщ къэсщып.

ФIыуэ слъагъум и нэр нагъуэщ,
Зэплъыр дыгъэм имылыпщI.
Си гум къихьэмэ, си нагъуэр,
Уэсэпс лыдхэр ещхьщ къэсщып.

* * *

Ди уэрамым дыгъэр тетщ
Дыщэ шэрхъым хуэдэу,

Абы гухэр ещI пIейтей,
Йобзэрабзэ куэду!
Мы бжьыхьэкIэм дехъулIащ –
Дыгъэр ди зэхуэдэщ.
Дызэгъусэуи деплъащ
Дэ а дыгъэм куэдрэ.

* * *

Мэз удзыфэр цей зэкIужу
Мо Iуащхьэшхуэм щитIэгъат,
Дыгъэпс уафэми къыпыжыр
Епэр удзу къэгъэгъат.
КIуэаракъэ, дэнкIи хэплъи,
Узэплъахэм нэр пIэпахт...
ЩIыи, псыи, уафи, мэзи –
Хэкум нурыр къыщхьэщихт.

* * *

Си уэздыгъэр хоблэ жэщым,
Хуарэ къыщIэкIауэ шэщым,
Мазэр уэгум итщ щхьэзакъуэу,
Гу ешами зигъэзахуэу
Мы зы усэри хузотх
Уафэ щIыIэм, мазэ хуарэм
Зы псэ гуэри дэхуэхауэ
КъыщIэкIамэ Тхьэм солъэIу:
«Уэ абы лъыгъэс гущIэгъу»...
Си уэздыгъэр жэщым маблэ,
Си уэздыгъэр нуркIэ малэ.

## Гъатхэ

Гъатхэ гулъыр гухэхъуэу къотIэпI,
Я нэ цIыкIухэр дыгъэпсым хуагъазэ.
Iугъуэ щIыхуми хэткIухьурэ мазэр,
Гъатхэ къыихьэм и макъым щIодэIу.

Пшынэ макъхэр бжэндэхъухэм зэпащIэ.
Нэщхъеиныр щыгъэт, умыпIащIэ...
Гу къэтIэпIхэм дыгъэпсым ба хуащI,
Къазшырыфэу махуэщIэ къэхъуащ.

* * *

Сыкъоуш.
Ныжэбэ кӀуами,
СщӀам дыгъуасэ сэ соплъыж…
Зы щыуагъи хэзгъуэтэжкъым
Сэ дыгъуасэ сщӀам.
ПсынщӀэу дыгъэ пшэм къыкъуэжым
Си псэри хэсщӀэнт.
Пшыхьым махуэм сщӀа лъэужьыр
ХэмыкӀуэдэжын.
Мо пшэ хужьхэм щӀамыгъанэу,
Вагъуэ къэунэхуар,
Гугъэ ӀэфӀхэр, хуэдэу данэм,
Уафэм щыздэжынт.

* * *

Пшэ хужьхэм я теплъэм
Сэ сищӀыркъым зэш,
Сэ зэми соделэ,
Зэм батэр согъэш.
Пшэр дыгъэм дэнэхум,
Ар гъащӀэм и дерсщ.
СоӀуатэ си щэхур:
Ныбжьэгъу сыбгъэдэсщ.

Си псалъэм и ӀэфӀым
Си усэр донэху.
ПцӀы лъэпкъи жысӀэфкъым –
ЖызоӀэ си щэху:
Пшэ хужь и зы кӀапэ,
ЩӀы бдзатхьэ Ӏэбжьыб,
ХъужыхукӀэ ди напэр
Уэрэдыр ди ныпщ.

* * *

Дякум дэлъщи зы лъэмыж,
Усхуэхъуащ вагъуэ имыж.
Дякум дэлъщи илъэс Ӏэджэ,
Гъатхэ бзур гухэщӀу маджэ.

Псы ежэхыр хуэму мажэ,
Гъатхэ бзур гухэщӀу маджэ.
Дякум дэлъщи гъущӀ лъэмыж –
Мылыр дыгъэм хуэмывыж.

* * *

Тхьэмпэр  жыгым къыпощэщ,
Си псэм зыгуэр къопэщэщ,
Жыгей тхьэмпэр хъуат гъуэжьыбзэ,
И мышхумпӀэр хъуащ гъущабзэ…
Хэпсэу щытмэ, жыг къэкӀын,
Сэ абы сыт хэсщӀыкӀын?

# ХЬЭТУ Петр



**Хьэцыбанэу**
**Жыг зыбжанэ**
**Зыкъизыхыу бжьэпэм тетым,**
**Си гур, си лъэр ягъэжану,**
**Хьэщыкъ сащI, сыраIумэту.**
**Ауэ, пэжщ, сигу къагъэкIыжхэр**
**Нэщхъеягъуэрэ дыджыгъэщ —**
**УIэгъэжьу стелъ мыкIыжхэрщ —**
**КъыпэкIуарщ си лъагъуныгъэм...**
**Дауэ мыхъуми, къысщохъужыр**
**Сэ си губжь абы ягъэлу,**
**Гу пхъашагъэр ягъэхъужу,**
**Сэ езыр сыкърагъэлу...**

* * *

**Си бжьыхьэр уэфI зыщIыну пщащэм**
**Сылъыхъуэурэ си щхьэцыр тхъуащ.**
**Пшагъуэбэ гъащIэм сыщыгъуащэу,**
**ГумэщIыр си бэу сэ сыхъуащ.**

**Мы сигу зыхуэпхъэм и нэхунэ**
**Слъагъунуи гугъэ симыIэж...**
**Пщыхьэщхьэ къэси си лэгъунэм**
**ХуэмыкIуэу си гур сыщIохьэж...**

**АтIэми гугъэ симыIэжу**
**ЖысIами, — ари тхьэм ищIэнщ, —**
**Зэманыр сфIисми сыгуIэжу,**
**СылIэнкъым сэ — си Iуэху зэщIэнщ.**

* * *

**ПсэкIэ дыкъулейщ — ар, пэжщ, мымащIэ,**
**ДиIэ хуэдэщ лъагъуныгъэ гуащIи,**
**Ауэ ди лъэмыжхэр дгъэсыжын дощынэ —**
**Дыхуимыт уэ дэрэ дэ ди гъащIэм...**

**СыпыщIащ къуэпс куэдкIэ си унагъуэм,**
**Уэ уи Iуэхури зыкIи мынэхъ щIагъуэ...**
**КъытхуимыкI дэ дызыхуейр ди пшынэм,**
**Сытыр ди Iэмал иджы, си нагъуэ?**

Пэжу, къабзэщ нобэ ди гухэлъыр,
Ауэ гугъущ, гугъуIейщ къытщIэлъыр...
Къыпызочыр пытыр шынэ-шынэм, –
Си фIэщ хъуркъым ди насып зэхэлъу...

* * *

Сыпхуэзэм, уи Iэр субыдынщ,
СиIар уэрэду.
Си гукъэкIыжхэр къэлыдынщ,
Зэрыджэм хуэдэу...
Иджыри си псэм уэ ухэлъщ
Нэхунэ хуабэу,
Иджыри ткIуакъым си гухэлъ,
ПхуэсщIар нэхъапэм.
БжезмыIэфахэр бжесIэжынщ,
СызэIымынэу, –
Си псалъэ щIыхуэр уэстыжынщ,
ЗыцIыкIу къэмынэу.
Ди къуалэбзур кIэлъыпхъэращ
КIуэса гъэмахуэм.
Сэ езы дыдэри аращ –
СIэщIокI си махуэр.
Мы бжьыхьэ уэфI къыпхуэмызар
КъыпфIощI зэщыджэу...
Сэ дэнкIэ нэр сымыгъэзам –
Мэлыд зэрыджэр.

* * *

Уи хуабагъыр псэм зыхищIэу,
Уэ уи плъэкIэр гъатхэ гуакIуэт,
Гурэ псэкIэ сурилIыщIэм,
Си дунейуэ гъащIэр згъакIуэрт.

ЩIэIущащэр сщIэрт сэ пщIащэр,
Ущыщытым псэм и щIасэу, –
А пщIыхь плъыфэрэ дахащэр
Си дыгъуасэт, си дыгъуасэ...

Ущыщытым псэм и щIасэу,
Iей щыIэххэу сэ сымыщIэт.
ФIым, дахагъэм зыхуезгъасэрт,
СщIэжу ар узэрифIыщIэр.

**ЩIэIущащэр сщIэрт сэ пщIащэр,**
**Ущыщытым псэм и щIасэу, –**
**А пщIыхь плъыфэрэ дахащэр**
**Си дыгъуасэт, си дыгъуасэ...**

**Ущыщытым псэм и щIасэу,**
**Си дакъикъэ IэфIхэр кIыхьхэт,**
**Сэ сымыщIэт насып уасэр,**
**Сигу ажалри къэмыкIыххэт...**

## *Си нагъуэ*

**ПлъэкIэ гуакIуэщ уи плъэкIэр, –**
**СыщIохъуэпсыр уи тыгъэм.**
**Гур егъэткIу уи гуфIэкIэм, –**
**Сыхегъасхьэ уи лыгъэм.**

**Сытегъэс уи къудамэм,**
**Си нэм щIэлъыр щIэплъагъуэу,**
**Лъагъуныгъэ макъамэ**
**СегъэдаIуэ, си нагъуэ.**

**Уэсу си щхьэм къытесэ, –**
**ЗыхэзгъащIэ удыгъэр;**
**Си псэм розэ щыхэсэ, –**
**Сыкъегъэпс сэри дыгъэу.**

**Уи гум и бжэр зэIухи,**
**Сытегъэхьэ уи гъуазэм,**
**Гъуэжькуий джэгу къызэIухи,**
**Си щхьэ тхъуар гъэуназэ...**

## *Хъыджэбз уэрэд*

**Си лъагъуныгъэ, си дуней,**
**Си гуащIэ...**
**КъыщIетхъ сыгуIэу**
**Си гум кIэрыпщIар...**
**СыкъигъэщIащ апхуэдэу**
**СыгумащIэу...**
**ГущIэгъур зиIэ,**
**Хэт сызыхищIа?**

Мэхуалэ Бжьыхьэ хурыр
ПыгуфIыкIыу,
И нэпс щIигъэкIми гъуэжьу
Нэхур щыху...
Си гъащIэр — уз мыхъужу —
КъызофыкIыр,
СIэщIокI, сфIокIуасэ гъэхэр —
ПщIащэпыхущ...

*Бжьыхьэ удж*

Бжьыхьэ уэфIым и макъамэр,
Гур ихузми, мэIур гуакIуэу.
Сэ уэ зыр узимыIамэ,
Зым щымыщт мыбы щызгъакIуэр.

Нэщхъей дыдэщ дунеижьыр, —
ПщIащэпыхущи — псэр мэпыхьэ...
Уэрщ, уэращ сэ сыщIэхъыжьэр,
Мы удж-пыхуми сыщIыхыхьэр...

* * *

Сыхэплъи хуэдэщ мы дунейм губзыгъэу,
СыгушыIэни слъокIыр сэ мычэму,
АтIэми щызыхэсщIэ хьэрэмыгъэ —
ЗысхуэмыIыгъ — согубжьыр — сыкъэуэнущ.

Захуагъэр, пэжыр зыфIэмыфIи щыIэщ, —
Я ней къысщыхуэу — аркъэ щIэтхъур си щхьэр, —
ЛъакъуэпцIэрауэ... Си щIыб къохуэ мывэ... —
СхущIамыгъэхьэ сыпсэун сыхущхьэу...

*Псом нэхъапэр — напэрщ*

Дэ дытетщ дунейм номейуэ,
ТщIэри дымыщIэжу,
Псори къуаншэу — дэ дыхейуэ
Ари ди гугъэжу...
А тщIэ псори дэ зыхуэтщIэр
Ди псэм нэхъ фIэлъапIэрщ,
Къытщыгъупщэу е дымыщIэу
Псом нэхъапэр напэу.

## *Япэм хуэдэу*

**Хабзэ дахи уеблэм ямыдэжу,**
**Зэпымыууэ мы дунейм зехъуэжыр.**

**Щахыжащ адыгэм фащэ екӀур,**
**Куэдми яхъуэжащ я адэжь хэкур...**

**Ауэ къахуэнащ цӀыху цӀыкӀум гугъэр,**
**Адэ щӀэиныфӀу ӀэфӀ-шыугъэр.**

**Игъэжейкъым, ехьыр гурыгъузым...**
**Япэм хуэдэу ягухэри мэузыр.**

**Япэм хуэдэу еужьыгур гъащӀэм,**
**Щызэтрехьэ губжь гъэплъа псэ лъащӀэм.**

**Мызахуагъэми хьэуар къегъэплъыр,**
**Япэм хуэдэу нэр мэплъызыр, хэплъэу:**

**ЦӀыху псэ къабзэм хуримыкъу и махуэр, –**
**Нэпс къыпоткӀур ӀэмыщӀиз улахуэм...**

**ЦӀыху напэншэм, дэмыплъейуэ уафэм,**
**Зигъэщихъыу, ещӀри щысщ унафэ...**

* * *

**ЦӀыху псэ тхьэмыщкӀэу щыӀэр иджы мащӀэ,**
**ТӀэкӀу заӀэтамэ, къафӀощӀыжыр уардэу.**
**И уасэр ящӀэжатэмэ я гуащӀэм,**
**ЗызыгъэтӀейхэми яӀэнут мардэ.**

* * *

**Шыгъу пут дэзмышхми, къызоцӀыхур егъур, –**
**Пэжыгъэм ар сэ зэи тезмыгъуатэу,**
**Яхэзбжэу зыхуэщӀыпхъэхэм гущӀэгъур,**
**АтӀэми – къигъэщӀащи – сыдокӀуатэ...**

**Мычэму щхьэхуэфӀыжьхэр согъэщӀагъуэ, –**
**Къахьыну мыгъуэри абыкӀэ сыт?**
**Темыхуэу я гум техьэр зытет лъагъуэм,**
**Жэнэтым кӀуэну щхьэ я закъуэу хэт?**

...Зэману къызитар сфӀэкӀуэрми ущу, –
Ар щиухыну махуэр хэт ищӀэн, –
Псалъэжьым хуэдэу сыщытынщ сэ Ӏущу, –
ЩӀыху сызыхуэзэм гуапэу сыӀущӀэнщ...

## *Адыгэбзэ*

*«Адыгэбзэм унигъэскъым КъалэкӀыхьым...*
*Адыгэбзэ мыгъуэм сыт и махуэ!..»* –
Илъэс минкӀи ар жаӀэнущ. Сэ схуэмыхьыр –
Унэм сыщӀигъэкӀыркъым улахуэм...
НэгъуэщӀ лъахэ сымыкӀуэф сэ зыплъыхьакӀуэ, –
Гу хьэлэлу лажьэм и шым димышыф...
Адыгэбзэм нэхърэ щыӀэкъым нэхъ гуакӀуэ,
Уэ, ухуеймэ, зэгъащӀэ хамэм я «хъыф-шыф».

Пэжщ, хамэбзэ пщӀэнри – ари гурыхуагъэщ,
Къыпхуэхъунщ сэбэпи утетыху дунейм.
Ауэ гъэлъэгъуэф уэ Ӏуэхук1э уи хахуагъэр, –
Гъэпсэуф къулейуэ псэкӀэ Къэбэрдейр,
Фабрикэ-заводхэр жылэхэм щыухуэ,
Гухьэлэлу лажьэр и фэм игъэтыж.
Къулыкъушхуэ пӀыгъмэ, уи щхьэ Ӏуэху зумыхуэ,
Лъэпкъми – уемыдыгъуэу – къилэжьар етыж...

Ядэплъей лъэпкъ инхэу зи бзэр зыхъумэжхэм,
Зи щӀэныгъэ-хутэр хьэршым хыхьэжам.
Къэралыгъуэ лъэщхэр ахэм щӀаухуэжри,
Я бзэкӀэ йоджэжри, – хэт хущӀегъуэжар?
*«Адыгэбзэр жыжьэ нэскъым...»* – жыпӀэххэну
Сыту ар делагъэ, си адыгэ къуэш,
Тетщ ар и гъуэгу захуэм, мыхъуххэн пӀэхэнэ,
ЕкӀуу, дахэу, Ӏэзэу тесщи ар хуарэш!

* * *

ДелагъэкӀэ догъэсыр ди зэманыр,
КъэмыкӀыу ди гум дяпэ ар ищынкӀэ,
Псэр зыгъэсыжу лажьэр тфӀэауану,
Ди гугъэу дыпсэуну илъэс минкӀэ...

БжьыхьэкӀэм дызэплъэкӀмэ – гъэр кӀуэдаи,
Зыгуэрхэми я вагъуэхэр ижащ,

**Илъэскlэ зым щымыщу дыпсэуаи,**
**Ди хьэзырылъи шэ къимынэжа...**

### *«Артист»*

**Щlыхухэм жаlэ:** ***«Ар артистщ!..»***
**Пэжуи ар джэгуакlуэщ, –**
**Кхъуэ сурэтым зэми итщ,**
**Зэм уеплъыну гуакlуэщ,**

**Зэм цlыху lущу зызэкъуех,**
**Зэми пфlощlыр мэлу,**
**Зэм цlыху гуапэу сэлам къуех,**
**Зэм зокlуэкlыр lэлу,**

**Зэм Сосрыкъуэщ, зэм Тотрэшщ –**
**Амплуа и куэду –**
**Фэзэхъуэкlщи – къэщlэгъуейщ**
**Ар езыр зыхуэдэр...**

### *Гукъанэ хьэлъэ*

**Жыджэр-щlыкlейуэ жьыр мэпхъанкlэ,**
**Губгъуи мэзи игъэпыхьэу.**
**Зыкlэрищlауэ кърухэм я кlэм,**
**Ипщэкlэ мэкlуасэ бжьыхьэр.**

**Сэ сыздэжэнур къысхуэмыщlэ,**
**Си гур пlейтейуэ сыкъэнащ...**
**Хэт хуэсlуэтэну си гум щыщlэр?**
***Гущlэгъум*** **щlыгур ибгынащ...**

### *Философ*

**Дунейр къызгурыlуакlэщ сэ куэд щlауэ, –**
**Сыт хуэдэ lуэхуми lущу сыбгъэдохьэ.**
**Атlэми, а схэлъ фlыгъуэр сщыгъупщауэ,**
**Делэжьу сыкъогубжьыр, – сызэlохьэ...**

**Апхуэдэу щыхъукlи – сэ нэхъ lущ сыхъуакъым,**
**Щlыху цlыкlум я делагъэр къахуэзгъэгъуу,**
**Апхуэдэу щыхъукlи – си псэм зиужьакъым, –**
**Щихъ лъахэм сыlухьакъым сэ гъунэгъуу.**

Щыху цIыкIуу сыкъонэж — къызэрыгуэкIыу,
Сэ сызыхуей, сэ сызыхуэфI къэслъыхъуэу...
Дунейм темыт сэ мы дунейм щыслъэкIыу,
Сыделэщ сэ, сыцIыкIущ сэ — сыхэмыхъуэу...

* * *

Iущыгъэ-телъыджагъэ плъагъум
ХужыпIэу псалъэ дахэ куэд,
Мы гъащIэм хэлъ нэхъыщхьэ-щIагъуэм
Хузэхэплъэхьэжу уи уэрэд...

НэджэIуджагъэ-фIейр мардэншэу
Мычэму бгъэлу, бубу мысэр...
Уринэщхъейуэ абы пщIэншэу,
Бгъэныкъуэу уи гур — уегупсысу...

УзэплъэкIыжмэ — бжьыхьэр тхъуауэ,
ГуIэгъуэу тхьэмпэхэр мэгъуж...
АтIэми, псэм уиплъэжмэ — дауэ?! —
Мыпхъашэу, нэхуу уолъагъуж...

* * *

Тыншыгъуэ ирамыту
Сыт щыгъуи дакъузам,
Щина иужькIэ и псэр,
Лъэпкъ набдзэ фIащыжащ.

Унафэ зыщIыгъахэр
Уэс цIынэу кIуэдыжащ.
Захуагъэм — арти, — напэр
Абдеж щитхьэщIыжащ.

Мы Iуэхур гурыIуэгъуэщ —
ИгъащIэми аращ...
АтIэми щхьэ щыуагъэм
Аргуэру гъуэгу иIа?

Дэ ди псэм зиужьакъым, —
Иджыри дыгунэфщ...
*ПцIым* и псэри хэкIакъым —
Iуэху Iей абы ещIэф...

*Хэхэс*

**Псысэм сыхэсу сыпсэууэ, —**
**Сыт уасэ?! —**
**Усэу си щIасэм**
**Мычэму сегъасэ...**
**Сэ сыпсэунут нэхъыфIу,**
**Нэхъ дахэу,**
**Сыхуэмыхъуапсэтэм**
**ФIыкIэ си лъахэм, —**
**ПсэкIэ къулей ар зэ хъуауэ**
**Сынэсмэ,**
**Къысщыхъужынтэкъым**
**Сэ сыхэхэсу...**
**ЗэкIэ къэсщIакъым**
**Си лъэпкъым и щэхур, —**
**Шэч къытызохьэ**
**ЗыхуэкIуэ ар нэхум...**
**ДэнкIи нурыбэм — къыпхуопсыр —**
**ЗыщIешэ,**
**Месыр, Iиблиси уолъагъу —**
**ЗызэфIешыр...**

❁ ❂ ❁

# *Гъуэгу махуэ!*

Къысхуихьа и тхыгъэхэр журналым тебдзэ хъун хуэдэу зэрынэмыщIысар къысхугурымыгъаIуэу зи ныбжькIэ мыщIалэж авторымрэ сэрэ псалъэ «дыгъэлкIэ» дызэхъуажэу дыздэщысым, щтэIэщтаблэу бжэр къыIуехри, щIалэ щхьэ пэлъагэ цIыкIу къыщIохьэ. Ди псалъэмакъыр зэхихагъэнти, темыгушхуащэурэ къыдбгъэдохьэ. «СыкъэмыкIуамэ нэхъыфIти», — жиIэ хуэдэт и плъэкIэм. АрщхьэкIэ, мо «ныбжьэгъужьым» тIэкIу узэгуигъэпами, игъащIэм къыщIэмыхьа щIалэ цIыкIум сыт и лажьэт?

— Къеблагъэ, тIасэ. Сыт ухуейт? ТIыс, — жызоIэ.

— Сэри усэ къыфхуэсхьауэ арат, — жи Iэнкунурэ.

— Хъарзынэкъэ-тIэ. Дэнэ ущыщ? Уеджэрэ? Улажьэрэ?

— Ерокъуэ сыкъикIащ. ЕпщIанэ классым сыщоджэ, — жиIэурэ усэ зыбгъупщI къызет. Абыхэм соплъри, усэ къэскIэ тетхащ: Бэрбэч Аслъэнджэрий.

Усэхэр зыхуэдэр сымыщIэми, пцIы щхьэ упсын хуей, щIалэ цIыкIум и цIэм сыщыгуфIыкIащ: «импортнэтэкъым».

— Иджыпсту мыбыхэм дыкъеджэфынкъым, Аслъэнджэрий. Зэрыплъагъущи, дэ нэгъуэщI Iуэхуи диIэщ. Ухуеймэ, къытпэплъэ. Хьэуэ жыпIэрэ, иужькIэ... тхьэмахуэ хуэдэ дэкIмэ къыщIыхьэ.

— Хъунщ. ИтIанэ сыкъэкIуэнщ, — жери щIокIыж щIалэ цIыкIур. Мыд-

реймрэ сэрэ дыкъызэхуонэ. Дызэроlуэт. Ауэ пэ зиlэм кlэ иlэщ, жи. «Зэныбжьэгъужьитlми» сэлам зэдохыж.

Мо псалъэмакъ кlыхьым иужькlэ гукъыдэж щlагъуи симыlэу сыхэплъэу сыздэщысым, Аслъэнджэрий къысхуигъэна усэхэр къызощтэри… Абыхэм яхэслъагъуэ сатырхэм, куплетхэм си гур къызэщlаlэтэж. Ахэр бэлыхьлажьэ дыдэу къыщlысщыхъуам щхьэусыгъуэ иlэу къыщlэкlынщ: си тэмакъыр игъуэщыкlыху сызыгъэпсэлъа «си ныбжьэгъужь» егъэджакlуэми зегъэусакlуэ lэзэ, мы щlалэ цlыкlур епщlанэм щlэсу аращ. Мор сэ зэрысщlэжрэ егъэджакlуэщ. Икlи матхэ. Мыбы и усэ япэ дыдэу щыслъагъур нобэщ. Ауэ мо егъэджакlуэ-«усакlуэмрэ» мы еджакlуэ-усакlуэмрэ зэбгъэпщэну ухуежьэмэ… шурэ лъэсрэ я зэхуакущ – пэжырытхэм тещlыхьауи усэхэр зыхуэдэмкlэ къапщтэми…

Къытезгъэзэж–нытезгъэзэжурэ, Аслъэнджэрий и усэхэм дапщэрэ сыкъеджами, абыхэм яхэслъэгъуаращ: нобэ си ныбжьым итхэм тхэн щыщlэддзам мыпхуэдэу дытхэфу щытакъым. Мы зэрыригъэжьам тету, и lэзагъми и зэфlэкlми зэрыхигъэхъуэным емышыжу телажьэу щытмэ, мы щlалэ цlыкlум усакlуэ къыхэкlыну къысщохъури, сыщымыуэу Тхьэм къыщlигъэкl.

Гъуэгу махуэ, Аслъэнджэрий! Зыкъыпфlэмыщlыжу, узыщымысхьыжу уеджэну, утхэну дыпщогугъри – дыкъыумыгъэщlэхъу.

**ЕЛГЪЭР Кашиф.**

# БЭРБЭЧ Аслъэнджэрий



## *Жып телефон*

**Щlалэр мэзым щlэгъуэщауэ,**
**Щlэкlыжыпlэр имыгъуэт.**
**Мыкъэрабгъэми, шынауэ**
**Жыг нэхъ лъагэм зыщеlэт.**
**Жэщи хъуащи, жьындуужьым**
**Укъигъаскlэурэ мэкlий.**

Мэзым щыпсэу дыгъужьыжьым
УIэрыхьэм, уиIэщ кIэ.
Ар шынагъуэуэ мэкъугъыр, —
ЩIалэм, фIыт, гу лъимытам.
Щысщ гъэшауэ пщэгурыгъыр, —
И псэр хьэршым фIощI кIуэжа.
Ауэ дауэ нэху щыхункIэ
Ар мыжейуэ зэфIэсын?
Е тегушхуэу жыгым къепкIэм,
Дыгъужьыжьым IэщIэкIын?
Искъым уафэми зы вагъуэ.
Еууей, сыту дуней Iей!
Сыту мыгъуэ жэщ шынагъуэ!
Къэса си ажалыр, ей?
КъеIэIамэ, иреуэну
Баш къудеи IэщIэмылъ.
Сыт иIыгъ-тIэ къихъумэну?..
Телефон и жыпым илъщ!
Зэхуишат IэпкълъэпкъыР хуэшым,
КъыфIэщIт и ажалыр къэс.
Ар йопсалъэри и къуэшым,
ПсынщIэ дыдэу абдеж къос.
Сыту лъэщ жып телефоныр!
Сытуи сиIэ къуэшыфI Iей!..
Сабийм и гур къызэфIонэ —
ГуфIэщащи гъын къудейщ.

*Ланэ*

**1.**

МыувыIэжу уэшхыр къошхыр.
Зауэ мафIаем сэ сыхэтщ.
Бийм сэрэ нэкIэ дызэрошхыр,
ДимыIэ тIуми зэпикIуэт.
Сэ си ныбжьэгъуи си цIыхугъи
Зы цIыху къэмынэу яукIащ.
Ланэ цIыкIу закъуэрщ зи псэр Iуту
Ди цIыхухэм щыщу къагъэнар!
Ари мэгъуэгыр, мэкIэзызыр,
СхуэмыувыIэ, сыт жысIэн?
Гъунэгъу къэхъуаши ди ажалыр,

Уасэу сыт ди псэхэм яIэн!
Дыкъелыгъамэ, Ланэ дахэр
Сэ тезгъэсынти дыщэ шэнт.
Зэ датекIуатэмэ ди бийхэм,
Ар сэ щхьэгъусэу къэсшэнт!
АрщхьэкIэ къадзэри лагъым мафIэр,
СыщIевэ щIым – слъагъужкъым щыщ.
Къэхъуащи зэуэ лъахъшэ уафэр,
Лъагъымым хуэдэщ сыкъилыпщI.
ЗыкъызощIэжыр тIэкIу. Ерагъыу
СызэфIоувэ. Соджэлэж.
Си Ланэ дахэр сымылъагъуу
Хъарпшэру си нэр щIелъэфэж.
СыIэбэрабэу сызэIусэ
Хъуар лъыщи, си щхьэр согъеиж.
Си анэ КIунэ унэм щIэсу
Къызэрыспэплъэри сощIэж…
Сыкъогъ абдежми, сыкъоушыр.
Щэхуу зысплъыхьу пIэкум сисщ.
Ди гъунэгъу ипщэм я хьэпшырыр
Сэ къызобзейри къызбгъэдэсщ!

2.

Махуэ гуэрым си шыпхъу цIыкIур
Къезджэжыну сыщIэкIащ.
Дыгъэр зи нэхэм щыджэгуу
ЦIыкIу-цIыкIу куэдым сахыхьащ.

Арти, ди гъунэгъухэр джэгуу,
Сахэплъэну сигу къэкIащ.
СымыцIыхуу, дыгъэ нэгуу
Ахэм зы цIыкIу къахэкIащ.

Соплъ сэ, соплъ а хъыджэбз дахэм –
Къысхуэщ Iэжкъым щыслъэгъуар.
КъысхущIоплъ ар. Мэдыхьэшхыр.
Сеплъ фIэкI, псалъэ щIызмыгъуа.

А хъыджэбзыр дэ ди класскъым.
СфIощI нэхъыщIэу тIэкIу сэр нэхъ.
ИкIи уеблэмэ ди школкъым,
Си гугъащ сыхэту пщIыхь.

**Ар щIыкIафIэщ. Ар губзыгъэщ.**
**Щхьэц баринэ екIуи тетщ.**
**И цIэращи!.. Дыгъэ-щыгъэщ:**
**Ланэщ!.. Ар зымыщIэр хэт?!**

* * *

**Уафэ къащхъуэр,**
**Хьэблэ Iэхъуэр,**
**Нэ лъэныкъуэмкIэ солъагъу.**
**Iэхъуэм и шыр,**
**Зэфэ и псыр,**
**Адрей си нэмкIэ солъагъу.**
**Ауэ тIумкIи зэуэ сыплъэм,**
**Къэслъагъунущ сэ дунейр.**
**Ещхьыркъабзэу си нэрыплъэм**
**Сегъэлъагъур Къэбэрдейр!**
**И дахагъэр,**
**И къабзагъэр,**
**НэгъуэщI хэку щумыгъуэтын.**
**Сэ слъэгъуахэр нэгъуэщI мэзым**
**ЩIэзылъагъуэм куэд естынщ.**
**Нэху мыщ щIыкIэ сытэджауэ,**
**Хадэм фIыуэ селэжьынщ.**
**Нащи бжьыни ныхэтсауэ**
**Пщэдджыжьышхэм сикIыжынщ.**
**Дэ ди жэмым хуэди, шыи,**
**НэгъуэщI хэкум щумыгъуэт.**
**Ди адакъи, хыви, выи –**
**Ещхь зиIэнур жыIэт хэт?!**

## *Си ныбжьэгъур*

**Си ныбжьэгъум сыти хуощIэ,**
**Ар щеш къэхъуу сэ сымыщIэ.**
**Мэкъуи йоуэ, зэщIекъуэж,**
**Гум ирелъхьэри къешэж.**
**Нащэ хесэ. Къабзэу епщIэ.**
**Зэрыхуейри псы ар ещIэ.**
**Къабзэлъабзэщ, укIытэхщ,**
**Iуэхуу щыIэм хуэмыщхьэхщ.**
**КъигъэкIахэм уехъуэпсэнущ,**
**«Сшхарэт!» – жыпIэуи щIыбгъунущ...**

Къуэлэныжьхэу итщ хъарбыз.
Пхъэщхьэмыщхьэр жыгым пызщ.
Iэщ гъэхъункIи къытекIуэн,
Бгъуэтын? ИIэщ мэл, жэм, бжэн.
Мис апхуэдэщ ди гъунэгъур.
Мис апхуэдэщ си ныбжьэгъур!

## *Зэи дигу имыкIыжын*

Жыгым тхьэмпэ пытщ удзыфэу.
Шэчэрыпсыри йожэх.
Сыбгъэдэту сэ и Iуфэм,
Гуауэм си щхьэр ирешэх.

Сыт къэхъуар? – фыкъызэупщIым,
ЗанщIэу зыри жызмыIэн.
Анэ дэлъхум сэ и куэщIым
Сызэрисыгъар сощIэж.
Ауэ щIалэр щымыIэж.

Пасэ дыдэу, куэд мыхъуауэ,
ГъащIэ гъуэгур зэпычащ.
Зы щхьэгъуси имыIауэ,
Ар Алыхьым тIихыжащ.

ЩIалэ дахэрэ мышынэр
Зэи дигу имыкIыжын.
Ди Андзору щIалэ дыщэр
Хэт иджы къытхилъхьэжын?

Къафэу абы уIуплъамэ,
Гъуэгу утетми, дэбдзыхынт.
Къызэрыфэм и макъамэр
ИмыкIыжу уигу къинэнт.

ЗэхэтхыхукIэ а макъамэр
Къытолъадэ ди нэм нэпс,
ГукъэкIыжхэм, ещхьу къамэм,
ЗыхаукIэ гущхьэм нэс.

Махуэм и псэ дыгъэ къепсым
ПащIу цIыхум яхэтащ,
Ауэ, кIэщIти езым и псэр,
Пасэ дыдэу тхэкIыжащ.

Пэжщ, ар сэркIэ лIа хуэмыдэ –
Сыпсэухуук Iэ здэщIыгъунщ.
И хьэл-щэныр, и псэ лыдыр
Си гъуэгу гъуазэу къысхуэблэнщ.

* * *

Хъуащ жэщ, сыхоплъэ сэ кIыфIыгъэм.
ГукIи псэкIи куэдым согупсыс.
Сыту пIэрэ мо сабийр зылъыхъуэр?
Дэпщеяуэ жыгыр егъэсыс.

Сыт зыхуейр? Зэрану пIэрэ? Джэгурэ?
Е тенауэ гъуэгыу арагъэнщ.
Сыгупсысэу сыщытыжри тIэкIурэ,
Зисчащ – сабийм къыщыщIар къэсщIэнщ.

Къызитащ жэуап зыхуэзгъэзати:
Жыгым пысу вагъуэхэр слъэгъуат...
Пызгъэхун си гугъэу згъэсысати...
ЗаIэтыжри уафэм лъэтэжащ.



# Зи щхьэри зи лэжьыгъэхэри лъапIэ

### *Гукъэкlыжхэм щыщ*

Теунэ Хьэчим и япэ тхыгъэхэм щыщ «Аслъэн» повестым дихьэхыу къемыджэ къытхэту къыщIэкIынтэкъым школым дыщыщIэсахэм щыгъуэ. Абы хэт псалъэуха шэрыуэхэр зэпэддзыжу тIурылът. Ар дыщысабийхэрат.

Дыкъыдэкlуэтейуэ Iеймрэ фIымрэ нэхъ зэхэдгъэкIыф дыщыхъуам къыдгурыIуащ Теунэр адыгэ тхакIуэ нэхъыфI дыдэхэм зэращыщыр. ТхакIуэ, публицист, литературэхутэ, журналист, драматург Теунэ Хьэчим и къалэмыпэм къыщIэкIауэ щIэх-щIэхыурэ радиокIэ къат, печатым къытехуэ абы и тхыгъэхэм ди щэнхабзэм увыпIэшхуэ щиIыгът лIэщIыгъуэ кIуам и плIыщIтхущI гъэхэм. Ахэр ящыщт школхэм зэрыщрагъаджэ программэхэми бжьыпэр щызыIыгъхэм. Дыщышколакlуэм щыгъуэ ахэрат сэри Теунэр къызэрысцIыхур.

Иужькlэ япэ дыдэу сэ абы сыщыхуэзар 1955 гъэм и бжьыхьэпэращ. А

илъэсым къуажэ школыр къэзухри, Тхаклуэхэм я союзым и жэрдэмклэ, Мэзкуу еджаклуэ сыклуат. Къызэрыщlэкlамклэ, нэгъабэ къыщlэтlысхьауэ Хьэчими щеджэрт сэ сызыщlэс Литературэ институтым къегъэщlылlа Курс нэхъыщхьэхэм.

Гъэ еджэгъуэм щlидзэжаклэт Хьэчим ныщигъэзэжам.

– Си студентэгъуу адыгэ щlалэ къызэрагъэклуар Налшык къыщызжаlати, си гуапэ хъуащ. Сэ сы-Теунэ Хьэчимщ... Елгъэр Кашифыр уэра?

Жэуап естыным и пlэклэ:

– Уэли, сэ куэд щlауэ узоцlыхум уэ... Уи тхыгъэхэмклэ, – щlызогъуж.

– Ари хъарзынэщ. Тхьэразэ къыпхухъу. Уи lуэхухэр дауэ щыт-тlэ? – набдзэгубдзаплъэу сызэпеплъыхь, lэпцlупцlу сызэрыхуэпам гу лъитауэ.

– Щlагъуэкъым, – ерагъыу къыдызошей.

– lау, дауэ зэрымыщlагъуэр? Дуней псом зи фэгъу темыт, яхузэрымыгъэгъуэт еджапlэм укъыщlэтlысхьащ... Щхьэлыкъуэ школым укъыщlэпклри, ди къэралыгъуэшхуэм и щыхьэрым укъыдэпклащ. Уи насыпым кърихьэклри... Афэрым, абы уи лlыгъэри хэлъыжу, еджапlэм укъыщlэхуащ...

– Сыкъыщlэхуат, ауэ... – а сызэрынэщхъейщ.

– Уи «ауэм» къибгъэклыр сыт–тlэ?

– Стипендие къызатынукъым.

– Ар сыт щхьэклэ?

– Урысыбзэ тхэнымклэ «щы» къэсхьащ. Дыдейхэм я lуэху хуэщlакъым... Зэрыхъунур, сызэреджэнур сщlэркъым... – сыхуотхьэусыхэ.

– А сызэбгъэдэlуахэр хэплъэгъуэщ... Ауэ умыгужьей, хуэмыху. Зэрыжаlэщи, мы дыкъыздэклуа щыхьэрри занщlэу яухуакъым... Уи lуэхуми хуэм-хуэмурэ зэ зыкъигъэзэжынщ. Ауэ апщlондэху зыгуэр къэгупсысын хуейщи... Шэджагъуашхэри къэсащ. Наклуэ модэ, ди деж дыщlыхьэнщи... – жиlэу си lэблэр щиубыдым, зизмычу зислъэфыхьырти: – Жыжьэ усшэнукъым. Ди общежитыр... дызыщlэсыр моращ, – жери сегъэлъагъу ди еджапlэ пщlантlэм дэт унэшхуэхэм ящыщ зы.

Иужьклэ зи ерыскъы lэфl куэд сшха Клули щlэсти:

– Сыту фlыт! Сыту фlыт адыгэ щlалэ цlыклу гъусэ къызэрытхуэхъуар! – жиlэу апхуэдизклэ къысщыгуфlыклт мо цlыхубз лъагъугъуафlэри, уи гугъэнт и lыхьлы бын гуэр Мэзкуу къыщигъуэтыжауэ.

Зэрыжаlэу, сыздагъэтlысынумрэ сыздахьынумрэ ямыщlэу, моитlур зэуэ къысхуэбзэlэфlщи, абыхэм къысхуаlэ щытыклэ гуапэм сегъэlэнкун. Уклытэхышхуэ сыхъуащи, си щхьэр къысхуэlэтыркъым. Хьэчим зыщlэмыупщlэ щыlэкъым. Абы хуэсlуэтахэмклэ, сызэрыхуэтхьэусыхамклэ къыгурыlуащ, пэж дыдэу, си lуэхур зэрымыщlагъуэр. Гукъыдэж симыlэу сыщlэнэщхъейр. Сигу фlы ищlыну пылъу арагъэнщи:

– Газетхэми альманахми тета уи усэхэм сыкъеджащ. Хъарзынэу уотхэ. Ауэ фlым гъунапкъэ иlэкъым. Фlыр нэхъыфlыж пщlы, егъэфlаклуэ мэхъу. Абы щхьэклэ уеджэн, уи щlэныгъэм хэбгъахъуэ зэпыту упсэун хуейщ... Сэ, плъагъуркъэ, си жьыщхьи соджэ... Зэрыбыну мыбы нэс дыкъэклуауэ, – жери йоплъ lэнэр къытхуэзыгъэув и щхьэгъусэми сабырыбзэу тхылъ еджэу щыс щlалэ цlыклуми. – Иджыри бжызоlэ, си шынэхъыщlэ: умыгужьей. А къысхуебгъэклуэклахэм ещхьу, лlыгъэншэу укъыщlэкларэ ущlэпхъуэжамэ, ди адыгэ напэри тепхат. Мыбы укъэзыгъэклуа Къардэн Буби Клуащ Бетlали бгъэщlэхъуат. Апхуэдэ емыклу зращlэм хуэдэкъым ахэр. Шэч къытумыхьэ: Бубэ и псалъэр игъэпэжынщ... Къыбдэlэпыкъунхэщ. Дэри тлъэкl къэдгъэнэнкъым. Мис, дыщыпсэур къэпщlащ. Умэжэлlэху къыщlэлъадэ...

– Нтlэ, тlасэ, нтlэ. Умыуклытэ. Дэ зэи ерыскъыншэ дыхъуркъым. Мес, ди Алик цlыклу школым жьыуэ къоклыж. Зэдэшхэ lэфlщ жи. Абырэ уэрэ...– къысщогуфlыкl ерыскъыр lэнэм тез къэзыщlа Клулэ. – Фыхэlэбэ иджы.

Дошхэри дыщысщи, Хьэчим и ущиери зэпигъэуркъым.

– Уэ ушынэу ущIэпхъуэж пэтами… – пэта къудейм къыщымынэу, еджапIэм сыкъыщыщIэкIыж дакъикъэм Къардэн Бубэ Алыхьым къызигъэхутылIэу сыкъызэтримыгъэувыIэжамэ, си еджэным кIэ игъуэтат. Щхьэусыгъуэр арат: стипендиеншэу седжэфыну сыкъигъэгугъэртэкъым. А Iуэхум тIэкIу сытепсэлъыхьыжауэ щытащи, мыбдеж кIыхь зыщезгъэщIынкъым. ЖысIэнуращ: сэ цIыхуфI си натIэт. КIуащ БетIал, Къардэн Бубэ, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм… Мис иджы – Теунэ Хьэчим. Абы и щхьэгъусэ бзылъхугъэ телъыджэ КIулэ.

… – Мыбы адыгэ щIалэ бэлыхьхэр щеджащ. ИкIи щоджэ, – и псалъэм пещэж Теунэм. – Къущхьэ СулътIан пцIыхурэ?

– Ахьей сцIыхурэ! «Советская молодежь» газетым япэ дыдэ си усэ къытрезыгъэдзар аращ.

– АтIэ, абыи фIы дыдэу къиухащ мы ди институтыр. ИкъукIэ щIалэфIщ. Прозаик дэгъуэщ. Шэвлокъуэ Петри…

– Ари соцIыху, – зыхуэмышыIэ пщтырафэ сохъу. – Мыбы сыкъэкIуэным и пэкIэ БетIал сигъэцIыхуащ.

– ЩIалэ Iэзэщ. КритикыфIи зэдзэкIакIуэ хъарзыни хъунущ. НэгъуэщI ди адыгэ щIалэ бэлыхьитIи… – зи гугъу ищIынур къызгурыIуащи, аргуэру япэ солъадэ: Мысачэ Петррэ Мэшбащlэ Исхьэкърэ я цIэр къызоIуэ.

– Абыхэм гъэ къакIуэ къаух. Сэ…

– И чэзур къэсмэ, уэри къэбухынщ, Тхьэм жиIэмэ. Иджы тщIэнуращ, си шынэхъыщIэ. Ди председатель Бубэ укъызэригъэгугъахэм нэмыщI, нэгъуэщI хэкIыпIэ гуэрхэри къэдгъуэтынщи… – кIыхьлIыхь лъэпкъ къыхимыгъэкIыу письмоуитI етх. Сэ къыздэIэпыкъуну зыгуэрхэм елъэIуу аращи:

– ЕмыкIукъэ ар? – сынэщхъей дыдэу сыщIоупщIэ.

– Абы емыкIу пылъкъым. Мы дызэлъэIухэм ахъшэр я жып кърахынукъым. Уэ пхуэдэ… студент хуэмыщIахэм ядэIэпыкъуным хухэхауэ къэрал ахъшэ яIэщIэлъщ абыхэм. Ауэ щыхъукIэ… дыщIэукIытэн щыIэкъым, – жиIэу письмохэр тхын еухри: – Мыбыхэм ящIыгъуну уэри лъэIу тхылъитI тхы, – жи.

«ДызэлъэIухэм», «дыщIэукIытэн», «ящIыдгъун» жызыIэурэ «гъусэ зыкъысхуэзыщI» Теунэм, и хьэтыр солъагъури, тIэкIу зислъэфыхьами, лъэIу тхылъхэр сотх.

Мазэ нэхъ дэмыкIыу, Налшык нокIри ахъшэ хъарзынэ къысIэрохьэ. А лъэхъэнэм ди ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIу щыта Къардэн Буби и псалъи епцIыжатэкъыми, щIымахуэм хуэхьэзыр зысщIащ: зысхуэпащ. Мэзкуу дэсыфэ къызэрыстеуам щыгуфIыкIырт Хьэчими КIули. Ауэ я деж сыщIэмыхьэу зы махуэ дэзгъэкIамэ, тIури къызэшхыдэрт. Пэжщ, Хьэчим иджы нэхъ зытепсэлъыхьыр творчествэрат.

– ЗэкIэ нэхъыщхьэр арами, деджэ къудейкIэ зэфIэкIынукъым, си шынэхъыщIэ. УщIалэ щIыкIэ тхэн, быдэу тхэн хуейщ. Птхар хъуарэ мыхъуарэ къэпщIэн папщIэ, ахэр цIыхум я пащхьэм илъхьэни хуейщ. Абы щхьэкIэ тщIэн хуейр сыт? Тхылъеджэхэм закъегъэцIыхун, уи тхыгъэр къазэрыщыхъур къэщIэн хуейщи… Абы и лъэныкъуэкIэ дэ иджыпсту нэхъ IэмалыфI, хэкIыпIэфI диIэщ. Мыбы зэдзэкIакIуэхэр щыкуэдщ. Уи тхыгъэхэр зытебдзэн жыпIэнущи, газетхэри журналхэри щыгъунэжщ… Аращи, умыбэлэрыгъ. Тхэ. Птхари уи студентэгъухэм ептурэ зэрегъэдзэкI… Дауэ жыпIа? «Подстрочнэ» жыхуаIэм хуэдэу зэбдзэкIар абыхэм ептынщи…

Мыбдеж Хьэчим къыгурымыIуэр… зэрыщыуэр зыт: си усэхэр сэ схузэдзэкIыжын хуэдэу сыIэзэмэ, урысыбзэ тхэнымкIэ «щы» къэсхьрэт?

– Мыдэ сэ къызэт ахэр, – жери усэ зытхух сIех. ЗэдзэкIакIуэм зэреттынум хуегъэхьэзыр. Сэ ахэр изот си студентэгъу Кузнецов Валентин. Абы зэридзэкIахэм Хьэчим хоплъэж. Зыгуэрхэри зэрегъэзэхуэж. Псалъапэ гуа-

пи щlегъури, усэхэр Налшык кърегъэхь. Ахэр къытрадзэ «Кабардинская правда» газетым.

Апхуэдэ щlыкlэкlэ си литературэ гъуэгуанэр укъуэдииныр фlыуэ къыздигъэпсынщlауэ щытащ зи фlыщlэшхуэ къыстехуа Теунэ Хьэчим. Мэзкуу дыщызэгъусэху абы и закъуэкъым сэ Хьэчим къысхуищlар. А зэманхэм деж щlэгъэхуэбжьауэ зыхуагъэхьэзыру щlадзат Къэбэрдейр езым фlэфlу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс щиплl зэрырикъур ехьэжьауэ гъэлъэпlэным. Газетхэри, журналхэри, тхылъ тедзапlэхэри ди тхакlуэхэм гуапэу къэзэрыlущlэм щыгъуазэ сызыщlари Хьэчимщ. Абыхэм гъуэгу щызгъуэтынымкlэ лъэкl къигъанэртэкъым зи щхьэмкlи зи тхыгъэхэмкlи пщlэшхуэ къэзыхьа Теунэм. Езым иlэ пщlэмрэ щlыхьымкlэ Хьэчим зыдэгуэшари си закъуэкъым.

А лlы lэдэбым, щэнхабзэ дахэ зыхэлъым, щlэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъым и гулъытэ, и гуапагъэ зылъымыса яхэту къыщlэкlынкъым си ныбжь итахэми, нэхъыжьыlуэхэми, нэхъыщlэlуэхэми. Уи тхыгъэ гуэр радиокlэ къату зэхихамэ е зыщlыпlэ къытрадзауэ илъэгъуамэ, телефонкlэми и щхьэкlэ зыкъыпхуигъазэми, къыпхуэмыгуфlэу, къомыхъуэхъуу къигъэнэнутэкъым. Апхуэдэлlт ар: уи фlым щыгуфlыкlынут. Къыбдигъуэри ибзыщlынутэкъым. Ауэ уи жагъуэ къимыщlу. lэсэу. Сабыру. Гъэсэныгъэшхуэ зыхэлъ лlы lущти, абы и ущиехэр щхьэпэт, дахэт. Щхьэжэ пщыхъуртэкъым. А хьэлщэнхэрат езыри фlыуэ къыщlалъагъур. Абы фlэлlыкlышхуэ иlэу дунейм щытетыр. Цlыхум щlахэтыр.

Куэдрэ срихьэлlащ сэ Теунэм. Пщlэуэ къилэжьам хуэдиз дыдэ лъызмыгъэсыжыфами, абы мызэ-мытlэу фlыкlэ сытепсэлъыхьащ сэри. Ди тхакlуэхэм яхэту къыщlэкlынкъым Хьэчим псалъэ гуапэкlэ зигу къэзымыгъэкlыж. Зи цlэми зи творчествэми хуэфащэ пщlэ игъуэту къызыхэкlа лъэпкъым хуэлэжьа Теунэ Хьэчим езыри зэи гулъытэншэ хъуакъым: абы зэрихьэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ тхакlуэ цlэ лъапlэр, ар ди республикэм и къэрал саугъэтым и лауреатт. Хэкум и дамыгъэ лъапlэ куэди къыхуагъэфэщат. Критикхэри, и тхакlуэгъухэри, тхылъеджэхэри нэхъыбэ дыдэрэ зыщытхъухэм ящыщт Теунэ Хьэчим. Ущытхъунуи зыхуэфащэ тхакlуэшхуэт, щlалэгъуалэм я ущиякlуэ lущт, журналист, публицист, литературэхутэ lэзэт ар. Рассказхэр, повестхэр, романхэр зи къалэмыпэм къыщlэкlа Теунэр гъащlэм и лъэныкъуэ псоми, щэнхабзэми, литературэхутэ lуэхугъуэхэми купщlафlэу, акъылышхуэ хэлъу тетхыхьу щытащ.

Мис ахэращ, езыр 1983 гъэм дунейм ехыжами, къызэралъхурэ апрелым илъэс 95-рэ ирикъу Теунэ Хьэчим и щхьэри и лэжьыгъэхэри мыкlуэдыжын лъапlэныгъэшхуэу лъэпкъым къыщlытхуэнар.

**ЕЛГЪЭР Кашиф**

❁ ✪ ❁

# *Цlыху нэст, тхакlуэ гъуэзэджэт*

Дэтхэнэ лъэпкъ щэнхабзэми иlэщ ар псом хуэмыдэу зэрыгушхуэ, и щхьэр лъагэу езыгъэlэт цlыхухэр. Къэбэрдей лъэпкъ щэнхабзэр къудамэбэ жыгым хуэдгъэадэмэ, шэч хэмылъу, абы и зы къудамэ гъуэзэджэу къэлъытапхъэщ Теунэ Хьэчим и творческэ лэжьыгъэшхуэр. Ди щэнхабзэм и лъэныкъуэ псоми ар гумызагъэу кlэлъыплъырт, абы щекlуэкl lуэхугъуэ псоми фlыуэ щыгъуазэт. Ар ягъэгуфlэрт зызыужь ди щэнхабзэм игъуэт ехъулlэныгъэхэм, ягъэнэщхъейрт ар зыщыщlэхэм, зыхунэмысхэм. Ауэ псо-

ми ящхьэрати, Теунэр литераторт, а псалъэм къызэщIиубыдэ мыхьэнэ псори зэхьэлIэжа тхакIуэт. Абы итхырт очеркхэр, новеллэхэр, рассказхэр, повестхэр, романхэр, ар критикт икIи литературовед Iэзэт. Хьэчим гуащIафIэу хэлэжьыхьащ ди театрхэр, еджапIэхэр зыхуей хуэзэу зэфIэувэнми. Илъэс куэдкIэ щытащ ди тхакIуэхэм я организацэм и унафэщIу.

Курыт еджапIэм дэ япэу дыщыхуэзэрт Теунэм и тхыгъэхэм. Абы и «Аслъэн» повестыр икъукIэ щIэщыгъуэ къытщыхъуауэ, дыдихьэхауэ дджауэ щытащ. ИужькIэ Хьэчим и къалэмыпэм къыщIэкIащ ди литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэхъуауэ щыта тхыгъэ куэд, абыхэм щыщу «Псэм и IэфIыр къуатмэ», «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм пэжагъ ин хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ иджырей интеллигенцэм ича япэ лъэбакъуэхэр, ар зэрызэфIэувар. А романхэр щыхьэт тохъуэ Теунэ-прозаикыр езым и народым и тхыдэмрэ и иджырей псэукIэмрэ Iэзэу, кууэ къэзыгъэлъэгъуэжа художник-къэхутакIуэу зэрыщытам.

А романхэм теухуауэ сэ куэд схужыIэнущ, ахэр си пащхьэрылъ тхылъу щыта къудейкъым, атIэми япэ романыр – «Псэм и IэфIыр къуатмэ» жыхуиIэр къызэрыдэкIыу, сегупсысу ар зджауэ, япэ рецензэри сэ хуэстхауэ щытащ 60 гъэхэм я етIуанэ Iыхьэм. Ар традзащ «Кабардино-Балкарская правда», «Ленин гъуэгу» газетхэм, «Дон» журналым. А рецензэм сэ къыщызгъэлъэгъуат Теунэм ди литературэм зэи хэмыта лIыхъужьхэр къызэрыхигъэхьар, абыхэм я образхэм пэжагъышхуэ зэрыхэлъыр.

Хьэчим си статьям къеджа нэужь, телефонкIэ къэпсэлъауэ щытащ: «Борис, уи рецензэм сыкъеджащ. ФIыщIэ пхузощI. Уэ тэмэму къэбгъэлъэгъуащ романыр зытеухуар». Трубкэр згъэтIылъыжа нэужь, сэ аргуэру сигу къэкIыжащ япэ дыдэу Теунэм сыщыхуэзауэ щытар…

… Абы щыгъуэ усэ зэрыстхыр зыщIэр зырызыххэт. «Усэ птхырэ?» – жаIэрэ къызэупщIаIамэ, сэр дыдэми хьэуэ, стхыркъым жысIэну апхуэдэт. ИтIанэ, Iуэхуракъэ, зы тетрадь цIыкIу из къесхьэжьэри, си къуажэ Лэскэн ЕтIуанэм сыкъикIри Налшык сыкъэкIуауэ щытащ, «Мыр зэзгъэлъагъун зыгуэр мы къалэшхуэм дэс хъунщ», – жысIэри.

Абы щыгъуэ еянэ классым сыщеджэрт. Налшык щыпсэу си къуажэгъу гуэрым деж сыкъыщыувыIэри, дзыхь сымыщIыщэурэ жесIащ си усэхэр зыгуэрым езгъэлъэгъуамэ, зэрысфIэфIыр.

– Апхуэдэу щыщыткIэ, занщIэу кIуэ Теунэ Хьэчим деж, – къызжиIащ си къуажэгъу щIалэм икIи унэ гуэрым сишэри, «ещанэ къатым дэкIуеи щIэупщIэ», – жиIэри езыр и лэжьапIэм кIуащ.

«Къащтэт къэпхьар», – зыбгъэдэс стIолым къыбгъэдэкIри, нэгъуджэ зыIулъ лIы плIабгъуэм сIихащ гъэкIэрэхъуауэ сIыгъ тетрадыр икIи тIысри зы хьэрф къримынэу къеджащ, зыгуэрхэр тритхэу, щIитхъэу.

Сэ абы сеплъырт, си нэр тенауэ. Ар гъэщIэгъуэнтэкъым: япэ дыдэ иджыт щыслъагъур тхакIуэ. Пэжыр жысIэнщи, абы щыгъуэ къысфIэщIырт тхакIуэр цIыху псоми ялейуэ. Апхуэдэут къызэрысщыхъур зи усэхэр гукIэ сщIэ Пушкиныр, Лермонтовыр, ЩоджэнцIыкIу Алий сымэ. Абыхэм яхэзбжэрт Теунэ Хьэчими. Сэ икъукIэ сыдихьэхыу сыкъеджауэ фIыуэ сыщыгъуазэт абы и повестхэу «Аслъэн», «Дыщэплъ пщэдджыжь», жыхуиIэхэм икIи абыхэм хэт цIыхухэр, слъагъум хуэдэу, си нэгу щIэтт. «Мис, мыращ Теунэр, – жысIэрт сигукIэ. – Мыращ зытхар а тхылъхэр…».

Си усэхэм еджэн иухри, Хьэчим зыкъысхуигъэзащ: «Моуэ къэкIуати, къэдаIуэ». Усэ тхыкIэм теухуауэ игъащIэм зэхэзмыха куэд къызжиIащ абы щыгъуэ Теунэм. Си усэхэри зыри къимыгъанэу зэпкърихащ. Нобэми сощIэж ар зыщытхъуауэ щыта сатыритIыр:

Уи Iэпкълъэпкъыр уэ ебгъэшмэ,
Шхын сыт щыгъуи къэбгъуэтынщ.

Си япэ тхылъыр къыщыдэкIами, «Уи гъуэгу кIыхь хъуну, Борис!» – жиIэу япэу къызэхъуэхъуар, рецензэ зытхауэ щытар Теунэрщ.

А псори сигу къыщIэзгъэкIыжар мыращ: къэгъуэтыгъуейщ тхакIуэ нэхъыщIэхэм щыщу Хьэчим зыгуэркIэ зыдэмыIэпыкъуа – ирехъу ар псалъэ гуапэ, е чэнджэщыфI, е гупсэхуу тха рецензэ. Аращ дэ тщыщ дэтхэнэми абы пщIэшхуэ хуищIу щIыщытар.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**

# *ТхакIуэшхуэ*

Мы махуэхэм илъэс пщIей ирокъу къэбэрдей тхакIуэшхуэ Теунэ Хьэчим къызэралъхурэ. Теунэм ехьэлIауэ «тхакIуэшхуэ» псалъэр егъэлея хъуну ди гугъэкъым, сыту жыпIэмэ абы къигъэщIащ а псалъэр къызытемыхьэлъэн тхыгъэхэр.

Пэжщ, иджыпсту куэдым нэгъуэщIынэкIэ дащеплъыжа, нобэр къыздэсым дызыщытхъуа, ди еджапIэхэм бжьыпэр щызыIыгъа тхакIуэхэм, тхыгъэхэм яхуэтщIу щыта пщIэмрэ щIыхьымрэ зыкъомкIэ шэч къащытетхьэжа зэманщ.

Сыту фIыт, ярэби, нэгъуэщI мыхъуми, тхакIуэхэм, усакIуэхэм, композиторхэм, художникхэм псори зыщIэзышэ мы политикэмрэ идеологиемрэ зыдрагъэхьэхрэ зыдрамыгъэшэхыу, сыт хуэдэ зэманми хутемыгъэкIыжын, нэгъуэщIынэкIэ дезымыгъэплъыжыфын произведенэ защIэхэмкIэ дагъэгуфIэ зэпыту щытамэ. Пэжым ухуеймэ, апхуэдэут зэрыщытыпхъэри, сыту жыпIэмэ ахэм дапщэщи я плъапIэ нэхъыщхьэу, я гъуазэу щытын хуейр искусствэм, эстетикэм и категорие нэхъ пажэхэм ящыщу «ДахагъэкIэ» зэджэжырщ.

Ауэ цIыхур цIыхущи, къэхъунури гъащIэм зэрызихъуэжынури къанэ щымыIэу зыщIэу жыхуаIэр зыщ – Тхьэрщ. Е тхьэпэлъытэу ябж цIыху закъуэтIакъуэхэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдизрэ «гъуджэ Iушэ дизыгъэплъа» политикэмрэ идеологиемрэ ерыщу пэуву цIыхум я нэр Пэжым хузэтезыха а «закъуэтIакъуэхэм» яхэту сэ сщIэркъым ди адыгэ тхакIуэхэм ящыщ. АбыкIэ сыщыуэу, сымызахуэу зыгуэрым си фIэщ ищIрэ зы тхакIуэ нэхъ мыхъуми щапхъэу къысхуигъэлъагъуэмэ, икъукIэ си гуапэ хъунут. Ауэ, Iуэхушхуэракъэ, а зи гугъу тщIы зэманым «и шейтIаныр зытемыкIуа» ди тхакIуэ нэхъыжьхэм (нэхъыщIэуэхэми нэхъыщIэжхэми, пэжым ухуеймэ, абыкIэ зыщIэдгъэплIэбгъуэщэн ткъуэлъу си гугъэкъым) зыри яхэту къыщIэкIынукъым. Абыхэм ящыщщ нобэ дгъэлъапIэ Теунэ Хьэчим.

АтIэми, къытыдогъэзэжри, Хьэчим зи тхыгъэхэм уелъэстауэ мыхъун тхакIуэшхуэщ, сыту жыпIэмэ абы и тхакIуэ IуэхущIафэм наIуэу къытощ дгъуэтагъащIэ тхыбзэм къыдежьа литературэм и зыужьыкIа-зыхъуэжыкIа псори. Адрейуэ, нэхъыщхьэращи, абы хэтщ ди тхылъаджэм и нэгум къыщIэна, гукъинэж щыхъуа образхэр. «Аслъэн» повестым и закъуэ пхурикъуни. Ди литературэм фIыуэ щыгъуазэхэм ящыщу хэт къулейсызыгъэм ихузарэ тхьэмыщкIэ былымыжь жыхуаIэм хуэдэу, атIэми тхьэм къыхилъхьа цIыхуфIагъым и къарур узыIэпишэу зыпкърылъ, а къарум гурыхь тщищI Аслъэн и теплъэр зи нэгум щIэмытыр, зи псалъэхэр гукъинэж зыщымыхъуар? «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр»-щэ? «Псэм и IэфIыр къуатмэ» жыхуиIэ романыр-щэ? Ди литературэм, ди тхакIуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр-щэ? Дауэрэ зэманым зимыхъуэжами, ахэр дэ ди литературэм тхухэгъэкIынукъым, хэдгъэкIами, абы хуэныкъуэу, хущыщIэрэ ущIауэ къэнэнут.

Ди критикхэм, литературэхутэхэм мызэ-мытIэу къызэрагъэлъэгъуащи,

Теунэм и тхыгъэхэм уащІыщытхъуныр мащІэкъым. Япэрауэ, тхыгъэр зэрагъэпс щІыкІэм, персонажхэм я зегъэужьыкІэм, лъэпкъ хабзэхэр, нэщэнэхэр, блэкІа зэманым и Іэужьхэр къэгъэлъэгъуэным хуэІэзэ дыдэу щытащ Теунэр. Ауэ, псом хуэмыдэжу, Хьэчим и тхыгъэхэр гурыхь, хьэлэмэт, гукъинэж зыщІыр абы и бзэрщ, и къэІуэтэкІэрщ, гупсысэмрэ псалъэмрэ Іэзэу зэрызэригъэгъуэтырщ, зэрызэригъэкІурщ.

И тхыгъэхэм узэрыдахьэхым нэмыщІкІэ, Теунэ Хьэчим цІыхугъэшхуэ хэлъащ, тхэным гу хуэзыщІхэм и нэІэ ятригъэт, ахэм я Іуэху зэрыдэкІынум иужь ит зэпыту, ятелажьэу псэуащ.

Дауи, си закъуэкъым абы и гуапагъэ зылъысар, сэ жысІэнум хуэдипщІ къэзыІуэтэжыфын гуэрхэри щыІэу къыщІэкІынщ, ауэ сэри си къалэну собжыж гъащІэм куэдкІэ гъуэгугъэлъагъуэ щысхуэхъуа, адыгэ литературэм и тхьэмадэхэм ящыщ зы Теунэ Хьэчим теухуа псалъэ гуапэ жысІэну. Илъэс зыбжанэ хъуащ ар дунейм зэрехыжри, а гупсысэр сиІэурэ сокІуэкІ, ауэ щыхъукІэ Хьэчим епха гукъэкІыж зытІу ныфхуэсІуэтэжми ягъэ кІыну си гугъэкъым.

Сэ сызэрыцІыкІурэ сурэт щІыным, пхъэм къыхэбзыкІыным, къэнжал пкІыным сыдехьэх, къызэмыхъулІа хъуэпсапІэ къомым я нэхъыщхьэуи къызолъытэ ар ІэщІагъэ схуэхъуу си гъащІэри си гуащІэри абы зэрезмытар. СыщыуэнкІи мэхъу, ауэ ди лъэпкъ культурэм куэдкІэ нэхъ сыхуэщхьэпэфыну къысщыхъут художник (скульптор) ІэщІагъэмкІэ.

А ІэщІагъэм сыщІыхуемыджа псом хэти хуэныкъуэ, ауэ жысІэжыпэми, ар нобэрей щІалэгъуалэм я фІэщ хъущэну къыщІэкІынукъым…

ЕпщІанэ классыр къэдухыу экзамен псори тта нэужь, еуэри, зи кІэм уи нэр нэмыплъыс нартыху хьэсэ зэщІэкІар къыттрагуашэщ, зи Іыхьэр зыухым аттестатыр иратыжыну къыджаІэри, дыхагъэуващ. Дауэрэ тщІыми, хьэсэр махуэ зыбгъупщІкІэ пщІэн дыухащ, зэрыклассу зы илъэскІэ фермэм дагъэкІуэну хэтами, щІегъуэжхэри, аттестатхэр къыдатыжыгъащ, ауэ… Ауэ художникхэр щагъэхьэзыр еджапІэ псоми экзаменхэр щІадзакІэт… Арати, хьэмфІанэмрэ «джэлэфей быхъу» гуэрхэм я ерыщагъымрэ нэхъ хэмыхьэу си гъащІэр къраІуэнтІэкІащ… АдэкІэ – армэ. ИтІанэ – университет… Дэнэ сыщымыІами, дэнэ сыщемыджами, сурэт щІыныр сэ зэи ІэщІыб схуэщІакъым. Апхуэдэурэ республикэм къыщызэІуаха япэ выставкэхэм сыхэтащ, сщІа сурэтхэр, скульптурэхэр нэхъ наІуэ хъуащ.

А къомыр щІыжысІэжращи, зэгуэрым ди университетым нрагъэблэгъауэ, Теунэ Хьэчим къилъэгъуащ выставкэм къисхыжауэ Адыгэ кафедрэм щІэлъ си скульптурэхэр. ЗыщІар-сытыр, жиІэу щІэупщІа нэужь, «Мыр адыгэр дызыхуэныкъуэ дыдэхэм ящыщ ІэщІагъэщ, а щІалэр мыбы хуемыгъэджэнкІэ Іэмал иІэкъым» жиІэщ, къызэщІикъуэри, пхъэм къыхэбзыкІа си скульптурэ нэхъ цІыкІухэм ящыщ зыбжанэ и портфелым дэлъу лІыщхьэшхуэхэр зыщІэс Унэшхуэм къыщрихьэкІащ, художникхэр щрагъаджэу (нобэрей жыІэкІэм нэхъ пэгъунэгъуу жытІэнщи) Бытырбыху дэт еджапІэ нэхъыщхьэм сыщІагъэтІысхьэным Іуэхур нихусауи щытащ. Ауэ адыгэр игъащІэми дыкъытечыгъуей насыпкъэмыгъакІуэкъэ, – унагъуэ Іуэхути-ситти жытІэри, дытегушхуэжакъым.

АтІэми псэухукІэ си литературэ, искусствэ Іуэхухэм и нэІэ текІакъым Теунэ Хьэчим. Мызэ-мытІэу псалъэ гуапэ прессэм, утыкухэм къыщытхужиІащ, ТхакІуэхэм я союзым дыщыхыхьэнуми «гъуэгупэ тхыгъэ» тхуэзытхауэ щытар ащ.

НэгъуэщІ зыгуэри сигу къокІыж Хьэчим теухуауэ. Университетым сыщыщІэса 60 гъэхэращ ари зыхуэзэр… А гъэхэм ди еджапІэхэм адыгэбзэр щыкъуалъхьэжыпэныр зи хъуэпсапІэхэм я зэманти, кІуэаракъэ, ар хэутэнымкІэ ящІэф къагъанэртэкъым. Иужь дыдэу къахуэгупсысарати, 9–10-нэ классхэм уи адыгэбзи уи адыгэ литератури щрамыгъэджыжыххэу

щIадзат. Арати, куэд щIауэ дигу зэрыгъу анэдэлъхубзэм сыкъыщхьэщыжу статья иныфI стхыри «Ленин гъуэгум» естащ. Тхыгъэр ягу ирихьауэ жаIэщ, традзэным хуагъэхьэзырри, адэкIэ «гъуэгу трагъэхьат». Арщхьэкlэ секретариатым нэсщ, къэшынэжхэри, Теунэ Хьэчим иратащ, зэреплъыр жрагъэIэну. Си гупсысэхэр къыздиIыгъа дэнэ къэна, анэдэлъхубзэм теухуауэ цIыхушхуэхэм жаIамкIэ щIигъэбыдэжщ, адыгэбзэм лей ин къызэрытехьэр, абы и Iуэхур къыдэдмыхыжмэ, лъэпкъыр дыхэкIуэдэжынкIэ зэрыхъунур хьэкъ пщызыщI тхыгъэшхуэ езым ейуэ къыдэщIигъужри, Iэмал имыIэу си статьяр тедзэн зэрыхуейр кIэщIэтхауэ Хьэчим си тхыгъэр къаритыжащ.

Ауэ зэманыр гурыщхъуэ зыдэпщIыкI хъуну щыIэ псоми щыдащIыкI зэманти, тхакIуэм жиIэмкIи ягу мызагъэу, си статьяри абы ейри зэкIэрыщIауэ обкомым ирагъэхьащ. Куэдрэ щIэлъа, мащIэрэ щIэлъа, – сытми, икIэм-икIэжым, мыпхуэдэу тетхауэ къырагъэхьыжащ: «Фи пIэщхьагъ къуэщIий щIэвмылъхьэж». А псалъэжьыр къызыхахар лъэпкъым и IуэрыIуатэрарэ КПСС-м и IуэрыIуатэрарэ нобэми ныжэбэми къысхуэщIэркъым, ауэ ар къыщытратхауэ иджы щымыIэж (унэракъым жыхуэсIэр) IуэхущIапIэм и фэеплъу нобэр къыздэсым зызохьэ.

Абы иужькIи Хьэчим пылъащ а статьяхэм гъуэгу яритыну, ауэ лъэпкъдэкъуэз политикэр апхуэдизкIэ инти, тхакIуэ цIэрыIуэм и пщIэми и щIыхьми еплъахэкъым. Ари зи фIэщ мыхъун иджыпсту зэрыщыIэнум шэч хэлъкъым, сыту жыпIэмэ анэдэлъхубзэм, лъэпкъ Iуэхухэм уатепсэлъыхьыныр, тхьэм и шыкуркIэ, нобэ зыкIи шынагъуэжкъым. Шынагъуэр щызогъэтри, лъэпкъри анэдэлъхубзэри зэпытрэ-зэкIэсу кIуами щIэгуфIыкIыу щысыфыну щыта гуэрхэм я адыгэбзэр къиутIыпщыжауэ нобэ мыхъэр ягъахъэри, кIуэаракъэ, езыхэм фIэкIа адыгэ щымыIэуи, щымыIауи зыкъомым я гугъэжщ. Хъарзынэкъэ-тIэ ар – уадыгэныр апхуэдэу зэпэубыда хъуныр: пу-пу!..

СощIэ, «Мы тхыгъэмрэ Теунэ Хьэчим и юбилеймрэ сыт зыхуаIуэху» жызыIэни щыIэнущ. ЖаIэми, зыкъомкIэ пэжщ, сыту жыпIэмэ дэ дызэсар мыпхуэдэ щапхъэм ит тхыгъэхэрщ: мыпхуэдэ илъэсым къалъхуащ, мыпхуэдиз тхылъ къыдигъэкIащ, мыпхуэдэ къулыкъухэр зэрихьащ, мыпхуэдэ цIэ лъапIэхэр, дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ... Апхуэдэу дытетхыхьами, Теунэ Хьэчим хужытIэн нэхъыбэжу дгъуэтынут, ауэ, ищхьэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, сэ си мурадар аракъым. Дунейм ехыжами, зи IуэхущIафэхэр псэу, зи гуапагъэхэр ди гум имыкI адыгэ тхакIуэшхуэ Теунэ Хьэчим щхьэкIэ псалъэ гуапэ жысIэну, абы теухуа гукъэкIыжхэмрэ нобэрей гъащIэмрэ зэхуэсхьыну арати, зымащIэкIэ къызэхъулIамэ, гуапэ сщыхъуауэ си тхыгъэр мы псалъэхэмкIэ сыухыну сыхуейт: дыпхуэарэзыщ, Хьэчим. Зыми пумыщIу щыта уи лъэпкъри къыпхуэарэзыщ. НэхъыфIу щыIэмкIи нобэ ар къыпхуохъуахъуэ.

**IУТIЫЖ Борис**
*1992 гъэ*

❁ ✪ ❁



# ГУМ ПСОРИ КЪОНЭ

***Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу***

И иужьрей тхылъым и Iэрытхыр хьэзыр хъуауэ, дунейм ехыжащ ар зи IэдакъэщIэкI тхакIуэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. Ди литературэм хэджэлыкIащ абы и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм ящыщ зы – и мурад псори мызэщIауэ, куэд хузэфIэкIами, нэхъыбэжым хуэпабгъэрэ и къару илъыгъуэу.

Дунейм щехыжкIэ цIыхум къызэренэкI и гуащIэр, и лэжьыгъэр, и цIэр. МылIэжын щыIэкъым – псэ зритам ящыщ зыи зэмыбэкъуэфын хабзэщ ар. ЦIыхур мылIа пэлъытэщ, абы и гуащIэр, и лэжьыгъэр, и цIэр бэм ягу къинэмэ. ТхакIуэм дунейм къытринэр уасэ зимыIэ фIыгъуэщ – абы и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэр гъащIэ кIыхь хъу хабзэщ щахуэфащэм деж. Апхуэдэ тхыгъэ куэд къызэринэкIащ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ – ди литературэм и жьантIэр къалъысауэ, цIыхум гукъинэ ящыхъуауэ. Зыми шэч къытрихьэжынкъым ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и тхыгъэхэм ди литературэм, псалъэм папщIэ, прозэм, лъэбакъуэщIэ зэрырагъэчам – и рассказхэми, и повестхэми, и романхэми. А псом я пщIэмрэ я мыхьэнэмрэ литературнэ щIэныгъэм игъэбелджылын хуейуэ къыпэщылъщ, шэч зыхэмылъыжыращи, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ дунейм къытринащ ди лъэпкъ художественнэ культурэм и тхыдэр зыгъэбжьыфIэн гуащIэрэ лэжьыгъэрэ.

ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ Абейкъуажэм (Урожайнэ) 1932 гъэм къыщалъхуащ, курыт еджапIэр абы къыщиухащ, 1951–1954 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ, 1954–1961 гъэхэм Урожайнэ районым щылэжьащ – комсомолым и райкомым, районым къыщыдэкI газетым, райисполкомым, зэрылажьэм хуэдэурэ къиухащ Ростов къалэм дэт Парт школ нэхъыщхьэр. 1961–1962 гъэхэм Хьэмыщэ «Советская молодежь», «Ленин гъуэгу» газетхэм я отделхэм я унафэщI къулыкъур зэрихьащ, иужькIэ Дзэлыкъуэ, Шэджэм районхэм къыщыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэу (1962–1966 гъэхэм), 1966 гъэм къыщыщIэдзауэ Республиканскэ полиграфическэ комбинатым и директору лэжьащ, а IэнатIэм здыпэрытым Хьэмыщэ къаруушхуэ ирихьэлIащ республикэм и полиграфическэ промышленностым зегъэужьыным. 1970–1980

гъэхэм Хьэмыщэ «Ленин гъуэгу» газетым культурэмкlэ и отделым и унафэщlщ, 1980–1981 гъэхэм Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ театрым и директорщ, 1982 гъэм къыщыщlэдзауэ илъэс 15-кlэ щылэжьащ «Эльбрус» тхылъ тедзапlэм – редактору, редакцэм и унафэщlу; иужькlэ – Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тхакlуэхэм я союзым деж щыlэ Литературнэ фондыр зэрихьащ, а союзым и правленэм и консультант къулыкъум бгъэдэту Хьэмыщэ 1999 гъэм июлым и 23-м дунейм ехыжащ.

Тхакlуэ къалэмыр здыlэщlэлъым, Хьэмыщэ общественнэ лэжьыгъэм жыджэру хэтащ. Шэджэм район советым, Налшык къалэ советым я депутату щытащ, творческэ организацэхэм, союзхэм я унафэщlхэм яхэтащ. Литературэм щиlэ фlыщlэм папщlэ Шэджыхьэщlэ Хьэмыщэ къыфlащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ тхакlуэ» цlэ лъапlэр. Апхуэдэущ ар дэнэ щыпlи къыщацlыхуу зэрыщытар – цlыхубэм пщlэ зыхуащl, ягъэлъапlэ тхакlуэущ, цlэрыlуэ дыдэ хъуауэ, и псалъэ жаныр цlыхум гунэс ящыхъуауэ.

Шэджыхьэщlэ Хьэмыщэ и япэ тхылъыр («Уи пщэдджыжь фlыуэ, Тэрч») дунейм къыщытехьар 1975 гъэрщ. Абы щыгъуэ Хьэмыщэ и ныбжьыр илъэс 40-м итт, лlыпlэ иуват, гъащlэм и lэфlи и дыджи илъэгъуауэ, абы и «щэхуми» и «нахуэми» кууэ щыгъуазэ хъуауэ. «Уи пщэдджыжь фlыуэ, Тэрч» тхылъым деж lупщl хъуауэ щытащ зи псалъэр жан, зи гупсысэр куу тхакlуэ набдзэгубдзаплъэ ди литературэм къызэрыхыхьар – абы щыхьэт техъуащ а тхылъым ит повестри рассказхэри. Абдеж къыщыщlэдзауэ, Хьэмыщэ и цlэр жылэм хэlуащ, и тхыгъэхэр щlэх-щlэхыурэ дунейм къытехьэурэ, цlыхур ятхьэкъуащ. Тхакlуэ куэдым я натlэ хъуркъым ар – цlыхум щlэх дыдэ яхэlуэныр. Дауи, апхуэдэ насып къызэуалlэр псалъэм и гуащlэр цlыхум зыхезыгъэщlэф, абы и гущlэлъапсэм къипсэлъыкlыф, къалэм жан зыгъэбзэф тхакlуэрщ. Хьэмыщэ апхуэдэ тхакlуэт – цlыхур зригъэдэlуэнрэ абы и гур къызэрихьэхунрэ зи гъунэж тхакlуэ lумахуэт. Апхуэдэуи къыхэнащ ар ди литературэм, а цlэр и гуащlэрэ и лэжьыгъэкlэ къихьауэ.

«Уи пщэдджыжь фlыуэ, Тэрч» тхылъыр дунейм къытехьэри, абы къыкlэлъыкlуа гушыlэ, ауан рассказхэри цlэрыlуэ дыдэ хъуауэ, Хьэмыщэ къыщеупщl куэдрэ къэхъурт: «Илъэс плlыщlым ущхьэдэхыху, уи тхылъ щхьэ къыдэмыкlарэ, сыт узыпэплъар?» – жаlэурэ. Апхуэдэ упщlэм тхакlуэм ирит хабзэ жэуапыр гурыlуэгъуэщ. Апхуэдабзэуи гурыlуэгъуэщ: илъэс плlыщl ныбжьым щхьэдэхауэкъым Хьэмыщэ къалэмыр къыщищтар. Щlалэ ныбжьым щита лъандэрэ lэщlэлъащ Хьэмыщэ тхакlуэ къалэмыр, ауэ ар хуепlэщlэкlакъым и тхыгъэхэр цlыхум я пащхьэ зэрырилъхьэным – аращ тхакlуэ нэсым и хьэлыр. Апхуэдэ хьэл зэрыхэлъам зэи хущlегъуэжакъым Хьэмыщэ: аращ зи фlыгъэр Хьэмыщэ и «Уи пщэдджыжь фlыуэ, Тэрч» тхылъри абы къыкlэлъыкlуа тхыгъэхэри узэщlауэ, сыт и лъэныкъуэкlи нэщlысауэ дунейм къызэрытехьар.

Хьэмыщэ и цlэр япэу зыгъэlуа «Уи пщэдджыжь фlыуэ, Тэрч» тхылъым и ужькlэ дунейм къытехьащ абы и къалэмыпэм къыщlэкlа тхыгъэ хьэлэмэт куэд: «Дыщэм ефlэкlыу» (1977), «Дыщэр дыщэпс хуэныкъуэкъым» (1980), «Мазизэ» (1989) повестхэр, «Гум псори къонэ» (1984), «Тэрч щыхьэтщ» (1987), «Лъыщlэж» (1992) романхэр, рассказхэр щызэхуэхьэса «Хьэмлатlиф, къэгъэзэж» (1980), «Сыпlэскlуащэрэт» (1992) тхылъхэр. Мыбдежым зи цlэ къыщитlуауэ зы тхылъи лъэужьыншэ щыхъуакъым ди литературэм, абыхэм цlэрыlуэ дыдэ ирихъуащ тхакlуэр, илъэс зыбгъупщlым и кlуэцlкlэ ар ябгъурыуващ ди литературэм куэд щlауэ щылажьэ тхакlуэ пажэхэм. Тхакlуэм и насыпщ, абы и lэдакъэ къыщlэкlа тхыгъэр цlыхум я деж нэсмэ, цlыхум я гум дыхьэн тхыгъэ къигъэщlыфамэ. Абыкlэ насыпыфlэт Хьэмыщэ: абы и дэтхэнэ тхылъми щlэупщlэ иlащ, дяпэкlи иlэнущ. Щхьэусыгъуэр гурыlуэгъуэщ: Хьэмыщэ хузэфlэкlырт цlыхум и гум къипсэлъыкlын, цlыхум и гурыгъугурыщlэхэр кууэ къыщlигъэлъэн, а гурыгъу-гурыщlэхэр псалъэ шэрыуэкlэ

иӀуэтэфын. Аращ Хьэмыщэ ди тхакӀуэ цӀэрыӀуэ дыдэхэм ящыщ зы щӀэх дыдэ щӀэхъуар. Сэ куэдрэ срихьэлӀащ: Ӏуэхукlэ гъуэгу дытехьауэ зыщӀыпӀэ дыкъыщыувыӀэн хуей хъуамэ, е нэхъыжь, е нэхъыщӀэ гуэр къыбгъэдыхьэрти, Хьэмыщэ фӀэхъус кърахырт, зи ужь ит тхыгъэщӀэхэмкӀэ къеупщӀырт. ФӀэхъус къезыхам, къыщӀэупщӀам, игъащӀэ лъандэрэ и нэӀуасэ гуэр фӀэкӀа умыщӀэну, дэуэршэрырт езы Хьэмыщи. Дежьэжауэ дыздэкӀуэм, «Хэтыт ар, дэнэ щыпцӀыхурэ?» жыпӀэрэ уеупщӀамэ, Хьэмыщэ и дамэр дригъэуейрт: «Уэлэхьи, сымыщӀэ, сымыцӀыху». Ар си нэгу щыщӀэкӀащ, къэбэрдей жылагъуэхэм нэмыщӀ, Адыгейми Шэрджэсми – зэгъусэу дежьауэ. Ар щыхьэт зытехъуэр зыщ: Хьэмыщэ езыри и тхыгъэхэри цӀэрыӀуэ дыдэ хъуауэ зэрыщытарщ, пщӀэрэ нэмысрэ дэни зэрыщиӀарщ. Абы щхьэкӀэ зыкъыфӀэщӀыжауэ Хьэмыщэ зылъэгъуа щыӀэкъым, жыыми щӀэми яхэгъуащэ, псоми бзэ къахуэзыгъуэт, ныбжьэгъу зыӀыгъыф, пщӀэ зиӀэ, и щхьэм и пӀалъэр зыщӀэж цӀыху угъурлыт Хьэмыщэ. Апхуэдэущ ар и ныбжьэгъухэми и лэжьэгъухэми яцӀыхуу зэрыщытар.

Ищхьэкӏэ зэрыщыжытӀащи, Шэджыхьэщӏэ Хьэмыщэ и тхыгъэхэм я пщӀэмрэ я мыхьэнэмрэ, абы ди литературэм хилъхьа гуащӀэр щаджынур, щахутэнур дяпэкӀэщ, а псор мы тхыгъэ мащӀэмкӀэ къыпхузэщӀэкъуэнукъым, апхуэдэ къалэни зыщыхуэдгъэувыжакъым мыбдежым. Хьэкъыращи, Хьэмыщэ и тхыгъэхэр (и рассказхэри, и повестхэри, и романхэри) ди литературэр зыгъэбжьыфӀэ хъугъуэфӀыгъуэщ, абы и тхыдэмрэ и нобэмрэ куэдкӀэ къулей дэхъуауэ.

Шэджыхьэщӏэ Хьэмыщэ и прозэм бжьыпэр щызыӀыгъыр, дауи, «Лъыщӏэж» романырщ. Езы тхакӀуэми ар зыхилъхьэ щыӀакъым. Сэ сыщыгъуазэщ а романым Хьэмыщэ щӀэх зэрытемыгушхуам: абы и лъабжьэр тхыдэрти, тхакӀуэм ирикуртэкъым, ар зэрыхуейм хуэдизкӀэ имыӀуэтэфынкӀэ шынэрт. Иужьрей илъэс тӀощӀырыпщӀым дунейм къытехьащ адыгэ тхыдэр лъабжьэ зыхуэхъуа тхыгъэ пӀащэ зыбжанэ. Тхыдэр гъэбэтэгъуафӀэкъым, псом хуэдэжкъым адыгэ тхыдэр – и щхьэусыгъуэм лейуэ утемыпсэлъыхьыжми. Апхуэдэ тхыгъэ куэд псыхэкӀуадэ хъуауэ къыщӀидзыжащ нобэ – ди тхыдэм и пэжыпӀэр яӀуэтэнкӀэ хуитыныгъэ щагъуэта ди зэманым. Хьэмыщэ и романым ар къыщыщӀакъым, тхыдэм и пэжыпӀэр къыщӀигъэлъэн хузэфӀэкӀат, ар зыгуэрхэм зэрафӀэзахуэу щытам хуэдэу иӀуэтатэкъыми. «ЛъыщӀэж» романыр щиублэм, Хьэмыщэ иригъуэзакъым тхыдэм и «унафэщӀхэм» я чэнджэщхэм: ар (адыгэ тхыдэр) ди пащхьэ кърилъхьащ а тхыдэр зи нэгу щӀэкӀа лъэпкъым и акъылрэ и гупсысэкӀэ, аращ «Лъыщӏэж» романым и пщӀэр ноби щӀемыхуэхар, ар адыгэ тхыдэм и пэжыпӀэр зи лъабжьэ тхыгъэ хьэлэмэтхэм ящыщ зы щӀэхъуар.

Прозэм и закъуэкъым Шэджыхьэщӏэ Хьэмыщэ бгъэдэлъ талантыр къыщигъэлъэгъуар. Адыгэ театрхэм (Къэбэрдейми Шэрджэсми) щагъэуващ Хьэмыщэ и пьесэхэм къытращӀыкӀа спектаклхэр: «Гъуэгу техьэ къытенэркъым», «Хэт къуаншэр?», «Дыбгъэунэхъурти, Зузэ» «Ди гуэныхьхэр», «Гум и щэху», нэгъуэщӀхэри. Ахэр щыхьэт зэрытехъуэщи, Шэджыхьэщӏэ Хьэмыщэ а литературэ лӀэужьыгъуэм и «щэхухэм» кууэ щыгъуазэ драматург гъуэзэджэуи щытащ, цӀыхур зригъэдэӀуэн псалъэмакърэ и акъылыр зэригъэлэжьэн гупсысэ жанрэ и куэду.

ГушыӀэ рассказ лӀэужьыгъуэм куэд щӀауэ зыщеужь ди литературэм, апхуэдэ гуэр зи къалэмыпэм къыщӀэмыкӀа яхэбгъуэтэнукъым ди тхакӀуэхэм – ди тхыбзэр щызэфӀэувам къыщыщӀэдзауэ нобэм къэсыху.

Ди литературэм куэд щӀауэ зыщиужьми, гушыӀэ рассказым утыкур нэхъ щиубыдар, дауи, иужьрей илъэс тӀощӀырыпщӀырщ: я цӀэ къипӀуэфынущ апхуэдэ тхыгъэ хьэлэмэт куэд зи Ӏэдакъэ къыщӀэкӀа тхакӀуэ зыбжанэм. Абыхэм ящыщщ Шэджыхьэщӏэ Хьэмыщи – абы и къалэмыпэм къыщӀэкӀащ, зэрыжытӀащи, гушыӀэ, ауан рассказ тхылъ зыбжанэ. Абыхэм ущеджэкӀэ, гу

лъумытэнкlэ Iэмал иlэкъым Хьэмыщэ и къалэмыпэм къыщlэкlа гушыlэ рассказыр нэгъуэщlым зэрыхэмыгъуащэм, и бзэкlи, и гъэпсыкlэкlи, и унэтlыкlэкlи къазэрыхэщым. Зэрыхабзэщи, Хьэмыщэ и гушыlэ рассказыр купщlафlэщ, щlэщыгъуэщ, узыlэпишэ зэпытурэ уноджыс, ущытезашэ къэхъуркъым. Ар зи фlыгъэр, псом япэрауэ, тхакlуэм бгъэдэлъа Iэзагъэрщ, Хьэмыщэ набдзэгубдзаплъэу, гъащlэм куууэ хищlыкlыу зэрыщытарщ. Хьэмыщэ и гушыlэ, ауан рассказхэр апхуэдизкlэ цlэрыlуэ хъуащи, ахэр гукlэ зыщlэр куэдыкlейщ, гуп зэхыхьамэ, зэпадзыжу жаlэу урохьэлlэ. Ар я натlэ хъун ди гугъэщ Хьэмыщэ и рассказ куэдым – «Iэнэм лъакъуэ дапщэ щlэт?», «Сыти си Лэкъумэнт?», «Уи бийм уебгыну ухуей?», «Залымыгъэкlэ къызагъэшащ», «Сыкъыпхуэкlуэжаи!», «Хъуэхъу», «Псэлъыхъу», «Убакlуэ», нэгъуэщlхэми. Цlыхум гукъинэ ящыхъункlэ шэч къызытедмыхьэж рассказ псоми я цlэ къидмыlуэкlэ къуэдыкъым – (дэтхэнэми гухэхъуэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ къаритынщ Хьэмыщэ и гущlэм къиlукlа псалъэ купщlафlэхэм. А псалъэр гукъинэ зэрыфхуэхъунум шэч къытесхьэркъым – ар хуэфащэщ Шэджыхьэщlэ Хьэмыщэ и псалъэм.

Цlыхум гукъинэ ящыхъуащ Шэджыхьэщlэ Хьэмыщэ и псалъэхэр зыщlэлъ уэрэдхэри – щэ ныкъуэм ноблагъэ ахэр. Цlэрыlуэ дыдэ хъуащ, псалъэм папщlэ, «Ущытеткlэ, сыщытеткlэ зы дуней», «Хабзэ», «Мазэгъуэ жэщ», «Услъэгъуакъыми дыгъуасэ», «Уэрэду сиlэр уэрщ», «Сщlэркъым уэ ухэтми» уэрэдхэр. Зэрыжаlэ хабзэщи, уэрэдым и дамэр макъамэрщ, итlани абы и пкъыр – псалъэр – мыжанмэ, уэрэдым икlунур мащlэщ. Макъамэр зышэщlыф, зыгъэlуф псалъэ шэрыуэ куэд къиlукlащ Хьэмыщэ и гущlэм – аращ абы и псалъэхэр зи лъабжьэ уэрэдхэр гъащlэ кlыхь щlэхъуар.

Гум псори къонэ. Хьэмыщэ и псалъэщ ар – апхуэдэцlэ фlищащ тхакlуэм и романхэм ящыщ зым. Гум псори къонэ – Iейри фlыри, гуапэри гуауэри, Iэфlри дыджри. И насыпщ цlыхум я гум фlыкlэ къинэм. Апхуэдэ насыпыр натlэ хуэхъуащ Шэджыхьэщlэ Хьэмыщэ – тхакlуэ гуащlафlэм. Хьэмыщэ къызэринэкlащ цlыхум я гум фlыкlэ къыщlинэн – и тхыгъэ хьэлэмэтхэр, и цlыхугъэр.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**

❁ ✪ ❁



# ТхакIуэт. Зэчий зыбгъэдэлът. Псэ хьэлэлт

***Журт Биберд къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу***

Цlыхур дунейм ехыжу зэман гуэр дэкlыжа нэужьщ абы илэжьа псори нэхъыфlу щызыхэпщlэр. Псом хуэмыдэу, ар уи ныбжьэгъуу, фlыуэ плъагъуу щытамэ. Апхуэдэт Журт Биберд. Ар фlыуэ зыцlыхуу щыта псоми кlуэтэху зыхыдощlэ абы и псалъэ шэрыуэхэм, и гушыlэ дахэм, къиlуэтэж хъыбар гъэщlэгъуэнхэм дазэрыхуэныкъуэр. Абы и нэгум кърих lэфlыгъэм, гуапагъэм, цlыхугъэ дахэм малъхъэдисым хуэдэу узыщlашэрт...

Пасэ дыдэу, школым щыщlэса зэманым, Биберд дихьэхат тхэным. Ар щlэхъуэпсырт журналист, тхакlуэ хъуну. Цlыхум и гур, и псэр зыгуэрым щlэкъумэ, ерыщу абы хуеlэмэ, зригъэхъулlэфынущ, зэрыжаlэу, а зыхуэпабгъэ lуэхум къыхуалъхуауэ щытмэ. Биберд абы и лъэныкъуэкlэ Алыхьыр зыхуэупсахэм ящыщти, и нэр къызыхуикlам и lэр техуащ. Илъэс куэдкlэ ар щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и литературэ редакцэм. А зэманым кърихубыдэу Биберд lуэхушхуэ зэфlигъэкlащ ди республикэм и тхакlуэхэм, усакlуэхэм, драматургхэм я lэдакъэщlэкl нэхъыфlхэр цlыхубэм я деж нэхьэсыным хуэунэтlауэ. Къимыдэкlэ, культурэм зи гъащlэр щхьэузыхь хуэзыщlа цlыху щэджащэ куэдым очерк ятритхыхьащ. А лъэхъэнэм абы игъэхьэзырауэ щыта нэтын купщlафlэхэр ноби радиом и хъумапlэм щlэлъщ. Журналисту щылажьэ лъэхъэнэхэращ Биберд тхэным нэхъ бидэу зыщрипщытари. А зэманым абы и lэдакъэ къыщlэкlащ рассказ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ «Мэрэмэжьей», «Адэ лъапсэжь», «Уэшх нэужьым» жыхуиlэхэр. Ахэр псори зытеухуар зауэм и lэужьырщ. Ахэр апхуэдизу lэзэу тха хъуащи, гумрэ псэмрэ дохьэ, зэ уеджамэ пщымыгъупщэжу гум къонэ. «Мэрэмэжьей» рассказым зи гугъу ищlыр зи бынхэр зауэ мыгъуэжьым хэкlуадэу зи закъуэу къэна фызыжьырщ. Плъагъум хуэдэу уи нэгум щlэтщ нанэри, и унэ лъэбы-

шэ цIыкIури, и хадэ тIэкIу зэщIэкIэжари. Тхьэр арэзы къахухьу, зэрахузэфIэкIкIэ зыкъыщIагъакъуэ хьэблэдэсхэм. Куэд щIат нанэм дунейр къызэрибгынэрэ, ауэ ажалыр къыпэмылъэщу фызыжьыр къару нэрымылъагъу гуэрым зэтриIыгъэщ. А къарур нэхъри зыгъэбатэр и щIалэхэм язызыхэз гуэр псэууэ къэкIуэжыну фIэщхъуныгъэ къезыт гугъэрщ.

Ищхьэкlэ зи цlэ къитlуа «Адэ лъапсэжь», «Уэшх нэужьым» тхыгъитlри, «Мэрэмэжьей» рассказым ещхьу, гукъинэжщ. Гуапэу, хуабэу тхащ.

Зауэмрэ абы и Iэужьымрэ Iэджэ тетхыхьащ. Ауэ а темэр къызэхъулIар, гумрэ псэмрэ дыхьэу ар къэзыгъэлъэгъуэжыфар куэд хъуркъым. Мис а куэд мыхъум ящыщщ Биберди. Ар тхакIуэм къыщIехъулIар и сабиигъуэр а зэман Iейм зэрыхиубыдарщ, абы и дыркъуэ бзаджэр и сабиипсэм къызэрытенарщ.

ЦIыхухэм я гум ирихьа рассказхэм къакIэлъыкIуащ нэхъ тхыгъэ пIащи. Журтым и «Сабиигъуэм и бжьэпэ» япэ повестыр дунейм къытехьащ. Тхылъеджэри критикэри гуапэу Iущlауэ щытащ абыи. Махуэ псом губгъуэм уилэжьыхьауэ, уи Iур игъущIыкIауэ псынэпс щIыIэ ухуэзэрэ уефамэ сыт хуэдэ? Апхуэдэу си гум Iэфlу хыхьат «Си сабиигъуэм и бжьэпэ» повестыр.

Повестым и лIыхъужь нэхъыщхьэр Шэрэджыкъуэ Хьэмидщ. Абы и бзэкIэщ авторым псори къызэрыджиIэри зэрыдигъэлъагъури. Тхыгъэм ущеджэкIэ шэч уощI, ярэби, мыр езы тхакIуэм къыщымыщIауэ пIэрэ жыпIэу. Апхуэдэу щытми, дэтхэнэ зы тхакIуэми и къекIуэкIыкIар гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ зыщIыр ар художественнэ Iэмалхэмкlэ къызэриIуэтэж щIыкIэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, «Си сабиигъуэм и бжьэпэр» къулейщ. Тхылъыр къызэгуэпхрэ еджэн щIэбдзамэ, и кIэм унэмысауэ пхуэгъэтIылъыжыркъым, апхуэдизкIэ удихьэхыу и сюжеткIи, и бзэкIи, персонажхэмкIи зэгъэпэща хъуащи. Повестым и щIэдзапIэ дыдэм наIуэ ещI ар зи Iэдакъэ къыщIэкIам щалъхуа и жылэжьыр егъэлеяуэ фIыуэ зэрилъагъур. Тхыгъэм укъыщеджэкIэ уигу къокI: зи жылэжьым, абы дэс цIыхухэм теухуауэ апхуэдэ гупсысэ дахэ къэзыгъэщIыфынур, апхуэдиз гуапагъэрэ IэфIыгъэ мыкIуэщIыжрэ хэлъу и къуажэгъухэм ятетхыхьыфынур зэчий зыбгъэдэлъ цIыхум и закъуэкъым, атIэ гу къабзэрэ псэ хьэлэлрэ зиIэ тхакIуэрщ.

Повестыр зытепсэлъыхьыр зауэ лъэхъэнэ дыджырщ. ЦIыхухъуу жылэм дэсыр фронтым щыIэщ, лэжьыгъэ псори цIыхубзхэм, лIыжь-фызыжьхэм, сабийхэм я пщэ къыдэхуащ. Тхыгъэм и кIыхьагъкIэ кIуэцIрокI Хьэмид и образыр – ар щIалэ цIыкIуу къежьэу зэман гугъум хуэм-хуэмурэ ипсыхьу лIы зэрищIыр Iэзагъышхуэ хэлъу къэгъэлъэгъуа хъуащ. Повестым узыщрихьэлIэ цIыхухэм я теплъэ, я гупсысэкIэ, я псэлъэкIэ, я дуней тетыкIэ зырызыххэ яIэжщ. Хьэмид и образым емыфIэкIмэ, зыкIи емыфэгъуэкIыу повестым къыщыгъэлъэгъуащ Елбахъсит дадэ. Хуабжьу удихьэхыу, уи фIэщ хъууэ Биберд дегъэлъагъу лIыжьым и дуней тетыкIэр. Елбахъсит гъуэгуанэшхуэ къызэзынэкIа цIыхущ. ГъащIэм и гъуэжькуийм мащIэрэ игъэкIэрэхъуа а дадэр, зэрыхьэзэрий мащIэм хэхуа, – пащтыхьым и зэманри, революцэри, колхоз жаIэу цIыхухэр щызэхуахусари, нэмыцэр къыщыкIуари. Ауэ сыт хуэдэ къэхъукъащIэ Iумыуами, цIыху хуэдэ цIыхуу, адыгэлIу, псэ къабзэу, нэгъуэщIхэм сэбэп зэрахуэхъуным хущIэкъуу и гъащIэр къырихьэкIащ. «Хьэблэ псом гурыфIыгъуэу яIэр дадэрэ сэрэщ, – жи повестым хэт лIыхъужьым, Хьэмид. – Хьэуэ, сыщыуэрт, ди шыд Псэбыдэ хуэдэу ялъагъурэ абы пащIынрэ жылэ псом зы псэущхьи дэткъым». Гушыlэ тIэкIу хэлъу къыпфIэщIми, абы и псалъэм пцIы лъэпкъ хэлъкъым. Пхъэ гъэсын е мэкъу Iэмбатэ къашэнуми, хьэблэм а зы шыдыращ яIэр.

ЖыпIэнуракъэ, повестым и напэкIуэцI нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ Елбахъ-

сит къыщыгъэлъэгъуахэр. Псом хуэмыдэу гукъинэжщ ар дунейм ехыжын ипэ уэсят папщIэу Хьэмид къыжриIэжхэр, и чэнджэщхэр. Къигъэщlэнур къигъэщlат дадэм, зэрылlэр игу къеуэртэкъым. ЛIот-тIэ игу къеуэр? И къуэхэр и кхъаблэм зэрыщIэмытынурт. Ахэр ихьат зауэжым.

Апхуэдэу тхакIуэм и ехъулIэныгъэу убж хъунущ гурымыкъыжьу, цIыху дыджыжьу зи дунейр зыхь мэзхъумэ СулътIан, жылэм я ауан Хьэцу цIыкIу (ауан ящI щхьэкIэ, цIыху псэ къабзэщ), шэщIэхум хъыбарыщIэ щызыIуэтэн зыфIэфI КIутIэ, Хьэмид фIыуэ илъагъу Розарий, къуажэр зыш колхоз председатель ХьэцIыкIу сымэ я образхэр.

«Си сабиигъуэм и бжьэпэ» повестырщ журт Биберд и тхыгъэ нэхъ пIащэу япэу дунейм къытехьар. Абы къыкIэлъыкIуащ «Гъатхэ пасэ» зыфIищар. Инкъым ар. Абы хуэдиз хъууэ рассказ урохьэлIэ. Повестыр мыпхуэдэу къыщIедзэ: «Гъатхэм и дахэгъуэт, лъагъуныгъэм и уэрыгъуэт. Сэ си гъунэгъу хъыджэбзым сегуэкIуэжат».

Тхылъеджэм дежкIэ гурыIуэгъуэщ адэкIэ къэхъуну Iуэхугъуэхэр гъэщIэгъуэну зэрыщытынур. ИкIи, пэж дыдэу, тхыгъэм удимыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым, «мыр зи ужь итыр, модрейм и Iуэхур дауэ иухыну пIэрэ?» жыпIэу. И кIэм унэджысыхункIи тхылъыр пхуэгъэтIылъыркъым.

«ЩIалэгъуэ-дахэгъуэ. Лъагъуныгъэ. Псынэпсу къабзэ гурылъ. Зы хьэблэм дэс, зы классым щIэс Баширрэ Радимхъанрэ я псэр зы чысэм илъщ. АрщхьэкIэ хъыджэбзым и адэ Мэтджэрий идэркъым щIалэ зеиншэ, IэщхьэпцIанэр малъхъэ ищIыну. Ауэ псыдзэ къиуам упэлъэщын, дауэ ящIми, фIыуэ зэрылъэгъуаитIыр зэрошэ. Мэтджэрий къогубжь, сабэр дрепхъей, а псоми фIокIыжри, и пхъур куэдрэ иримыгъэсу кърешыж…

Повестым и лIыхъужь нэхъыщхьэ Башир и щхьэгъусэр трахыжа нэужь, Мэзкуу макIуэри еджапIэ нэхъыщхьэ щIотIысхьэ. Щежьэм и гъунэгъу лIыжь Мудар мыпхуэдэ чэнджэщ кърет: «ЕджапIэ сокIуэ жыпIэу чыхум ухэмыхьэж, хыумыгъэкIуэдэж уи адэ лъапсэжьыр, ущалъхуа жылэжьыр зэи умыбгынэ». АрщхьэкIэ Урысейм къикIыжу Башир къыщыкIуэжыфар илъэсибгъу дэкIа нэужьщ. Пэжыр жыпIэмэ, мыбдежым тIэкIу уигу йобгъэ лIыхъужьым. Дауэ хуэшэча игури и псэри зыкIэрыпщIа и адэ хэкужьым, и жылэжьым апхуэдиз зэманкIэ къэмыкIуэжу? ФIыуэ илъагъу Радимхъан и гъунэгъухэм, и ныбжьэгъухэм япэIэщIэу дауэ псэуфа?

Бланэ щалъху йокIуэлIэж, жи. КъокIуэж Башири урыс нысащIэ щIыгъуу. ФIыуэ илъагъу Радимхъан-щэ? ТхакIуэм псори ид-ибзу игъэтIылъыжыркъым, тхылъеджэм адэкIэ нитхысыжыну, и Iуэху еплъыкIэр сэтей ищIыну къыхуегъанэ. ЩыIэщ апхуэдэ Iэмали.

«Гъатхэ пасэр» псалъэжькIэ, бзэ шэрыуэкIэ къулейщ, тыншу уоджэ. ЩIалэгъуалэрщ зыхуитхари, и мурадыр къехъулIауэ къытфIощI тхакIуэм.

Журтым и ещанэ «Адэжь лъапсэ» повестри зытеухуар зауэ лъэхъэнэм ди цIыхухэм ятелъа хьэзабырщ. ЗэманышхуэкъызэрызэщIиубыдэм, лIыхъужь нэхъыщхьэу куэд зэрыхэтым тхыгъэр романым и бжаблэм ирешалIэ. Ауэ, ухуеймэ, повесть, хьэуэ жыпIэрэ, роман фIэщ, псом ящхьэр ар авторым къызэрыббгъэдилъхьэрщ. Си щхьэкIэ «Адэжь лъапсэр» Биберд и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыфI дыдэу собж. Гукъинэжщ тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуа цIыхубз гупыр. Абыхэм ялIхэр зауэм щыIэщ, езыхэр жэщ-махуэ ямыIэу губгъуэм итщ. Пэжагъышхуэ хэлъу тхакIуэм уи нэгу къыщIегъэувэ Фаризэт, НэфIыцIэ, Сэма, Зэбинэт, Сырыхъу, Нажмудин, Мурид, пощтзехьэ Тазрэт, псом хуэмыдэу Маржэнэт сымэ я образхэр. ИгъащIэ лъандэрэ тцIыху фIэкIа умыщIэну, а цIыхубзыр дегъэлъагъу Журтым.

… Зауэр еухри илъэс зыбжани докIыж. И лIыхъужьхэм ятетхыхьу Биберд мыпхуэдэу жеIэ: «Сыту жьыфэ къытеуа НэфIыцIэ! Сэмаи и щхьэцыр

уэсу къетхъухащ. Сытым игъэдэхэн-тIэ ахэр? Сыт ялъэгъуа абыхэм гъащIэм и Iэфlу? НэфIыцIэрэ Сэмарэ ноби я цIэр фызабэщ. ТIури хунэсакъым бынu ягъуэтыну, тIуми тэмэму ящIэркъым щхьэгъусэр зищIысри…»

Апхуэдэ сатырхэм уеджа нэужь, уи нэгу къыщIэмыхьэнкIэ Iэмал иIэкъым зи щхьэгъусэм гу щызымыхуэу зауэм даша, иджыри ди жылагъуэхэм узыщрихьэлIэ фызабэхэр.

Повестым и напэкIуэцI нэхъ гукъинэжхэм ящыщщ тхылъым и кIэухыр… Дунейм и дахэгъуэщ. Дей гуэрэнымкIэ здыкIуэцIрыкIым Нажмудин маплъэри къелъагъу мэз адакъэ телъыджэ. ТIэкIу-тIэкIуурэ а щIыпIэм мэз адакъэхэр, мэз джэдхэр щызэхуос. Мо псэущхьэ дахащэхэм дихьэхауэ щIалэр еплъу здэщысым, фоч уэ макъ къоIу… КъоIури… щакIуэм и фоч угъурсызым егъэн псэ дахэ…

Иужьу Биберд и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ пIащэр «Гъуэжькуий» романырщ. Абы къызэщIеубыдэ лъэхъэнэшхуэ – революцэм и пэм щыщIэдзауэ зэгуэр къэралышхуэу щыта СССР-р къутэжыху. Ауэ романыр нэхъыбэу зытепсэлъыхьыр Совет властым ипэмрэ граждан зауэмрэ я илъэсхэрщ. Тхыгъэм узыщрихьэлIэ персонажхэм я нэхъыбэр Журтым фIы дыдэу къехъулIащ. Абыхэм адыгэбзэ къабзэ, шэрыуэ яIурылъщ. Гунэс пщохъу, уи пащхьэ къитым хуэдэу уи нэгу къыщIоувэ лэгъупэжь Елбэздыкъуэ лIыжьыр, Мыхьмуд ефэндыр, цIэ лейуэ ПIытIыкъ зыфIаща щIалэ цIыкIур, къуажэ Советым и тхьэмадэ Мурид щхьэхуещэр, лIы еру Вындокъуэ ФIыцIэ, пщы Къасым, адыгэ пщащэ нэсым и щапхъэ псори зыдэплъагъу НэфIыцIэ сымэ. Псом хуэмыдэжу гъуэзэджэ хъуащ Елбэздыкъуэ и образыр. ЛIыгъэри, цIыхугъэри, пэжыгъэри, гущIэгъури – кIэщIу жыпIэмэ, адыгэм хэлъ хьэл-щэныфI псори абы и деж щызэхуэхьэсащ. Сыт хуэдэ лъэпощхьэпо Iумыуами, Iуэху мыщхьэмыпэ хэмыхуами, Елбэздыкъуэ япэ иригъэщыр напэрщ, адыгагъэрщ, захуагъэрщ. Аращ абы жылэ псом пщIэ къыщIыхуащIри, я чэнджэщ къыщIрахьэлIэри.

Зи гугъу тщIа тхыгъэ купщIафIэхэм нэмыщI, Биберд и Iэдакъэм къыщIэкIащ «Ажэкъуэ» повестыр, «Щхьэм имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ», «Гуащэр зэрагъэIэсэр», «УкъулыкъущIэнумэ, къеблагъэ» пьесэхэр. Радиом и хъумапIэм щIэлъщ Журт Биберд и псалъэхэр щIэлъу яуса уэрэд зыбжанэ. Литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм ар хуэIэижьу зэрыщытам и щыхьэтщ нэгъуэщI лъэпкъ щыщ тхакIуэ щэджащэхэм я IэдакъэщIэкIхэр дэгъуэу зэрызэридзэкIар. Псалъэм папщIэ, Толстой Алексей, Шолохов Михаил, Айтматов Чингиз, Карим Мустай сымэ я тхыгъэхэм адыгэ тхылъеджэр щыгъуазэ ищIащ.

Биберд и цIыху хэтыкIам, и дуней тетыкIам, хьэл-щэн иIам теухуауэ фIы куэд пхужыIэнущ. Ар ящыщтэкъым къулыкъу лъагэ зыIыгъхэм зи щхьэр хуэзыгъэщхъхэм, и унафэщIырауи щрет, и гум илъыр щхьэтечу жриIэнут.

Псэ хьэлэл зиIэ цIыхуу Биберд дунейм зэрытетар ар зыцIыхуу щыта псоми ящIэж. Зыгуэрым фIы къехъулIамэ, ар и щхьэм къылъыса хуэдэ щыгуфIыкIырт. Псом хуэмыдэу абы и гуапэ хъурт литературэм гу хуэзыщIа щIалэгъуалэм зыгуэр къайхъулIэмэ. И щхьэкIэ зыхуигъазэрти, ехъуэхъурт, рецензэ итхырти, газетым трыригъадзэрт…

Биберд и IэдакъэщIэкIхэм гупсэхуу уеджэу ахэр гукIэ зэбгъэзэхуэжа нэужь, уигу къэкIыращ: къэбэрдей литературэр куэд хуэныкъуэнут абы и повестхэр, рассказ гъуэзэджэхэр хэмытамэ. Пасэу дунейм ехыжа тхакIуэм къызэринэкIащ лъэужь дахэ. Шэч хэлъкъым Журт Биберд и тхыгъэхэм яхуэфэщэн увыпIэ ди лъэпкъ литературэм сыт щыгъуи зэрыщагъуэтынум.

**МЫЗ Ахьмэд**

ЖУРТ Биберд

# Адэ лъапсэжь

## Рассказ

И щхьэгъусэр зауэм хэкIуэдауэ хъыбар къызэрыIэрыхьэу, Маржынэт и дыщым кIуэжащ, илъэсипщIым ит и сабий закъуэр здишэри. Хьэлъэт а пщэдджыжьыр хьэблэ псом я дежкIэ.

Хамэ къуажэ къикIа шыгухэр пщIантIэм къыщыдыхьам нэхулъэ къызэкIэщIитхъа къудейт, арщхьэкIэ хьэблэр «ду» жиIэу къызэхуэсат. Къэхъуар зымыщIэ гъунэгъухэр зэми Маржынэт, зэми лIы мыцIыхухэм еплъырт, иужькIэ я нэ нэщхъей гъащIэншэхэр дуней гуфIэгъуэр иIэу хьэпшыпхэр гум изылъхьэ Хьэжсуф цIыкIу траубыдэрти, екIуэкIыр зи сабий акъылым къимыубыд щIалэ цIыкIум тедиерт. Сабийм дежкIэ екIуэкI псори гурыIуэгъуейт. Сыт гъунэгъу фызхэр щIэгъыр? ЛIыхэри щхьэ нэщхъей?

Илъэс зыбжанэ лъандэрэ гуфIэгъуэри гуауэри зыдигуэша хьэблэ фызхэм щаIуплъэм Маржынэт и гур къызэфIэнэри ерагъкIэ зэхэпх къудейуэ жиIащ:

– Си дыщым сокIуэж. Хэт мыгъуэм сыхущIэсыжын мы унэ никъуэщIыжьым.

Абы зригъэзэкIри зэгуэр и щхьэгъусэм къыхуищэхуауэ щыта Iэлъэщ I къуэлэнышхуэм и кIапэмкIэ и нэпсыр щIилъэщIыкIащ.

– Зауэр иухакъым, нысащIэ, апхуэдизу уемыпIэщIэкIами зы ягъэ кIынтэкъым, – хуэбзыщIакъым и гум илъыр гъунэгъу фызыжьым, зи щIалищыр зауэм хэкIуэдауэ хъыбар къызыIэрыхьам, ауэ хъыбар псоми я нэхейкIэ абыхэм жэщи махуи япэплъэм. Арат Маржынэт къыщашам зрахьэлIауэ щытари.

Хьэблэр кIэлъыпыхьэу Маржынэт ежьэжащ и унэри и лъапсэри нэщIу къигъанэри. Сыт хуэдиз губгъэнрэ емыкIурэ а пщэдджыжьым абы здихьари. Ар шырэ выуэ жылэм дэтымкIи пхуэгъэхъеинтэкъым. «Си сабийр, си щIалэ цIыкIу закъуэр нэхъ зыхуей щыхуэзэнщ жызоIэ» – Маржынэт а иужьрей псалъэхэр псоми я гум ежэлIат.

Я щхьэгъусэхэр щымыIэжу хъыбар къаIэрыхьа щхьэкIэ, загъэхъеятэкъым нэхъ бын нэхъыбэ зиIэхэми, я щхьэгъусэхэм пэплъэу щыст бын зимыIэхэу кIэзонэ тхылъ къызыIэрыхьахэри. Ахэри пэплъэрт фIыуэ ялъагъухэм, пэплъэрт щэIурэ IыхькIэ жэщхэр я лэгъунэм щагъакIуэу, я гуащэ-тхьэмадэхэм зыкърамыгъащIэу, зэгъуэкI хъуамэ, я нэпсыкIэ щIаутхыкIыу. Апхуэдэт зэманыр, хьэлъэт игъащIэ псом цIыху цIыкIум ялъэгъуам и зырызу. БлэкIми къыблэкIыжми я гур икъутэу щытт Маржынэт къигъэна унэжьыр, ар никъуэщIу къызэзынэкIыу зауэм кIуа Мухьэмэд и фэеплъу. Нэхъапэм, цIыхубзыр щимыкIыжым, «Маржынэт и унэ», «Маржынэт деж» жаIэу щытамэ, иджы, зэгурыIуам ещхьу, псоми жаIэрт «Мухьэмэд мыгъуэм и унэ никъуэщIыжьым». Апхуэдэурэ зыбжанэрэ екIуэкIауэ, махуэ гуэрым, гъатхэу, хьэблэр гъы макъышхуэ гуэрым къыдэуэшащ. Хэти никъуэзыхуапэу, хэти гъуэгурыкIуэм здытетым зихуапэурэ цIыхухэр Мухьэмэд мыгъуэм и унэ никъуэщIыжьымкIэ зэрыхьырт. Ялъагъур я фIэщ мыхъуу къэщташ цIыхухэр. КIэлындор дэкIуеипIэм деж зигъэукIуриягъуэ зэгуэтхъыу гъырт Хьэжсуф цIыкIу, Мухьэмэд мыгъуэм и щIалэ цIыкIу закъуэр. Ар ягъэудэIун мурад яIэу и анэмрэ нэгъуэщI зылIрэ еущиерт.

– СынэкIуэнукъым! СыщыIэнукъым хамэ къуажэ! – зэрыпыхьэм хуэдэурэ кIийрт щIалэ цIыкIур.

Анэр и сабийм куэдрэ еубзэрэбза щхьэкIэ, и анэш къуажэм игъэзэжыну арэзы хуэщIакъым. Хьэблэм дэсхэри псалъэмакъыншэу екIуэкI псоми кIэлъыплъ мыхъумэ, зыри жаIэртэкъым.

Жэщым къэрэгъула гъунэгъу лIыжь Мысхьуд къызрихьэлIэжар Iуэхум и кIэрт. Дадэр зэрилъагъуу щIалэ цIыкIум абы зридзри и хьэдагъэм щIэрыпсу къыщIидзэжащ. Мысхьуд къыгурыIуат Iуэхур зыIутри, сыным хуэдэу щытт, зы псалъи и жьэм къыжьэдэмыкIыфу.

– Уэ сыкIуэну мыгъуэкъым, Дадэ! Уэ сумыгъашэ мыгъуэ, Дадэ! – зэпымыужыххэу къэIурт сабийм и макъ щтар. Зы зэман зэ зыкъищIэжри лIыжь ундэрэбжьар сабийм еущиеу щIидзащ:

– Сыт, си щIалэ, апхуэдизу ущIэгумащIэр? УлIкъэ уэ, зиунагъуэрэ? Си гугъакъым апхуэдизу улIыгъэншэу уэ!

АрщхьэкIэ абы жиIэхэм щыщу зы псалъэ закъуи Хьэжсуф и тхьэкIумэм ихьатэкъым, икIи макъ къаруушэ хъуам къызэрихькIэ кIийрт:

– Уэ сумыгъашэ мыгъуэ, Дадэ! Уэ сыкIуэну мыгъуэкъым, Дадэ. Уэ, абы сыкIуэмэ, сылIэну мыгъуэщ, Дадэ!

Мухьэмэд, щIалэ цIыкIум и адэр, зауэм хэкIуэдауэ хъыбар къащыIэрыхьам ещхьу пщIантIэм хьэдагъэм зыкъыщиIэтащ. Анэм и сабийр лIыжьым къыхукIэрымычыжу щытщ йоныкъуэкъури. Хьэжсуфи, мэлхьэпIатIэм хуэдэу, дадэм зыкIэреукIэ. Зы зэман зэ щIалэ цIыкIу ундэрэбжьар къипхъуатэри Маржынэт, щытхэми сэлам къаримыхыжу, пщIантIэм дигъэзыкIыжащ. Хьэжсуфи зэпимыгъэчу кIийрт, гъунэгъу лIыжьым и цIэр жиIэурэ къаджэрт. Хьэблэдэсхэр замыгъэхъейуэ пщIантIэм дэтащ щIалэ цIыкIум и макъыр зэхамыхыж хъууэ зыкъом дэкIыху. ИужькIэ зырыз-тIурытIурэ зэбгрыкIыжащ зэмыплъыжыфу.

Мысхьуд и закъуэпцIийуэ къэнауэ пщIантIэкум ист, гуауэм икъута и гур къыхузэщIэмыкъуэжу, и къару икIутар къыхузэхуэмыхьэсыжу. Абы и тхьэкIумэм икIыртэкъым Хьэжсуф и сабий макъ кIэзызыр:

«Уэ сумыгъашэ мыгъуэ, Дадэ! Уэ сыкIуэну мыгъуэкъым, Дадэ».

«Щхьэ сэ нэхъ зыкъысхуигъэзауэ пIэрэ сабийм? Сэ зым фIэкIа хьэблэм цIыхухъу зэрыдэмысыр арауэ пIэрэ? Хьэуэ, абы и сабиипсэр зыгуэркIэ къысщыгугъырти аращ! Сэ къызэнэцIырт абы и псэр».

Жэщ псом дадэр жеякъым. Игъэжеякъым махуэм илъэгъуа гукъутэм. Ар зэпымычу егупсысырт: «Сыт иджы а гъунэгъу щIалэ цIыкIум и гум сэр щхьэкIэ илъынур? Щхьэ апхуэдизу къыскIэрыпщIа гъунэгъу сабийм и гумрэ и псэмрэ?»

Абы и нэгу къыщIигъэхьэжырт щIалэ цIыкIур зекIуэф зэрыхъурэ къигъэщIа махуэ псори зырызыххэу. Языныкъуэхэр пшагъуэм фIыхэкIуэдэжми, адрейхэр лIыжьым махуэ дыгъэпсым хуэдэу илъагъурт. Иджыпстут абы нэсу гу щылъитар сыт щыгъуи щIалэ цIыкIур егъэлеяуэ къыхуэгумащIэу зэрыщытам, «Дадэ» жиIэу адэшхуэм хуэдэу илъытэу, гурыщIэ къабзэкIэ, сабий гурыщIэ хуабэкIэ фIыуэ къызэрилъэгъуам. Ауэ лIыжьым и пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым щIалэ цIыкIум ар адэшхуэ дыдэу зэрилъытэр.

Гъатхэ шыгъуэгу щIэгъуэти, цIыхур хадэм иужьгъат. Зыри еплъэкIыфыртэкъым зэуэ зеиншафэ къызытеуа щIапIэ нэщIымкIэ. Хьэблэм дэс псоми я тхьэкIумэм итт Хьэжсуф и гъуэг макъыр. ПщIантIэм хъумакIуэу къыдэна хьэр зигу щIэгъухэм ягъашхэрт, кIэрыхубжьэрыху гуэрхэр къратурэ. Абы ищIэ хуэдэт лъапсэм къипсыха тхьэмыщкIагъэр: нэхъапэм хуэдэу блэкIхэм якIэлъыщIэпхъуэу ебэныжыртэкъым, гъунэгъухэр къыщыдыхьэкIи и кIэр игъэкIэрахъуэу япежэжьэжыртэкъым.

Щылът хъуреябзэу зишыхьауэ, и нэ сабафэхэр зэзэмызэххэ фIэкI къызэтримыхыу.

Пэжу, хьэр гъунэгъу лIыжьым ишат, арщхьэкIэ зэригъашхэу къэкIуэжри, и тIысыпIэм тIысыжащ. ЕтIуанэуи ишэри ирипхащ. Ауэ япэ дыдэу кIапсэр и пщэм щрипха махуэм, къыхуагъэува хьэ Iусми емыIусэу, пщIантIэм къигъэзэжащ. Ар зылъэгъуа лIыжьми хьэр и деж ишэн Iуэху зэрихуэжакъым, ишхын къыхуихьа мыхъумэ.

ЩIалэ цIыкIумрэ хьэмрэ я Iуэхур лIыжьым и щхьэм итIысхьащ: «СыкIуэу къэсшэжын Суф цIыкIу?» – игу къэкIырт абы. Ауэ щIэх дыдэуи егупсысыжырт: «Хэт и сабий къуитыну? НэгъуэщI мыхъуми, Iыхьлыгъэ гуэркIэ къызгухьэу щытамэ, итIанэ...» АрщхьэкIэ а гупсысэр и кIэм хунэмыгъэсу Мысхьуд благъагъэ гуэрхэр щхьэкIэ къилъыхъуэу хуежьэрт. Апхуэдэ щимыгъуэткIэ, игу къэкIыжырт Хьэжсуф и адэшхуэ Елмырзэрэ езымрэ я быдзышэ зэрызэIулъыр: «Ар адыгэ хабзэм къозэгъ. Ауэ нобэрей хабзэр дауэ еплъыну пIэрэ абы?»

Мысхьуд и хадэр щIэн зэриухыу шитI хьэхуу къищтэри Хьэжсуф и щIапIэр ивэри нартыху трипхъащ. Хьэблэм дэсхэм къахэкIат жызыIи: «Сыт жиIэу абы къикI гъавэр Мысхьуд зэришхынур?» А псалъэмакъыр щызэхихыжым Мысхьуд и пащIэкIэ щIэгуфIыкIа мыхъумэ, екIи фIыкIи зы псалъэ жиIакъым, атIэ нэхъ ину, нэхъ гукъутэу къэIуащ щIалэ цIыкIум и макъ тхьэкIумэм имыкIыр.

«Уэ сумыгъашэ мыгъуэ, Дадэ! Уэ сыкIуэну мыгъуэкъым, Дадэ!»

Пщэдджыжь гуэрым, хадэхэри ящIэу тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIауэ, Хьэжсуфрэ хьэмрэ зэшэкIауэ бжэIупэм Iулъу нэху къекIащ. Абы псом япэу гу лъызытар Маржынэт хьэпшыпыр шыдишым ехъурджэуа нанэт. Абы хьэблэр къызэхуишэсащ. Ауэ зыми дзыхь ищIыртэкъым гъатхэ дыгъэпсыр зи нэкIум иридзэу IэфI дыдэу жей сабийр къигъэушыну. Езыр къызэщыуным пэплъэу хьэблэ псори зэхэтт. Япэу хьэр къэхъеящ. Абы зыщигъазэм щIалэ цIыкIури къэушри и нэхэр къызэтрихащ. Ар мащIэу къыпыгуфIыкIри и нэхэр зэтрилъхьэжащ, арщхьэкIэ хьэр къыщытэджым езыри къэушыпащ. Илъагъур зэрымыпщIыхьэпIэр и фIэщ щыхъум, Хьэжсуф къыщылъэтри дуней гуфIэгъуэр иIэу гъунэгъу лIыжьым зыкъридзри и къару къызэрихькIэ кIияш:

– Дадэ!

Хьэжсуф и гъунэгъухэм защигъэнщIатэкъым, къызэхуэсахэри зэбгрыкIыжатэкъым и анэш лIитI шууэ къэсу япэм нэхърэ нэхъ Iеижу гъуэгыу щыдахыжам. ШуuитIым язым шыбгъэкIэ ягъэуа гупэ бжьыхьыр зы тхьэмахуэкIэ щылъа иужь игъэувыжри бжэгъу зытхухи ирисылIащ Мысхьуд.

ЛIыжьыр мыжейуэ гъунэгъу сабийм и Iуэхум егупсысу жэщкIэ пIэм хэлът. Нартыхур тхьэмпищ хъуат Хьэжсуф ещанэу къыщыкIуэжам. Аргуэру пхъэрыр къыкIэлъысу щрахьэжьэжым, япэхэми хуэдэу, ар хьэблэ псом щыму нэкIэ ягъэкIуэтэжащ.

Хьэжсуф щIэх-щIэхыурэ къэкIуэсэж хъуащ. Апхуэдэурэ екIуэкIащ бжьыхьэ щIыIэ хъуху. Иужь дыдэу къыщыкIуэжам абы гъунэгъухэм къажриIащ и анэр лIы зэрыдэкIуэжар.

Махуэ гуэрым Хьэжсуфхэ я пщIантIэм шызакъуэгу къыдыхьащ. Хьэблэм дэсхэми абы гу лъамытэу къэнакъым. Аргуэру хьэблэр къызэхуэсащ. ГуфIэгъуэшхуэ къыдэхъуам хуэдэу, жьыи щIэи шызакъуэгум илъ хьэпшып тIэкIур унэм щIахьэжырт, зыгуэр къэзыщтэну къызылъымысам зигъэгусэу.

А зы гъэмахуэ закъуэм щIалэ цIыкIур псыпцIэ къамылу дэжеят, фагъуэт, гуфIэгъуэ лъэпкъи и нэгум иплъагъуэртэкъым. Ауэ и адэ лъапсэжьым къызэригъэзэжам кърита насыпыр мыухыжт. Махуэм пщIантIи

шыгъуэгуи къигъэнакъым зи плIанэпэ дэмыуа. Абы дежкIэ дэтхэнэ зы къэрэкъурэри лъапIэт, зыщимыгъэнщIу псори къиплъыхьырт. ЛIыжьри сабийм кIэлъыплъырт щIалэ цIыкIум нэхърэ мынэхъ мащIэу гуфIэу, зэзэмызи и нэпсыр щIилъэщIыкIыу.

– Суф, а Суф, си деж накIуэ, си псэ тIэкIу, зэгъусэу дыпсэунщ. Иджы сэри си закъуэщ: щIалэхэр зауэм хэкIуэдащ, нани сиIэжкъым, ихьащ и къуэхэм я бампIэм, си нысэ закъуэри икIыжащ. Хэт хущысын бын имыIэмэ? Бын зиIэхэри щысыфакъым. ДыщIэсынщ дызэрымыгъэзэшу. Умызэшмэ, бампIэм уимытхьэлэмэ, зэманри нэхъ гъэкIуэгъуафIэщ, си псэ тIэкIу.

Дадэр сабий епсалъэу пщIэнтэкъым. ЩIэх-щIэхыурэ Хьэжсуф лIыжьым и пщэм зришэкIырт, зыщимыгъэнщIу зрикъузылIэрт.

– Уи хадэм къикIа нартыху тIэкIури уи пкIэм искIутэжащ, Суф. Ар уимыIэххэми, сысейм къикIами дрикъунщ, слIо, дэ тIум куэд тшхын уфIэщIрэ? – ЛIыжьым щIалэ цIыкIур набдзэгубдзаплъэу къызэпиплъыхьащ, и щхьэфэм Iэ дилъэри и псалъэхэм пищащ:

– Уи вакъэри лэжьэпащ, Суф. Хэт едгъэдын дунейм гуэншэрыкъ?

– СщIэркъым, дадэ.

– Къандыгъэ делъэIунщ. ДелъэIунщи едгъэдынщ хуэзэж техауэ. Уэ иджы лIы ухъуащ, екIуу зыпхуэпэн хуейщ. Сэ вакъапхъитI сиIэщ, ар едгъэдмэ, адэкIи ди насып жыгым ирапхакъым, тхьэм жыхуиIар хъунщ. Пщэдей нэху дыкъекIмэ цыр тетхынщ, фэIуадзэмкIэ фIыуэ тIуэтынщи Къандыгъэ хуэтхьынщ. Мудар тхьэмыщкIэм и цеищхъуэр ящэжри ар къыпхуэсщэхунщи пхуезгъэщIыжынщ. ФатIимэт пхузэригъэпэщыжынщ. Къилъагъунщ ди хьэтыр. Плъэгъуакъэ нобэ хьэблэр къызэрыпщыгуфIыкIар? – ЛIыжьымрэ щIалэ цIыкIумрэ уэршэрурэ жэщыр хэкIуэтащ. Дадэм зыкъиIэтри щIалэ цIыкIум зыхуигъэзащ:

– НакIуэ, Суф, накIуэ тIысэ, жэщри хэкIуэтащ.

Хьэжсуф цIыкIу зрилъэфыхьырт. Апхуэдэу хъуну зи пщIыхьэпIэ къэмыкIа Мысхьуд и нэхэр сабийм триубыдэри зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу къэуIэбжьащ. Зыбжанэрэ щыта иужь адэкIэ ищIэнур къыхуэмыгупсысу етIысэхыжащ. Дадэр хуабжьу хэгупсысыхьат.

– Дадэ, кхъыIэ, ныжэбэризэм ди унэжьым сыщыгъэжей, – къэлъэIуащ щIалэ цIыкIур зыбжанэ дэкIауэ.

– Хъунщ, тIасэ, хъунщ, си псэ тIэкIу, – Iущэщащ лIыжьыр.

Мысхьуд щыму щыст и куэщIым ис Хьэжсуф цIыкIу и щхьэфэм Iэ дилъэу. Абы къыхуэщIэртэкъым зэригъэщIэгъуэнур адэ лъапсэжьым и IэфIагъыр сабийм зэрызыхищIэм и инагъыр.

Мысхьуд сабийм зыгуэрхэр жриIэрт, еубзэрабзэт, игу фIы хуищIырт. Иджы абы нэсу къыгурыIуат щIалэ цIыкIур апхуэдизрэ къэкIуэсэжу щIыщытар езымрэ хьэблэдэсхэмрэ зэрыармырар, атIэ щалъхуа унэм и гур къызэрыхуэпабгъэр.

ЛIыжьым и псалъэхэр Суф куэд щIауэ зэхихыжыртэкъым, ар IэфIу жейрт, зэгуэр и адэм и пщэр зэриIыгъыу щытам хуэдэу, дадэм и пщэр IитIымкIи икъузауэ. Ар и адэ лъапсэжьым щыжейрт.

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ ТЕППЕЕВ Алим къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу



## *АЛИМ!*

«Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм щылажьэхэр, адыгэ тхакIуэ псоми къабгъэдэкIыу, дынохъуэхъу узыншагъэр уи пкъым щызу, гукъыдэжыр уи гум изу, насып дыгъэр къыпхуепс зэпыту, уи лъэпкъри республикэри зэрыгушхуэн Iэужь дахэхэр уи Iэдакъэм къыщIэкIыу куэдрэ, куэдрэ упсэуну!

Апхуэдэу ухэмыплъэу, уигу ихарэ уи къалэмыр нэхъри бгъэлъащэу пежьэ уэ а илъэс 70-м, къуэш. Илъэс 70 ирикъуа гуэрхэм жаIэр пэжмэ, тхакIуэм нэсу шэфэл къыщыщIыхьэр а ныбжьым нэса нэужькIэщ. Мис ар пэжу къыпхущIэкIыну Тхьэм дыпхуолъэIу…

*«Iуащхьэмахуэ» журналым и*
*редакцэм щылажьэ псори!*

# Хъуэпсапlэ

Адыгэ литературэм къищта лъагапlэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ ди блэкlамрэ ди нобэмрэ я къуэпсхэр зэрызэхьэлlа щlыкlэр, щlэджыкlакlуэм и гупсысэр зыхуэдэр, ар гъащlэм зэреплъ щlыкlэр, зэманым екlуу къэгъэлъэгъуэныр. Мы гупсысэр зыхуэхьар прозэмрэ усыгъэмрэ адыгэбзэр щызыгъэбзэрабзэ ди тхакlуэ нэхъыжьхэм я закъуэкъым. Ди гуапэ зэрыхъущи, нобэ диlэщ а нэхъыжьхэм хаша гъуэгум жыджэру ирикlуэхэр. Абыхэм ящыщу къызолъытэ усакlуэ Балъкъыз Батий. Куэд щlакъым Батий и усэхэмрэ поэмэрэ щызэхуэхьэса «Тхыдэжь гъуэгухэр» зыфlища тхылъыр «1905 гъэм екlуэкlа Революцэм и цlэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат» къэрал предприятэмрэ «Эль-Фа» тхылъ тедзапlэ центрымрэ къызэрыдагъэкlрэ.

Батий и тхылъ зыбжанэ къыщыдэкlащ «Эльбрус» тхылъ тедзапlэм. Къалэмыр къыдэзыгъэщта «Тхыдэжь гъуэгухэр» жыхуиlэ иужьрей тхылъыр Балъкъызым и творчествэм зэпымыуэ зэрызиузэщlым щыхьэт тохъуэ. Абы ихуа усэхэмрэ «Тхыдэжь гъуэгухэр» поэмэмрэ, егъэлея лъэпкъ хэмылъу жытlэнщи, гъащlэм и къудамэ куэдым лъоlэс, тхыдэм и дурэшплlэрэшхэм нэхугъэу дедзэ, дидзэ къудей мыхъуу – щоблэ. Тхыдэжь гъуэгухэм ириплъэжын мурад зыщlа усакlуэм иутlыпща и гу пцlанэр дунейм и щlыпlэ куэдым носри, къуэпсхэмкlэ къегъэзэж япэу дыгъэм и нурыр и нэгу щридза, япэ лъэбакъуэр щича щалъхуа щlылъэм. «Щlылъэ» – аращ фlищар тхылъыр къызэрызэlуих усэхэм ящыщ зыми.

*Щхьэ ухъуа апхуэдизу щабэ?*
*Щхьэ ухъуа апхуэдизу гуапэ?*
*Iэбэ цlыкlукlэ сэ бжьэфыр сlыгъыу*
*Щхьэ къысщыхъурэ уи Iэплlэм сису?*
*Итлъхьэжащи, уи куэщlым Нанэ.*
*И псэ хуабэр, абы къыслъоlэс.*
*Мы дунейр абрагъуэщ, итlани*
*Нобэ хъуащ анэ Iэплlэм хуэдиз!*

Усакlуэм сатыр нэхъыфl дыдэхэр хуегъэпс псэкlэ игъафlэ щlылъэ-анэм, адэ-хэкум. Ардыдэмкlэ Балъкъызыр тетщ адыгэ литературэм и хабзэхэм: Хэкум, лъахэм, къуажэм хуиlэ лъагъуныгъэр тхылъеджэхэм я деж нехьэс къэзылъхуахэм, и ныбжьэгъухэм, и къуажэгъухэм яхуиlэ лъагъуныгъэр къызэриlуатэ бзэмкlэ. Аращ щынэщхъейм деж гуфlэгъуэ къезытыжри, а лъагъуныгъэращ дунейр анэ Iэплlэм хуэдэу къыщызыгъэхъужри, щалъхуа Къулъкъужын кlуэжауэ, къуажэм и бгъур зыlыгъ бгылъэ дахэхэр къыщызэхикlухькlэ «гукъыдэж къезыгъэщыпри».

*Мы щыгухэм Хэкур сагъэлъагъур,*
*Уафэгум Iэгукlэ сопэщэщыр.*

*Къоlусэ нэкlум дыгъэ «пщащэм»*
*Щхьэцыгъуэ дахэ къиутlыпщахэр.*

*Теслъхьэнщи си щхьэр мы къурш бгъафэм,*
*Зэхэсхыр Хэкум игу пlейтейрщ.*
*Мыбдежщ си гъащlэм и жьэгу мафlэр,*
*Мыбдежщ и къуэпсыр си дунейм.*

Мыпхуэдэ сатырхэр цlыхум и гущlэм зэрынэсынум шэч хэлъкъым. Ахэр пэlэщlэщ псалъэ тэфэтелэхэм. Къуажэм теухуауэ ипэкlэ ятха усэхэм техуэркъым. Езым «еиж» образ къыщигъэщlащ: дыгъэ «пщащэм» «щхьэцыгъуэ дахэу къиутlыпщ» бзийхэр тхылъеджэм и нэкlум къоlусэ. Апхуэдэ образхэр, налмэс мыщlэ пэлъытэу, Батий ди пащхьэ кърилъхьа усэхэм мымащlэу къахолыдыкl.

Литературэм и фащэр «зыщыгъ» дэтхэнэ зы тхылъми иlэщ ар зытхам и гурыгъу-гурыщlэхэр нэхъ наlуэу, нэхъ зэхуэкъусауэ къэlуэта щыхъуа напэкlуэцlхэр. Романым, повестым, рассказым хэувэ апхуэдэ lыхьэхэм кульминацэкlэ йоджэ. Поэзием а лъагапlэр щыщытынкlэ мэхъу зы усыгъэу. Апхуэдэу «Тхыдэжь гъуэгухэм» ярытщ «Къулъкъужын бжьэпэ» усэр. Мыр программнэщ. Ипэкlи иужькlи тхылъым ихуа сатырхэр, поэмэри хэту, а усэм пкърыт гупсысэхэм къапкърыкlащ. Лъэпкъыр цlыху зырызу зэхэтщ. Усакlуэри абыхэм хуэдэ къабзэу цlыху къызэрыгуэкlщ, ауэ абы нэхъыбэ елъагъу, нэхъыбэ егъэв, нэхъыбэ и гум щощlэ. Гум и къуэпсхэмкlэ ар ирокlуэж лъэпкъым и дыгъуасэм, хошыпсыхь и нобэм, и къэкlуэнур зыхуэдэри усыгъэу къигъэщlымкlэ цlыхухэм я нэгум къыщlегъэувэ. Аращ «Къулъкъужын бжьэпэ» усэм хэлъ гупсысэм и нэхъыщхьэр. ...Адыгэ уэрэдыжьым и образыр абы кlуэцlрокl, и пэм къыщlэдзауэ и кlэм нэс.

*Зыкъаlэтырт къуршыжьхэм,*
*Макъамэр зыхащlэу,*
*Ди адэжьу псэуахэм*
*Уэрэдым нашэжт...*

*Си лъэпкъ тхыдэр тенджызу*
*Тlуащlэм ирикlуэрт,*
*Лlэщlыгъуищэм гъуэгуищэ*
*Си пащхьэм щашэщlт.*

*Гугъэ нэхуу яlахэр*
*Адыгэ псэуахэм,*
*Фlыуэ я гум илъахэр*
*Макъамэм бгъэдэлът...*

*Тхыдэжь гъуэгухэм я куэщlым*
*Сигу пцlанэр нысфlохуэ,*
*Уэрэд псалъэ псыхьахэр*
*Си гущlэм къолъэлъ.*

Цlыхум фарз къыщищlащ дунейм къытринэ лъэужьыр зыхуэдэм сытым дежи егупсысу псэуну. Ар дэтхэнэ лъэпкъми и лъым хэпщауэ къокlуэкl. Тхыдэр зи бащэ, джатэ къихакlэ и хуитыныгъэр ихъумэжу тхыдэжь гъуэгухэр къызэпызыча адыгэм и дуней тетыкlэр, зэхэхьэкlэ-зэхэкlыкlэр, къызэрекlуэкlар, зы псалъэкlэ жыпlэмэ, – и психологиер сатыр шэрыуэхэмкlэ къеубыд.

*Къызэрыхъурэ си адыгэ лъэпкъым,*
*Егъэбыдэ къызыхэкIа къуэпсыр.*
*Ехъумэжыр хуэсакъыу щIэблэр,*
*ЕгъэлъапIэ къыщхьэщыт нэхъыжьхэр.*

УсакIуэм хуэмыгъэву, хуэмыхьу и гущIэм къыщогыз я адэжь Хэкум залымыгъэкIэ ирагъэкIыу, адыгэ лъэпкъым и нэхъыбэр хэхэс зэрыхъуар... Ар къызыхэкIар фIыуэ ещIэ. Ауэ итIани къыфIыдокIуей: псым ихьыр шхийм йопхъуэ, жаIэ, зы Iэмал гуэр дунейм тетыххэу щхьэ ябгына я Хэкур?

*Тенджыз Iуфэм кхъухьыр иридзылIэрт,*
*Ныджэжь ябгэм цIыхухэр зэрегулIт.*
*Хэку бгынэным бэлыхь фезыхулIэм*
*Пэувыну къыфхэттэкъэ зылI?*

*Бгъэкъуэншэныр зыгуэр — ар Iуэху гугъукъым...*
*Си гу пцIанэр мафIэм кърееыкI.*
*Ар хуэныкъуэщ фэ фи напэлъагъум —*
*Хы ФIыцIэжьым сфIызэпыросыкI.*

Хэхэс адыгэхэм я гъащIэм хуэгъэпса усэ сатырхэр тхылъым мымащIэу итщ. Ахэр IэфIыгъэрэ гуапагъкIэ гъэнщIащ.

*Iуащхьэмахуэ нобэ зи хъуэпсапIэм,*
*Хамэщl ябгэр фэ къэвбгынэжыху,*
*Сыволъэlур, фхъумэ адэжь напэр,*
*Фи гугъапIэр фхъумэ, псэр фпытыху.*

Тхылъым фIэщыгъэцIэ езыта «Тхыдэжь гъуэгухэр» поэмэмкIэ Балъкъыз Батий мурад ещI а гъуэгухэр адыгэхэм зэи тыншу къызэрамыкIуар, лIэщIыгъуэхэм къыпхыкIыурэ истамбылакIуэм и бэлыхьым къызэрысар, Тырку Уэсмэн къэралыгъуэмрэ Урысеймрэ лъэныкъуитIкIэ зэпэщIэту ирагъэкIуэкIа бзитIщхьитI политикэм и зэранкIэ шэрджэсхэр, щхьэл мывитI зэхуакум дэхуам хуэдэу, къызэрекIуэкIар поэзием и фащэкIэ дигъэлъагъуну. Мыбдежми Батий езым и Iуэху еплъыкIэ зиIэж усакIуэу къэнэжащ.

Поэмэм сюжет хэха иIэкъым, лIыхъужь щхьэхуэхэри хэткъым. Лъэпкъым и тхыдэр «зэблэгъэувыкIауэ» дигъэлъагъууи къыщыпфIигъэщI къохъу. Апхуэдэу щхьэ щыт жытIэу дыщIэупщIэми, жэуапыр езы поэмэм щыдогъуэт. Япэрауэ, авторым нэхъ къещтэ тхыдэм и къэхъугъэхэр къиIуэтэж нэхърэ, гущIэм къикI псалъэкIэ псэр щIэпIейтейр къиIуэтэну, етIуанэрауэ, мыбы лIыхъужьу хэтхэр лъэпкъым и «Тхыдэжь гъуэгухэращ», авторыр хуитщ поэмэм и художественнэ гъэпсыкIэм нэхъ щезэгъым деж, абыхэм ириплъэжыну.

*А гъуэгу минхэм я нэхъ хьэлъэр,*
*Бэлыхьлажьэм я нэхъ Iейр,*
*Си псэм нобэ къыщIегъалъэ —*
*Хэку икIахэм я дунейр.*

Дэтхэнэ гъуэгура-тIэ адыгэхэр дуней псом щимыкъухьыпауэ, Кавказ курыхыу я Хэкужьым цIэрэ щхьэрэ яIэу лъэпкъыу къинэжыным хуэзышар?

*Е апхуэдэ къыфхэмыту*
*ХэкIуэдэжрэ фи нэпкъыжьэр?*

*ЩыІэщ ехэм я нэхъ лъэщри*
*Акъыл жаным щыпикІуэт.*
*Лъэпкъ кІуэдыжым зиузэщІу*
*Псыпэр гъуэгуу къыщигъуэт...*

*... Сыфхоплъэжри нобэ псоми*
*зи гъуэгу закъуэ къыфхызох.*
*Ар зыхуэкІуэм сыщопсэури —*
*Адыгэбзэм сигу допсэху.*

Ауэ и гур зыдэпсэху адыгэбзэр зыІурылъ лъэпкъым, Хэкужьыр псэкІэ зыхъумам хуиІэт усэ сатырхэр зэрыришэжьэжу, аргуэру гуныкъуэгъуэр къыхуокІуэж – ар «адыгэпсэ къахэнауэ, хэхэс псалъэм емысауэ», хамэщІым куэду щыІэ ди лъэпкъэгъухэр я Хэкум къагъэзэжыну нобэкІэ Іэмал зэрамыІэрщ. Абыхэм къагъэзэжмэ...

*Мис итІанэ дуней фІыгъуэр*
*КъылъысынкІэ адыгэпсэм!*
*Сэри сфІэфІу мы усыгъэр*
*Тыхь хузощІыр а гупсысэм.*

Куэд щІауэ сэ сиІыгъщ зы гукъеуэ. Ар зэхьэлІар ди бзэкІэ къыдэкІ художественнэ литературэм критикэм и гулъытэ лъымысу къызэрынэрщ. Ар къызыхэкІыр е десэжауэ ара, е нобэрей зэманым щэнхабзэрылажьэхэм къытхуихь зэпыт гугъусыгъум ди нэр къыщхьэрипхъуэрэ, е еджэм нэхърэ тхэр нэхъыбэ зэрыхъуар ара, – сытми Іуэхур зытетыр критикэ зэрыдимыІэжырщ. Ар щІыжытІэр тхакІуэри тхылъ тедзапІэри гугъу дехьу, мылъку трагъэкІуадэу дунейм къытрагъэхьа тхылъыр зи Іэдакъэ къыщІэкІахэм, щІэуэ авторым къехъулІам е зыхунэмысам хуэгъэзауэ, чэнджэщ ягъуэтын зэрыхуейрщ.

«Тхыдэжь гъуэгухэм» дгъэзэжынщи, къыхэдгъэщынщ абы и авторым тхылъымрэ тхылъеджэмрэ я зэхущытыкІэр нэхъ дахэ, нэхъ зэпэгъунэгъу зыщІ литературэ Іэмал къызэригъэсэбэпыр.

*ЩІэ плъагъумэ, жаІэ гъащІэм хэхъуэу,*
*ЩІэ гуэр сэ тыгъэу къыпхуэсхьынщ, —*

къыхощ Балъкъызым и усэхэм ящыщ зым. ИкІи апхуэдэ «щІэ гуэрщ» цІыху Іущхэм я гупсысэхэм усэ Іэрамэхэр къызэрыхихар, философие ущие зыхэлъ усыгъэхэр, гум ехуэбылІэ, гур зыгъэпІейтей, лъагъуныгъэ иным хуезыджэ лирикэр зригъэхъулІэнымкІэ цІыху псалъэм и къарур сатырхэм зэрыхилъхьар.

Куущ илъэсищэрэ илъэсипщІкІэ Къулъкъужын жылэжьым щыпсэуа Хьэжбий Мухьэмэд хьэжы дадэ и чэнджэщхэр; цІыхугъэшхуэ зыхэлъ, зи лъэпкъыр фІыуэ зылъагъу, Къулъкъужын Ипщэ щыпсэу ПщыукІ ХьэзрэІил щыдэуэршэркІэ, зыхещІэ Іущагъ ин бгъэдэлъыр. «Мы усэхэр абыхэм я гупсысэхэм къыхэсхащ», – жеІэ Балъкъызым. ФІэщыгъэцІэу ярит къудейм куэд къыбжаІэ: «Адыгэ фащэ», «Дыгъэ», «ПщІэ», «ПсэкІэ жыпІэр», «Уи дунейр», «Бзылъхугъэхэм я деж», «Ажалыр», «Гуэныхьыр зэрагъэвыр»... ЖыпІэ хъунущ а цІыху ІущитІым я гупсысэхэр лъабжьэ зыхуищІа усыгъэхэр тхылъым и фІыпІэхэм ящыщу.

Ауэ а фІыхэм я фІыжщ зи щхьэгъусэр пасэу дунейм ехыжа Іэпщэ Риммэ и гъащІэмрэ и гурыщІэ щэхухэмрэ триухуа усэ Іэрамэр. Ахэр хы мэхъу, дэтхэнэри ритмэкІэ, рифмэкІэ екІуу гъэпсащ. Псалъэхэр шэрыуэу, щхьэж

здэщытыпхъэм щыту къэгъэсэбэпащ. ПсэкӀэ зыхыбощӀэ. Шэч хэлъкъым, щхьэгъусэм хуиӀа лъагъуныгъэ къабзэм игъащӀэкӀэ хуэпэжыну зигу изылъхьа бзылъхугъэм иӀэ гукъеуэр апхуэдизу Ӏэзэу къэзыӀуэта усэхэр адыгэ лирикэ поэзием зэрыхыхьар.

*Щхьэгъубжэм адкӀэ къыӀухьа ныбжь фагъуэм*
*ГукъэкӀыж ӀэфӀкӀэ сыкъигъэушащ.*
*Мес, укъыщытщ уэ, тыншу узолъагъур.*
*Мес, уэ нахуапӀэу укъысхуэкӀуэжащ.*

*Сыноплъ, си нитӀыр уэ ныптезмыгъэкӀыу...*
*Нэхулъэ тхьэхум усфӀыхокӀуэдэж.*
*Уэ уи псэр хэлъщи мо дыгъэ къыщӀэкӀым,*
*Дыгъэпсым гуапэу къызет гукъыдэж.*

УсакӀуэм хьэл-щэну, цӀыхугъэу хэлъыр зыхуэдэр и усыгъэхэм хыболъагъуэ, щыжаӀэм деж пэжу къыщӀэкӀынущ. Апхуэдэу зэрыщытыр фӀэщхъуныгъэкӀэ зыхищӀэнщ Батий и тхылъым къеджа дэтхэнэми.

Мы тхыгъэм щытхъу щебэкӀыу, щедгъэлейуэ къызыфӀэщӀын, дауи, щыӀэнущ. Пэжщ, мэлищэ щӀакъуэншэ хъуркъым зэрыжаӀэу, «Тхыдэжь гъуэгухэм» закъуэтӀакъуэрэ ущрохьэлӀэ зи купщӀэкӀэ къарууншэщ зыхужыпӀэн усэхэм. Поэмэми арэзы укъэзымыщӀ сатырхэри хэтщ. Ауэ, шэч къызытедмыхьэжыращи, абыхэм тхылъым и художественнэ мыхьэнэр ягъэлъахъшэркъым. ЦӀыхум и гум къищтэр нэкӀэ илъагъумрэ псэкӀэ зыхищӀэмрэщи, фыкъыхузоджэ: тхылъеджэм щӀэвджыкӀ Балъкъыз Батий «Тхыдэжь гъуэгухэр» зыфӀища тхылъыр, къэфщӀэнщ абы и хъуэпсапӀэр зыхуэдэмрэ зэрыдахэмрэ.

*Си псэм седжэу сыхэгъуалъхьэм, —*
*Сыухауэ гъащӀэр —*
*Къысхуэхьыф уэ,*
*ЛӀыгъэ пхэлъым,*
*Зы гугъапӀэ мащӀэ:*
*МыкӀуэдыну си лъэпкъыжьыр,*
*Сыщалъхуа щӀыналъэр,*
*Ахэр быдэу си фӀэщ ищӀу*
*Зы махъсымэ фалъэ.*

**БЖЭНЫКӀЭ Мухьэб,**
*филологие щӀэныгъэхэм*
*я кандидат, публицист.*

# Ди бзэр тхъумэжыну дыхуеймэ

Дэтхэнэ зы лъэпкъри уахътыншэ зыщI нэщэнэ нэхъыщхьэщ бзэр. Лъэпкъым зихъумэжыну игу илъмэ, псом япэу ар зыхуэсакъыпхъэр и анэдэлъхубзэр зэрыфIэмыкIуэдынырщ. Ар къазэрыгурыIуэн зэхэщIыкI зиIэ цIыхухэри аращ апхуэдизу щIригузавэр ди бзэм и къэкIуэнум. УсакIуэм и псалъэкIэ жыпIэмэ, «Бзэр тIэщIэкIмэ, докIуэдыр» (Бештокъуэ Хь.). Нобэ абыкIэ зэи  хуэмыдэжу шынагъуэ къыткIэщIэзэрыхьащ лъэпкъ мащIэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, иджырей гъащIэм, зэрыжаIэу, банэ бжыхькIэ зыкъэпхухьыжу зыри зыхыумыгъэхьэу икIи зыми уахэмыхьэу упсэужыфынукъым. Лъэпкъ куэду зэхэт къэралым а псори иризэгурыIуэну зы бзэ щымыIэнкIэ Iэмал иIэкъыми, апхуэдэ къалэн зиIэ хъуа  урысыбзэр адрейхэм зэпымыууэ къатогуплIэ зэманыфI хъуауэ. Ауэ иужь лъэхъэнэм, къэралым и гъунапкъэхэр зэIуха зэрыхъу лъандэрэ, Iуэхур нэхъ хьэлъэж ищIащ «дунейпсо модернист культурэ» жыхуаIэу, хы къэукъубеям ещхьу, бзэи хабзи къытхуимыгъэнэжу дыщIэзылъафэм. Дэ тхуэдэхэр щыгъэтауэ, я нэхъ лъэпкъышхуэхэри егъэгулэз абы.

Сытхэр ди Iэмал, сыт тхузэфIэкIыну къэдгъанэрэ автономие зиIэ республикэхэм ди бзэр тхъумэжын, ар едгъэфIэкIуэн папщIэ мы дызэрыт лъэхъэнэм? А упщIэм и жэуапыр псом япэу къыщыщIэдзапхъэр ди къэралым абы и лъэныкъуэкIэ къыдит хуитыныгъэхэрщ. Урысей Федерацэм  и законхэм е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, къэрал хабзэхэм щыубзыхуащ лъэпкъхэм я бзэхэм яIэн хуей увыпIэр. Хабзэ нэхъыщхьэм (Конституцэм) и 26-нэ статьям щыжеIэ дэтхэнэ зыми и анэдэлъхубзэр къигъэсэбэпыну, зэрыпсэлъэну, зэригъэсэну, зэреджэну, зэрылэжьэну бзэр езым къыхихыжыну хуитыныгъэ иIэу. А хабзэм и 29-нэ статьям идэркъым бзэхэр зэхуумыгъадэу зэхэгъэж пщIыну. УФ-м и Конституцэм и 68-нэ статьям къыщыгъэлъэгъуащ республикэхэм езыхэм я къэралыбзэхэр къащтэжыну зэрыхуитыр, апхуэдэу къащта бзэхэр урысыбзэм щIыгъуу республикэм и къэрал, щIыпIэ органхэм къыщагъэсэбэп зэрыхъунур, лъэпкъ псоми я бзэр яхъумэжынымкIэ, ар яджынымкIэ икIи абы зрагъэужьынымкIэ яIэ хуитыныгъэм и шэсыпIэу къэралыр къызэрыувыр. ЩIыэщ нэхъ пыухыкIауэ «УФ-м и лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа» законри. Абы бзэ псори зэхуигъадэ къудейм къыщымынэу, УФ-м и Правительствэм къалэн щещI лъэпкъхэм я бзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ программэхэр зэхалъхьэу абыхэм ятекIуэдэну мылъкур федеральнэ бюджетым хухихыну. Лъэпкъхэм я бзэмрэ я щэнхабзэмрэ хъумэным хуэунэтIащ

«Лъэпкъ-щэнхабзэ автономием теухуа», «Урысей Федерацэм ис лъэпкъ мащӀэхэм я хуитыныгъэхэм я шэсыпӀэхэм теухуа», нэгъуэщӀ законхэри. КӀэщӀу жыпӀэмэ, иужьрей илъэс зыбгъупщӀым ди къэралым иӀэ хъуащ лъэпкъхэм я бзэхэр къэгъэщӀэрэщӀэжынымкӀэ закон лъабжьэ быдэ. Ар къагъэсэбэпурэ лъэпкъ республикэхэм ехъулӀэныгъэ пыухыкӀахэр зыӀэрагъэхьащ я лъэпкъыбзэхэм нэхъ къару иратын, абыхэм я мыхьэнэм хагъэхъуэн и лъэныкъуэкӀэ. Псом хуэмыдэу а ӀуэхумкӀэ япэ ищащ Тэтэрстанымрэ Башкортостанымрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрми 1995 гъэ лъандэрэ щызокӀуэ ди республикэм ис лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа законыр. Абы ипкъ иткӀэ, дэ диӀэщ къэралыбзэу щы: адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр. Ахэр я хуитыныгъэкӀэ зэхуэдэу щызекӀуэн хуейщ республикэм и къэрал, общественнэ ӀэнатӀэ псоми. А хабзэр гъащӀэм хэпща хъуным хуэунэтӀауэ къэрал программэ щхьэхуи къащтауэ щытащ, икъукӀэ Ӏуэхугъуэ куэд къызэщӀиубыдэу. Зэрыгурыӏуэгъуэщи, закон зэхэплъхьэныр нэхъ тыншщ, ар бгъэзэщӀэным нэхърэ. Зи гугъу тщӀы программэми, ди жагъуэ зэрыхъущи, республикэр пэлъэщакъым. Пэжщ, ар езыри щызэхалъхьэм щыгъуэ тхузэфӀэкӀынум и инагъыр къамылъытэу къыщӀагъэлъэӀуауэ къыщӀэкӀынут. Ауэ мымащӀэу Ӏуэхур къилъэхъащ емыгугъуныгъэми. Апхуэдэу къэмыхъун папщӀэ, мы Программэм щхьэкӀэ пыухыкӀауэ жэуап зыхь орган гуэр гъэбелджылауэ щыӀэн хуеящ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, щыӀакъым, нобэр къыздэсми апхуэдэ щыӀэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым. Псалъэм къыдэкӀуэу жытӀэнщи, бзэхэм я ӀуэхугъуэмкӀэ комиссэ, е комитет, е президентым, е правительствэм егъэщӀылӀауэ зэпымыууэ щолажьэ Урысейм и республикэхэм я нэхъыбэм икӀи абыхэм я фӀыгъэкӀэ бзэм и Ӏуэхур а щӀыпӀэхэм нэхъыфӀу щыдокӀ. Ди деж, къызэрыхэдгъэщащи, «бзэр псоми ди зэхуэдэ Ӏуэхущ» жыдоӀэри зыми и мыӀуэхуу къыщӀедзыж. Парламентыр хущӀэкъуат Программэм и гъэзэщӀэныр щӀигъэхуэбжьэну икӀи тӀэунейрэ а ӀуэхугъуэмкӀэ парламент едэӀуэныгъэхэр иригъэкӀуэкӀат, ауэ ари мащӀэу къыщӀэкӀащ, зыгуэркӀэ сэбэп хъуами. Иджы куэд щӀакъым щӀэрыщӀэу бзэхэмкӀэ аргуэру зы Программэ Правительствэм зэрызэхилъхьэрэ. Ауэ мыбыи япэрейм и щыуагъэхэм къытрегъэзэж икӀи абы и махуэр къыхуэкӀуэнкӀэ шынагъуэ щыӀэщ. (Основные меры по реализации Закона Кабардино-Балкарской Республики «О языках народов Кабардино-Балкарской Республики» на 2003–2006 гг. (Постановление от 8 февраля 2003 г.) Псалъэм папщӀэ, адрей псори къыдогъанэри, илъэсиплӀым тещӀыхьа Программэм адыгэбзэкӀэ гъэхьэзырауэ къыдэгъэкӀын хуейуэ къигъэув псалъалъэ зэмылӀэужьыгъуэхэм я закъуэ илъэсипщӀкӀи, уеблэмэ тӀощӀкӀи пхузэгъэпэщынукъым республикэм иджыпсту бзэм елэжьу ис ӀэщӀагъэлӀхэм я бжыгъэ мащӀэмкӀэ. ДяпэкӀэ абыхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъунымкӀи гугъапӀэ гуэрхэр щыӀэкъым, сыту жыпӀэмэ щӀэныгъэм (наукэм) щӀалэгъуалэр къыпхуешалӀэркъым, абы и пщӀэр къэралым зэрыщехуэхам, улахуэр зэрымащӀэм къыхэкӀыу. НэгъуэщӀ лъэныкъуэкӀэ цӀыху къыщыплъыхъуэу ебгъэлэжьыну яужь уихьэми, абы къыпэкӀуэну гонорар мыхьэнэншэмкӀэ зыри пхудегъэхьэхынукъым. Зэрытлъагъущи, проблемэ куэду зэхэлъщ ди бзэр хъумэным, ар егъэфӀэкӀуэным и Ӏуэхур. Дэ дызэреплъымкӀи, апхуэдэ Программэ щызэхэплъхьэкӀэ, «уи тепӀэн еплъи, уи лъэр укъуэдий» жыхуиӀэ псалъэжьыр уигу илъу бгъэдыхьапхъэщ. Абы игъэувапхъэр ди къарум къихьынурщ, уеблэмэ пункт къэсыхукӀэ щагъэзэщӀэн хуей пӀалъэм къыдэкӀуэу зыгъэзэщӀэнум (е зыгъэзэщӀэнухэм) щхьэтечауэ я цӀэр къиӀуапхъэщ. Апхуэдэу убзыхуауэ щытын хуейщ ар гъэзэщӀэнымкӀэ зыхуей-зыхуэныкъуэхэр къызэзыгъэпэщынур, икӀэм-икӀэжым, ар гъэзэщӀа зэрыхъум кӀэлъыплъынур,

абыкӀэ жэуап зыхьынур. Арыншамэ, Программэ дапщэ дяпэкӀи дунейм къытемыхьами, ди Ӏуэхур япэкӀэ кӀуэтэнукъым.

АдэкӀэ нэхъ гупсэхуу сыкъытеувыӀэнут адыгэбзэр еджапӀэхэм щегъэджыныр ди республикэм зэрыщекӀуэкӀым. Си гугъэмкӀэ, щӀэблэ къэхъум бзэр егъэджыныр бзэм и Ӏуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Ди жагъуэ-ди щӀасэми, зыдумысыжыпхъэщ щӀалэгъуалэм бзэр зэраӀэщӀэхумкӀэ. Дызыгъэгузавэр анэдэлъхубзэр зымыщӀэххэ абыхэм зэрахэтым и закъуэкъым: псэлъэфхэми я нэхъыбапӀэм я бзэр хуабжьу къулейсызщ. ЩытыкӀэр адэкӀи апхуэдэу емыкӀэкӀуэн папщӀэ, сыт длэжьыпхъэр? ЩӀэныгъэм (наукэм) щрагъэкӀуэкӀа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ: **зи бжыгъэкӀэ мащӀэ лъэпкъым и бзэр хъума хъун, къызэтенэн папщӀэ хэкӀыпӀэрэ Ӏэмал нэхъыщхьэу щыӀэр а бзэмкӀэ школым щегъэджэн хуейуэ ращ. Къыхыдогъэщ: предмету ар щаджыныркъым, атӀэ зэрырагъаджэ бзэуэ щытынырщ зи гугъу ящӀыр.** Тхыдэм дриплъэжмэ, 1940–1950 гъэхэм етхуанэ-ебланэ классхэм ящыщ зыкъомым адыгэбзэ защӀэкӀэ предмету хъуар щрагъэджу кърагъэжьауэ щытащ. ИужькӀэ пэщӀэдзэ щӀэныгъэ (еплӀанэ классым нэс) адыгэбзэкӀэ иратрэ итӀанэ урысыбзэм хуэкӀуэжу къаублащ. ИкӀэм-икӀэжым, 1960 гъэхэм я япэ Ӏыхьэм япэ классым щыщӀэдзауэ урысыбзэкӀэ егъэджэным дыхуэкӀуащ къэрал унафэкӀэ. Ар къызыхэкӀар гурыӀуэгъуэт – а лъэхъэнэм ягъэувауэ щытащ бзэ псори зэхыхьэжу зы бзэ зэрыхъужыну (н.ж.,урысыбзэм зэрытехьэну) теориер, ар теориеми къыщамыгъэнэжу гъащӀэми нэрылъагъу зэрыщащӀыным и ужь итахэщ. Арати, адыгэбзэр, – ди гъащӀэр зыӀыгъыж къудамэхэм я нэхъыщхьэр, – ар щӀэныгъэ зэрызрагъэгъуэт бзэуэ щытыныр – мы лъэбакъуэмкӀэ пыупщӀа хъуауэ щытащ. Апхуэдэуи екӀуэкӀащ илъэс зытӀощӀырыпщӀкӀэ. 1990 гъэхэм я пэщӀэдзэм къэралым къыщыхъуа зэхъуэкӀыныгъэхэм я фӀыгъэкӀэ лъэпкъ интеллигенцэм Ӏэмал игъуэтащ а щыуагъэр гъэзэкӀуэжынымкӀэ жэрдэмщӀакӀуэу къэувыну икӀи аргуэру пэщӀэдзэ щӀэныгъэр анэдэлъхубзэкӀэ ирату зэтраублэжащ. Ар Ӏуэху тынштэкъым. Япэрауэ, мыбы зыкъыпэщӀэзысар мащӀэкъым, уеблэмэ егъэджэныгъэ ӀэнатӀэм пэрыт къулыкъущӀэхэм къахэкӀащ «адыгэбзэм дыхуэкӀуэжмэ, туфлъэм и пӀэкӀэ гуэншэрыкъ лъыттӀэгъэжу ращ» жызыӀа. ИтӀанэ адыгэбзэкӀэ егъэджэнымкӀэ опыт зиӀэ егъэджакӀуэу къэнар зырызыххэт, зэрырагъэджэн тхылъхэри пособиехэри щӀэрыщӀэу зэхэлъхьэн, къыдэгъэкӀын хуейт. ГурыӀуэгъуэкъэ а псор илъэскӀи илъэситӀкӀи зэрызэфӀэмыкӀынур? Нобэр къыздэсым и кӀэм нэсу зэфӀэха хъуакъым «пэщӀэдзэ лъэпкъ школым» и лъабжьэр гъэтӀылъыным пыщӀа Ӏуэхугъуэхэр. Абы куэд егъэтхьэусыхэ, уеблэмэ «урысыбзэм дытевгъэхьэж» жаӀэу къэзыгъэувхэри щыӀэщ. **ЖаӀэ къудейми къыщызэтемыувыӀэу, дэ дызэрыщыгъуазэмкӀэ, адыгэ къуажэхэм мащӀэ-мащӀэурэ урыс программэр къащтэж, «адэ-анэхэм ар нэхъ къащтэ» жаӀэри, ар я щхьэусыгъуэу.** Сыт жыпӀэ хъунур абы теухуауэ? ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, сыт хуэдэ егъэлеиныгъэми фӀым ухуишэнукъым. Дэ дрителъхьэкъым «курыт еджапӀэр зэрыщыту адыгэбзэм хуэгъэкӀуэн хуейщ, еджапӀэ нэхъыщхьэхэми адыгэбзэкӀэ щедгъэджэнщ» жаӀэу къэув языныкъуэ «акъыл пщтырхэм». Ар, япэрауэ, пхузэфӀэмыкӀын къалэнщ, етӀуанэрауэ, пхузэфӀэкӀыпэуи дощӀри, иджырей гъащӀэм адыгэбзэ къудейкӀэ узэрыхэмытыфынури шэчыншэщ. НэгъуэщӀ зы лъэныкъуэкӀи, адыгэбзэм «ирипщэӀаи, кърипщэхуӀаи хъужыркъым» жыпӀэу хыфӀэбдзэж хъунукъым, адыгэу ущытыну ухуеймэ. Апхуэдэу щыщыткӀэ, егъэджэныгъэр зы лъэныкъуэ гуэркӀи емыбэу, адыгэбзэри, Урысей къэралыгъуэм и бзэ урысыбзэри, дуней псом уазэрыгурыӀуэфыну инджылыбзэри зэхуэдэу фӀыуэ ящӀэу курыт еджапӀэр къегъэухын хуейщ. Мыбы и лъабжьэр щыгъэтӀылъыпхъэр сабий гъэса-

пІэхэращ. ЩІэныгъэм (наукэм) къегъэлъагъуэ илъэсищ-илъэсих ныбжьым деж сабийм гугъу демыхьу бзэ зытІущ зэрызригъэщІэфыр. Махуэ чэзууэ, зы махуэм и кІыхьагъкІэ адыгэбзэкІэ бгъасэу, къыкІэлъыкІуэм – урысыбзэкІэ, ещанэм – инджылыбзэкІэ. Пэжщ, сабий садхэр а лэжьыгъэм пэлъэщын кадркІэ къызэгъэпэщыным мылъку текІуэдэнущ, ауэ а лэжьыгъэр школ ныбжьым бгъэІэпхъуэмэ, текІуэдэнур куэдкІэ нэхъыбэщ. ИтІанэ мыри Іуэхум къыхэлъытапхъэщ: иджыпсту гугъуехь къешэ къуажэдэс адыгэ сабийхэмрэ къалэдэс адыгэ сабийхэмрэ я школ щІэтІысхьэгъуэ ныбжьым деж бзэ нэхъ ягъэшэрыуэфымкІэ зэрызэтемыхуэм: къалэм дэсхэм, зэрыгурыІуэгъуэщи, бзэ куэду зэхэт сабий садым кІуа нэужь, урысыбзэр токІуэри, школым щыщІэтІысхьэм деж зэрыпсалъэр нэхъыбэу урысыбзэрщ, адыгэбзэр дахэдахэу къахуэгъэсэбэпыркъым. Мо зэрыжытІам хуэдэу садхэр дэни къыщызэгъэпэщамэ, япэ классым щыкІуэкІэ къалэдэсхэри къуажэдэсхэри зэхуэдэ хъужынт. Мыадыгэ сабийхэми апхуэдэ системэм и фІыгъэкІэ адыгэбзэр зрагъэщІэфынт, къуажэдэс адыгэ сабийхэм урысыбзэмрэ инджылыбзэмрэ зэрызрагъэщІэфынум ещхьыркъабзэу. АдэкІэ школым и япэ классым щыщІэдзауэ къуажэ сабийри, къалэ сабийри зы программэм тету ебгъаджэ хъунут. А программэр тещІыхьауэ щытын хуейщ сабийхэр бзищкІэ зэреджэным – езы бзищри яджу, адрей предметхэри а бзищым тегуэшауэ, н.ж. **дэ дрительхьэкъым адыгэбзэкІэ егъэджэныр еплІанэ классым деж щыпычынми, хамэ къэралыбзэр егъэджыныр етхуанэ классым нэмысауэ къыщІэмыдзэнми.** Абы къиишэр нобэ ди нэгу щІокІ – адыгэбзэр шэрыуэу, къабзэу яхузэгъащІэркъым уеблэмэ къуажэдэс адыгэ сабийхэм. Къалэдэс сабийхэм я гугъу умыщІыххэ – адыгэбзэкІэ псалъэ зытІощІрыпщІ къапсэлъыфмэ, абы дригуфІэу – Іуэхур абы нэсащ. Хамэ къэралыбзэри кІасэу къызэрыщІадзэм, сыхьэт бжыгъэ хухахри зэрымащІэм къыхэкІыу нэхъыбэм алфавит къудейр и кІэм нэсу ямыщІэу школыр къаух – ар къалэми къуажэми. Нобэрей гъащІэм инджылыбзэм Іэмал имыІэу ущыхуейщ, урысыбзэм хуэдэкъабзэу. ДяпэкІи нэхъыбэрэ ухуей, ухуэныкъуэ хъунущ абы, дунейпсо гъащІэм ди къэралыр нэхъ хыхьэ зэпытурэ зэрекІуэкІыр къэплъытэмэ. ЩІэблэр лъэ быдэкІэ гъащІэм хэувэфын, я Іуэху дэни щыдагъэкІыфын щхьэкІэ инджылыбзэр хэкъузауэ егъэджыным егугъупхъэщ.

Лъэпкъ зыбжанэ зэхэпхъауэ щыпсэу къалэхэм адыгэбзэ зымыджын сабий къазэрыхэкІынур къэплъытэмэ, **сабий садым адыгэбзэ гупхэр, школым адыгэбзэ классхэр къыщызумыгъэпэщу хъунукъым.** «Адыгэ» жыдмыІэу «адыгэбзэ» щІыжытІэр мыбы адыгэ сабийм я мызакъуэу, адыгэбзэ зыджыну гукъыдэж зиІэ дэтхэнэри кІуэ хъунущи аращ – бзэхэмкІэ законым ипкъ иткІэ, ди республикэм ис дэтхэнэми «урысыбзэм нэмыщІ, е адыгэбзэ, е балъкъэрыбзэ иджын хуейщ».

Зи гугъу тщІа реформэм хуэдэ ебгъэкІуэкІыным, дауи, лэжьыгъэшхуэ пыщІащ, мылъкушхуи текІуэдэнущ. Ауэ щІэблэм бзищ ящІэну пэж дыдэу дыхуеймэ, арыншауэ хъунукъым. Япэрауэ, сабий зыгъэсэну, езыгъэджэну кадрхэри а бзищымкІи диІапхъэщ; зэрагъэсэну, зэрырагъэджэну тхылъхэри пособиехэри аращ; мыпхуэдэ лэжьэкІэм и опытри методикэри зэтеувэным зэман ихьынущ – пэжщ, бджы хъун щапхъэ щыІэхэщ къэрал зыбжанэм (п.п. Швейцарием, Финляндием, н.). **Финляндием шведу щыпсэур къэралым ис цІыхухэм я процентих фІэкІ мыхъу пэтрэ, шведыбзэр къэралым етІуанэ къэралыбзэ щащІащ, финн сабийхэм я анэдэлъхубзэмрэ инджылыбзэмрэ къадэкІуэу, шведыбзэри зрагъащІэ. Нэхъ цІэрэ щхьэрэ яІэу щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт еджапІиплІым щыщу тІур шведы-**

**бзэм тегъэпсыхьащ, финныбзэкlэ щеджэ адрей тlуми узэрыщlэтlысхьэ экзаменхэр шведыбзэкlи птыну хуит ящl. Ди гугъэщ лъэпкъ мащlэм и бзэм гулъытэ, пщlэ хуэщlынымкlэ ар щапхъэ нэсу.**

Бзэр хъума хъунымкlэ егъэджэныгъэ системэм иlыгъ увыпlэм, иlэ мыхьэнэм ехьэ-ехуэу иджырей лъэхъэнэм къалъытэ телевиденэр. Кlэлъыплъыныгъэ ирагъэкlуэкlахэм къызэрагъэлъагъуэмкlэ, сабийм и зэманыр (щыжейр хэмыту) зыхьыр псом нэхърэ нэхъыбэу еджэныгъэрщ, абы къыкlэлъыкlуэу – телевизорырщ. Ику иту къапщтэмэ, телевизорым бгъэдэсу сабийм игъакlуэ зэманыр хэпщlыкlыу нэхъыбэщ адэ-анэм зэрыригъусэм, зэрепсалъэм нэхърэ. А адэ-анэр анэдэлъхубзэкlэ къепсалъэу пщlыми, итlани телевизорым и бзэр абыхэм ятокlуэ, н.ж. бзэ ассимиляцэр щlэгъэхуэбжьауэ телевиденэм и зэранкlэ йокlуэкl, абы нэгъуэщlыбзэкlэ сабийр щеплъкlэ. Сыт хуэдэ телевиденэ-тlэ адыгэ щlэблэр зэплъыр? Спутник системэм и гугъу тщlыхэнкъым, ауэ къызэрыгуэкl антеннэкlэ иджыпсту уоплъыф канал зыбгъупщl, къанэ щlагъуэ щымыlэу псори урысыбзэу. Кlуэ зы канал-каналитl хамэ къэралыбзэуи хэтщ. Адыгэбзэм махуэм къылъысыр хьэдэгъуэдахэу мащlэщ, а мащlэри зыхуэзэр цlыхур телевизор нэхъ щемыплъыф, и lуэху нэхъ щыхуэмыкlуэ зэманырщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а къагъэлъагъуэ тlэкlуми удихьэхыу уеплъыну яхэтыр закъуэтlакъуэххэщ. Суткlэм хуэзэу сыхьэт 24-р зи анэдэлъхубзэм хухэха нэгъуэщl лъэпкъ гуэрым эфир зэман лъапlейр апхуэдэу lуэхугъуэ мыхьэнэншэхэм хухихынкlэ lэмал иlэкъым, эфир зэману дакъикъэ бжыгъэ фlэкlа зимыlэ адыгэхэм ар мыхьэнэншэу зэрагъэкlуэдым хуэдэу. Арщи, сабийр гущэм щыхэлъым щыщlэдзауэ нэхъыбэу зэхихыр адыгэбзэкъым. Апхуэдэурэ кlуэмэ, зэман гъунэгъум къалэр къэгъэнауэ, адыгэ къуажэхэми адыгэбзэкlэ сабийхэр щымыпсэлъэжу хъунущ. Мыр едгъэлейуэ къыфщымыхъун папщlэ, щапхъэ къэтхьыну дыхуейщ, абы щыхьэт техъуэу. 1994 гъэм Тыркум щыпсэу адыгэхэм я деж экспедицэ дыкlуауэ щытащ, я бзэ, я хабзэ сытхэм дыкlэлъыплъыну. Къайсэр лъэныкъуэкlэ адыгэ фlэкlа нэгъуэщl лъэпкъ яхэмысу къуажэ пщlы бжыгъэхэр щыlэщ. Абыхэм дэс балигъхэр уэрсэру адыгэбзэкlэ къыдэпсалъэрт, сабийхэм анэдэлъхубзэм и пlэкlэ яlурылъыр тыркубзэт, кlуэ, зыгуэр тlэкlу къагурыlуэу арат анэдэлъхубзэмкlэ. Абы и щхьэусыгъуэм дыщlэупщlати, къыджаlар мыращ: апхуэдэу зэрыхъурэ куэд щlакъым – иужь илъэс 15–20-рщ. Ар нэхъыщхьэу зи ягъэу ялъытэри канал куэдкlэ тыркубзэкlэ къахэпсэлъыхь телевиденэрщ: еджапlэм макlуэри тыркубзэкlэ йоджэ, унэм къокlуэжри тыркубзэ телевизорым йоплъ. Арщи, абы теша мэхъу. Иджыри нэгъуэщl зы щапхъэ. **Англием и Уэльс щыпlэм щыlэщ лъэпкъ мащlэ, валиибзэ жыхуаlэр яlурылъу. Инджылыбзэм къыдигуэурэ хэкlуэдэж щыхъум, а лъэпкъым и интеллигенцэм зыкъаlэтащ, я бзэр хъума хъунымкlэ къэралыр къадэlэпыкъуну къагъэуву. Псом япэуи абыхэм правительствэм паубыдар я бзэкlэ лажьэ телеканал къызэгъэпэщыныр щ. Валиибзэ езыгъаджэ егъэджакlуэхэм жаlэрт апхуэдизу гугъу зыдрагъэхьу сабийм ирагъащlэ анэдэлъхубзэр жэщимахуи телеэкраным къиlукl инджылыбзэм сабийхэм зэраlэпиудыжыр, апхуэдэ щlыкlэкlи я лэжьыгъэр псыхэкlуадэ зэрыхъур. Британием и правительствэм и унафэкlэ, 1980 гъэм Уэльсым «Еплlанэ канал» жыхуаlэр иратауэ щытащ, валиибзэ защlэкlэ лэжьэну, абы лъандэри валиибзэр ассимиляцэм пэщlэтыф хъуащ.**

Си дежкlэ нэрылъагъуэщ адыгэ телеканали щыlэн зэрыхуейр, икlи ДАХ-м и Программэм апхуэдэ телевиденэ къызэгъэпэщын lуэхур хэту щыслъэгъуам сригуфlауэ щытащ. Зэкlэ сэ сыщыгъуазэкъым а lуэхумкlэ зыгуэр лэжьа

хъуауэ. Мыр адэкӏэ ебгъэтӏылъэкӏ хъунукъым. Дауи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэ хуэгъэкъаруунукъым адыгэбзэкӏэ лажьэ телевиденэ зэтегъэувэныр, Адыгейри аращ, ауэ **дэнэкӏэ щыӏэ адыгэри зэхыхьэу адыгэ псори зэплъыфын спутник телевиденэ яхузэтеублэну къысфӏощӏ, суткэм сыхьэт зыбгъупщӏ лажьэу, къигъэлъагъуэхэри цӏыхухэм яфӏэгъэщӏэгъуэну, н.ж., адрей канал къомым япеуэфу, абыкӏи адыгэ псори я анэдэлъхубзэм тришэжу, езы адыгэхэри зэбгъэдишэжу.**

Сэ шэч къытесхьэркъым си тхыгъэр зытеухуа къалэнитӏыр тхуэгъэкъару закъуэмэ, нэгъуэщӏ зыри дымылэжьми, абыкӏэ ди бзэр зэман куэдкӏэ дяпэкӏи зэрытхуэхъумэнум.

**БИЩӏО Борис,**
*филологие щӏэныгъэхэмкӏэ доктор,*
*Гуманитар къэхутэныгъэхэмкӏэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэбзэмкӏэ и къудамэм и унафэщӏ.*

*Редакцэм къыбгъэдэкӏыу:* **бзэ щӏэныгъэлӏ цӏэрыӏуэ Бищӏо Борис иришэжьа мы псалъэм тхыгъэ ӏущкӏэ къыпэджэжын, къыпызыщэн къыкъуэкӏмэ, ди гуапэ хъунущ.**

❀ ✪ ❀

# Хъыбарылъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен сыт щыгъуи и нэІэ тригъэтщ хы ФІыцІэм и Іуфэм Іус шапсыгъхэм я Іуэхум. Ар мызэ-мытІэу шапсыгъхэм я «Адыгэ хасэм» дэІэпыкъуащ. Къанокъуэм и фІыгъэкІэ Лазаревскэ поселкэм и жылагъуэ организацэм хэщІапІэ къыщащэхуащ. МылъкукІэ ІэнатІэ гугъу Іууват «Шапсыгъ» газетым и редакцэри. Абыи зэрыхузэфІэкІкІэ дэІэпыкъуащ Къанокъуэр.

* * *

Краснодар (Бжьэдыгъукъалэ) щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэм щыІэ республикэхэмрэ къэзакъхэмрэ я лІыкІуэхэр щызэхуэса ЗэІущІэшхуэ. Абы ирагъэблэгъат Япэ дунейпсо зауэм (адыгэхэр Герман зауэжькІэ зэджэу щытам) хэтауэ Святой Георгий и цІэр зезыхьэ жорыр зыхуагъэфэщахэм я щІэблэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІауэ а зэхыхьэм цІыху 22-рэ хэтащ. Абыхэм я пашэу щытащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министр Тут Заур, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд сымэ.

* * *

1994 гъэм ди къэралым и къалащхьэ Москварэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуауэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІауэ щытам ипкъ иткІэ лэжьыгъэ хъарзынэ екІуэкІащ. Иджыри мис зэгурыІуэныгъэм Москва Іэ щытрадзащ а къалэм и Іэтащхьэ Лужков Юрийрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсенрэ. Абы ипкъ иткІэ Москва ди республикэм и деж щищэхунущ пхъэм зэрелэжь станокхэр, мэкъумэшхэкІ, хадэхэкІ, пхъэщхьэмыщхьэ, абыхэм къыхэщІыкІа консервхэр, къалащхьэр зыхуеину нэгъуэщІхэр. 2009 гъэ пщІондэ Москва и ухуакІуэ компаниехэм ди республикэм щаухуэнущ псэупІэ унэ метр зэбгъузэнатІэу мин 72-рэ. Іуащхьэмахуэ лъапэ зегъэужьынымкІи Москва щІэгъэкъуэныфІ хъунущ.

* * *

Германием и къалащхьэ Берлин щекІуэкІащ «Тхьэмахуэ щхъуантІэ» зыфІаща дунейпсо мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэн. Абы илъэс 12 хъуауэ Урысей Федерацэр хэтщ. Иджы япэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэхьащ. Ди мэкъумэшыщІэхэм абы щагъэлъэгъуащ гъэшхэкІ, лыхэкІ, хадэхэкІ, пхъэщхьэмыщхьэхэкІ, гъавэхэкІ, фадэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

* * *

КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, ХудожествэмкІэ Урысей академием и членкорреспондент КІыщ Мухьэдин къызэралъхурэ илъэс 65-рэ ирикъуащ. Абы и щІыхькІэ, ар щалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрагъэблэгъэжри ягъэлъэпІащ. Абы теухуауэ КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ министерствэм программэ купщІафІэ зэхилъхьэри ар хъарзынэу ирагъэкІуэкІащ. КІыщым и сурэтхэр музейхэм щагъэлъэгъуащ, езыми курыт еджапІэхэр, нэгъуэщІ щІыпІэхэр къызэхикІухьащ, еджакІуэ ныбжьыщІэхэм яІущІащ. Мухьэдин щыІащ Налшык къалэ, Къулъкъужын Ипщэ, Джэрмэншык, Къулъкъужын Ищхъэрэ, Балъкъэр Ипщэ, нэгъуэщІ жылагъуэхэми.

* * *

«Кабардинкэ» къэфакІуэ къэрал академическэ ансамблым хэт артистхэр куэд щІауэ гугъу ехьырт унэ зыщагъэсэн ямыгъуэту. Иджы а ныкъусаныгъэр гъэзэкІуэжа хъуащ. Налшык дэт Курорт залым къыщызэрагъэпэщащ пэш ІэхуитлъэхуитышхуЭ. Ар я фІыщІэщ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министр Тут Зауррэ мылъкукІэ а Іуэхур къы-

зэзыгъэпэща Бэджыдэ Анзоррэ. Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкlэ Курорт залыр мы гъэм зэрыщыту къагъэщlэрэщlэжынущ.

* * *

И ныбжьыр илъэс блыщl ирикъуащ адыгэ еджагъэшхуэ, физикэ-математикэ щlэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр, Абхъаз, Таганрог къэрал университетхэм я профессор, ЩlДАА-м, Естественнэ щlэныгъэхэмкlэ Урысей академием, щlэныгъэхэмрэ гъуазджэмкlэ Петровскэ академием, щlэныгъэхэмкlэ, технологиемкlэ, нэгъуэщl lэщlагъэхэмкlэ Испанием и академием и академик, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым тlэунейрэ и лауреат, США-м и математикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт, илъэс 15 хъуауэ ЩlДАА-м и президент, Урысей Академием математикэмрэ автоматизацэмкlэ и щlэныгъэ-къэхутакlуэ институтым и унафэщl Нэхущ lэдэм.

Узыншагъэ быдэ, гуфlэгъуэ, дэрэжэгъуэ куэд уиlэу иджыри Тхьэм куэдрэ уигъэлажьэ, lэдэм!

* * *

Адыгэ лъэпкъым куэд яхэт хъункъым Къардэн Хьэсэн зымыцlыху. Ар УФ-м и цlыхубэ артистщ. Макъамэу Хьэсэн и lэдакъэм къыщlэкlар бжыгъуейщ. КъБР-м и Гимнри аращ зытхар. Композитор гъуэзэджэм и гъащlэм щыгъуазэ зызыщlыну хуей псоми къащхьэпэнущ «Эльбрус» тхылъ тедзапlэм урысыбзэкlэ къыдигъэкlа «Хасан Карданов: «Талант души» тхылъыр. Ар я lэдакъэ къыщlэкlащ Ащхъуэт Беслъэнрэ Бекъалды Илэрэ. Тхылъыр сурэт зэмылlэужьыгъуэхэмкlи гъэщlэрэщlащ.

* * *

Лъэпкъ тхыдалъэ цlыкlукlэ уеджэ хъунущ Уэрыш Нурхьэлийрэ Хьэфlыцlэ Мухьэмэдрэ дызэрыт 2007 гъэм и махуэгъэпс ягъэхьэзыру дунейм къытехьам. Адыгэхэм ятеухуауэ ар япэ дыдэу къыдэкlауэ аращ. Абы итщ Къэбэрдейм, Адыгейм, Шэрджэсым щыпсэу адыгэ цlыху цlэрыlуэу 860-рэ, а республикэхэм, ди къэралым, дунейм къыщыхъуа lуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа хъыбару 750-рэ, бжыгъэ, щапхъэ гъэщlэгъуэну 550-м щlигъу. Апхуэдэу махуэгъэпсым къыщыбгъуэтынущ жыlэгъуэхэр, цlыху lущхэм жаlахэр, чэнджэщ щхьэпэхэр. Ауэ псом нэхърэ нэхъ гъэщlэгъуэныр мыращ. Адыгэ махуэгъэпсым къыщыгъэлъэгъуар ди щlыпlэ зэманырщ: дыгъэр къыщыщlэкlыр, щыкъухьэр, махуэм и кlыхьагъыр. Ахэр Москва зэманым техуэркъым. Къапщтэмэ, дыгъэгъазэм и 21-м ди деж махуэм щикlыхьагъщ сыхьэтийрэ дакъикъэ 51-рэ, Москва ар сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 44-рэ щыхъуу аращ. Мэкъуауэгъуэм и 21 махуэр ди деж щынэхъ кlэщlщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Налшык сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 31-рэ щикlыхьагъщ, Москва – сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 16-рэ.

* * *

Сирием хыхьэ Алеппэ (Хьэлэб) къалэм къыщалъхуа адыгэ кинорежиссер цlэрыlуэ Анзор Нэждэт фильмхэр трихын щыщlидзар 1972 гъэрщ. А зэманым къриубыдэу абы игъэхьэзыращ рекламэ фильму миным нэс. 1987 гъэм япэу дунейм къытехьащ «Пшахъуэм и щlыlум» сериалыр. Абы къыкlэлъыкlуащ «lэмрэ мастэшхуэмрэ», «Лъым и lуданэ», «Къуэкlыпlэ таурыхъхэр», нэгъуэщl сериалхэри. Анзорым и фильмхэр къэрал 16-м щагъэлъэгъуащ. Нэждэт и кlэм нигъэблэгъащ серие 20 хъу, lыхьищу зэщхьэщыха «Щlэпхъаджащlэхэр» фильмышхуэр. Хьэрып къэралхэм я режиссерхэм ящыщу Анзор Нэжджэт и закъуэщ япэу Каннхэм ирагъэблэгъар.

Дяпэкlи ехъулlэныгъэ инхэр иlэну ди гуапэщ адыгэ щlалэм!

*Зыгъэхьэзырар* **УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

# Хгуэнсэ и Куэбгнсэ

ЖУРТ Биберд

## Мазэр иубыдакъым

Си щыкъу анэр лъагъунлъагъу къэкІуат. КъэкІуат и пхъур бэзэрым кІуауэ си закъуэ фІэкІ щІэмысу. Сэри «си пхъур щІэстэкъыми дахэ-дахэу сригъэблэгъакъым» жезмыгъэІэн щхьэкІэ, гуфІэнэпцІышхуэу сыпежьащ. АрщхьэкІэ дэнэт, и ни-и пи сыкъихьакъым.

– КъэкІуэжмэ, сыплъэнщ сэ, – жиІэри мытІысу бжэмкІэ иунэтІыжащ.

– КъэкІуэжмэ, къыщІыхьэжынщ, дэнэ кІуэн? – жысІа щхьэкІэ, сыпэмылъэщу сфІыщІэкІащ.

ИпэжыпІэкІэ жысІэмэ, си жагъуащи хъуатэкъым зэрыщІэкІар, пщэдджыжьым жьыуэ редакцэм езмытыну Іэмал имыІэу тхыгъэ някъуэух тІэкІу сыбгъэдэст. Моуэ зы напэкІуэцІ нэхъыбэ тезмыдзауэ къыщІыхьэжащ щыкъу анэр.

– КъэкІуэжыркъэ? – сеупщІащ, машинкэр лъэныкъуэкІэ езгъэкІуэтэкІри.

– Слъагъуркъым, – жиІэри къыпыхун къудейуэ диван кІапэм тетІысхьащ.

– Алыхь, фи гъунэгъу фыз гуэрым сыхуэзэри хъарзынэу дыуэршэрам. Си гуапэ дыдэ хъуащ апхуэдэ гъунэгъу хъарзынэ фызэриІэр.

– Хэту пІэрэ?

– Алыхь, сымыщІэж. И цІэри и унэцІэри къызжиІат, сщыгъупщэжащ армыхъум, ахэр си гум схуиубыдэж мыгъуэрэ, жьы сыхъуащ, жьы.

Сэ хуэм-хуэмурэ машинкэм сытеуІуэу щІэздзэжащ. Сымылъагъуми, щыкъу анэр къызэрызэплъыр зыхэсщІэрт.

– Ана-а, фи гъунэгъу лІыжь кІуэдауэ жаІэри, – кригъэжьащ абы къыфІэмыІуэхуу.

– Зэхэсхакъым.

– Дауэ зэхыумыхыу, на-а, хьэблэм удэскъэ уэ?

– Зэхэсхакъым, дауэ зэрыкІуэдар?

– Дауэ зэрыкІуэдыр, на-а, дэкІри къыдыхьэжакъым.

Сэ сылажьэу щІэздзэжащ.

– ЛІыжь хъарзынэт жаІэ, Тхьэм гущІэгъу къыхуищІ. И нысэм емызэгъыу щытауэ жаІэ. ИгъэбампІэрт, жи, хуабжьу. Иджырей нысэхэри!..

Фызыжьыр зы дакъикъэкІэ зэпыуащ. Сэри машинкэр нэхъ гъунэгъуу зэзгъэкІуэталІэри, сытеуІуэу щІэздзэжащ.

– Зыпилъэжауэ кърахьэкІ. Ауэ ящІэркъым щІызыпилъэжар. Куэд

щIатэкъым, жи, и фызыжь мыгъуэри зэрылIэрэ. Иджырей нысэхэри!..

Зы дакъикъэкIэ мамырщ си щыкъу анэри, зэуэ пищэжащ псалъэмакъым:

– И щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжу зиукIыжа мыгъуэ… – мамыращ ар, сэри машинкэм сыпэрытIысхьэжащ.

– Апхуэдэу зызыукIыж мыгъуэхэр ахърэтым ямыгъакIуэу жаIэ. А дыдыд Iей, абы уи ныбжьыр нэсауэ, сыт щыIэ абы нэхъ Iей!

Сэ машинкэмкIэ тхылъымпIэм тездзэ хьэрфхэр слъагъужыртэкъым.

– Анна-а, мо фи гъунэгъу цIыхубз дахэшхуэм и гуащэр хьэлэчпсэлэчу щIиукIыхьу жаIэри?

– Зэхэсхакъым.

– Алыхь, зэхыумыхами, щIеукIыхьым-тIэ!

– Дауэ, зиунагъуэрэ?..

– Дауи–щхьэуи хэмылъу, и щхьэцыр еубыдри, – къухсых!

– И къуэр-щэ?

– Ар къуэ сытми? Къуэм дэунэ апхуэдэкъуэ!

Сэ фызыжьым ней-нейуэ сеплъри, си Iуэху иужь сихьэжащ. Хьэрфхэри дахэ-дахэу сымылъагъуу гугъу сыдехьурэ псалъэ зытIу тезгъэуауэ:

– Фызыжь мыгъуэр мэукIытэри ебзыщI, жи. Алыхь махуэ, махуэ дэнэ къэна, напIэр дэпхьейуэ къепхьэхыжыху сымыбзыщIын, на-а. Сэлсэвет щыIэкъэ мы къалэм?

– Сыт щIыщымыIэр?

– ТIэ, кIуэуэ щIэмытхьэусыхэр сыт, хьэм хуэдэу зыщIримыгъэукIыхьу?

– ПцIы хъунщ.

– Алыхь, мыпцI, апхуэдэпцI щыIэ, сымыгъуэ? Зэи и Iэблэ ижьыр икъутати, сыджэлащ жери и къуэ дыдэм зригъэумысакъым, жи. Шэр зи гущхьэм ихуэн нысэ, ар дауэ нысэ!

Сэ тездза сатырым нэкIэ срижащ. МыгурыIуэгъуэу, зищIысри къысхуэмыщIэу зыгуэрхэр тездзат.

– И къуэм гурыщхъуэ гуэрхэр ищIати, зригъэумысыркъым, жи, апхуэдэ земыгъэумыс щыIэ, телъыджэ лажьэ? Анна-а, ар сыту фызыжь делащэ мыгъуэ!

Сэ тхылъымпIэр къыдэсхри зэфIэстхъащ, щIэуэ нэгъуэщI дэслъхьэжри, сызыхуей хьэрфхэр сегугъупэурэ къэслъыхъуэу щIэздзэжащ.

– Ана-а, мо фи лъабжьэм щIэс цIыхубз дахэшхуэм сыту хуабжьу лIы къыкIэлъыкIуэу жаIэрэ?

– СытылI?

– ЩIасэлI, на-а, нэгъуэщIылI щыIэ?

– Абы и лIыр-щэ, зиунагъуэрэ, ахэр щхьэ жыфIэрэ!

– Ау-уей, апхуэдэ зигу илъым, Алыхь, лIы яIэ щхьэкIэ къыпхуащIэн щымыIэ.

Сэ машинкэм нэхъ псынщIэу, нэхъ ину сытеуIуэу щIэздзащ.

– АлейкIэ апхуэдэурэ зыкъысхуумыщI, Алыхь, ар зыхуэдэр сэ нэхърэ нэхъыфIу уэ умыщIэм, си щхьэр позмыгъэупщIым.

– СщIэркъым!

– УощIащэ, Алыхь!

– Сыт сщIэр?

– Мо фи гъунэгъу цIыхубзым лIы зэрызэришэр!

Сэ зыри жызмыIэу машинкэм сытеуIуэу щIэздзащ, си Iэпэхэр кIэзызу.

– Алыхь, къалэм удэсынуи мыщIагъуэ мыгъуэ, ныжэбэ кIуам мо фи уэрам дыдэм деж зы щIалэшхуэ щыфIагъэжащ, жи.

– Дауэ?

– Сэр и къурмакъейм щIадзэри, зи дауэр пщIэркъэ уэ?

Сэ сыкъэтэджри адрей пэшым сыщIыхьащ. Куэд мыщIэу си щыкъу анэм ипхъури къэсыжащ.

– ЦIыхугъэ лъэпкъ уиIэкъым, тхьэ, сыт Iей си анэр и закъуэу унэ нэщIым щIыщIэбгъэсыр? – Зыкъысхуритlащ абы.

– Моуэ иджыпсту…

– IукI, кхъыIэ, ар уи анэу щытамэ, си Iуэхут пэш нэщIым къыщIэбнэу уежьэжтэм.

– А-а, Сэлисэт, ныжэбэ мазэр иубыдыну жари сыт зэхэпха, тIасэ? – зыхуигъэзащ абы и пхъум. Сэ пэш нэхъ пхыдзам сыкIуэри сыгъуэлъыжащ сахуэмышхэу, сахуемыфэу. Жэщ псом сыжеякъым, зезудэкIыу сыхэлъа мыхъум. Ауэ а жэщым мазэр иубыдакъым.

❁ ❂ ❁



Мэзауэу куэдрэ лэжьа парикмахер

*ГушыIэ сурэтыр зыщIар*
**КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Владимирщ.**

# Псалъэзэблэдз




**УпщIэхэр**

***ЕкIуэкIыу:*** 1. Тэрч щIыналъэм зыр ипщэу, адрейр ищхъэрэу щыIэ жылагъуитI. **8.** Нарт лIыхъужь. **9.** Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэм хэт лIыхъужь. **12.** Совет властым и зэманым зэхьэзэхуэм щытекIуахэм ирату щыта ныпышхуэ. **13.** Къэрэшей-Шэрджэсым щалъхуа композитор, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зрата. **15.** ХадэхэкI. **17.** Къэбэрдей литературэм и классикхэм ящыщ тхакIуэ. **21.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ адыгэ бзылъхугъэ, литературэхутэ цIэрыIуэ. **22.** ГуфIэгъуэ Iэнэр езыгъэкIуэкI нэхъыжь. **23.** Iуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэ дэкIа адыгэлI. **26.** Гъатхэм пасэу къэгъагъэ удз шакъафэ-щхъуафэ цIыкIу. **28.** МэкъумэшыщIэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **31.** Сантиметр 20-м къыщыщIэдзауэ метри 10-м нэс зи инагъ хьэпщхупщ. **33.** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ драмтеат-

рым и джэгуакIуэ гъуэзэджэу щыта, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист. **34.** Игъуэ нэмысу дунейм ехыжа адыгэ художник Iэзэ. **36.** Къурш щыгу лъагэ. **37.** ЩIыпIэ хуабэхэм къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэ IэфI. **38.** Къэхъунур къырыращIэн щхьэкIэ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэр зыпхыплъ къупщхьэ; ноби гуфIэгъуэ Iэнэхэм нэхъыжь Iыхьэу къытралъхьэ. **40.** Псы щта. **42.** ХьэщIэ лъапIэм хуаукI Iэщ. **44.** Iэпкълъэпкъ дахэ зиIэ щIалэ зэкIуж. **46.** УФ-м и Къэрал Думэм и депутат адыгэлI. **49.** ЦIыхубзхэм зэрызагъэщIэращIэ хьэпшып цIыкIу. **52.** ЩIымахуэ щыгъын. **54.** Аруан куейм хиубыдэ къуажэ. **55.** УэрэдыцIэ: «Уэзы...» **56.** Муслъымэн лъэпкъ. **58.** «Ныкъусаныгъэ», «сэкъат» псалъэхэр нэгъуэщIу зэрыжаIэ. **60.** ТхылъымпIэ шыхьа. **62.** Танкист хахуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэ. **63**. Гъатхэм пасэу къэгъагъэ удз. **64.** Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ. **65.** Куэд щIауэ адыгэм къадекIуэкI, макъамэ дахэ зыгъэIу Iэмэпсымэ.

***Къехыу:*** **2.** Игъэува уасэм пхутемыкI сатуущI. **3.** Къамылым къыхэщIыкIа унагъуэ хьэпшып. **4.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щежэх псы. **5.** Зэгуамыгъэжу псэущхьэм траха фэм къыхэщIыкIауэ зыгуэр иракIэу, иракIутэу зэрахьэ хьэпшып. **6.** «... трактористкэщ» − ЩоджэнцIыкIу Алий и усэ. **7.** Куэдрэ къагъэсэбэп унэлъащIэ. **10.** Муслъымэнхэм я махуэ лъапIэ. **11.** УзыншагъэмкIэ зэран хъу пэтми, хьэрэм яхуэмыщIу ираф. **14.** ЦIыху цIыкIумрэ Тхьэшхуэмрэ я зэхуакум дэт уэчыл нэрымылъагъу. **16.** КъурIэн цIыкIу. **18.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **19**. Япэм адыгэхэр Георгиевск къалэм зэреджэу щытар. **20.** Кхъухьлъатэм нэмыщI Америкэмрэ Япониемрэ узэрыкIуэфынур. **24.** Iуащхьэ щыкуэд бгылъэ щIыпIэ. **25.** Къэбэрдейр Урысейм гуэгъэхьэныр зи жэрдэм адыгэпщ. **27.** Пабжьэу зэщIэкIа къуацэ-чыцэм къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ. **29.** Адыгэ генерал. **30.** МафIэ бзий къыхихыу уафэм къыщыуэ. **32.** Адыгэ куэду щыпсэу хьэрып къэралым и щыхьэр. **35.** Псэущхьэ пIащэ. **36.** Атэлыкъым ирата сабий. **39.** Гъэмахуэм Iэщым я фэр изых бадзэжь. **40.** Псалъэжь «... зытI йохуэж». **41.** Мэкъу пыупщIа сатыр. **43.** ГъэшхэкI. **44.** Пхъашэ (чэтэным щхьэкIэ жаIэ хабзэщ). **47.** Египетым адыгэхэр зэреджэр. **48.** IэщIэвыщIэ щаIыгъ фермэ. **50.** Нартыху гъэлыгъуам къыхэщIыкIа хьэжыгъэ. **51.** КIыщокъуэ Алим и иужьрей роман. **55.** Мэзым къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэ. **57.** Быным я нэхъыжь. **58.** Мыщэм фIэбэлацэ хьэкIэкхъуэкIэ. **59.** Уэзджынэшхуэ. **60.** ЗэрыжьыщIэ. **61.** ХадэхэкI. **62.** Теусыхьурэ усакIуэхэм «ягъэукъуея» планетэ.

*Псалъэзэблэдзыр зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

## *Япэ номерым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр*

***ЕкIуэкIыу:*** **7.** Джэримэс. **8.** Сэтэней. **11.** Уэрэд. **12.** Тебэ. **14.** Гъубжэ. **16.** Теунэ. **20.** Хьэмэм. **21**. Цыжьбанэ. **22.** Елгъэр. **25.** Санэ. **27.** Линэ. **30.** Акъужь. **32.** КIытэ. **33.** Щам. **35.** Щай. **36.** Пхъэр. **37.** Бурш. **39.** Мел. **41.** КIэс. **43.** Напэ. **44**. Тут. **45.** Брат. **48.** Болэ. **51.** Хъарып. **53.** Псыхуабэ. **54.** Арджэн. **55.** Насып. **57.** Джэрш. **59.** Хьэлу. **61.** Мылыф. **62.** МэшбащIэ. **63.** Бемырзэ.

***Къехыу:*** **1.** ПIастэ. **2.** Хьэсэгъу. **3.** Нэгъуд. **4.** Жинт. **5.** Iэжьэ. **6.** Дерт. **9.** Къурмэн. **10.** Тумэн. **13.** Бжьыхьэ. **15.** Банэжь. **17.** Къум. **18.** Гъубжокъуэ. **19.** Яе. **23.** Нэхущ. **24**. Къулей. **26**. Ажэ. **28.** Нып. **29.** Жызум. **31.** ХьэIупэ. **34.** Мыл. **35.** ЩэкI. **38**. Шыр. **39.** Матэ. **40.** Шумахуэ. **42.** Собэ. **43.** Нал. **46.** Мысыр. **47.** Ныбгъуэ. **49**. Лъапсэ. **50.** Хьэблэ. **52.** Пхъу. **54**. Акъ. **56.** Псэгъу. **57.** Джабэ. **58.** Щхьэпс. **59**. Хьэбэз. **60.** Урыху. **61.** Мазэ.